# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

ЯНВАРЬ • 2021 • ФЕВРАЛЬ

1



1

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

2021

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**январь 1 февраль**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ
ІуэхущІапІэм къыдегъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий,
БищІо Борис, Гъут Іэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид,
Тэтрокъуэ Астемыр, ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2021

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*ТхакIуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд илъэс 75-рэ ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** ХьэфIыцIэ Мухьэмэд: Лъэпкъым IэщIэкIар зы сщIыжынырщ сызыщIэхъуэпсыр. *Интервью* ... 4
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Жэрдэм телъыджэхэр ... 13
**Шорэ Ахьмэд.** ФIыщIэ жыг ... 22
**Къумыкъу Мамдухь.** Адыгэхэм я дунейпсо утыку ... 23
**Къаныкъуэ Анфисэ.** Лъэпкъыр зэпызыщIэ лъэмыж ... 26
**Хъуажь Фахъри.** Лъагъуэхэш ... 29
**Балэ Людмилэ.** «СыткIэ сэбэп сыхъуну?» ... 32
**Дербэ Тимур.** ЛIыгъэ зыхэлъыр къикIуэтыркъым ... 33
**Дербит (Мудар) Валерий.** ПщIыхьэпIэмрэ нахуапIэмрэ ... 34
**Къармэ Iэсият.** ХьэтIохъущыкъуей щIалэм и лъэмыж хъыринэхэр ... 36

## Прозэ

**КIэбышэ Лилэ.** Къулей ухъумэ, къызэптыжынщ... *Рассказ* ... 39

## Усыгъэ

**Къаныкъуэ Заринэ.** IэнатIэ псоми щыпэрытщ ... 59
**Зантариа Владимир.** *Усэхэр* ... 60
**ШэрыIужь Аслъэн.** *Усэхэр* ... 73

## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Гулъытэ зыхуэфащэ ... 85

## Усыгъэ

**Апажэ Ахьмэд.** *Усэхэр* ... 90

## Прозэ

**Апажэ Ахьмэд.** *Новеллэхэр* ... 94

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** ЕдаIуэ дэтхэнэми игу дыхьэ макъамэ щызэхихын хуейщ. *Интервью* ... 99
**Къаныкъуэ Анфисэ.** Эволюцэм и щэхухэр: щыуагъэ хьэмэрэ... ... 103

## Культурэ

**Истэпан Залинэ. Щомахуэ Залинэ.** Пасэрей Iэужьым и нобэрей ежьу. *Интервью* ... 107
Нэхущ Чэрим хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр ... 120

## ЩIэблэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** МакъыщIэ ... 126
**Бейтыгъуэн ФатIимэт.** *Усэхэр* ... 130
**Бейтыгъуэн ФатIимэт.** Iей зыщIэ Iей хуозэж. *Хъыбар* ... 133

## Сабийхэм папщIэ

**Жырыкъ Заур.** Хьэзырищ. *Пьесэ* ... 141
**ХьэцIыкIу Раисэ.** Бзэкъутэ-бзэщIыж ... 168
**ХьэIупэ ДжэбрэIил.** *ПсынщIэрыпсальэхэр* ... 168

Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз ... 174

*ТхакӀуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакӀуэ*
*ХъэфӀыцӀэ Мухъэмэд илъэс 75-рэ ирокъу*





*ХъэфӀыцӀэ Мухъэмэд Мусэбий и къуэр Бахъсэн щӀыналъэм щыщ Зеикъуэ (ХьэтӀохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм 1946 гъэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и адыгэбзэ-урысыбзэ къудамэр къиухащ.*

*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэщ, «Хэхэс адыгэхэр», «Нарт», «Хасэ» газетхэри къыдегъэкӀ. Урысей Федерацэм и ТхакӀуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ.*

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и цӀыхубэ депутату (1990–1993 гъгъ.), Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ вице-президенту (2009–2012) щытащ. ЩӀэныгъэхэмкӀэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президентщ, «Адыгэ щӀэнгъуазэ» институтым и унафэщӀщ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм 2000 гъэ лъандэрэ и тхьэмадэщ. Кавказыр зыдж дунейпсо зэгухьэныгъэм (США, Чикагэ) хэтщ.*

*ХъэфӀыцӀэ Мухъэмэд Урысей Федерацэм щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щӀыхь зиӀэ я журналистщ. «ПщӀэрэ ЩӀыхьрэ» абхъаз орденыр, «Адыгейм и щӀыхь» медалыр, Дунейпсо шэрджэс фондым и «ФӀыщӀэ» саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. ХъэфӀыцӀэр ЩӀДАА-м, Петровскэ Академием, ТворчествэмкӀэ дунейпсо академием хэтщ, Урыс географие обществэм 2015 гъэм хагъэхьащ. ЦӀыхубэ дипломатщ, США-м и Оклахомэ штатым хыхьэ Стиллуотер къалэм, щалъхуа Зеикъуэ къуажэм пщӀэ зиӀэ я цӀыхущ.*

# **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд:** Лъэпкъым IэщIэкIар зы сщIыжынырщ сызыщIэхъуэпсыр

Илъэс 24-рэ хъуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, илъэс 21-м нэблэгъауэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэд лэжьыгъэрэ Iуэхуу зэфIигъэкIыр, цIэ лъапIэрэ щIыхь дамыгъэу иIэр мащIэкъым. А псори къызэрилэжьари, дуней псом цIэрыIуэ щызыщIари къызыхэкIа лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэмрэ къызэрымыкIуэ хэкупсэу зэрыщытымрэщ, гъунэ зимыIэ гуащIэрэ жану лажьэ акъылрэ зэрыбгъэдэлъырщ.

Гугъущ Мухьэмэд хузэфIэкIа псор зы тхыгъэм къибгъэзэгъэну, къикIуа гъуэгуанэ купщIафIэр сыхьэт зыбжанэм къебгъэIуэтэну. ИтIани и махуэ лъапIэр ди щхьэусыгъуэу, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

**– Мухьэмэд, сыт хуэдэ Iуэхуми къежьапIэ зэриIэм хуэдэу, цIыху гъащIэми лъабжьэ гуэр иIэщ, къэзылъхуахэм, къызыхэкIахэм я деж къыщыщIидзэу. Адэ-анэр зыщыгуфIыкIа, быныр зэрыгушхуа, лъэпкъым и щхьэр лъагэу езыгъэлъагъужа гъуэгуанэ дахэ къызэпыпчар къыщежьам ухуеплъэкIыжмэ, сыт уигу къэкIыжыр?**

– Сабиигъуэращ цIыху гъащIэм щIэдзапIэ хуэхъури, гум IэфIу къинэри, узытехьэну лъагъуэр пхызышри. Сэ быным сранэхъыжьт, шыпхъуитхум срадэлъху закъуэт. Ди адэр жэщ-махуэ имыIэу колхозым щылажьэрти, мэзым пхъэхьэ кIуэнри, пщIантIэм щыIэбэнри сэрат зи пщэ къыдэхуэр. Ауэ си шыпхъухэр къэжэпхъа нэужь, лэжьыгъэм и нэхъыбэр сщхьэщахащ. Ахэр схуэузыншэщи, си щхьэкIэ сынасыпыфIэу зызобжыж.

Ди адэм и гъащIэр колхоз губгъуэм щихьащ. Бригадируи, хозяйствэ унафэщIым и къуэдзэуи лэжьащ. СощIэж, школым сыщыщIэс лъэхэнэм, ди къуажэм цIыху цIэрыIуэ куэд накIуэрт: КъардэнгъущI Зырамыку, Шортэн Аскэрбий, Къуныжь Хьэждал, Ало ЛутIэ сымэ. Хэти IуэрыIуатэ зэхуихьэсыну, хэти уэрэд жиIэну. Ахэр ди адэм кърригъэблагъэрти, абыхэм жаIэм сфIэгъэщIэгъуэну седаIуэу сыщыст. Лъэпкъ IуэрыIуатэр фIыуэ зыщIэ зыкъом ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм щыпсэуащ – Куп Исмел, Тэз Чэлимэт, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Щоджэн Iэсхьэд, Къазий Мамышэ сымэ, нэгъуэщIхэри. IуэрыIуатэ, хъыбарыжь гъэщIэгъуэнхэу ди адэм ищIэм хуэдиз зи гум изыубида Зеикъуи Бахъсэн щIыналъэми сыщрихьэлIакъым.

НэхъыжьыфIхэми къаIуэтэжхэм яжь къысщIимыхункIэ Iэмал иIэтэкъым. Ауэ ди щIыналъэ дахэр фIыуэ лъагъуным, литературэм, нобэ сызыхэт Iуэхум сыдезыгъэхьэхар си егъэджакIуэ Жылау Нурбийщ. Абы къызэригъэпэща хэкудж гупым сыхыхьауэ щытащ 7-нэ классым сыщIэсу. Нурбий район, республикэ зэпеуэхэм дишэрт, мызэ-мытIэу абыхэм дыщытекIуэрт. 1964 гъэм, Лермонтов Михаил илъэси 150-рэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу, Псыхуабэ къыщызэрагъэпэщат литературнэ гупхэм я зэпеуэ. Сыжажэхэ Хьэсэнбий, Маруз, сэ Пятигорск дыкIуэри, абы япэ увыпIэр къыщытхьауэ щытащ.

**– ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным куэдрэ егупсысахэми, IэщIагъэ къыхихынумкIэ чэнджэщахэми уащыщу къыщIэкIынкъым, Мухьэмэд. Нобэ узыпэрыт Iуэхум ущIалэ дыдэу упэрыхьащ. Куэд-**

**рэ зэхэсхащ уи студентыгъуэ илъэсхэр уигу къэбгъэкIыжу, абы щыгъуэми редактору улэжьащ, итIанэ адыгэ литературэм цIэрыIуэ щыхъуа тхакIуэ, усакIуэ куэд фызэрихьэлIэу фызэрызэдеджар гъэщIэгъуэнщ.**

– Пэжщ, а илъэситхум къриубыдэу зэрихьэлIахэм я гугъу умыщIми, сыщеджа гупым зэчий зыбгъэдэлъ щIалэ хьэлэмэт зыбжанэ щIэсащ: Абдокъуэ Iэуес, Бицу Анатолэ, Гъэунэ Борис, Сонэ Абдулчэрим, Джэрыджэ Арсен сымэ. Абыхэм уахэсу умытхэн пхузэфIэкIынт? Арати, «Университетская жизнь» газетым си тхыгъэхэр трезгъадзэу щIэздзащ. Япэ курсым сыщIэсу арат абы и редактор Журавлев Алексей и къуэдзэу сыщагъэувам. ЕплIанэ курс сыхъуа нэужь, газетым и редактор къалэныр си пщэ къыдалъхьащ. Ар къулыкъушхуэт а зэманым – илъэс 22-рэ фIэкIа уимыныбжьу апхуэдэ IэнатIэ къуатыныр. Ректор КIэрэф Къамболэт хуит сищIат сызыхуей лекцэхэм сыщIэсыну, адрейхэр блэзгъэкIыну. Газетыр нэкIубгъуэ цIыкIуитI фIэкIа хъуртэкъыми, ар нэкIубгъуиплIу щытын хуейуэ университетым и тхьэмадэм деж щыпхызгъэкIащ. Хуэм-хуэмурэ газет цIыкIум адыгэбзи балъкъэрыбзи тездзэу щIэздзащ. УсэкIэ къезгъажьэри, адэкIэ адыгэ, балъкъэр къудамэхэм щIэсхэм я IэдакъэщIэкIхэр къытехуэ хъуащ.

«Университетская жизнь» газетым и ужькIэ, сэ нэгъуэщI IэнатIэ зыбжанэм сыщыIащ – «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуэху еплъыкIэ» журналым, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и тхылъ тедзапIэм и унафэщIуи сыщытащ. 1997 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэу солажьэ.



Мыбы сыкъагъэкIуэну мурад щащIам щыгъуэ, Правительствэм щыщ къулыкъущIэшхуэ гуэр къызэупщIат: «Сыт щIэуэ газетым хэплъхьэнур?» – жиIэри. «Псом япэрауэ, газетыр адыгэмэ къыкIэрихыу сщIынущ», – естащ жэуап.

**– Куэд къокI абы, лъэпкъым и дежкIи уасэншэщ а псалъэхэр. Сыт хуэдэу зихъуэжа абы лъандэрэ газетым?**

– «Адыгэ псалъэм» сыкъызэрыкIуэрэ дытетщ Къэзанокъуэ Жэбагъы и ущие псалъэхэм: «ФифI фымыгъэпуд, фи Iей фымыгъэпщкIу» жыхуиIэхэм. Си къалэну собж дэтхэнэ дифIри згъэлъэпIэну. Ди Iейри згъэпщкIуну сыхэткъым. Утыку къиплъхьэ мыхъун ныкъусаныгъи щыIэщ, ауэ лъэпкъым зэран къытхуэхъу псори сэтей къэщIыпхъэщ. Ар щIэтхъумэмэ, ди щхьэ къэдгъэпцIэжу аращ.

ИлъэсищэкIэ ущылажьэми, газетым и щэху псори къыпхуэщIэнукъым. Ар зы. ЕтIуанэрауэ, «Адыгэ псалъэр» здынэсын хуей лъагапIэм нэсауэ, адэкIэ ебгъэфIэкIуэж мыхъуну жыпIэныр тэмэмкъым. Абы тет тхыгъэ псомкIи сыщымыарэзыи къыхохуэ. Дэ дызэрыхуейм, дызэрыщIэхъуэпсым хуэдэу газетыр хъун щхьэкIэ, журналистхэм щхьэх ямыIэу лэжьэн хуейщ. Ауэ зы лъэныкъуэкIи гъэщIэгъуэн хъуну къыщIэкIынкъым, ди лэжьакIуэ псоми зы хъэтI яIэмэ. Ди корреспондентхэм ятх псори мэхъу схужыIэнукъым. Абы къыхэкIыу журналистхэм ягъэхьэзыра тхыгъэхэм доджэж сэри, си къуэдзэхэри.

Дауэ щымытми, дыхущIокъу щIэджыкIакIуэхэр къызэрыдэтхьэхыным. Дэтхэнэ ныбжьми яхуэгъэза напэкIуэцI щхьэхуэхэр мазэ къэс къыдыдогъэкI. Псалъэм папщIэ, сабийхэм, япэ классхэм щIэсхэм щхьэкIэ – «ЦIыкIураш», ныбжьыщIэхэм ятеухуащ «ЩIалэгъуэ» напэкIуэцIыр, зи ныбжь хэкIуэтахэм яхуэгъэзащ «Жьыщхьэ ма-

хуэр», «Адыгэ бзылъхугъэр» – ди анэхэм, ди шыпхъухэм, «Ислъамым и нур», «IуэрыIуатэ – дыщэ пхъуантэ», «Уи хэку и мывэхэри дыщэщ», «Шыхулъагъуэ», «Малъхъэдис» къыдэкIыгъуэхэм псори дэзыхьэхын тхыгъэхэр тету догъэхьэзыр. КIэщIу жыпIэмэ, дэ дызыхущIэкъур зыщ – цIыхур зэджэн, игъэщIэгъуэн газет къыдэгъэкIынырщ, адыгэбзэм и дахагъэр, и къулеягъэр щIэджыкIакIуэхэм я деж нэхьэсынырщ.

Фэри гу зэрылъыфтагъэнщи, ягу ирихь-иримыхьми, ядэ-ямыдэми иужь илъэсхэм ди бзэм псалъэ куэд хэдгъэхьэжащ. Ахэр 300 хуэдиз мэхъу. Урысыбзэм, нэгъуэщIыбзэм къахэтхыу зэддзэкIаи, псалъэм и купщIэм тетщIыхьаи хэтщ. Фолъагъу: мазэцIэхэри адыгэбзэкIэ тыдодзэ.

**– XXI лIэщIыгъуэм езым и щхьэхуэныгъэхэр иIэжу къэсащ, цIыху гъащIэми зыдихъуэжащ. Адыгэ газетыр лъэщIыхьэрэ зэманым къыздихь технологие зэхъуэкIыныгъэхэм. СыткIэ сэбэп, сыткIэ зэран иджыпсту дуней псор зэщIэзыщта Интернетыр?**

– Интернетыр къыщежьам газетым и сайт япэу къызэIузыхахэм дащыщщ, абы къыдэкIыгъуэ псоми къытеддзэхэр къыдолъхьэ. Зэманыр абы хуэкIуэри, электрон газет къыдэдгъэкIын хуей хъуащ. «Адыгэ псалъэр» тхьэмахуэм тхуэ къыдокIри, щыр тхылъымпIэм тедзащ, тIур электроннэщ, ар чэзууэ зэблэхащ. КъищынэмыщIауэ, адыгэ газетым напэкIуэцIхэр щиIэщ Инстаграмым, Фейсбукым. АбыхэмкIэ къыкIэлъыплъ цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэн хъыбар ялъэгъуа нэужь, сайтыр къалъыхъуэ е къыдэкIа газетыр зыIэрагъэхьэ. Абы сэбэпынагъыу къыпэкIуэхэм ящыщщ ди щIэджыкIакIуэхэм я деж ди тхыгъэхэр дакъикъэ бжыгъэм зэрынэтхьэсыфыр. Езыхэми я гупсысэр онлайн жыпхъэм иту къызэрыдахьэлIэфыр.

Интернетыр къызэIупхрэ ди газетым и цIэр иптхэмэ, Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэм ятеухуа, адыгэбзэ къабзэкIэ тха тхыгъэхэр къыпхузэIуех. Нэхъыщхьэращи, дунейпсо хъым адыгэбзэ шэрыуэ ущрихьэлIэххэмэ, ар зи фIыщIэхэм ди газетри ящыщщ.

Ди лэжьыгъэми хуабжьу къыщыдогъэсэбэп интернетыр, абы и Iэмал псори ящIэу шэрыуэу иролажьэ ди журналистхэр.

Къэрал куэдым ипхъа ди лъэпкъэгъухэм я хъыбар а IэмалхэмкIэ къыдощIэ, дадолажьэ, тыншу зыкъытпащIэф. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, илъэс 30-м нэблэгъауэ «Адыгэ макъым» (Мейкъуапэ), «Черкес хэкум» (Черкесск), «Адыгэ псалъэм» (Налшык), «Шапсугия» (Лазаревскэ) газетхэм зэгъусэу номер зэхэтхэр догъэхьэзыр.

Тыркум «Жьынэпс» адыгэ газетыр къыщыдэзыгъэкIхэр абы къехъуапсэри, къытрадзэри къэкIуащ. Ди гъусэу къыдэкIыгъуэ зэхэтхэр ягъэхьэзырыну гупыж зэращIар къыщыджаIэм, дгъэщIэхъуакъым, зыхэдгъэхьащ. Ар Iуэху щхьэпэщ, ди лъэпкъэгъухэм я бзэр нэхъ шэрыуэ хъунымкIэ, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ нэхъ зэпэгъунэгъу зэхуэхъужынымкIэ. 2020 гъэм дахэу дызэдэлэжьащ, дяпэкIи къыпытщэнущ. «Жьынэпсым» щылажьэхэр цIыху жанхэщ, къыдэкIыгъуэ зэхэтхэм папщIэ егугъуу тхыгъэхэр ягъэхьэзыр, и чэзум къытхурагъэхь, дэ едгъэхьхэр екIуу традзэ. Уеблэмэ, мазищым зэ мыхъуу, къыдэкIыгъуэ къэс ди журналистхэм зыкъыпащIэурэ зэдолажьэ.

Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэ ди гъащIэм, лэжьыгъэм къыхыхьэми, адыгэбзэм и пщIэр тIыгъынырщ ди дежкIэ нэхъыщхьэр, ар цIыхубэм яхыхьэнырщ.

**– Иджыпсту щIалэгъуалэм яфIэфIщ «проект» фIащауэ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр утыку кърахьэну. Абыхэм я «гъащIэр» здынэсми, бзэм хуэлажьэ яхэтми сыщыгъуазэкъым, ауэ илъэс 20-м щIигъукIэ узэIэбэкIыжмэ, анэдэлъхубзэм и пщIэр къэзыIэта «Си бзэ – си псэ, си дуней» проектышхуэм къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэ хуэхъуар уэрат…**

– Ар къызэрыгуэкI зэпеуэм и жыпхъэм икIри, республикэпсо фестиваль-зэпеуэ хъуауэ иджыри йокIуэкI. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ зэгъусэу едгъэжьауэ щыта а зэпеуэр 1999 гъэм япэу екIуэкIауэ щытащ. Адыгэбзэр хъумэным, ар щIэблэм яIурылъу къэгъэтэджыным, курыт еджапIэхэм гулъытэ нэхъыбэ щигъуэтыным теухуауэ къетхьэжьа Iуэхур илъэс къэс республикэм зыщиубгъуурэ екIуэкIащ.

Зы гъэ еджэгъуэм къриубыдэу еджакIуэ 1500-м нэблагъэ, школ 20-м щIигъу щыхэт щыIэт абы. Апхуэдэу IуэхуфIыр къыддащтащ Адыгэ Республикэми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Шапсыгъми.

Сэ жысIэркъым, «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм бзэм зригъэужьу. Ауэ сабийхэр анэдэлъхубзэм хуэгъэушынымкIэ, адыгэ къафэм, макъамэм щIэпIыкIынымкIэ, хабзэр, тхыдэр егъэщIэнымкIэ, адыгэхэм зэрахьэу щыта Iэщэ-фащэхэр, хьэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр егъэцIыхунымкIэ зэхьэзэхуэм иIэ мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ.

КъищынэмыщIауэ, адыгэбзэр курыт школхэм зэрыщрагъэдж щIыкIэр егъэфIэкIуэныр, егъэджакIуэфIхэм я лэжьыгъэр гъэлъэпIэныр, ди бзэм и пщIэр къэIэтыжыныр ди мурад нэхъыщхьэти, хъарзынэу къыдэхъулIэрт. Иджыпсту ар КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм езым и пщэ дилъхьэжауэ ирегъэкIуэкI. Дэри абыхэм дадоIэпыкъу.

**– «Адыгэ псалъэ» газетым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм апхуэдэ проект куэд къыхилъхьэурэ зэригъэзащIэм дыщыгъуазэщ. Газет Iуэху хъуми, Хасэ Iуэху хъуми, псоми я жэрдэмщIакIуэри зэхэублакIуэри уэращ, тхьэмадэрщ. Иджыри сыт хуэдэ проектхэм я гугъу къытхуэпщIынт уэ къызэбгъэпэщахэм ящыщу?**

– «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэм нэхърэ нэхъ цIыкIукъым икIи нэхъ купщIэншэкъым Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм илъэси 6 хъуауэ къыщызэдгъэпэщ «Адыгэ пщащэ» республикэпсо зэхьэзэхуэр. А зэманым къриубыдэу зэпеуэм хэтащ адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ, гъуазджэмрэ тхыдэмрэ, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ фIыуэ хэзыщIыкI хъыджэбз щэныфIэу 100-м щIигъу. ДяпэкIэ едгъэкIуэкIыну ди мурадщ «Адыгэ щауэ» зэпеуэри.

Мыхэр зихуэдэ щымыIэ Iуэхугъуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэхьэзэхуэм зэ хэта хъыджэбзым адэкIэ и щхьэ Iуэху зэрихуэу дэувэжыркъым, атIэ республикэм къыщаIэт нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм хэтщ, адыгэм ехьэлIа пшыхьхэм и зэфIэкI щегъэлъагъуэ, нэхъыщхьэращи, адыгагъэмрэ Iэдэбагъымрэ и Iэпэгъуу дунейм тетщ.

Проект щхьэхуэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ адыгейхэм, шэрджэсхэм, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм Iус шапсыгъхэм, мэздэгу адыгэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм быдэу дапыщIауэ дазэрыдэлажьэмрэ ядедгъэкIуэкI Iуэхухэмрэ. Иужьрей илъэсхэм ди журналистхэр мызэ-мытIэу сшащ икIи езыхэр згъэкIуащ ди лъэпкъэгъухэр нэхъыбэу зэрыс къэралхэм –Тыркум, Иорданием, Израилым, Германием, абыхэм щыпсэу адыгэхэм я псэукIэм щыгъуазэ защIащ. Ахэр «Адыгэ псалъэм» къытеддзэм и мызакъуэу, телевиденэмкIэ фильмхэр къыдогъэлъэгъуэж. Апхуэдэу Тыркум, Израилым, Германием илъэс зэхуэмыдэхэм къитха нэтын гъэщIэгъуэнхэр «1 КъБР» телеканалым къитыжащ, ноби Интернетым ущеплъ хъунущ.

**– Мухьэмэд, лэжьыгъэу ебгъэкIуэкIыр апхуэдизкIэ куэдщи, Iыхьэ-Iыхьэу зэпыбуд хъунущ. Уэ адыгэ Iуэхум хэплъхьэ гуащIэм и зы Iыхьэщ тхылъу уи Iэдакъэ къыщIэкIар. Дунейм къытехьахэмрэ дяпэкIэ къыдэбгъэкIыну уи мурадхэмрэ укъытхутепсэлъыхьамэ арат.**

– Тхылъ къыдэгъэкIынми и проект нэхъ инымкIэ – «Черкесика» сериемкIэ къыщIэддзэнщ. ИлъэсипщIым щIигъу и ныбжьщ абы. А пIалъэм кърмиубыдэу тхылъи 9 дунейм къытехьащ. Япэ томыр ДАХ-м и япэ тхьэмадэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ адыгэлI Къалмыкъ Юрэ теухуащ. ЕтIуанэм итщ Лермонтов Михаил Кавказым, шэрджэсхэм ятриухуа поэми 9-р. Адыгэбзэм ахэр кърригъэзэгъащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ Ацкъан Руслан. Ещанэ томыр хухахащ абхъаз тхакIуэ ШинкIубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романымрэ Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъ» повестымрэ. УрысыбзэкIэщ къызэрыдэкIар Вэрокъуэ Владимир и «Амыщ къуажэ» романыр, еплIанэ тхылъым ихуар. Етхуанэ къыдэкIыгъуэр лъысащ дунейпсо литературэм и классик Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин). Новеллэ 34-р адыгэбзэм кърригъэзэгъащ зэдзэкIакIуэ Iэзэ Къэрмокъуэ Хьэмид. Къаныкъуэ Анфисэ и «Хьэтхэр» тхыдэ романым хухэтхащ «Черкесика»-м и еханэ томыр. Ебланэ тхылъым итщ Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) и «Уафэгъуагъуэ макъыр» адыгэбзэкIэ. Ари зи фIыщIэр Къэрмокъуэ Хьэмидщ.

«Черкесика»-м хэту зэман гъунэгъум къыдэдгъэкIынущ тхылъ 20-м щIигъу.

Дунейм къытехьахэм ящыщщ «Наши знаменитости» серием хиубыда тхылъ зыбжани: адыгэр зэрыгушхуэ цIыху зэчиифIэхэу КIыщокъуэ Алим, Къэшэж Иннэ, Шемякин (Къардэн) Михаил, МэшбащIэ Исхьэкъ, Темыркъан Юрий, КIыщ Мухьэдин, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

Згъэхьэзырахэм ящыщщ 2005 гъэм щегъэжьауэ къыдэкI Адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэр. Ар лъапIэ зыщIыр ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр зэрыдигъэцIыхурщ, ахэр къыщалъхуа махуэхэр зэригъэбелджылырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Шапсыгъым, Москва, Санкт-Петербург, хамэ къэралхэм щыщ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьа ди къуэшхэм, шыпхъухэм я цIэхэм ущрохьэлIэ зи гугъу сщIы махуэгъэпсым. Дуней псом щыцIэрыIуэ цIыхухэм адыгэхэм щхьэкIэ жаIахэм, хэхэс шэрджэсхэм ящыщу зи цIэр жыжьэ Iуахэм, лъэпкъым и пщIэр зыIэта хэкурысхэм ятеухуауэ абы ит тхыгъэ кIэщIхэм ар нэхъри

купщIафIэ, зыми емыщхь ящI. Аращ махуэгъэпсым щIэнгъуазэкIэ щIеджэри. 2020 гъэм ар адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдэкIащ.

Куэд щIакъым «Черкесская диаспора». Панорма культурной жизни» тхылъ дахэр ДАХ-м и нэIэ щIэту къызэрыдэдгъэкIрэ. Абы си тхыгъэ куэд щызэхуэхьэсащ, иужьрей илъэсхэм адыгэхэм я хэхэс гъащIэм къыщыхъуа хъыбар куэд итщ, сурэт, тхыгъэ, дэфтэр мымащIэ ихуащ.

Нобэ-пщэдей къыдэкIынущ «Адыги – один из древнейших народов мира» хрестоматие щIэнгъуазэр. Ар Iыхьэ 20-у зэхэтщ, хабзэм, тхыдэм, щэнхабзэм, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым щыщу адыгэр къызэригъэщIрэ къыдекIуэкIа хъыбару абы имыт щыIэжкъым. Тхылъеджэм абы къыщигъуэтынущ Иорданием, Тыркум, Сирием, США-м, Нидерландхэм, Израилым, Германием щыпсэу адыгэхэм я хъыбар, я псэукIэ, я ансамблхэм, я артист, сурэтыщI, политик, дзэзешэ цIэрыIуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр. Сурэту 1000-м щIигъу итынущ. Тхылъ теплъэфIэ, екIу хъунущ.

Мы илъэсым и япэ Iыхьэм къыдэкIынухэм ящыщщ куэд щIауэ сызэлэжь, хэхэс адыгэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса «Хуитыныгъэм и жэщ» жыхуиIэри.

**– Уи илъэс 75-м узыхунэсар куэдщ, куэд дыдэщ, Мухьэмэд. ЛъэужьыфI къызэрызэбнэкIам и зы щапхъэу къызолъытэ илъэс зыбжанэ хъуауэ адыгэхэм ягъэлъапIэ махуэшхуэ куэд уэ къызэрыхэплъхьар, ар Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкIыу Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ я пащхьэм къипхьэурэ махуэшхуэу ягъэува зэрыхъуар.**



– Апхуэдэ махуэхэр Iэмал имыIэу диIэн хуейщ. Ахэр зыужьыныгъэм и нэщэнэщ, ди къэкIуэнум и джэлэсщ. «Адыгэ ныпым и махуэр» (2010), «Адыгэ фащэм и махуэр» (2013), «Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр» (2014), «Адыгэшым и махуэр» (2015), «Нарт эпосым и махуэр» (2018) – ахэр псори, фэ зэрыфщIэжщи, КъАХ-м утыку кърихьауэ щытащ. Гъэ къэс зэрагъэлъапIэ жыпхъэм зиубгъуу, уеблэмэ хамэ къэрал щыпсэухэми къыддащтэу къокIуэкI.

Сэ къыхэслъхьэри, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 щрикъум, «Адыгэ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ» цIэ лъапIэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм абы фIищащ. Илъэс дэкIри, апхуэдэ пщIэ лъагэ хуэтщIащ «Налмэс» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым (Мейкъуапэ).

Иужьрей илъэсхэм, КъАХ-м, ДАХ-м хэтхэм къыддаIыгъыурэ, дэ дгъэлъэпIащ адыгэ литературэм и классик КIыщокъуэ Алим (2014); Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Адыгейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ МэшбащIэ Исхьэкъ (2016), СССР-м и цIыхубэ артист, дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрийрэ япэ адыгэ усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Къуэдзокъуэ Лэкъумэнрэ (2018) я илъэсхэр, Къалмыкъ Юрий, Къэшэж Иннэ, Бэчыжь Лейлэ сымэ я илъэсхэр (2019).

А псори хуолажьэ ди хэкур, лъэпкъыр ефIэкIуэным, зи тхыдэр, хабзэр, къызыхэкIар зыщIэж щIэблэ узыншэ адыгэм къытщIэхъуэным.

Ди лъэпкъым адэкIэ зэрызиужьынум шэч хэлъкъым. ДызэпэщIэувэжкIэ, зыри къикIынукъым. Езыхэр зэгурыIуэмэщ сыт хуэдэ лъэпкъми пщIэ щиIэнур, и Iуэху щыдэкIынур, къэралым мамырыгъэ

щилъынур. Ар къыдэхъулӀэн папщӀэ зэакъылэгъу псори зэӀэпэгъуу зэдэлэжьэну сыхуейт.

**– УкъызыхэкӀа лъэпкъым сыт хуэдиз хуумыщӀэми, пфӀэмащӀэу уопсэу, Мухьэмэд. Ар зыхуэгъэзар хэкум исхэм я закъуэкъым атӀэ, хамэ щӀыпӀэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми сэбэп уазэрыхуэхъуным иужь уит зэпытщ. Нэхъ пэжу жыпӀэмэ, ахэр хэкум къепхыжа хъунымкӀэ, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэрыщӀэнымкӀэ уэ лэжьыгъэшхуэ ебгъэкӀуэкӀащ. Совет лъэхъэнэ лъандэрэ абыхэм якӀэлъыкӀуэ, зи ныбжьэгъухэр къезыгъэблагъэ уэ дауэ уеплърэ нобэ хэхэс гъащӀэм и щытыкӀэм? Хэшыпсыхьыжрэ хьэмэрэ адыгэбзэр яфӀэмыкӀуэдыну гугъэ уиӀэ?**

– Адыгэу дунейм тетым ящыщу пщӀы къэсыхункӀэ бгъур щыпсэур хамэ щӀыпӀэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр зыхэс лъэпкъхэм хуэм-хуэмурэ яхошыпсыхьыж. Зы илъэс тӀощӀ-щэщӀ хуэдиз дэкӀмэ, адыгэбзэр зыщӀэж щымыӀэу къэнэнкӀэ шынагъуэщ. Абы уи гур иримыузынкӀэ Ӏэмал иӀэкъым.

Къэтщтэнщ Иорданиер. Мы къэралым адыгэ мини 100-м нэблагъэ щопсэу. 1970 гъэхэм анэдэлъхубзэмкӀэ псалъэрт абыхэм я нэхъыбэр. Нобэ адыгэбзэ зыӀурылъыр мащӀэ дыдэщ – проценти 10-15 хуэдизщ. Илъэс 40 хъуауэ Амман дэтщ пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цӀэр зезыхьэ адыгэ курыт еджапӀэ. ХьэщӀэ къахуеблагъэмэ, сабийхэм адыгэ уэрэд, усэ, псынщӀэрыпсалъэ, къебжэкӀ хуэдэхэр жраӀэфынущ, ауэ зыгуэркӀэ уеупщӀмэ, адыгэбзэкӀэ зы жэуап къыуатыжыфынукъым. АбыкӀэ къуаншагъэр егъэджакӀуэм и закъуэ бгъэдэлъу схужыӀэнукъым. Бзэр унагъуэм щызэмыкӀуэмэ, школым щыбгъэтӀылъ лъабжьэр махэ мэхъу, зэман докӀри, зэтощэщэж. Ауэ, сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуми, иджырей щӀэблэр анэдэлъхубзэр ящӀэу къэтэджыркъым.

Ӏуэхур щынэхъ щӀагъуэкъым илъэси 100-кӀэ шэрджэсхэр щыдакъуза Тырку Республикэми. Мы къэралым адыгэ мелуани 7-м щӀигъу щопсэу. Ауэ я анэдэлъхубзэр зыщӀэу яхэтыр мащӀэщ – зы мелуан ныкъуэ хъун-мыхъунщ. Иужьрей зэманым Тыркум и унафэщӀхэм къалъытащ я Хэкум лъэпкъ цӀыкӀу зыбжанэ зэрисыр икӀи къэрал школхэм адыгэбзэ щадж, телевиденэми сыхьэтитӀ махуэ къэс къыщратащ.

Анэдэлъхубзэм и Ӏуэхур щынэхъыфӀт Сирием. Адыгэхэр зэуӀуу щыпсэурт КъунейтӀрэ къалэмрэ Джолан лъагапӀэхэмрэ, лъэпкъ Ӏуэхуи зэрахуэрт. 1967 гъэм – махуих зауэм и зэманым – ахэр а щӀыпӀэм кърахуащ икӀи къэрал зыбжанэм щыхэгуэша хъуащ. Нобэ мы къэралым граждан зауэ щокӀуэкӀ. Абы и зэранкӀэ ди лъэпкъэгъухэр зэхэзехуэн ящӀащ. Езыхэри адэжь щӀыналъэмкӀэ нэхъ къаплъэ хъуащ. ЩытыкӀэр щыщӀагъуэкъым Европэмрэ Америкэмрэ. Анэдэлъхубзэр зрагъэщӀэн-зрамыгъэщӀэныр мыбыхэми унагъуэ Ӏуэхуу, щхьэж зэрыхуейуэ щыщыту аращ, армыхъумэ къэралыр зыкӀи хэӀэбэркъым.

Израилым адыгэ къуажитӀ къудей щыӀэу аращ – Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ. Тхуэнейрэ сыщыӀащ. Абыхэм я псэукӀэр плъэгъуа нэужь, япэ дыдэу узэгупсысращ: я щхьэм пщӀэ хуащӀыж. Къабзэлъабзэу мэпсэу. Зы уэрам яӀэкъым асфальт е мрамор темылъу. Зы лъэс лъагъуэ плъагъунукъым апхуэмыдэу. Анэдэлъхубзэр зэрахъумамкӀэ, хабзэ зэрахэлъымкӀэ а къуажитӀыращ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я деж зи Ӏуэху щыдэкӀыр. А къуажитӀым дэс я нэхъ цӀыкӀу дыдэри щыпсалъэкӀэ зы хамэ псалъэ къыхигъахуэркъым, сабий садым щегъэжьауэ

адыгэ къафэм щыхуагъасэ, адыгэбзэкӀэ фӀэкӀа ягъэпсалъэркъым. Зы унагъуи хьэрыпыбзэ, е журтыбзэ щызэхэпхынукъым, апхуэдизкӀэ я щхьэм пщӀэ хуащӀыжри. Зы гукъеуи, гуныкъуэгъуи дэлъкъым а къуажитӀым псэукӀэм ехьэлӀауэ, апхуэдизкӀэ зэтеухуауэ псори мэлажьэ-мэшхэжри.

**– Лэжьыгъэм пщӀэ хуищӀу зы цӀыху щыӀэмэ, уетӀуанэщ, жысӀэнут, ауэ зэи зэрызумыгъэпсэхур солъагъури, лэжьэнкӀэ псом япэ уиту къысщохъу. Уи зыгъэпсэхугъуэ пӀалъэр къэсами, зы мазэкӀэ, е тхьэмахуитӀкӀэ укъыщымыкӀуа къэхъуауэ сщӀэжыркъым; щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ дыдэсми, лэжьапӀэ пэшым унипсэлъыкӀыурэ къалэн къыщыдэпт куэдрэщ; лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ дызэдежьамэ, пщэдджыжьым а республикэм, е къэралым къыщыдэкӀ газет-журналхэр щӀэбджыкӀауэ, махуэм ди къалэну щытынур бубзыхуауэ, лэжьапӀэм дыщыщыӀэм хуэдэу жыыуэ ди пщэрылъхэр къыджепӀэу махуэр къыщӀыдодзэ. Дэнэ апхуэдэ къарурэ лэжьыгъэм хууиӀэ гукъыдэжымрэ къыздипхыр?**

– Пэжщ, щэбэти тхьэмахуи сиӀэкъым. Сумыгъэлажьэмэщ си къарур щызухынур. Лэжьыгъэмрэ лэжьыгъэм къыпэкӀуэ гупсэхугъуэмрэщ си гъащӀэр щыз зыщӀыр. Ауэ пэжщ – си пхъурылъхухэр сыщигъусэм си гурыфӀыгъуэщ. ЩӀалитӀыр щӀэх-щӀэхыурэ къокӀуэ, Амман дэс си хъыджэбзым и пщащэ цӀыкӀур илъэсым зэ слъагъуу аращи, абы щыгъуэм си ӀутӀыжщ. Санатори зыгъэпсэхуакӀуи куэд щӀауэ сыкӀуакъым, лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ хамэ къэрал сызэрыщыӀам и гугъу умыщӀмэ. Ауэ ахэри зыгъэпсэхугъуэ пэлъытэщ, ди къуэшхэм дахохьэ, дащӀоупщӀэ, я хъыбар хэкум къыдохь.



**– Мухьэмэд, куэд пхузэфӀэкӀащ, нэхъыбэжи уи мурадщ. Абыхэм уащытепсэлъыхькӀэ, уигу илъа псом гъунэ иумылъауэ къыпщохъу. Сыт хуэдэ мурадхэра бгъэнэхъыщхьэр?**

– Мурад куэд сиӀэр пэжщ, ауэ си дежкӀэ нэхъыщхьэр музей къызэӀухынращ. Илъэс блэкӀахэм сэ къызэзгъэпэщащ «Адыгэ хэхэсхэр», «Дэ куэд щӀауэ шэрджэскӀэ къыдоджэ» гъэлъэгъуэныгъэхэр. Ахэр Налшык, Черкесск я лъэпкъ музейхэм щыдгъэлъэгъуащ.

Иджы музей сыщӀыхуейм и щхьэусыгъуэр сыт? Сэ 1970 гъэ лъандэрэ зэхуэсхьэсауэ тхылъ, архив, тхыгъэ, дэфтэр, фэеплъ хьэпшып ирехъу – псори зэхэту мин 20-м щӀигъу экспонат сиӀэщ. Дэфтэрхэм къаӀуатэ адыгэ лъэпкъым и къежьапӀэм къыщыщӀэдзауэ нобэм нэс и щэнхабзэр, тхыдэр, псэукӀэр зыхуэдэр, цӀыху пажэхэм я сурэтхэри куэду сиӀэщ.

ИтӀанэ. XXI лӀэщӀыгъуэм ирихьэлӀэу дунейпсо утыкум къихьащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Шапсыгъым, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу куэд. Псом хуэмыдэу гулъытэ нэхъ зыхуэсщӀар хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я зэфӀэкӀыр, дуней тетыкӀэр, я псэукӀэр къэзгъэлъэгъуэнырщ. ТхакӀуэхэм, сурэтыщӀхэм, къэфакӀуэхэм, уэрэджыӀакӀуэхэм, спортсменхэм ятеухуа экспонатхэрщ зи гугъу сщӀыр.

Музей пщӀы хъуну зы унэ схухахамэ, зи гугъу сщӀы экспонат мин 20-р адыгэ лъэпкъым пщӀэншэу естынут. Ар зэфӀэзгъэкӀатэмэ, си гум зигъэпсэхужынут.

«Музей щхьэхуэ фщӀыи, абы и унафэщӀу сывгъэув», жысӀэу, зыми пэзубыдыркъым. КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэм щӀэтми,

цIыху щхьэхуэм и уней мылъкукIэ къищэхуми, лъэпкъым хуэлажьэмэ содэ сэ. Нэхъыщхьэр адыгэ лъэпкъым IэщIэкIар, ирикъухьар зы щIыжынырщ.

ИтIанэ фонд къызэгъэпэщыным сыщIохъуэпс. Абы хамэ къэралхэм цIыху игъэкIуэфу, ди лъэпкъым къыхэкIахэм я тхыдэр иригъэджу щытынт, ди гъэтIылъыгъэхэм, ди къулеигъэхэм къахэхъуэнт.

Къапщтэмэ, шэрджэс мамлюкхэм Мысырым и къалащхьэ Каир мэжджыт 50-м щIигъу дащIыхьащ. Ахэр илъэс 500 хъуауэ, зым нэхърэ зыр нэхъ дахэрэ нэхъ быдэу щытщ. Абыхэм яухуа еджапIэхэр, псы зэрыкIуэ кIэнауэхэр, сулътIаныр щыпсэуа уардэунэхэр хъума зэрыхъуар, зэрыбыдэр нобэр къыздэсым щIэныгъэлIхэм ягъэщIагъуэ. Архитектурэм, гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэм яфIэхьэлэмэтщ зауэлI хъыжьэу къекIуэкIа шэрджэс мамлюкхэм апхуэдэ щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ къазэрыкъуэкIар. Сыт жысIэну сызыхуейр? Псом япэрауэ, фондыр къэдгъэсэбэпу, Мысырым цIыху дгъэкIуэнт, мамлюкхэм я тхыдэмрэ хъыбарыжьхэмрэ къызэщIикъуэжын, дэфтэрхэр зэхуихьэсыжу хэкужьым къишэжын папщIэ.

ГъэщIэгъуэн куэд къыпхуихынут Египетым. Псалъэм папщIэ, Абазэ унэцIэр зэрахьэу Мысырым цIыху мин 25-рэ исщ. КъызыхэкIамрэ къызытехъукIыжамрэ я хъыбар ямыщIэжу, ауэ ди адэшхуэр адыгэт жаIэу, Африкэ Ищхъэрэм ди лъэпкъэгъу цIыху минищэ бжыгъэ щопсэу! Абыхэм я тхыдэмрэ я блэкIамрэ къэптIэщIыжыну уасэ иIэтэкъым.

Сэ зэрысщIэмкIэ, шэрджэс мамлюкхэм ятеухуауэ тхылъ миным щIигъу щыIэщ. Сэ сиIэр тIощIым щIигъущ. Ахэр зэдзэкIын хуейщ, мамлюкхэм ящIамрэ ягъэхъамрэ адэжь щIыналъэм щыпсэуххэр щыгъуэзэн папщIэ. Зи блэкIар, зи тхыдэр зымыщIэж лъэпкъым и къэкIуэнури щIагъуэкъым. А псомкIэ сэбэп къытхуэхъунут дэнэ щыпсэу адыгэми и мылъку мащIэ хилъхьэу зы фонд диIамэ. 

**– Упсэу, Мухьэмэд. Уи мурадхэр къохъулIэну, узыншэу иджыри куэдрэ адыгэ лъэпкъым ухуэпсэуну Тхьэм жиIэ!**

*Епсэльар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

# ЖЭРДЭМ ТЕЛЪЫДЖЭХЭР

«ЛIым и гъащIэр къызэрабжыр илъэс бжыгъэкъым» – апхуэдэ псалъэхэр хэтщ КIуащ БетIал и усэхэм ящыщ зым. Абы шэч хэлъкъым: цIыхум пщIэ къыхуэзыхьыр и ныбжьыркъым – и гуащIэдэкIырщ. ПщIэ лъагэ щIыхуэфащэ гуащIэдэкI иIэщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд – и тхыгъэхэм, и жылагъуэ лэжьыгъэм къыхуахьауэ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIауэ е зэхилъхьауэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи дунейм къытехьащ тхылъ 50 хуэдиз. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми хыболъагъуэ ахэр зи Iэдакъэ къыщIэкIам бгъэдэлъ акъылымрэ щIэныгъэмрэ зэрыиныр. «Си гугъэ – си кхъуафэжьей», «Лъэужь», «ТекIуэныгъэм и махуэ», «Адыгэ мамлюкхэр», «Уэгу вагъуэ – щIылъэ вагъуэ», «Разбросаны адыги по белому свету», «Израилым щыпсэу шэрджэсхэр», «ХамэщIым вагъуэхэр щоужьых», «Адыгэ хэхэсхэр» – абыхэм ящыщ зы тхылъи лъэужьыншэ щыхъуакъым ди литературэмрэ журналистикэмрэ. Ар дэнэ къэна, дунейм къызэрытехьэ лъандэрэ цIыхум зыщагъэнщIыркъым абыхэм, махуэ къэси къахуэщхьэпэ, еджэр зэи зытемызашэ, куэдым укъыхуэзыгъэуш, ухуэзыгъэIущ тхылъхэщ ахэр.

Зи цIэ къитIуа тхылъхэм апхуэдэ мыхьэнэ яIэнкIэ щIэхъуар ахэр зи IэдакъэщIэкI тхакIуэм щIэныгъэ куурэ акъыл жанрэ зэриIэрщ – абы шэч къытепхьэнукъым, а тхылъхэм ящыщ дэтхэнэми щыгъуазэ зыхуэпщIмэ. Си щхьэкIэ сыщыгъуазэщ «Адыгэ мамлюкхэр» тхылъым (абы и бжыгъэр 5000 хъурт) цIыхур щыгуфIыкIауэ зэрыщытам – ар щIэх дыдэ «япхъуэтащ», жьыми щIэми ноби зэIэпах. Ар дыдэр хужыпIэ хъунущ «Разбросаны адыги по белому свету» тхылъми – тыкуэнхэм напIэзыпIэм щIэбзэхыкIа, щIэх дыдэ гъуэтыгъуей хъуа тхылъхэм ящыщщ ари.

Сыт ар ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и тхылъхэм я натIэ щIэхъур, цIыхум щхьэ зэрапхъуэрэ ахэр? Абы и жэуапыр езы тхылъхэм я деж щыбогъуэт: зи цIэ къитIуа тхылъитIми лъабжьэрэ купщIэрэ яхуэхъуар нобэрей щIэблэм щагъэпщкIуауэ, ди щIэныгъэлIхэмрэ тхакIуэхэмрэ зытемыгушхуэу къэгъуэгурыкIуа темэрэ псалъэмакърэщ. ЩIэныгъэлIхэри тхакIуэхэри щыгъуазэт, дауи, Мысырым къэралыгъуэ щызыухуауэ щыта мамлюк дзэпщхэм я тхыдэм, ауэ, я цIэ зэзэмызэ кърaIуэ фIэкIа, абыхэм я нэхъыбапIэр зэрыадыгэри, узэрыпагэ, узэрыгушхуэ хъун тхыдэрэ лэжьыгъэшхуэрэ къызэрызэранэкIари ябзыщI зэпытащ иджыри къэс. Мамлюк дзэпщхэм я тхыдэмрэ IуэхущIафэхэмрэ нобэрей щIэблэр щыгъуазэмэ, ар псом япэ зи фIыщIэр ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ: абы и фIыгъэкIэ дэ иджы дощIэ курыт лIэщIыгъуэхэм я зэманым дуней псом цIэрыIуэ щыхъуауэ щыта адыгэ дзэпщхэм – Къэлэун, Бейбэрс, Инал, Бэркъукъу, Къанщауэ Гъур, Къэитбей сымэ, нэгъуэщIхэми КъуэкIыпIэм и тхыдэм зэи хэмыгъуэщэжын лъэужь къызэрыханар.

Кавказ зауэм и ужькIэ адэжь щIыналъэр ирагъэбгынауэ щыташ адыгэ минищэ зыбжанэм. Абы псори щыгъуазэщ, зыщымыгъуазэр хэкур зрагъэбгынахэм я щхьэ къэрикIуамрэ я натIэ хъуамрэщ. ЦIыху куэд щыгъуазэкъым, псалъэм папщIэ, Тыркум, нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуауэ щыта хьэжрэтхэм я щIэблэм щэнхабзэм, литературэм,

гъуазджэм я лэжьакIуэ, къэрал лIыщхьэ, дзэпщ, спортсмен цIэрыIуэ куэд къазэрыхэкIам. Абыхэм я хъыбархэри бзыщIауэ къэгъуэгурыкIуащ иджыри къэс.

Уи лъэпкъыр псэм нэхърэ нэхъ бгъэлъэпIэн хуейщ, а псор хэIущIыIу пщIын, нобэрей щIэблэм я пащхьэ иплъхьэн щхьэкIэ. Ар хузэфIэкIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. «Разбросаны адыги по белому свету» тхылъым ущрохьэлIэ къуэкIыпIэ къэралхэм (Тыркум, Сирием, Иорданием, Мысырым, Ливием) я щэнхабзэмрэ я литературэмрэ лъэужьышхуэ къыхэзына тхакIуэ, усакIуэ, композитор, щIэныгъэлI Iэджэм я хъыбархэм. Дунейпсо литературэм и классик хъуащ, псалъэм папщIэ, хьэжрэтхэм я щIэблэ Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин); тырку, хьэрып литературэхэм лъэбакъуэщIэ ирагъэчащ адыгэ тхакIуэ, усакIуэ куэдым. ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ ахэр дэзыгъэцIыхуар, я гуащIэдэкIми щыгъуазэ дызыщIар (Мухьэмэд зэхилъхьауэ 2002 гъэм Налшык къыщыдэкIащ хэхэс адыгэ тхакIуэ зыбжанэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «ЩIэин» тхылъышхуэр). 2019 гъэм адыгэбзэкIэ дунейм къытехьащ Хьэткъуэ Умар и новеллэхэр зэрыт «Чысэ» тхылъыр. Ар хиубыдащ «Черкесика» къыдэкIыгъуэм.

Иджыри къэс зыри зыщымыгъуэзэххар Тыркум, хьэрып къэралхэм цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ дзэпщхэмрэ лIыщхьэхэмрэ я хъыбархэращ. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и фIыгъэкIэ нобэрей щIэблэм ящIэ хъуащ къуэкIыпIэ къэралхэм я тхыдэм лъэужьышхуэ къыхэзына хэку лIыщхьэхэм, генералхэм, маршалхэм, зауэлI хахуэхэм, спортсмен цIэрыIуэхэм я хъыбархэр – апхуэдэ куэдым я IуэхущIафэхэм ущагъэгъуазэ абы и тхыгъэ хьэлэмэтхэм, псом япэрауэ, «Разбросаны адыги по белому свету» тхылъым. Дауи, аркъудейм къыщынэркъым ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хузэфIэкIамрэ къытхузэIуихамрэ. ЦIыхум сыт щыгъуи яфIэщIэщыгъуэщ, дахьэх ди щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм ятеухуауэ Мухьэмэд и къалэмыпэм къыщIэкI тхыгъэ купщIафIэхэм – апхуэдэ тхыгъэхэщ «Си гугъэ – си кхъуафэжьей», «Уэгу вагъуэ – щIылъэ вагъуэ», «Лъэужь», «ХамэщIым вагъуэхэр щоужьых» тхылъхэм щызэхуэхьэсахэр.

Куэдым хунэс, куэд къыщIэзыгъэлъэф, къалэм Iумахуэ зыгъабзэ тхакIуэ, публицист гуащIафIэщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. И тхылъхэм ущеджэкIэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым ар а псом зэрыхунэсыр, апхуэдэ зэмани гуащIи къыздрихыр. ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, езым и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэм нэмыщI, Мухьэмэд зэхилъхьауэ, игъэхьэзырауэ дунейм къытехьащ тхылъ гъэщIэгъуэн куэд. Псом япэ зи цIэ къиIуапхъэр, дауи, адыгэ тхакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим теухуа «Всадник чести» тхылъырщ. Мухьэмэд абы щызэхуихьэсащ ди тхакIуэ, усакIуэ щэджащэм и гъащIэмрэ и гуащIэдэкIымрэ IупщI дыдэу уи нэгу къыщIэзыгъэувэ тхыгъэ хьэлэмэтхэр. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 1984 гъэм къыщыдэкIри, къэрал псом щызэбгрыкIат «Одна судьба – одна дорога» тхылъыр – ар халъытауэ щытащ «Мы дружбой ленинской сильны» сериемкIэ къыдэкI тхылъ нэхъыфI дыдэхэм. Мухьэмэд зэхилъхьауэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 1992 гъэм къыщыдэкIащ дуней псом щыцIэрыIуэ дирижер Темыркъан Юрий теухуа тхылъ хьэлэмэтри. Апхуэдэу иужьрей илъэситхум дунейм къытехьащ ХьэфIыцIэм игъэхьэзыра тхылъибл. Ахэр ятеухуащ адыгэ

цIэрыIуэхэу усакIуэ Къэшэж Иннэ, сурэтыщI, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Шемякин (Къардэн) Михаил, тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, ДАХ-м и япэ тхьэмадэ Къалмыкъ Юрий сымэ.

Литературэмрэ публицистикэмрэ цIэрыIуэ зэрыщыхъуа гуащIэдэкIым къыгуэпх хъунукъым ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэрыщIалэ лъандэрэ дэзыхьэх редактор IэщIагъэри. Ар пасэ дыдэу IупщI хъуауэ щытащ – Мухьэмэд университетым щыщIэса гъэхэм, студентрэ пэт, абы дзыхь къыхуащIауэ щытащ «Университетская жизнь» газетым и редактор къулыкъур. А IэнатIэр къыхуэзыгъэфэщахэр щигъэщIэхъу къэхъуакъым адыгэ щIалэм: ар зи унафэщI газетыр Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм къыдагъэкI газет нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зы хъуауэ щытащ – и унэтIыкIэкIи, и мыхьэнэкIи, и зэхэлъыкIэкIи.

1997 гъэ лъандэрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэщ. ЩIыхум гу лъамытэнкIэ Iэмал иIэкъым лъэпкъ газетым а зэманым и кIуэцIкIэ зыужьыныгъэшхуэ зэригъуэтам – нобэ ар Кавказ Ищхъэрэм къыщыдэкI газетхэм сыт и лъэныкъуэкIи йофIэкI. Мухьэмэд и фIыгъэкIэ «Адыгэ псалъэр» ди лъэпкъым и гъащIэмрэ и щэнхабзэмрэ я гъуджэ хъуащ, гъуджэ къудейкъым – «Адыгэ псалъэр» нобэ ди лъэпкъ щэнхабзэм и унэтIакIуэщ, абы и хъугъуэфIыгъуэхэр цIыхубэм я деж нэзыхьэсщ, цIыхур зыузэщIыныгъэмрэ дэрэжэгъуэмрэ къыхузэщIэзыIэтэщ, хуэзыунэтI лъэпкъ газет гуащIафIэщ. Ди щэнхабзэми ди гъащIэми зы махуи теплъэкъукIыркъым Мухьэмэд зи унафэщI, абы и щIэныгъэ куумрэ и акъыл жанымрэ яунэтI газетыр. Абы щыхьэт техъуэфынущ газетыр махуэ къэси зыIэрыхьэ, абы еджэ дэтхэнэ зыри. «Адыгэ псалъэм» уеджэ хъунущ ди лъэпкъым и нобэмрэ и дыгъуасэмрэ я щIэнгъуазэкIэ. Редактор нэхъыщхьэ къулыкъум щыпэрыувэм апхуэдэ мурадщ Мухьэмэд иIар, ар абы къызэрехъулIам шэч хэлъкъым. «Адыгэ псалъэм» и фIыгъэкIэ ди щIэблэр иужьрей зэманхэм щыгъуазэ хъуащ адыгэхэм лIэщIыгъуэ кIыхьхэм къыпхаха щэнхабзэ къулейм, абыхэм я тхыдэ хьэлэмэтым, хамэ къэралхэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм я дунеймрэ я Iуэху зытетымрэ. А псор цIыхум я деж нэзыхьэс тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къытохуэ газетым, абыхэм я зэхэублакIуэри, я унэтIакIуэри, я къызэгъэпэщакIуэри, псом япэрауэ, «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэрщ. ХьэфIыцIэм и жэрдэмкIэ зэхэубла хъуауэ газетым щIэх-щIэхыурэ къытохуэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ напэкIуэцIхэр – «Махуэку», «Узыншагъэ», «Жьыщхьэ махуэ», «ЩIалэгъуэ», «Ислъамым и нур», «Малъхъэдис», «Си еджапIэ – си къежьапIэ», «Шыхулъагъуэ», «Гъуазэ», «IуэрыIуатэ – дыщэ пхъуантэ», «Адыгэ къуажэхэм я щIэнгъуазэ», «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым», «ЦIыкIураш» (сабийхэм папщIэ), «ЩIыуэпсым и макъ», «Адыгэ хабзэ», нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ напэкIуэцIхэм цIыхур гуапэу IуощIэ, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, а псоми я зэхэублакIуэр газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ, аращ абыхэм псэ хэзылъхьэри я купщIэр зыгъэбелджылыри.

Хэти щыгъуазэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я адыгэ газетхэм зэщIыгъуу къыдагъэкI номер зэхэтхэр дунейм щIэх-щIэхыурэ къызэрытехьэм. Апхуэдэ номерхэр зыфIэмыщIэщыгъуэрэ зыфIэмыхьэлэмэтрэ урихьэлIэнукъым. «Адыгэ

псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и жэрдэмкIэ апхуэдэ номер 99-рэ дунейм къытехьащ, «Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури» псалъащхьэм щIэту. Мухьэмэд къыхилъхьэурэ, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ» (Мейкъуапэ), «Черкес хэку» (Черкесск) газетхэм апхуэдэ номерхэм зыбжанэрэ къыщаIэтащ ди лъэпкъ щэнхабзэм, тхыдэм, анэдэлъхубзэм, хабзэхэм, ди нобэрей дунейм, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я псэукIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр.

Езыр зи редактор нэхъыщхьэ «Адыгэ псалъэм» нэмыщI, Мухьэмэд игъэхьэзырауэ дунейм къытохьэ «Нарт», «Черкесское зарубежье», «Хасэ» газетхэри. 1992 гъэ лъандэрэ къыдокI «Нарт» газетыр. Абы и номер 75-рэ хуэдиз игъэхьэзыращ ХьэфIыцIэм. Къару мащIэ текIуэда а Iуэхум?! Напэ пщыкIух, нэхъыби мэхъу «Нарт» газетым и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэри. ГуащIэ ин дыдэ пхэлъын хуейщ а псор бгъэхьэзырын щхьэкIэ. Ар зыхузэфIэкI лэжьакIуэ гуащIафIэщ абы и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Псом ящхьэращи, «Нартым» и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэри купщIафIэщ, зэмылIэужьыгъуэщ. Уи акъылыр зыгъэлажьэ, уи гупсысэр зыунэтI, куэдым укъыхуэзыгъэуш, ухуезыджэ, хъыбар гъэщIэгъуэнхэмкIэ къыбдэгуашэ, зэи узытемызашэ псалъэмакъ щIэщыгъуэкIэ гъэнщIа газетщ Мухьэмэд и «Нартыр». Ар дыдэр хужыпIэ мэхъу ХьэфIыцIэм езым и жэрдэмкIэ къызэригъэпэщауэ къыдигъэкI «Черкесское зарубежье» газетми. И цIэмкIи зэрыгурыIуэгъуэщи, абы и къалэн нэхъыщхьэр нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я хъыбархэм (я псэукIэ, я Iуэху зытет, н.къ.) ди цIыхухэр щыгъуазэ щIыныр щ. А къалэныр сыт щыгъуи хузэфIокI Мухьэмэд и «Черкесское зарубежье» газетым – и тиражыр мин 20-50 хъууэ, 1992 гъэ лъандэрэ дунейм къытохьэ ар. Зи гугъу тщIы газетым и фIыгъэкIэ нобэрей щIэблэр щыгъуазэ мэхъу Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Германием, Америкэм, Мысырым, Ливием, нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу адыгэхэм я хъыбар Iэджэм – абыхэм я Iуэху зытетми я тхыдэми кууэ хэзыщIыкI цIыхущ газет хьэлэмэтыр къыдэзыгъэкI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Езыри куэдрэ яхохьэ абыхэм, газетым тридзэн хъыбар гъэщIэгъуэнхэр къыхуэзытх хэхэс адыгэ куэди и нэIуасэщ, и ныбжьэгъущ.

Мухьэмэд и редактор лэжьыгъэм и гугъу щыпщIкIэ, ублэкI хъунукъым абы анэдэлъхубзэм хуиIэ гулъытэм. «Адыгэ псалъэ» газетым еджэ дэтхэнэм дежкIи нэрылъагъущ абы и бзэр иужьрей илъэсхэм куэдкIэ зэрефIэкIуар – ар, псом япэрауэ, зи фIыщIэр газетым и редактор нэхъыщхьэрщ. Газетым щылажьэ дэтхэнэри Мухьэмэд хуиущий зэпытщ ди анэдэлъхубзэр зэрыкъулейр, IэкIуэлъакIуэу къэбгъэсэбэпмэ, абы гупсысэм я нэхъ кууэ кърипIуатэ зэрыхъунум, ар къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым. Газетым и бзэр IупщI, гурыIуэгъуэ, гукъинэ щыхъун хуейщ абы еджэм, итIанэщ ар цIыхум къабыл щащIынури я гум щыдыхьэнури – аращ Мухьэмэд и лэжьэгъухэм япиубыдыр. Езыри апхуэдэущ адыгэбзэм зэрыхущытыр – абы и фIыпIэмрэ и кууупIэмрэ къыщIэзыгъэлъэф тхакIуэщ ХьэфIыцIэр. ТIорысэ хъуауэ къалъытэ псалъэ куэд къыдэщIэрэщIэжащ Мухьэмэд и къалэмым, псалъэщIэхэри къигъэщIын хузэфIэкIащ – ар щынэрылъагъущ езым и тхыгъэхэми газетым и напэкIуэцIхэми.

Анэдэлъхубзэм зиужьын, абы и IэфIым щIэблэр къыщIэтэджэн папщIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Мухьэмэд и жэрдэмкIэ зэхэубла хъуауэ адыгэ еджапIэхэм илъэс 22 лъандэрэ щекIуэкI «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэхьэзэхуэм. УщымыгуфIыкIын плъэкIыркъым а жэрдэм телъыджэм: иужьрей илъэс тIощIырыпщIым Iэпэдэгъуэлэл хъуауэ къэгъуэгурыкIуа анэдэлъхубзэм и пщIэр къиIэтыжыфынущ абы. Анэдэлъхубзэм и IэфIыр цIыхум щызыхищIэр ар сабий ныбжьым щитым дежщ. Аращ ХьэфIыцIэм и фIыгъэкIэ зэхэубла хъуа Iуэху дахэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр – ар фIыуэ къыгуроIуэ, къыгурыIуэ къудейм къыщымынэу, игурэ и псэрэ етауэ абы хуолажьэ Мухьэмэд. Шэч хэлъкъым абы щхьэкIэ пщIэ лей Мухьэмэд зэрыхуэфащэм. Лъэпкъым, щIэблэм къащхьэпэн Iуэху блэжьынумэ, «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэм и зэхэублакIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд щапхъэ пхуэхъунущ.

Мухьэмэд, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэщ: Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президентым и япэ къуэдзэу щытащ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президентщ, «Адыгэ щIэнгъуазэ (энциклопедие)» институтым и директор къызэгъэпэщакIуэщ, Дунейпсо Кавказыдж жылагъуэ зэгухьэныгъэм (США, Чикагэ) хэтщ, «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэхьэзэхуэр зыунэтI гупым и унафэщIщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зи къару илъыгъуэ тхакIуэщ, публицистщ, щIэныгъэлIщ, жылагъуэ лэжьакIуэ лъэрызехьэщ, и лъэпкъымрэ и республикэмрэ нэхъри ефIэкIуэн, зэужьын папщIэ куэд хузэфIэкIащ. Адыгэр нэхъыбэжкIи щогугъ абы. Ди фIэщ мэхъу ар и къаруи, и гуащIи, и зэфIэкIи зэи зэремыблэжынур. Апхуэдэр къалэн зыщащI цIыху лъэрызехьэхэм ящыщщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,**
*КъБР-м щэнхабзэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,*
*тхакIуэ*



2 Заказ №368



**ХьэфIыщIэ Мухьэмэд и адэ Мусэбийрэ и анэ Бабцинэрэ.** *1981*





**Дзэм къулыкъу щещIэ**. *1972*



**И пхъурылъху ГъукIакъуэ Идар и гъусэу зегъэпсэху.** *1997*





**Мухьэмэд Токио зыщеплъыхь авар тхакIуэ Алиевэ Фазурэ** *(яку дэтырщ)* **и щхьэгъусэ Дол Розэрэ я гъусэу.** *Японие, 1990*



**«Адыгэ псалъэм» и редакцэм къеблэгъащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** *2007*



Абхъазым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и хьэщIэщ. Мухьэмэд къыщхьэщытыр Шинкубэ Бэгъратщ. *1990*





ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт академик гуп. *2001*



**КъБР-м и Лъэпкъ музейм Мухьэмэд къыщызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIащ Иордание пащтыхьыгъуэм и принцессэ Уиджан.** *Налшык, 2008*





**«Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэ гупыр.** *2014*

# ФIЫЩIЭ ЖЫГ

Пщэдей нэхъыфIыIуэ хъуну дыгугъэу дыпсэу щхьэкIэ, а нэхъыфIыр дымылъагъуурэ зэманыр макIуэ. Нобэ жьантIэр нэхъри быдэу яубыд ахъшэрэ мылъкурэ зиIэхэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, нобэ цIыхугъэри гу къабзагъэри щызэхагъэкI лъэхъэнэ гугъущ. Мис апхуэдэ щытыкIэхэм я деж цIыхуу укъэнэжыныр, ахъшэмрэ мылъкумрэ уи нэр къыщамыпхъуэу къабзэу дунейм утетыныр зимыуасэ щыIэкъым.

АтIэ, сэ къызолъытэ а насыпри лIыгъэри Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, публицист цIэрыIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэм и гъуэгуэгъуу икIи ди гъащIэри лъэпкъри зыгъэдахэ, зыгъэбжьыфIэ цIыху щэджащэхэм я сатырхэм езым и увыпIэ щиIыгъыу.

Адыгэ щIалэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуауэ нобэ Налшык щыпсэуми, ар апхуэдэ къабзэу яй дыдэу къалъытэ Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, ди лъэпкъэгъухэр щыпсэууэ мы дунейм тет къэрал псоми. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу къэслъытэри ар и гур зэIухауэ, псэ къабзэу зэрыщытырщ. ИтIанэ абы къыкIэлъокIуэ куэдым яхузэфIэмыкIын Iуэху инхэр лъэпкъым папщIэ зэрызэфIихар, дяпэкIи нэхъыбэж зэфIихыну ди фIэщ зэрыхъур.

Шэчыншэщ: цIыху псори зэхуэдэкъым я зэфIэкIкIи, я гъащIэ къекIуэкIыкIэкIи. Зи пхъэ къикIыр зи лъэкIыныгъэхэр (ахэр инми цIыкIуми) и зэманым къызыкъуэзыхыфу ар цIыхубэ Iуэхум хуэзыунэтIыфращ, гъащIэм къыщыхъу мыхъумыщIагъэхэми гугъуехьхэми къамыгъэхашэу икIи ямыгъэгъуэщэфу гъуэгум щыпкъэу тетыфращ. А гупсысэхэр си щхьэм къихьащ сэ ХьэфIыцIэм и къекIуэкIыкIам, нобэ зытет гъуэгум сриплъэкIэрэ. Шэч зыхэмылъыр аращи, Мухьэмэд зи лъэкIыныгъэр ин цIыхущ. Абы и закъуэкъым, атIэ икIи а лъэкIыныгъэхэр пасэу сэтей къэзыщIыфащ. Абы и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, ар фIыуэ къэзыцIыхухэм жаIэж Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэс щIыкIэ куэд зэрыхузэфIэкIынур къызэригъэлъэгъуар. Аращ ХьэфIыцIэр «Университетская жизнь» газетым и редактору щIагъэувари. Къыхуагъэфащэ «Советская молодежь» газетым жэуап зыхь и секретару къалэныр. Абы къыкIэлъыкIуащ щIыхь зыпылъ нэгъуэщI IэнатIэхэри: «Iуэху еплъыкIэ» журналым и Iэтащхьэщ, и редакторщ «Iуащхьэмахуэ» тхылъ тедзапIэм. 1991 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр газет-журнал тхылъ тедзапIэм и унафэщIщ, илъэсих докIри, «Адыгэ псалъэм» и тхьэмадэ ящI.

Нэхъыщхьэри абыхэм ящыщ дэтхэнэми Мухьэмэд лъэужь дахэ къызэрыщигъэнаращ, зыхэта, зыдэлэжьа цIыхухэм псэкIэ фIыуэ зэралъэгъуарщ, къызыхэкIа лъэпкъыр зыми пимыщIу, и къаруи и лъэкIыныгъи щымысхьу абы нэхъыбэ зэрыхуищIэным щIэхъуэпсу зэрыпсэуращ. Апхуэдэу жытIэным и къыхэкIыпIэщ и IэнатIэ, пщэрылъ мытыншхэр лъэпкъым епхауэ, дунейм сыт хуэдэ Iуэху щекIуэкIми

псэемыблэжу абы зэрыхэтыр, лъэпкъым и тхыдэм щыщу иджыри къыздэсым ямыцIыхуу щыта куэд къигъуэтыжурэ ар зыбгъэдэлъ, зей цIыхубэм я пащхьэ зэрырилъхьэжыр. Абы и IэрыкIщ адыгэ мамлюкхэм ятеухуа тхылъ телъыджэр. Иджырей лъэхъэнэм и дирижер нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ, СССР-м, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я цIыхубэ артист, СССР-м, РСФСР-м, Урысейм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Темыркъан Юрэ къыхудигъэкIа тхылъырщэ! Апхуэдэу я цIэр къипIуэфынущ тхылъ куэдым. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, нэгъуэщI къэрал щыпсэу адыгэхэм, пасэм псэуа цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуахэр, нэгъуэщIхэр.

А тхылъхэр къызэрыдигъэкIам фIэкIа нэгъуэщI имыщIами, ХьэфIыцIэм фIыщIэ жыг хухэпсэну хуэфащэщ. Ауэ тхылъхэми, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа IэнатIэхэми дэщIыгъуу зэфIиха нэгъуэщI Iуэхухэр-щэ! Ар и къызэгъэпэщакIуэщ икIи и редактор нэхъыщхьэщ «Черкесское зарубежье» газетым. НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэм папщIэ республикэм и телевиденэмкIэ нэтынхэр ирегъэкIуэкI зэпыт. Дунейпсо Шэрджэс фондым и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщщ икIи и секретарщ. Къандурым и саугъэтымкIэ щыIэ комиссэм и унафэщIщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президентщ.

Абыхэм къакIэлъыбгъэкIуэфынущ иджыри. Ауэ арагъэнкъым нэхъыщхьэр. Нэхъыщхьэр лэжьэнымкIэ, лъэпкъым къулыкъу хуэщIэнымкIэ гукъыдэж гъунэншэрэ мыкIуэщIыж къарурэ зэриIэращ. Абы и щыхьэткъэ адыгэ щыпсэу къэрал куэдым кIуэн, и лъэпкъэгъухэм яIущIэн, хэхэсу псэун хуей хъуа шэрджэсхэм ятеухуа Iуэхугъуэщэ куэд зригъэщIэн, ди пащхьэ кърилъхьэжын зэрыхузэфIэкIар. Абы и закъуэкъым. Я адэжь лъахэм щыпсэу адыгэхэм ятеухуа пэжри ди къуэш, шыпхъу хэхэсхэм ялъигъэIэсын и къару къехь. А псом папщIи зы махуи щысхьакъым ХьэфIыцIэр мылъкуи, зэмани, къаруи. Апхуэдэ къабзэу ди республикищым – Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым яку итщ Мухьэмэд, ахэр нэхъри зэпищIэу, нэхъри гъунэгъу зэхуищIу, дэтхэнэми и къарур, лъэкIыныгъэр нэхъыфIу къэгъэсэбэпа зэрыхъуным, лъэпкъым и щIыхьыр нэхъри къызэриIэтыжыным пылъу.

**ШОРЭ Ахьмэд,**
*Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ*
*и журналист, усакIуэ.*
*Черкесск къалэ*



# АДЫГЭХЭМ Я ДУНЕЙПСО УТЫКУ

Хэкурыс адыгэхэмрэ хамэ къэралхэм щыхэхэс адыгэхэмрэ махуэ къэс Налшык щызэхуэзэ хъуащи, зы къуажэ дэсым хуэдэу сэлам зэрах, хэкум зэрыщызэхуэзар яфIэмыгъэщIэгъуэныжу. Ауэ япэхэм Iуэхур

зэрыщытар нэгъуэщIущ. Илъэс 55-рэ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, хэкурысхэмрэ хамэщI щыпсэухэмрэ зэIущIамэ, гъуабжэгъуэщ гуэр ялъэгъуа хуэдэ къаскIэрт. СССР-у щыта къэралыгъуэшхуэр гъущI бжыхькIэ къэхухьауэ къалъытэрти, исри илъри къэралщIыбым щыIэхэм тэмэму ящIэртэкъым.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам хэкум щыщ адыгэу япэ дыдэ хамэщI къыщыхутар ЕтIуанэ дунейпсо зауэшхуэм нэмыцэхэм гъэр ящIу ирашауэ щытахэращ. Зауэр иуха нэужь, ахэр Италием щызэхуашэсыжри, здэкIуэнум щыхагъадэм, КъуэкIыпIэ Гъунэгъумкlэ зы гупым яунэтIауэ щытащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, ахэращ Кавказым адыгэ къызэринар зыщIэу къыщIэкIар. Ауэ абыхэм къахьа хъыбархэр «антисовет» пропагандэм апхуэдизкIэ щIиуфати, хамэщI адыгэхэм адэжь щIыналъэм хуаIэ гурылъхэр нахуапIэ хъунымкIэ гугъапIэхэр икъутэжауэ щытащ.

Хэхэсхэм хэкум къинахэм я Iуэхур нэхъ убзыхуауэ къащIэу щыщIадзар 1957 гъэращ. А гъэм Мэзкуу щекIуэкIауэ щыта ЩIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалым щызэхуэзат Кавказми КъуэкIыпIэ Гъунэгъуми щыщ адыгэ ныбжьыщIэхэр. Абы иужь куэд дэмыкIыу «Хэку» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къудамэ Налшык къыщызэIуахри, 1966 гъэм абы и лIыкIуэхэр Сирием кIуащ икIи ахэр зэпызыщIэ япэ лъэмыжыр яухуэри, илъэсищэм щIигъу лъандэрэ зэфIэкIуэдауэ щыта адыгэхэр зэрыгъуэтыжу щIидзащ.

Совет лъэхъэнэм цIыхухэм ягу иримыхь куэд къэхъуами, IуэхуфI куэди щызэфIагъэкIырт. Зи гугъу сщIыр мис а лъэмыжыр тралъхьэу дунейм текъухьа хъуа адыгэхэр зэрыгъуэтыжыным елэжьа адыгэ тхьэмадэхэращ.

Си насыпым къихьауэ нобэ хэкум сыщыпсэуми, а лъэхъэнэм лъэмыжым и адрей лъэныкъуэмкIэщ сэри сыздэщыIар. Абы щыгъуэ щыIа Совет Союз абрагъуэр нобэрей Урысейм нэхърэ куэдкIэ нэхъ инт, нэхъ бжьыфIэт, фIэлIыкIрэ щIыхьу иIар куэдкIэ нэхъыбэт. Нэхъыщхьэращи, лъэпкъ политикэ пыухыкIарэ жыжьэ плъэрэ иIэт. А лъэхъэнэм дымыгъэщIагъуэу къанэртэкъым, мин 300 нэхъыбэ мыхъу къэбэрдей адыгэ тIэкIум и тхыдэм ар зи инагъ къэрал абрагъуэм гулъытэ хуищIу зэрыщытар!

1967 гъэм журтхэмрэ хьэрыпхэмрэ щызэпэщIэувам, адыгэхэм я нэхъыбэр зэрыса Джулан лъагапIэхэр Израилым иубыдащ, икIи я къуажэхэр ябгынэн хуей хъури, Щамрэ абы и Iэгъуэблагъэхэмрэ мин бжыгъэкIэ Iэпхъуауэ щытащ. Сирием щыпсэу и лъэпкъэгъухэм апхуэдэ щIэщхъу къазэрыщыщIар Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщI Мэлбахъуэ Тимборэ щызэхихым, и лыр мыузу къэнакъым. А лъэхъэнэм Мэзкуу щеджа, Сирием щыщ адыгэ щIалэхэм къызэраIуэтэжымкIэ, Мэлбахъуэр къахуэзэри, къажриIауэ щытащ: «Сэ мыгувэу къэрал Iэтащхьэм сыIущIэнущи, Джулан щыщ адыгэу егъэзахэр къэшэжын Iуэхур и пащхьэ ислъхьэнущ».

ЩIалэгъуалэм жэуап пыухыкIа ятыну дзыхь ямыщIу, жаIащ я нэхъыжьхэм ечэнджэщыжын зэрыхуейр. ИкIи Щам дэт Адыгэ

ФIыщIэ Хасэм и еплъыкIэр Тимборэ къыхуахьыжащ: «ЗэкIэ кIуэжын Iуэхур къывмыгъэхъеймэ, нэхъыфIщ!» – жаIащ. Сыт хуэдэу щымытами, гузэвэгъуэ хэхуа адыгэхэм папщIэ Мэлбахъуэм хузэфIэкI ищIэну зэрыщытар къегъэлъагъуэ мы хъыбарым.

А псоми я щхьэфэ сиIэбэн хуей щIэхъуар, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу зы хъуэхъукIэ зыхуэзгъэзэну сыхуейти аращ. Сыт хуэдэ цIыхуми и гъащIэр зэманым и гъуджэщ. Мухьэмэд и гъуджэм итщ а зэманыр. Абы къощ Калифорнием щегъэжьауэ Австралием, Мысырым, Щам нэсыху дунейм текъухьа адыгэхэр, абыхэм я щыIэкIэ-псэукIэр.

Хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэпызыщIэжауэ щыта лъэмыжым япэ дыдэу ирикIуа адыгэлIхэм ящыщщ ХьэфIыцIэр. Ар Сирием ныщыкIуам илъэс 23-рэ хуэдизт и ныбжьыр. Адэжь лъахэр зрагъэбгынахэм я къуэш гумащIэу, ныбжьэгъу пэжу къогъуэгурыкIуэ Мухьэмэд абы лъандэрэ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэщ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэтщ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм илъэс 20 хъуауэ и тхьэмадэщ, ЩIДАА-м и вице-президентщ, пщIэ къыщIыхуащI нэгъуэщI къалэн куэди игъэзэщIащ, цIэ лъапIэхэри къыфIащащ. А псом ящыщу зи гугъу сщIыну нэхъ сфIэфIыр адыгэ псалъэмрэ адыгэ журналистикэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэрщ, дунейм тет адыгэхэр нэхъыфIу зэрыцIыхунымкIэ и IэщIагъэр къызэригъэсэбэпыфарщ. Абы щIыгъуу къыхэгъэщыпхъэщ «Адыгэ псалъэ» газетым нэрылъагъуу адыгэпсэ зэрыхилъхьэжар хэкуми хамэщIми щыпсэу адыгэхэм зэрызыхащIэр. Псалъэм къыдэкIуэу жысIэну сыхуейщ, адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ елэжь къулыкъущIэхэм «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэмрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ щапхъэ трахыу щытамэ, адыгэбзэр, хабзэр, щэнхабзэр, гъуазджэр нобэ зыхуэкIуэ щыхупIэм нэсыну зэрыщымытар.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд адыгэхэм я дунейпсо утыкум илъэс 50-м щIигъуауэ итщ. Къалэм закъуэ фIэкIа пIэщIэмылъу гузэвэгъуэ зи щхьэм кърикIуа адыгэхэм я пащхьэ апхуэдизрэ уитыныр зэрыгугъур зымыгъэунэхуам ищIэнукъым. Псом нэхърэ нэхъ хьэлъэу а Iуэхум хэлъыр Адыгэ Хасэхэм ущылэжьэнырщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зи паспорт пIыгъ къэралым къигъэув хабзэхэм уемыбакъуэу, адыгэм и Iуэху дэбгъэкIыныр тыншкъым, абы къыдэкIуэуи уи лъэпкъэгъухэм я губгъэн къэпхьынущ.

Илъэс 40 хъуауэ гъунэгъуу соцIыху ХьэфIыцIэр. Сытым дежи зыхэхуэр игъэбжьыфIэу, «Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ» – жыхуаIэм хуэдэу къэгъуэгурыкIуащи, махуэшхуэм ирихьэлIэу сохъуэхъу адыгэ псалъэр игъэбзэрабзэу, и зэфIэкIым хэмыщIу, хамэщI адыгэр иIэту, узыншагъэм щымыщIэу къигъэщIам хуэдиз къыхупищэну.

**КЪУМЫКЪУ Мамдухь,**
*тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ.*
*Налшык къалэ*

# ЛЪЭПКЪЫР ЗЭПЫЗЫЩІЭ ЛЪЭМЫЖ

Накъыгъэм и 21-м, Урыс-Кавказ зауэжьыр зэриухрэ илъэси 145-рэ щрикъум ирихьэлIэу, Налшык къалэ дэт Лъэпкъ музейм къыщызэIуахат «Дэ игъащIэми шэрджэскIэ къыдоджэ» гъэлъэгъуэныгъэр. Гъэлъэгъуэныгъэм и япэ махуэхэм музейм икъукIэ цIыхушхуэ къекIуэлIащ икIи ар къызэзыгъэпэща Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент ХьэфIыцIэ Мухьэмэд илъэс 50-м щIигъуауэ зэхуихьэсыж дэфтэрхэм куэд еплъащ.

Лъэпкъ Iуэхум гурэ псэкIэ телажьэ тхьэмадэм мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэр мызэ-мытIэу къызэригъэпэщат: «Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр» зыфIищар Налшык къалэрэ Черкесскрэ, «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым» жыхуиIэр Налшык къалэ тIэу, «Дэ игъащIэми шэрджэскIэ къыдоджэ» етхуанэу йокIуэкI.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым кърихьэлIат хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу куэд, КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лIыкIуэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлIыфIыхь цIыху цIэрыIуэхэр.

ХьэфIыцIэм и дэфтэрхэм къаIуатэ адыгэ лъэпкъым и къежьапIэм къыщыщIэдзауэ нобэм нэс и щэнхабзэр, тхыдэр, псэукIэр зыхуэдэр, цIыху пажэхэм я сурэтхэри куэду иIэщ.

– Ар тхылъ, тхыгъэ, дэфтэр, фэеплъ хьэпшып ирехъу, – псори къызэщIэбубыдэжмэ, 1966 гъэ лъандэрэ зэхуэсхьэсауэ мин 20-м щIигъу экспонат сиIэщ, – жеIэ Мухьэмэд. – Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэман зэрысхуримыкъуам и зэранкIэ, утыку къисл ъхьэну сызыхуея куэд гъэлъэгъуэныгъэм схухегъэубыдакъым. Мы гъэлъэгъуэныгъэм тхылъми, дэфтэрми, сурэтми щIэуэ 200-м щIигъу хэзгъэхьащ. Иджыри 700 ирикъун къэзгъэхьэзырауэ щылъщ. Мейкъуапэ дэт Лъэпкъ музейм щызгъэлъэгъуэну согъэхьэзыр. Си мурадщ Абхъазми сшэну.

Иужьрей гъэлъэгъуэныгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу хэслъхьар лъэпкъхэр дызэгурыIуэу дыпсэуным дыхущIэкъунырщ. Дэ ди зэхущытыкIэхэр зэIыхьэмэ, ар Iэмал имыIэу ди бынхэми зэран яхуэхъунущ. Абыхэм я къэкIуэнуращ дызэгупсысын хуейр.

ПцIы хэмылъу, сэ сыщыгугъат мы гъэлъэгъуэныгъэм щхьэкIэ пэш нэхъыбэ къыдатыну. Ар къыдэхъулIатэмэ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуауэ зэхуэсхьэса псори утыку къислъхьэнут. Адыгэр зэбгрыдза зэрыхъуар, ахэр здэщыIэ щIыналъэхэр, абы зэрыIэпхъуа щIыкIэр къыбгурызыгъаIуэ картэ, схемэ зыбжанэ, я цIэхэри кIэщIэтхэжауэ сурэт гъэщIэгъуэн куэд къыфIэздзэну си гугъати, схузэфIэкIакъым.

Япэ гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIусхам, Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ неблэгъат икIи псалъэ гуапэ куэд къызжиIат. Абы лъандэрэ мы Iуэхум теухуауэ си мурадхэри гурылъ-

хэри зыхуэунэтIар зыщ – сэ сиIэ экспонат мин 20-р щахъумэн щIыпIэ щхьэхуэ къэгъуэтынырщ. Сэ дэфтэру, тхылъу, сурэту, хьэпшыпу сиIэр республикэм, адыгэ лъэпкъым пщIэншэу естынущ. А Iуэхур зэфIэзгъэкIатэмэ, си гум уэху жиIэжынут.

Гъэлъэгъуэныгъэм увыпIэшхуэ щригъэубыду, Мухьэмэд гулъытэ хэха хуещI хэхэс адыгэхэм я дунейм. Иордан къэралыгъуэм и закъуэ 25-рэ щыIащ ХьэфIыцIэр. КIуэгъуэ къэси хьэрып къэралхэм я политикэм, экономикэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэу цIэрыIуэ хъуахэм ятеухуа тхыгъэхэр, дэфтэрхэр, фэеплъ хьэпшыпхэр зэхуихьэсащ. А псор щIищIар адыгэ лъэпкъым IэщIэкIар, ирикъухьар зы ищIыжын щхьэкIэщи, апхуэдэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкI цIыхум и мурадхэр дэIыгъыпхъэщ, дауи.

– Мы гъэлъэгъуэныгъэр цIыхубэм я пащхьэ щIислъхьэри, Адыгейм, Абхъазым нэс сшэну зыщIэзгъэхьэзырри, цIыхухэм ящIэн, гу лъатэн, хэхэс адыгэхэм я Iуэхур хэкурысхэм гуэпхынкIэ Iэмал зэримыIэр къагурыIуэн папщIэщ. ПщIым щыщу бгъур хамэ къэрал щыщыIэкIэ, абыхэм гулъытэ яхуумыщIмэ, ахэр хэкум къыхуумыгъэплъэкIыжмэ, къэралым и ныбжьэгъу пщIыфыну цIыху мелуан бжыгъэр пфIокIуэд. Хэхэс адыгэхэр хэкум къагъэзэжыну хуейми хуэмейми, я Iуэхур хуэщIами хуэмыщIами, сытым дежи я гур адэжь щIыналъэмкIэ къэгъэзауэ щытын, я блэкIам щыгъуазэу псэун хуейщ. Сэ сызэреплъымкIэ, Адыгэ Хасэу дунейм тетым къалэн нэхъыщхьэу яIэн хуейр зыщ – лъэпкъ Iуэхур зэрыдагъэкIынырщ.



Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм гулъытэ хэха хуещI илъэсищэ бжыгъэкIэ Мысырым и унафэр зыIэщIэлъа шэрджэс мамлюкхэм, абыхэм я тхыдэмрэ къызэранэкIамрэ къызэщIэкъуэжыным. Абы и щыхьэтщ ХьэфIыцIэм мамлюкхэм ятеухуауэ гъэлъэгъуэныгъэм хригъэубыда тхылъхэмрэ сурэтхэмрэ.

– 1382 гъэм къыщыщIэдзауэ Мысырым тепщэгъуэр щызыIыгъа адыгэ мамлюкхэм я хъыбар умыщIэныр емыкIущ. Сыт и уасэ мис мыпхуэдэ Iуэхугъуэр – 1517 гъэм шэрджэс сулътIанхэм я тетыгъуэм кIэ къыхуагъэкIуат, ауэ илъэс 300-м нэблагъэкIэ мамлюкхэм Мысырыр мылъкукIэ яIыгъащ. ГъэпцIагъэкIэ адыгэ мамлюк 500-м щIигъур 1811 гъэм Каир быдапIэм щызэхуашэсри, ищхьэмкIэ сагъыз гъэплъа къытракIэу, мывэ къытракIутэу, фочкIэ, шабзэкIэ къахэуэурэ, зэтраукIауэ щытащ, къарукIэ зыри япэлъэщынутэкъыми. Абыхэм ящыщу зы адыгэ зауэлIщ къелар. Ар IэщIыб пщIы мыхъун тхыдэшхуэщ. А Iуэхугъуэ шынагъуэр къыщыгъэлъэгъуэжа сурэтхэмрэ тхыгъэхэмрэ франджы щIэныгъэлIхэмрэ сурэтыщIхэмрэ къащIэнащ, – пещэ и псалъэм Мухьэмэд.

НэгъуэщI щапхъэ. 1798 гъэм Наполеон Мысырым ихьауэ щытащ, щIэныгъэрэ псэукIэ дахэрэ яхуздихь и гугъэу. Франджы генералым имыгъэщIэгъуэн лъэкIакъым абы и дзэм къыпэщIэува шэрджэс шууейхэм я лIыгъэр. А зэманым ирихьэлIэу мамлюкхэм сулътIаныгъэр ямыIыгъыжми, шууеидзэр зэрыщыту адыгэт. Наполеон, абыхэм я лIыгъэр игъэунэхуа нэужь, жиIащ: «Мыпхуэдэ лъэпкъ, шууей, лIыгъэ,

хабзэ зэи слъэгъуакъым: адыги 5-р франджы зауэлI 25-м гугъуехьыншэу япэлъэщынущ, адыгипщIыр франджы щэ никъуэм текIуэнущ, зы франджырэ зы адыгэрэ зэпэщIэбгъэувэмэ, мыхьэнэ лъэпкъ иIэнукъым, армырми гурыIуэгъуэщ адыгэр зэрефIэкIынур». Мамлюк шууеидзэм щыщу цIыху 300 хуэдиз, уIэгъэ хъуами, гъэру къищтами, Бонапарт Франджым здишащ икIи и дзэм хигъэхьащ. ИужькIэ Европэр къыщизэуми, Урысейм зауэ къыщрищIылIами, адыгэ мамлюкхэр пащтыхь цIэрыIуэм лIыгъэ зэрахьэу щIыгъуащ. Езы Наполеон итхыжауэ къызэринэкIащ а хъыбархэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIахэм къызэрыхагъэщамкIэ, мы Iуэху щхьэпэр къызэзыгъэпэща ХьэфIыцIэ Мухьэмэд фIыщIэ ин къелэжь.

– Адыгэу дунейм тетыр зэпызыщIэ лъэмыж тхуэхъуащ ар лъэпкъым. Нэхъ зэгъэуIуауэ шэрджэсхэр щыпсэу къэралыгъуэхэм кIуэурэ, абыхэм щызэхуихьэса дэфтэрхэрщ нобэ тлъагъур. Сэ сропагэ Мухьэмэд хуэдэ щIалэ ди лъэпкъым зэрыхэтым, апхуэдэхэр нэхъыбэу щытамэ, нэхъри дефIэкIуэнут, дыбэгъуэнут, дызэрыIыгъынут, – жиIащ Израилым къикIа, Кфар-Камэ и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЛIыIув Абдул-Хьэмид.

Зэман дэкIауэ зыщыдгъэгъуэзащ гъэлъэгъуэныгъэм щхьэкIэ «Книга отзывов» жыхуиIэм иратхам. Мис абыхэм ящыщ зыбжанэ.

«Зыми емыщхьу, зэи ирамыгъэкIуэкIауэ гъэлъэгъуэныгъэ телъыджэщ! Адыгэ лъэпкъым утыку къиплъхьэ хъуну диIэм и зы Iыхьэщ нобэ тлъагъур. Арами, сыт хуэдиз гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ къыуитрэ лъэпкъым и тхыдэм, и щэнхабзэм, гъуазджэм гулъытэ хуэзыщI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хуэдэ цIыхухэр къызэрытхэтым. Гупсысэ зэхуэмыдэхэр уи акъылым щызэхопшахъуэ гъэлъэгъуэныгъэм ущыхэплъэкIэ: хамэ щIыгур псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм уи гур ягъэуз, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа ди къуэш, ди шыпхъухэм я IэдакъэщIэкIхэм уагъэгуфIэ... ИджыпстукIэ лъэпкъым диIэ къулеигъэр тегъэщIапIэ щIауэ, хабзэри, нэмысри, хьэл-щэнри къэIэтыжын хуейщ, къеплъэкI щымыIэу, ипэкIэ дывгъаплъэ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэща ХьэфIыцIэ Мухьэмэд фIыщIэ ин хузощI, Тхьэм къыхузэпищэ!

*КъуэщIысокъуэ Александр, профессор, КъБКъУ-м физиологиемкIэ и къудамэм и унафэщI»*.

«Дэ игъащIэми шэрджэскIэ къыдоджэ» жыхуиIэ гъэлъэгъуэныгъэм сыкъигъэуIэбжьащ. Къызэзыгъэпэщахэр Тхьэм игъэпсэу! Псом хуэмыдэу фIыщIэ ин хузощI Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Мы тхыгъэхэр, сурэтхэр, дэфтэрхэр адыгэ щыпсэу щIыпIэхэм щагъэлъэгъуамэ, сэбэп хъунут, куэдым я гум щысабырыжауэ хэкум, лъэпкъым, тхыдэм хуиIэн хуей лъагъуныгъэр къызэщIигъэстыжынут. *Къанкъул Анзор»*.

«Сэ тхылъ хъумапIэм сыщолажьэ, ауэ «Дэ игъащIэми шэрджэскIэ къыдоджэ» гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIиубыдэ дэфтэрхэмрэ тхылъхэмрэ хуэдэ зэи срихьэлIакъым. Псалъэм папщIэ, си нэкIэ сымылъэгъуамэ, си фIэщ хъунутэкъым адыгэхэм ятеухуауэ хамэ къэралыбзэкIэ

апхуэдиз тхылъ, тхыгъэ щыIэу, апхуэдэ сурэт телъыджэхэр дунейм тету. Мы къулеигъэр лъэпкъым и къэкIуэнум зэрыхуэлэжьэнум шэч къытесхьэркъым. Илъэс мин бжыгъэхэр дэкIа нэужь адыгэ лъэпкъыр дыкъызэрацIыхужын, дунейм лъэпкъыу тетым я нэхъ жьы дыдэхэм ящыщ зым и блэкIам и щыхьэту къэнэн дэфтэрщ мыхэр», – етх *Безыр Ленэ.*

«ЦIыхум и гум гужьгъэжь илъу, лъыщIэж и нэгум щIэлъу псэуным срителъхьэкъым сэ. Сэ сызэригугъэмкIэ, цIыхур пщэдей махуэм хуэплъэу нобэрейм хэпсэукIын хуейуэ аращ. Мы гъэлъэгъуэныгъэм сэ Iущыгъэу къыхэсхаращи, уи блэкIар умыщIэмэ, уи нобэрейр нэщIщ, пщэдей уиIэххэкъым. Сыт хуэдиз тхыдэ къыдэлъ адыгэм и щIыбагъым?!. Ар къэIуэтэгъуейщ, ауэ «Дэ игъащIэми шэрджэскIэ къыдоджэ» гъэлъэгъуэныгъэр икъукIэ сэбэп мэхъу нэрымылъагъумрэ гурыIуэгъуеймрэ уи акъылым къитIэсэнымкIэ. Сэ си дуней лъагъукIэм къыжьэхэуащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр, абы куэдым сригъэгупсысыжащ», – къыддогуашэ сурэтыщI *Кузэмыщ Анзор*.

«Сэ Тыркум къикIыжа адыгэхэм сащыщщ. Хуабжьу сфIэхьэлэмэту, си гум дыхьэу сеплъащ псоми. Хэкурысхэм къагурымыIуэнкIи хъунущ, ауэ фщIащэрэт мис мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр дэркIэ зищIысыр! Илъэсищэрэ щэ ныкъуэкIэ хэку псалъэр зэхэпх мыхъумэ, зэи умылъэгъуауэ укъэгъуэгурыкIуэн жыхуэпIэр зы гуIэгъуэ гуэрщ ди нэхъыжьхэм я дежкIэ, дэркIэ. Ауэ нобэрей махуэм хуэдэ зы щхьэкIэ мафIэ гуащIэм ухыхьэ хъунущ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр зи IэдакъэщIэкI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сыт хуэдэ фIыщIэри щытхъури къелэжь. Тхьэм тхуигъэпсэу ар!», – пещэ тырку адыгэхэм я щIэблэ, КъБКъУ-м и аспирант, сурэттех *БешкIур Наринэ*.

Мы псалъэ гуапэхэр щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм къызэригъэпэща Iуэхугъуэр лъэпкъым дежкIэ зэрыуасэншэм, ди къэкIуэнум и гъуазэу зэрыщытым. Лъэпкъыр псэущ и бзэр, хабзэр, щэнхабзэр дунейм тетыху, ар цIыхухэм ящIэжыху. «Адыгэ» псалъэм и мыхьэнэмрэ и купщIэмрэ зэман бзаджэм хэмыгъуэщэн, абы къыщIиху жьыбгъэм ирихьэжьэу лъэужьыншэу хьэршым хэмыкIуэдэжын щхьэкIэ зи къарум щымысхьыж, ар хъумэным зи гъащIэр тезыухуа цIыхум сыт хуэдиз фIыщIи хуэфащэщ.

**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ,**
*тхакIуэ.*
*2009*

## ЛЪАГЪУЭХЭШ

Си ныбжьэгъу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд илъэс 75-рэ зэрырикъум хуэзэу зы тхыгъэ згъэхьэзырыну иужь сихьащи, «Ущымытхъущэ – пхуэубыжынкъым» жыхуиIэ псалъэжьыр си гъуазэу стхыну иужь ситынщ.

Мухьэмэд и илъэс бжыгъэ дахэм къыдэкIуэу, абырэ сэрэ ди зэныбжьэгъугъэри илъэс 50 ирокъу. 1971 гъэм и мэлыжьыхь мазэм «Хэку» зэгухьэныгъэм и фIыгъэкIэ ар Тыркум нэкIуащ. Истамбыл дыщызэрыцIыхури, ныбжьэгъу игъащIэкIэ дызэхуэхъуащ. ЗэныбжьэгъуитIыр дыщыпсэу къэралхэм елъытауэ дызэпэIэщIэти, куэд зэдэдгъэхъауэ схужыIэнукъым. Ауэ абы лъандэрэ ди зэныбжьэгъугъэр зэи зэпычакъым, дыщыхуейм деж дызэрыщIащ, дызэлъэIэсащ, дызэрыгъуэтащ.

ХьэфIыцIэр Тыркум япэу ныщыкIуам щыгъуэ къэралитIым я зэхущытыкIэр Iей дыдэт. «ГъущI ІупхъуэкIэ» дызэпычауэ ябжу щыщыта зэманым коммунист къэралхэм щыщ ухуагъазэртэкъым. Уеблэмэ, коммунизм уз зэрыцIалэмкIэ дыкъацIэлэным дыщихъумэну хэт хуэдэт Тыркур. Армырами дыадыгэу дыкъадэртэкъым, ди бзэкIэ дытхэну-деджэну дыхуейуэ жытIэмэ, къэралыр ткъутэну, зэхэдгъэщэщэну иужь дихьауэ къащыхъурт. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ дызэрыадыгэр, тыркубзэм къищынэмыщIауэ анэдэлъхубзэ, Хэку дызэриIэр, ди бзэмкIэ дытхэну, деджэну хуитыныгъэ диIэн зэрыхуейр, дуней псор абы зэрыхуэкIуэр, адэжь щIыналъэм дыIэпхъуэжыну дызэрихъуэпсапIэр яфIыжытIэрт...

А лъэхъэнэм Совет Союзым къикI туристхэм декIуалIэу ядэртэкъым. Ауэ щэхуурэ захуэдгъазэрти, адыгэ яхэтмэ, жылэм яхэтшэну, Хэкум иджыри ди лъэпкъэгъу зэрисыр, абыхэм адыгэбзэ зэращIэр, адыгагъэ зэрахэлъыр IупщIу ядгъэлъагъуну дыхущIэкъурт. Апхуэдэу япэ дыдэ (1969 гъэм) нытхыхьар Борей Рауфт, ауэ ар цIыхубэм яхуэдгъэзэну тхузэфIэкIакъым, Истамбыл кхъухь тедзапIэми фIагъэкIакъым. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КхъуэIуфэ Хьэчим, Щомахуэ СулътIан сымэ турист гупым къахэтшыну, адыгэ унагъуэ щIэтшэну, хасэм едгъэлъагъуну къыдэхъулIат. Гусэр Уасфи, Абазэ Ибрэхьим я унагъуэхэм, Думэныщ Хьейри и лэжьапIэм дыщыхьэщIэну дыхунэсат абы щыгъуэм.

Мухьэмэд абы лъандэрэ сэ зэрысцIыхум и гугъу пщIымэ, жысIэнур мыращ: псом япэрауэ, цIыху Iущщ, гурыубыдэшхуэ иIэщ, зэ зэхихар щыгъупщэркъым. И гурыубыдэм щихъумэф гушыIэ хъыбархэм я куэдагъым фIэкIа хэмытми урикъунщ. Ар лэжьакIуэшхуэщ, цIыху жанщ. Абы зы жэщ-зы махуэм иригъэзэгъэф Iуэхур жэщитIмахуитIкIи зыхузэфIэмыкIын еджагъэшхуэ куэд щыIэщ.

Мухьэмэд апхуэдизкIэ лъэпкъыпсэщи, дунейм фIыгъуэу тетыр адыгэхэм хуигъэщхьэпэну хущIокъу. Хамэ къэрал кIуэну Iэмал иIэмэ, здиунэтIынур шэрджэс щыпсэу къэралхэрщ. Ахэр мызэ-мытIэу къызэхикIухьащ абы. ХьэфIыцIэр япэ лъагъуэхэшхэм, хэхэсхэм нэхъыбэрэ ятетхыхьахэм, дунейм тет шэрджэсхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ зыцIыхухэм, абыхэм пыщIэныгъэ яхузиIэхэм, адэжь щIыналъэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ я кум лъэмыж быдэ щытезылъхьахэм, а лъэмыжыр ноби щIэзыгъэбыдэхэм ящыщщ. Дэтхэнэ къэралми щыпсэу ди лъэпкъэгъу гуэрым ухуеин щыхъукIэ, занщIэу ар къэзыгъуэтыфынур Мухьэмэдщ. Дуней псом щикъухьа адыгэхэм я цIэр, телефонхэр зэрыт и

дэтхалъэр къапщтэмэ, «дзыгъуэм и шыр хигъэкIуадэмэ къыщигъуэтыжыфынкъым» жыхуаIэм хуэдэщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд адыгэбзэр игъэкъэбзэн, абы зригъэужьын папщIэ имыщIэ къигъанэркъым. Абы и щыхьэтыфI дыдэхэм ящыщщ «Си бзэ – си псэ, си дуней» жыхуиIэ хъугъуэфIыгъуэ телъыджэу Мухьэмэд 1999 гъэм кърригъэжьауэ иджыри Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щрагъэкIуэкI зэпеуэр. «Адыгэ псалъэ» газетым зэрызригъэужьар-щэ?!

Хэт сыт хуэдэ IуэхукIэ ХьэфIыцIэм зыхуамыгъазэми, абы зэи зыри игъэщIэхъунукъым. Гуныкъуэгъуэ зиIэм зыщIигъэкъуэнущ, гугъуехь къызылъыкъуэкIами ар щхьэщихын папщIэ лъэкI къигъэнэнукъым.

Хэкуми, лъэпкъми, къэралми Мухьэмэд и гур яхузэIухащ. Сыт хуэдэ къалэн и пщэм кърамылъхьами, сыт хуэдэ Iуэху, IэнатIэ къырамытами, ар нэхъыфI дыдэу зэригъэзэщIэным хущIэкъуу къогъуэгурыкIуэ икIи ар фIы дыдэу къохъулIэ. Абы къыгуроIуэ, уи лъэпкъым зыгуэр хуэпщIэнуми, къэралым къыбдимыIыгъауэ, ар къызэрыбдэмыхъунур, уи лъэр щIым тету уземыкIуэфмэ, узэрымылъэтэфыххэнур... Аращи, Iэмал зэриIэкIэ, лъэпкъ Iуэхумрэ къэрал Iуэхумрэ зэдегъакIуэ.

ФIыкIи IейкIи ХьэфIыцIэ Мухьэмэд нэхъыбэ зыхужаIарэ зыхужаIэрэ ди лъэпкъым къыхэкIауэ къыщIэкIынкъым. Къапщтэмэ, абы и гъащIэм, и лэжьыгъэм тхылъ щхьэхуэ, диссертацэ тептхыхь хъунущ. АтIэ, «куэд зыщIэр куэдрэ щоуэ» зэрыжаIэм ещхьу, куэд зыщIэми куэд хужаIэ. ХьэфIыцIэм а хузэфIэкIа къомым иужь имыту и адэжь и пщIантIэм, Зеикъуэ, дэсыжауэ щытамэ, зыми зыри хужиIэнутэкъым. Ауэ уи гурылъ уи гъуазэу, уи лъэпкъым хуэпщIэмэ нэхъыфIу къэплъытэхэр бгъэзэщIэну иужь ущихьэкIэ, ар зи гуапэ хъухэм хуэдэу зыфIэмыфIи къахокI. Абы уи жэрэгъуи, уи жагъуэгъуи нэхъыбэ ещI. Ар Мухьэмэд куэд щIауэ фIы дыдэу къыгурыIуащи, псалъэмакъ купщIэншэхэр зыфIигъэIуэхуркъым, ауэ чэнджэщри хозагъэри, яубу щытмэ, абыи зыхуигъэнэфыркъым икIи зыхуигъэдэгуркъым.

Дауэ щымытми, сыт хуэдэ IэнатIэ умыIыгъми, лъагапIэ утемытми, мылъку пкъуэмылъми, уи лъэпкъым хуэпщIэфынум и нэхъыфIыр зэфIэбгъэкIмэ, абы и гум уригъэхунукъым, и псэм хэлъу уигъэпсэунущ.

Сэ Мухьэмэд сохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ псэукIэ дахэрэ иIэу, и зэфIэкIым хэхъуэ зэпыту иджыри куэдрэ адыгэ лъэпкъым хуэлэжьэну, хъуэхъу дахэу хужаIахэри хужаIэнухэри къехъулIэну.

**ХЪУАЖЬ Фахъри,**
*жылагъуэ лэжьакIуэ, публицист, зэдзэкIакIуэ.*
*Анкара къалэ*

# «СЫТКIЭ СЭБЭП СЫХЪУНУ?»

Лъэпкъ цIыхур, хэкупсэр – ар зи лъахэм папщIэ IуэхугъуэфI куэд зэфIэзых, къалэнышхуэхэр зи пащхьэ изыгъэувэжурэ ахэр екIуу зэфIэзыгъэкI, зи анэдэлъхубзэр зыгъафIэ, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр хъумэным, егъэфIэкIуэным хущIэкъу, и лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр дуней псом къригъэцIыхуным и къару емыблэжу хуэлажьэ цIыхурщ. Апхуэдэущ сэ зэрысцIыхур ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

1999 гъэм, къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкIыу дэнэкIи щызэрыхьзэрийуэ, зылъэкIхэм IуэхущIапIэхэр щызэрапхъуэ зэманым къыхэбэкъукIыу лъэпкъ Iуэхур япэ изыгъэща, щIэблэр щхьэуназэ мыхъун папщIэ, абыхэм я акъылым лъэпкъ лъапIэныгъэхэр щихъумэныр мураду зыхуэзыгъэувыжа «Адыгэ псалъэ» газетымрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ къыхалъхьэ «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ псоми илъэс къэс щегъэкIуэкIыныр. Мыбы къыхашэ гъэсапIэхэмрэ еджапIэхэмрэ, жыджэру хэтщ сабийхэр, ныбжьыщIэхэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, нэхъыжьыфIхэр, нанэ Iумахуэхэр, дадэ жьакIэхухэр, къэрал унафэщIхэр.

ЩIэблэр лъэпкъым теухуа щIэныгъэхэм дихьэхын папщIэ, адыгэбзэр, лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр, гъуазджэр зэхэухуэнауэ зэрегъэджыпхъэ Iэмалхэр (иджыпсту ФГОС-м и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ) япэу утыку къизыхьар мы зэпеуэрщ. Абы егъэджакIуэхэм Iэмал яритащ я IэзагъкIэ зэдэгуэшэну, къуажэ, къалэ, район унафэщIхэми яригъэлъэгъуащ лъэпкъ Iуэхур кIуэтэнуми къызэтеувыIэнуми абыхэм я гулъытэм зэрелъытар. Апхуэдэу «Адыгэ псалъэ» газетым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм ялъэкIащ цIыхухэр лъэпкъ Iуэхум къыхузэщIиIэтэныр. А псори зи фIыщIэр зыхуэныкъуэншэу зэпеуэр къызэзыгъэпэща ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ.

КъБР-м ЩIэныгъэ IуэхухэмкIэ и министерствэм сыщылажьэу илъэс пщыкIузкIэ «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэр Мухьэмэдрэ сэрэ зэдедгъэкIуэкIащ. А илъэсхэм къриубыдэу Iуэху щхьэпэр къыддаIыгъыну куэд къыдбгъэдэуват, ауэ ахэри щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ Iуэхум хэкIыжащ. IуэхугъуэфI кърихьэжьар нобэми игу пыкIыркъым Мухьэмэд. Уеблэмэ, ар КъБР-м ирихри Къэрэшей-Шэрджэсым яхихьауэ абыхэми илъэс къэс жыджэру ирагъэкIуэкI. Дэтхэнэ сабийми егъэджакIуэми гулъытэкIэ етэн фIэфIщ ХьэфIыцIэм, абыхэм я ехъулIэныгъэхэр газетымкIэ егъэIу, яфI егъэлъапIэ, я щхьэр лъагэу ярегъэлъагъуж, Iуэхугъуэ нэхъыфIхэми трегъэгушхуэ.

Зэпеуэ-фестивалым нэхъыфIу къыщалъыта егъэджакIуэхэр Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я урысейпсо зэпеуэм ехъулIэныгъэ къагъэлъагъуэу илъэс къэс хэтащ. Ахэри Урысейм и утыкум изышар ХьэфIыцIэм и лэжьэгъухэр игъусэу кърихьэжьа Iуэхурщ. Дэтхэнэ зыми и текIуэныгъэр гулъытэншэу Мухьэмэд зэи къигъэнакъым – «Адыгэ псалъэ» газетым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Дунейпсо Адыгэ

Хасэм я саугъэтхэр, я щIыхь тхылъхэр яхуигъэфэщащ, утыку къришэурэ абыхэм я ехъулIэныгъэхэм псори щигъэгъуэзащ.

Мухьэмэд гумызагъэщ. Абы щыхьэт техъуэ зы Iуэхугъуэ сыт щыгъуи згъэщIагъуэу сигу къокIыж.

Урысей зэпеуэм дыхэтыну дежьэн хуейуэ щэкIуэгъуэ мазэр ди пIалъэт. ЕгъэджакIуэри абы и гъусэу кIуэн хуей сэри, ди IуэхущIапIэм и пресс-IэнатIэм щылажьэ пщащэри дызэрежьэн ахъшэр а пIалъэм къриубыдэу лэжьапIэм къыдитыфыртэкъым. Зэпеуэм кIуэ егъэджакIуэ Нэхущ Залинэ и адэ Адэлбий и ахъшэкIэ дригъэжьэну мурад зэрищIар ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыщищIэм, езым а махуэм кърата и улахуэр къыдитри гъуэгу дытригъэуvауэ щытащ.

Сэ министерствэм сыщыIэжкъым, ауэ нобэр къыздэсым Мухьэмэд сыдолажьэ. Сыт хуэдэ Iуэхури къыздиIыгъщ абы. И деж ущIыхьамэ, и япэ упщIэм уи гукъыдэжыр къеIэт: «СыткIэ сэбэп сыхъуну? Сыт щIэн хуейр?»

Апхуэдэу Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ дэт унэм къыщетхьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхури къыддиIыгъщ, цIыкIуу къежьар лъэпкъ Iуэху ехьэжьауэ къытхущIегъэкIыж. Абы и щапхъэщ «Бзэрабзэ, си адыгэбзэ», «Адыгэ пщащэ», «Адыгэ щауэ», «Си бзэ – си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэхэр.



Iуэхур къепхьэжьэныр тыншщ, ауэ ар къызыхуэтыншэу къызэбгъэпэщыныр икъукIэ гугъущ. Лъэпкъ IуэхузэфIэх гумызагъэу диIэщ Мухьэмэд. Апхуэдэхэрщ зыхужаIэр – лъэпкъылI, хэкупсэ.

ЦIыхухъур жьыщхьэ махуэ ныбжьым щытеувэ гъуэгуанэу адыгэхэм ябж илъэс бжыгъэм нэса къудейуэ аращ Мухьэмэд. УщIэгушхуэ уи пхъурылъхухэм я насып плъагъуну! «Дадэ» псалъэм уегъэгумащIэри, «Дадэшхуэ» жаIэу уи хъуреягъыр зыуфэбгъун щIэблэ узыншэ тхьэм къыпщIигъахъуэ.

«Зи пашэ хъупхъэм и Iуэху йофIакIуэ» – жиIэгъащ ПащIэ Бэчмырзэ. Сыт хуэдэ лъэпкъ IуэхуфIми урипашэщи, лъэпкъри уэри Тхьэм фригъэфIакIуэ.

**БАЛЭ Людмилэ.**
*Кэнжэ къуажэ*

# ЛIЫГЪЭ ЗЫХЭЛЪЫР КЪИКIУЭТЫРКЪЫМ

КъызыхэкIа лъэпкъым и гуныкъуэгъуэм егъэгумэщI, игу щIэузым иропIейтей, гузэвэгъуэ хэхуамэ, къригъэлыну хуопабгъэ. Апхуэдэу зыхужысIэр журналист цIэрыIуэ, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ, ди нэхъыжьыфI ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ.

Гур маплъэ, нэр лъагъуэм ирокIуэ, жаIэ. Гъуэгу тетым и гъуэгу щызэпаупщIи щытрагъэкIуэти къохъу. Пэрыуэгъу куэд и лъагъуэ къытехьэми, лIыгъэ зыхэлъыр къикIуэтыркъым, мэкIуатэ и гухэлъ емыпцIыжу, и мурадым хуокIуэ, лъэпкъым хуищIэм игъэгушхуэу.

3 Заказ №368

Апхуэдэщ Мухьэмэд. Хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэр, сыт хуэдэ хьэзаб ямышэчами, зэрызэрыубыдыжынумкIэ, ягу ягъэкIуэд зэрымыхъунумкIэ фIэщхъуныгъэ яхэзылъхьэхэм ящыщщ ар.

2007 гъэм япэу сыIущIауэ аращ нэхъапэми зи гугъу куэдрэ ящIу зэхэсха адыгэлIым. «Адыгэ макъ», «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм я зи чэзу къыдэкIыгъуэ зэхэтым теухуа зэIущIэ Налшык щекIуэкIыу арат абы щыгъуэ. ЗгъэщIэгъуащ илъэс куэдкIэ сэ нэхъ-рэ нэхъыжь редактор нэхъыщхьэр дахэу къызэрыспежьар, хьэщIагъэ къызэрызихар. Абы щыгъуэ дэслъэгъуа гуапагъэр иужькIи куэдрэ згъэунэхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэ-хэм я лъэпкъ газетищым зэгъусэу къыдэдгъэкI номерхэм мыхьэнэш-хуэ зэраIэр, щIыналъэ зэпэщхьэхуэхэм дыщыпсэуми, зы лъэпкъыу дызэрыщытыр зыщыдмыгъэгъупщэу, ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъри дгъэбыдэн зэрыхуейм хуэгъэпсащ абы и гупсысэр. А къыдэкIыгъуэхэр зытеухуауэ щытынури нэхъыбэм зыубзыхур Мухьэмэдщ. Кавказ за-уэм и тхыдэм, хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм хэкужьым къагъэзэжыным икIи ди цIыхухэм яхэгъэзэгъэжыным, ди анэдэлъ-хубзэм зегъэужьыным, адыгэ бэракъым, фащэм, нэгъуэщIу лъэпкъым къыдекIуэкI куэдым ехьэлIауэ дгъэхьэзыра номер зэхэтхэм зи фIыщIэ хэлъыр ХьэфIыцIэращ.

Лъэпкъ журналистикэр лъагапIэ нэхъ иным нэгъэсыным, ныбжьыщIэхэр а Iуэху гъэщIэгъуэным хэгъэгъуэзэным ехьэлIауэ Мухьэмэд ищIар мащIэкъым, нобэр къыздэсми абы пэрытщ. Жур-налистикэм ехьэлIа зэIущIэхэм, фестивалхэм ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и гъусэу сыхэтыну мызэ-мытIэу къысхуихуащ икIи си нэгу щIэкIащ абы езыми и псалъэми пщIэшхуэ зэраIэр. Мухьэмэд акъылышхуэ зыб-гъэдэлъ цIыхущ, куэд илъэгъуащ, гушыIэ дахэ хэлъщ.

Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 75-рэ щрикъум си щхьэкIи, си лэ-жьэгъухэм я цIэкIи сохъуэхъу и узыншагъэмрэ жыджэрагъымрэ хэмыщIу илъэси 100-м нэсыну!

**ДЭРБЭ Тимур,**
*«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ,*
*АР-м щIыхь зиIэ и журналист*



# ПЩIЫХЬЭПIЭМРЭ НАХУАПIЭМРЭ

Ныбжьэгъу пэжу, къуэш пэлъытэу илъэс куэд щIауэ къыздекIуэкI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и цIэр щызэхамыха къэралрэ и IуэхущIафэ щхьэпэр щамыцIыху щIыпIэрэ щыIэкъым жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Ар цIэрыIуэ зыщIар, дауи, и щIалэгъуэм щегъэжьауэ адыгэм я Iуэху зэрыдигъэкIыным, къызыхэкIа лъэпкъым и пщIэр иIэтыным, хамэ къэралхэм ис ди къуэшхэр зэрыгъэгъуэтыжыным нобэр къыздэсым зэрыхуэлажьэрщ.

Дэ, Осетие Ищхъэрэ – Аланиемрэ Ставрополь краймрэ ис адыгэхэм, фIы дыдэу дгъэунэхуащ Мухьэмэд и адыгагъэр здынэсри, и къарум къихьри. ХьэфIыцIэр къытхыхьэн и пэ, мэздэгу адыгэхэм ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу хэгъэгухэм хуаIа пыщIэныгъэр махэ дыдэу щытащ, уеблэмэ, зэрымыщIэхэр нэхъыбэт. Къэбэрдей-Балъкъэрым ди щхьэ IуэхукIэ дыкIуэ-дыкъэкIуэж мыхъумэ, лъэпкъ зэпыщIэныгъэ ди зэхуаку дэлътэкъым.

Дызэрыс щIыпIэкIэ дызэпэмыжыжьэми, хамэ хэгъэгу дыщыхэхэсти, адэжь щIыналъэм депщIыхьу дыпсэурт. Мис а ди пщIыхьыр нахуапIэ тхуищIащ ХьэфIыцIэм. Дуней псом адыгэу исыр зэрыгъэщIэным хущIэкъуу, абыхэм я хъыбар тхылъхэмрэ газетхэмкIэ дыщигъэгъуазэу къытхэт Мухьэмэд и фIыгъэкIэ ди хэкужь епхыжа дыхъуащ. Аращ мэздэгу адыгэхэм я деж къакIуэ лъагъуэр пхызышар. Iуэху дахэ куэдкIэ къытхуеблэгъащ, ар ди дэIэпыкъуэгъуу, чэнджэщэгъуу адыгэ щэнхабзэм, тхыдэм, бзэм ехьэлIа зэхуэсхэр едгъэкIуэкIащ, щэнхабзэ фестивалхэр къызэдгъэпэщащ. Мухьэмэд щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу мэздэгу сабийхэр гъэмахуэм Налшык и зыгъэпсэхупIэхэм гъэкIуэнымкIэ, ди щIалэгъуалэр КъБР-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэгъэтIысхьэнымкIэ. Ди лъахэхэр зэпищIэжу гъуэгу тхухишам и закъуэкъым ХьэфIыцIэм, атIэ дэ тщыщу апхуэдизкIэ куэд ецIыхури, дэтхэнэми и псэукIэр, зыгъэпIейтейр имыщIэу си фIэщ хъуркъым.



Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Мэздэгу Адыгэ Хасэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм къурикIуа Iуэху щхьэпэхэр мащIэкъым. 1990 гъэхэм къыщыщIэдзауэ щэнхабзэ, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэм хуабжьу заужьащ, иджыри зэредгъэфIэкIуэным дыхущIэкъуу апхуэдэщ. Мухьэмэд и лъэпкъ зэригъэфIыным и закъуэкъым зиужь итыр, атIэ къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрми ди зэхуэдэ хэку Урысейми я зыужьыныгъэм, мамырыгъэм хузэфIэкI хилъхьэу къогъуэгурыкIуэ. Ар жыджэру пылъщ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дэлъыным. Абыхэм я хэкIыпIэр дэтхэнэми и хабзэ, щэнхабзэ, IэпщIэлъапщIагъэ, тхыдэ къэгъэлъэгъуэныр, зы лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр адрейм егъэцIыхуныр аращи, концертхэр, фестивалхэр, махуэшхуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ куэдрэ щыхуэхъу щыIэщ ди шынэхъыжьыр.

ХьэфIыцIэм и къулыкъумрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм я закъуэкъым и пщIэр зыIэтыр. АтIэ езыр гу къабзэрэ псэ хьэлэлрэ зиIэ цIыхущ. Ар зи псалъэр жьым имыхь ныбжьэгъу пэжщ, зи жыджэрагъым хэмыщI лэжьакIуэшхуэщ, жыжьэ плъэ лIы акъылыфIэщ. И узыншагъэми, къаруми, гукъыдэжми хэмыщIу иджыри куэдрэ ди япэ итыну Тхьэм жиIэ!

**ДЕРБИТ (МУДАР) Валерий,**
*Мэздэгу Адыгэ Хасэм пщIэ зиIэ и тхьэмадэ*

# ХЬЭТIОХЪУЩЫКЪУЕЙ ЩIАЛЭМ И ЛЪЭМЫЖ ХЪЫРИНЭХЭР

Къыздэщыунэхуа щIы IэгупIэм нэрымылъагъу къуэпскIэрэ кIэрыщIащ цIыхур. А щIы купцIэм нэхъапэIуэкIэ хыхьэжа гуэрхэм яжь иджыри къыщIеху. Нэхъ гуащIэIуэурэ а щIы тафэм зэгуэр щылыда псэхэм я мафIэ аргуэру къыщIоблэ. Апхуэдэ къуэпс лъэнтхъуийхэм шэжыгъэкIэ мыджэмыпцIэу къахэкIа щIэж Iэбжьыбым пэлъэщыркъым дуней жьапщэхэр. Дакъэ лъэщ гуэрым и дэп жьэражьэщи, маблэ ар, мэс... къощIэрэщIэж. ЩымыIэж зекIуэлIхэм я щолэхъу ущщи, тхыпхъэщIыпхъэ бэмпIахэр сакъыурэ къыщIеуIукI. ЗыкIэлъыкIуатэ Iугъуэ кIапсэхэри лъагъуэхэм ещхьу кIэухыншэщ.

ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ къыдэкI шууейхэм я уанэгу исыкIэр гъуащэркъым: гува-щIэхами и дамэпкъ ижьым къыкъуэплъынущ тхыдэжь нэпкъыжьэ. ГъэщIэгъуэнурэ зэкIэлъыхьащ апхуэдэхэр къыщалъху гъэхэри (блэкIа лIэщIыгъуэм и тIощI.., щэщI.., плIыщI...). Нэрымылъагъу гъэщIэгъуэну зэIуща а бжыгъэ есэпыр Хьэрэкхъуэрэ лъапэ къыщыднэурэ дэддзыхынщ ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и псынащхьэ нэхъ кIасэхэмкIэ. «Къуэр унэм и бгыкъущ» – жи адыгэм. Къуэ закъуэр-щэ?

ЩIым телажьэу къекIуэкI ХьэфIыцIэ Мусэбий и унагъуэм 1946 гъэм къыщалъхуащ и къуэ закъуэр, иужькIэ абы къыкIэлъыкIуащ хъыджэбзитху. ЦIэуэ фIащащ Мухьэмэд. АрщхьэкIэ щыдрахьейм гъущIэмэ, щрахьэхым – щIытэхэм яхиубыдакъым ар. Адыгэ курыххэм я бын текъузэкIэрати: «МафIэм уезгъэлыпщIакъым. Псывэ ухэзгъэупIакъым. ЛIы жыхуаIэрщи, уи гъудэ-бадзэ уи щхьэ техуж...». Пхъашэу къэнэжыркъым, ауэ щыхъукIи апхуэдэу зэпхъэшэкIахэрщ лIы куцI узыншэ зыхищIэхэр. А мэсхьэбым тету гъащIэм хаупцIам и кхъухьыр дапщэщи хуэгъэзащ дэтхэнэ толъкъуным и дэтхэнэ сыдж ебгъуанэми.

ТкIийт Мусэбий. Iущт. БынкIэ дзыхэнухэм ящыщтэкъым. ПэщIэдзэ классхэм щIалэ цIыкIур щыкIуам IупщIу къакIэрыхуат и ныбжьэгъухэм: илъэсий хъурт езыр. Дауи ирехъуи, егъэджакIуэхэм зэуэ гу къыщIылъатар адрейхэм елъытауэ зэрыщхьэпэлъагэртэкъым. ЩIалэ цIыкIум и гупсысэ ухуэкIэр, къэзыухъуреихь дунейр зэрызыхищIэр адрейхэм белджылыуэ къащхьэщыкIырт. Тхылъ зи нэкунапIэ сабийм егъэджакIуэхэр нэ лейкIэ къыIуплъагъэнри хэлъщ. Хэт и гугъэнт щIалэ цIыкIум апхуэдэу дахэу сурэт ищIыну! Сытыр дэнэ къыщежьэрэт... Ирехъуапсэ-тIэ сурэтыщIу. ПщIэнукъым къыздыщыпхидзыжынур!

А зэманым ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и щIэблэр ирагъэджащ гъэсакIуэ хьэлэмэтхэм. Жылау Нурбий и адыгэпсэ-щэнхабзэу; Къэрмокъуэ Хьэмид и бзэ къызыхуэтыншэу; Прасковье Семёновнэ (Шыдхэ я нысэт) и урыс литературэу зэхэухуэнат ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зылъыгъуазэ лъапэнэхур.

Ебланэ классым щIэсу тхэн щIидзащ. Газет лэжьакIуэ нэхъыжьыIуэхэр зэзыгъэплъыжа урысыбзэ зэгущ къызыкъуихри, псалъэр купщIафIэрэ гупсысэр шэщIауэ адыгэбзэ шэрыуэ утыку кърихьащ.

И ныбжь щынэсым, зыхигъэнатэкъым дзэ къулыкъуми. Арыншэу хъурэт?! Еуэ иригъэшхыу Ростов Iэхэлъахэм щыIэ Зерноград къалэм и шырыкъулъэ щыхитIат, ауэ... и насып хэмылърэт сурэт къэгъэщIыным? Мусэбий и къуэт-тIэ сурэт ицIалэу иджы къэмытIысыжар! Мес, фIы дыдэу зыхэзагъэ урысыбзэмрэ литературэмкIэ irекIуэ. Ар нэхъ сурэтыщIти...

Лъапэнэху дахэм гугъэурэ ирикIуат щIалэр. Гурыгужу сыт щыгъуи къыхуэблэну мафIэпсэри къыIэщIэлъэгъуакIэт. А бзий тхыпхъэхэм иджы сурэт ныкъуэщIу хэгъуэщэжырт хъуэпсапIэ гуэрым и шыкIэ. Апхуэдэ дыдэуи зэгуэр къыхухэкIынут нэгъуэщI щIэплъыпIэхэр, нэгъуэщI тхыпхъэ нагъыщэхэр. А щIалэр езыри мафIэ лIэужьыщ: вагъуэрыбжэкIэ ящыщщ мафIэр зи тетхэм.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд иджыри студентт газет редактор щыхъуам. Абы 60-90 гъэхэм зэрихьа IэнатIэхэм, и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм, и гуащIэ зыхилъхьа тхылъхэм мызэ-мытIэу тетхыхьащ езыгъэджахэр, къыдеджахэр, дэлэжьахэр.

Хэт гупсэхуу, хэти зэтещыпыкIауэ зэпкърахащ ХьэфIыцIэм и депутат Iэужьхэр, и хасэ IуэхущIафэхэр. ГушыIэ дахэр дапщэщи къызыIурих Мухьэмэдым, дауи, хъуэр и щIэщыгъуэжтэкъым. НтIэ, дзыгъуэ гъуанэ зэрыхьэ зыхущамынам тхыпхъэщIыпхъэ гухьэркIэ аргуэру сыщIепэщэщыр, щхьэусыгъуэ щхьэхуэхэм пыщIагъэнщ.

Сащыщщ Мухьэмэд и унафэм щIэту лажьэхэм. Лъэпкъ газетыр гъэхуауэ адыбзэкIэ къыщыпсэлъа лъэхъэнэм ирихьэлIэу сызыщыгъуазэтэр – ар зи фIыщIэ адыгэлIым езым и щхьэ-и псэкIэ истамбылакIуэ мыкъызэрыгуэкI зэрищIарт. Абы къыдэкIуэуи, сэрсэру зэхэзещхъуэн сщIырт унэцIэм и лексикэ мыхьэнэр зыми пэжу къызэрыгурымыIуэр (е къыгурымыIуэ нэпцI зэрызищIыр). Зи гугъу зесхуэращи, а фIэщыгъэ унейр псалъэпкъищу (тIукъым!) зэхэлъщ. Апхуэдэ псалъэпкъ зэхэжыхьахэр адыгэбзэм и хамэкъым. Къапщтэмэ: хьэ (цIыкIу) + фIы (къикIыр – фIыщ) + цIэ (къикIыр – фIэщыгъэщ). ЗэщIэптхъуэжми, ущызэкIэщIэплъу гурыIуэгъуэщ мыхьэнэр: зи цIэр фIым пыщIа цIыху. Схузэгъэзахуэтэкъым хьэ къарэр мыбдеж къыщIыхэбжьэхъуар! ФызэрегуакIуэщ, ауэ бзэ лъынтхуэм езым зеIуэтэж...

ЦIыхум зэрихьэ цIэмрэ абы къыпкърыкI фIымрэ ехьэлIауэ, тобэ ирехъуи, сэ схуэдэу зыми игъэунэхуагъэнкъым Мухьэмэд и гупцIанагъэ.

Пэжым езым зыкъегъуэтыж дапщэщи. Илъэс тIощI мэхъу... «Бацэ сопхъ. Цы сопхъэх» жызыIа цIыкIум сритIолъхуэныкъуэт: сытыттIэ сытхэмэ, стхыр согъэсыж. Адыгэбзэри... къысIущIат тIуанэ жагъуэу. ЖысIэпэнщи, гъуэщат си псысэ лъагъуэхэр. Зэгуэр къысхуаIуэта таурыхъхэри иужькIэ сызыIуплъа бэджыхъхэм ялъахъэрт. Нобэ

согъэщIэгъуэж а емылыдж сокур ХьэфIыцIэм IэщIыхьа зэрыхъуамрэ ар зейр Iэзэу зэригъэIурыщIамрэ. Гушхуэ зезыхьэм уегъэгушхуэ. Апхуэдэурэ дунеищIэ къызыхузэIуххэр е психолог-къэхутакIуэщ, е литературэ псалъэм и мэгъу зыбгъэдэлъырщ, е... сурэтыщI нэхъуеиншэрщ.

Жыжьэ маплъэ а лIы хьэлэмэтыр. ПцIыр и бий кIэуфIыцIщ. Лей зезыхьэ теплъэ хъунукъым, зытехьэрщи – дэтхэнэри дяпэкIэ и «шыр цIыкIу» мэхъу. Дапщэрэ сыкъыхилъэфрэт сысымей «псыпцIэхэм»...

Дэтхэнэ гупымыкIыр къибгъэзэгъэн-тIэ бзэм? Псалъэ кIыхь тхьэмыщкIафэщ. Псалъэр кIэлалэмэ, гупсысэр псэхэлIэщ. Зи гугъу фхуэсщI лIым екIуххэнукъым жьэмей зэкIуэцIына.

ЩIэуэ къызэIусхарщи (си нэкIэ жыхуэсIэщ), щхьэж къыздэщыунэхум и закъуэкъым къуэпскIэрэ зыпыщIар е мафIэ зыщригъэур... Куэдыщэ елъытащ ар здрикIуэ лъагъуэхэм; къыщыувыIэ гъуэгущхьэIухэм; зыщыIущIэ щолэхъу шухэм. Нэхъыбэж епхащ а шухэр къыщежьа жылэм, абыхэм къатепса вагъуэ быным, яхь мафIэм. Къэрэкъурэр мэлыпщI зэуэзэпсэу. Дакъэжьыр маблэ. Маблэ игурэ и щхьэрэ зэтелъу. Мамырщ апхуэдэ жьэгур.

КъызыфIэщIари хэтыт ХьэфIыцIэхэ я щIалэр сурэтыщI мыхъуаауэ? Зэи зыщIыпIэ щахуэмытха сурэтхэщ абы и Iэдакъэ къыщIэкIахэр. Мыармырамэ сыт-тIэ узэреджэнур лIэщIыгъуэкIэрэ бзыхьэхуэ кIапэлъапэу дэхуэха адыгэ дунейм и теплъэгъуэ нэIурытхэм? Интернет жыхуаIэр зы уд и пщIыхьэпIэ къыщыхэмыхуа лъэхъэнэм ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэригъэкIэсу иукъуэдиижа лъэмыж хъыринэхэрщ адыгэ щэнхабзэр IэтIэлъатIэу нобэ зыкъуэсыр. Сурэт и сурэтыжщ апхуэдэр: псэкIэ бауэу, бзэкIэ зэрыщIэу, макъамэкIэ зэпэджэжу.

НэгъуэщI сурэт бзэмыIухэри къигъэщIат лъапэнэхум лъыгъуэзаауэ щыта шум. ЗылъэмыIусым хуэдэщ ар. Зейм и гущIагъщIэлъщ. Мес, мафIэм цIырхъыу къызэпхопсри, и нэбжьыц кIыхьхэр дэп жьэражьэм хилъащIэурэ ныбжь дахэ гуэр хокIуэсэж уэнжакъ Iугъуэм. ИрекIуасэтIэ дахэми... Нэхъ дахэжыр мафIэм пэрысщ.

**КЪАРМЭ Iэсият,**
*усакIуэ*

# КIЭБЫШЭ Лилэ

# КЪУЛЕЙ УХЪУМЭ, КЪЫЗЭПТЫЖЫНЩ...

*Рассказ*



Ахъшэ куэду уиIэмэ, плъэмыкIынрэ къыпхуэмыщэхунрэ щымыIэу зи фIэщ хъуахэм ящыщт иджы сымаджэ хъуауэ пIэм хэлъ Мэжид. «Мылъкум сигъэгушхуати, си гугъэт жьыгъэми узми сапэлъэщыну, – егупсысырт ар, – арщхьэкIэ жьыхуегъэзэкI сыхъури, дунейр нэгъуэщI зыгуэру къысхущIэкIащ. Бетэмал, сыхущIэмыхьэу жысIэурэ зыIэщIэзгъэкIа зэманым къигъэзэжыжыну сщIатэмэ, си гъащIэм ахъшэу зэхуэсхьэсар щIэстынт. Мылъкум сытегужьеикIауэ, ар зэрызгъэбэгъуэным и ужь ситащ. Хэт иджы а къомыр къызыхуэнэнур? Бынищэ сиIами, яхузэгъэзэхуэнтэкъым. Апхуэдэу сыцIыху Iейуи къыщIэкIынкъым сэ, псапэ куэди сщIащ, ауэ слъэкIыну щытам еплъытмэ... Сыту щIэхыщэуи тIорысэ сыхъуа! Си гъащIэм цIыхубз гулъытэ сыщымыщIами, иджы еплъ – мо цIыхубз къызэрыгуэкI IэмащIэлъэмащIэ цIыкIум и гулъытэ щэхуу сыщIохъуэпс. МылъкукIэ къыдэпхьэхыфынухэм ящыщу щытамэ, зыгуэртэкъэ. СыкъизыгъэкIуэтын цIыхубзрэ схузэфIэмыкIын Iуэхурэ щымыIэу къысщыхъуу щытами, сыщыуауэ къыщIэкIащ.



Куэдым я гугъэщ мылъкушхуэр мыдэ уафэм къещэщэхыу. Абы гугъуехьу пыщIар-щэ? Ахъшэр куэду тхьэм къущитым деж, къыпхуэупсэ уи гугъэу ущогуфIыкI, абы нэпсеигъэр гъусэ къызэрыхуищIам гу лъумытэу. Нэпсеягъым и закъуэ? ЗумыгъэнщIыжри абы хэтщи, ар нэхъ узышхуэжщ. Тхьэм и ней къысщыхуауэ арауэ пIэрэ-тIэ апхуэдиз мылъку къыщIызитар?..»

Мэжид и гупсысэхэм къыхишащ зэуэ къригъэжьа уэшхышхуэм и Iэуэлъауэм. УафэхъуэпскIымрэ щыблэмрэ зэхыхьэжати, дунейр яутхыпщIу къыпщыхъуырт. Щхьэгъубжэшхуэр жьым къыIуидзауэ, Iупхъуэр зэрихуэрт. «Мы ныжэбэрей жэщри сыту хьэлъэ! СызэрыцIыкIурэ щыблэм сыщошынэ», – и щхьэ хуэпсэлъэжурэ, Мэжид шхыIэным зыщIихъумащ. Жейм хилъафэу пщIыхьэпIэу илъэгъуами, уэлбанэшхуэм зэригъэгузэвам и Iэужьу арами хузэхэмыгъэкIыу, Мэжид и нэгум телъыджэ гуэр къыщIыхьащ. КъэIэбэу шхыIэныр и нэкIум тезыха, чэсей хужь зэшэкIа цIыхубзыр дахэт. Марие ещхьт ар, ауэ Мариетэкъым. Фагъуэт, щIыIэмэ къыкIэрихырт. Макъ лъахъшэ щабэкIэ «Марие мэгуIэ» жиIэри, хуэм дыдэу щхьэщыкIыжащ. «Марие гузэвэгъуэ гуэрым хэхуащи, дэIэпыкъун хуейщ», – апхуэдэу къыгурыIуащ Мэжид и «хьэщIэм» къыжриIар. «Нэху здэщым сыкIуэнщ. Хьэуэ, апхуэдизри сежьэфынкъым...»

– Сыту упщтыр, си щIалэ цIыкIу, сыбогъэгузавэ, – мэгуIэ Мусэ и щхьэр зи куэщIым илъу щыс Марие.

– Мамэ, дяпэкIэ апхуэдэ Iуэху зэи сыхэмытыжыну укъызогъэгугъэ, – ерагъыу къыдрешей Мусэ.

– Пэжуи? Сыкъэбгъэгугъэмэ, зэрыплъэкIынур сощIэ.

– Пэжщ, мамэ. Ауэ пщIэрэ, ар щумыгъуэтым деж Iейуэ уигъэсымаджэу жаIэри, абы щхьэкIэ умыгузавэ, абы уилIыкIынукъым. Аращ къызжаIар... Сэ дяпэкIэ зэи аркъэи тутыни сефэнукъым, щIэныгъэшхуэ зэзгъэгъуэтынурэ, узыхуей псори бгъуэту узгъэпсэунущ.

ЩIалэ цIыкIум и псалъэхэр имыухыу, блэ зэуам хуэдэу, зиIуантIэ-зишантIэу унэ лъэгум къихуащ.

– Мамэ, дэнэ ущыIэ, си Iэр умыутIыпщ. СолIэ, мамэ... Сэ сылIэну сыхуейкъым...

– Сыт а жыпIэр, си щIалэ цIыкIу? Ар дауэ жыпIа? Сыт итIанэ сэ мы дунейм щысщIэжынур?

Мусэ и щхьэц Iувыр пщIэнтIэпсым псыф ищIат. Гужьеигъуэ зыщIэт и нэшхуитIыр къызэтрихырти, ар и анэм къеплъырт, и Iупэ гъущIахэмкIэ Iущащэрт. Зэми, псэ хэту къыпхуэмыщIэну, щэху хъурт, зэми, зыгуэрым къигъэщтам хуэдэу, къыхэкIиикIырт.

– Уэлэхьи, мыр мыхъуну, – жиIэри, гужьеяуэ и пхъум щхьэщыт МуIэзин «Скорэр» къриджащ. ЩIэх дыдэу къэса дохутырым Мусэ мастэ гуэрхэр къыхиIури, ящIэнухэри къажриIащ.

– Ди тхьэу Тхьэшхуэ, сынолъэIу мы сабийм и узыр щхьэщыпхыну, – жиIэурэ Марие и куэщIым и къуэр иригъэгъуэлъхьащ. Анэм и напэм къежэх нэпс пщтырыр Мусэ и нэкIум телъадэрт.

– Мамэ, кхъыIэ, умыгъ, сыт хуэдэу гугъу семыхьми, сигъэлIэнукъым бжесIакъэ.

– Сэр щхьэкIэ умыгузавэ, си щIалэ цIыкIу, анэм и фэм куэд дохуэ.

Бжэм зыгуэр къыщытеуIуэм, Мусэ и щэIу макъыр зэхахыу, гъунэгъухэр къэкIуа я гугъащ. АрщхьэкIэ, МуIэзин бжэр Iуихмэ – Мэжид щытт, и хъумакIуэ щIалитIыр и гъусэу.

– Къысхуэгъэгъу, хьэщIэ кIуэгъуэ зэманым зэрынэмысари сощIэ, ауэ...

– Ягъэ кIынкъым, хьэщIэр сыт хуэдэ зэманми хьэщIэщ, фытIыс, – жиIэурэ, МуIэзин шэнт яхуигъэуващ.

– Мамэ, хэт ар? СощIэ, Мэжидщ, – жиIащ хъыжьэу и анэм и куэщIым илъ щIалэ цIыкIум, хьэлъэу и нэр къызэтрихри. – Ар къызэрыкIуэнур сщIэрт сэ, пщIыхьэпIэу слъэгъуат.

Мусэ хуейт Мэжид щыгуфIыкIыну, арщхьэкIэ и къарум къихьыртэкъым.

– Мыр сыт, щIалэфI, мы къыпщыщIар? – жиIэурэ Мэжид ар Марие и куэщIым кърихри, пIэм игъэгъуэлъыжащ.

– Мыр сыту уплъыржьэр, – жиIащ абы, щIалэ цIыкIум и натIэм еIусэри. – Дохутыр къевджакъэ?

– Сыхуейкъым дохутыр, сэ езыр сыхъужынущ.

– Ар къыбжезыIар хэт?

– Сэ езым сощIэ.

– Къэхъунур тщIэуэ щытамэ, си щIалэ цIыкIу, ди гъащIэри нэгъуэщI зыгуэру щытынт.

«Си щIалэ цIыкIу» зэрыжиIар Мусэ и гуапэ хъуауэ, и Iэ пщтырыр Мэжид и Iэм трилъхьащ.

Мэжид хъумакIуэ щIалэр телефонкIэ игъэпсалъэри, куэд дэмыкIыу дохутыр къэкIуащ. ЩIалэ цIыкIум еплъщ, и гум едаIуэри: «Сымаджэщым шэн хуейщ, нэхъ псынщIэу нэсыху нэхъыфIщ», – къажриIащ.

Мусэ нэхъыфI дыдэу яIэ палатэм щIагъэгъуэлъхьащ. Абы зы гъуэлъыпIэ фIэкIа щIэттэкъыми, Марие щхьэкIэ етIуанэри къыщIагъэуващ. Дохутырхэри медсестрахэри зэблэжу къеIэзэрт, хущхъуэм я нэхъыфIымрэ я нэхъ лъапIэ дыдэмрэ кърахьэлIэу. ЕтIуанэ махуэм щIалэ цIыкIур хэпщIыкIыу нэхъыфI къэхъуащ.

– ЗэрыжаIэщи, джанэ пщыгъыу укъалъхуащ. Зы махуэкIэ укъыкIэрыхуамэ, укъыкIэрыхупат. ДяпэкIэ апхуэдэ гузэвэгъуэ уэ уи псэри уи анэри хыумыдзэ. КъыбгурыIуа? – къеупщIащ абы дохутырыр.

– Сэ псори къызгурыIуэжащ, дяпэкIэ апхуэдэ Iуэху зэи сыхэтыжынукъым.

– Пэжуи?

– Пэжщ. Сэ зэи пцIы супсыркъым, уи фIэщ мыхъумэ, мамэ еупщI. Сэ абы зэикI сыхуеякъым икIи къэслъыхъуакъым. «Мы зэ закъуэм еплъ, адэкIэ хэгъэзыхь щыIэкъым, уи гукъыдэжыр къиIэтыну аркъудейщ», – жаIэри, залымыгъэкIэ зрызагъэхьэлIат, – жиIэри, Мусэ къэгъащ.

– «Мы зэм» щIыжаIар, адэкIэ укъэмыувыIэжыфу уэ езым къэплъыхъуэн щIэбдзэнутиаращ. А узыфэм иубыдам афиян уасэ щхьэкIэ хэти иукIыфынущ, – жиIащ дохутырым.

– Хьэуэ, хьэуэ, сэ апхуэдэ сыхъунукъым.

– Абы щыгъуэ насыпыфIэ ухъунущ. Зыщумыгъэгъупщэ си псалъэхэр. Ар щумыгъуэтым деж узэрищIыр бгъэунэхуащ. Усабийми, лIыгъэ пхэлъу упэщIэтыфащи, куэд зылъэгъуа сэ согъэщIагъуэ. Ауэ, пэжыр бжесIэнщи, уигъэлIэным иIэжар зымащIэщ. Наркотик зэзыхьэлIэ куэд хуейт хыфIадзэжыну, арщхьэкIэ зэригъэсымэджэнум егъэшынэри, къокIуэтыж. Мы узыфэ Iейм зырызыххэщ пэлъэщыр, ауэ абы утекIуа нэужь, гъащIэр зэрыщIэращIэр псэкIэ зыхэпщIэу псэун щIыбодзэж, – жиIэри, наркологыр щIэкIыжащ.

Абы ирихьэлIэу къыщIыхьа МуIэзин и пхъурылъхур нэхъыфI къызэрыхъужар илъагъури, къэгуфIащ:

– Уэ мыбы укъезыгъэшар илъэс куэдкIэ тхьэм игъэузыншэ. Сыту и сэбэп ин къыдэкIа! Сытуи лIы зэтет езыри, занщIэу гу лъыботэ ар зэрыпагэми зэрыткIийми.

– Апхуэдэу къыпщыхъуу аращ, дадэ, армыхъумэ ар цIыхуфI дыдэщ. Сэри япэу щыслъэгъуам сыщышынат, – жиIащ Мусэ.

А псалъэхэм щыхьэт техъуэ хуэдэ, пакетышхуитI иIыгъыу Мэжид къиигъэзэжащ.

– Плъагъурэ, Мэжид, сыхъужауэ жыпIэ хъунущ, – Мусэ къызэфIэтIысхьэри, сэлам кърихащ.

– Узэрыхъужыр си гуапэщ, си щIалэ цIыкIу. Ауэ уи гум быдэу иубыдэ: гъащIэр гъуэгуитIу зэхокI, зым фIым, адрейм Iейм ухуишэу. IеймкIэ укIуэмэ, гугъу уехьынущ, куэдрэ улъэпэрэпэнущ. ФIыр къыхэпхмэ, уи Iуэхур хъарзынэ хъунущ, уи мурадхэри къохъулIэнущ. ИтIанэ уи анэри, мис мы уи адэшхуэри гуфIэнущ, сэри си гуапэ хъунущ.

– Сэ гъуэгуфIымкIэ срикIуэнущ, Iэмал имыIэу.

– Тэмэмщ, абы узэрытетынур сэри си фIэщ мэхъу, – жиIэри, Мэжид куэдрэ щымысу щIэкIыжащ.

Жьыр дэнэ лъэныкъуэкIэ къыщепщэми ищIэркъым, жыхуаIэм хуэдэу къэхъуат Мэжид. И адэр коммунистт, къуажэ колхозым и унафэщIти, пщы пэлъытэт. Къыпэпсэлъэжын жылэм зэрыдэмысым апхуэдизкIэ щигъэкIати, адрейхэр цIыхуу къыщилъытэр зэзэмызэххэт. Колхозхэтхэм Iейуэ захуищI щхьэкIэ, дахэу щыпсэлъэн хуейри ищIэрт. Районым е къалащхьэм щыщ хьэщIэ къыхуэкIуамэ, коммунист губзыгъэщ, партым хуэпэжщ, колхоз лэжьыгъэм хъарзынэу хещIыкI, планри щIигъуу егъэзащIэ, жаригъэIэрт, дамыгъэ лъапIэхэри щIыхь тхылъхэри кърататырт.

– Къулейсыз лъагъугъуафIэ щыIэкъым, си щIалэ. Укъулеймэ, дунейр ууейщи, мылъкум ухуэзышэ лъагъуэм теуви, укъимыкIуэту икIи укъызэмыплъэкIыу ирикIуэ. Къулей узэрыхъуным сыт щыгъуи егупсыс, уи щхьэр гъэлажьэ, – къыжриIэрейт Мэжид и адэм.

Адэм кърита чэнджэщыр Мэжид зэи щыгъупщакъым. Ахъшэшхуэ зытемыкIуадэ гуэрхэмкIэ къыщIидзэри, нэхъ къулей дыдэхэм ялъэщIыхьэжащ. Псыми мафIэми пхыкIащ, ауэ къикIуэтакъым. И мурадыр зригъэхъулIэфати, арат «си мылъкур си акъылымрэ си зэфIэкIымрэ къысхуахьащ», щIыжиIэр. И унагъуэрати, псори къехъуапсэу игъэпсэурт.

Махуэ гуэрым Мэжид кIуащ хьэжыгъэм къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр щагъэхьэзыр и заводым. Абы и унафэщIыр и гъусэу, Мэжид цеххэр къызэхикIухьырт.

– Феплъыт, заводыр зейр къэкIуащ. Нэгъэсауэ цIыхухъу екIукъэ? – зэжраIэрт цIыхубзхэм, зыгуэрхэри абы къыбгъэдыхьэурэ къыщыгуфIыкIыу сэлам кърахырт. Псалъэмакъым къыхэмыхьэри, зи щхьэ къэзымыIэту лажьэри зы цIыхубз закъуэти, Мэжид ар псоми къахилъагъукIащ. Абы гъэщIэгъуэни хэлътэкъым: сыт хуэдэ гуп хэмыхьэми, дахагъкIэ къахэщырт а цIыхубзыр. Дахэм и мызакъуэу, ар икIи лъагъугъуафIэт, щабагъэ гуапагъэу и нэгум кърихым узыIэпашэрт.

УнафэщIым и кабинетым къыщIыхьэжа нэужь, Мэжид щIэупщIащ:

– А цIыхубзыр хэт?

– Дауи, Мариещ жыхуэпIэр. Пэж дыдэу, ар цIыхубз зэкIэлъыкIуэщ икIи цIыху зэтетщ, ауэ и лIыр ефэрейщи, гугъу ирегъэхь, – жэуап итыжащ унафэщIым, игъэлажьэхэм Мэжид игу ирихьын къазэрыхэкIар и гуапэ хъуауэ.

Марие тхьэм дахагъыр къритри, «хъунщ ар», жыхуиIэу, насыпыр жыжьэу пыIуигъэкIуэтат. Хъыджэбз цIыкIуу и анэр дунейм ехыжри, сабиигъуэм пыщIа IэфIагъ псор абдежым щиухат. И анэр дунейм щехыжым, гъыуэ къыщхьэщыс и хъыджэбз цIыкIур и бгъэм ирикъузылIэри, и щхьэгъусэм къелъэIуат:

– ИгъащIэм жыпIэр си унафэу сыпсэуащ. Ауэ иджы сынолъэIу мы хъыджэбз цIыкIум анэнэпIэсым и лей къытумыгъэхьэу ухуэсакъыну. Псэ щабэщи, хэти къытегушхуэнущ.

И щхьэгъусэр дунейм зэрехыжрэ илъэси дэмыкIауэ, МуIэзин цIыхубз гуэр къыхуагъуэтри, къишэжащ. Ар ящыщт, и Iэр и шхужьым изыгъэувэу, «си псалъэр фи унафэщ», жызыIэхэм. Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ анэнэпIэсыр къыхуэбзаджэ хъуат и пхъуитIым сыткIи ефIэкI хъыджэбз цIыкIум. Марие и щхьэр ехьэхауэ унагъуэ къалэнхэр

игъэзащIэрт, фIы дыдэуи еджэрт, дохутыр IэщIагъэр и хъуэпсапIэти, абы зыхуигъэхьэзырырт.

Зэгуэрым, зы мыхьэнэншэ гуэр щхьэкIэ хъийм икIри, анэнэпIэсыр Марие къытекIиеу хуежьащ, кърimыпэс щымыIэу.

– Мамэ иригъэщIа унэм ущымыкIийуэ, фи деж кIуэжи, абы щыкIий! – пидзыжащ абы Марие.

Сыт къыжримыIами, сыт хуэдизу имыгъэпудами, а зэ закъуэрат Марие анэнэпIэсым зэрыпэпсэлъэжар.

– Еплъыт абы къызипэсым, зэрыхуейуэ къэхъу угъурсыз. Уэ угъурлыуэ ущытамэ, уи анэр лIэнтэкъым. Нэхъыжь-нэхъыщIэ жыхуаIэр пщIэркъым. – МыдэкIэ зыкъигъазэри: – Уэри, жыг лъэдакъэжь гъужам хуэдэу, щхьэ ущыт? Плъагъуркъэ уи пхъур зищIысыр, сэ ар схуэгъэсэнукъым, – текIиящ зи бзэр иубыдауэ щыт МуIэзин.

Мыдрейри зыпэплъар ара нэхъей, чы лантIэр къиищтэри, и пхъур ирихужьащ. Марие жыг хадэм илъэдащ. Адэм зыгуэрхэр жиIэурэ абы кIэлъыжэрт, чы кIыхьымкIэ зэпихулыкIыурэ. Зи нэр къыщипхъуа адэр жыг лъэдий гуэрым щхьэкIэ еуэу къэмыукIуриямэ, къыщыувыIэжынур къэщIэгъуейт. Адэр зэрыукIуриияр щилъагъум: «Папэ, сыт ар? Къаплъэт, кхъыIэ, къаплъэт, дяпэкIэ зыри жысIэжынкъым, кхъыIэ, къысхуэгъэгъу», – гъуэгыу щхьэщытIысхьащ абы хъыджэбз цIыкIур. Псы крушкIэ къыхуихьри иригъэфащ. Адэм зыкъищIэжри къэгъащ:

– Ар дауэ хъуа, си хъыджэбз цIыкIу, апхуэдиз гузэвгъуэ уи псэм щхьэ теслъхьа? Бзаджэнаджэр сыту Iейуэ къыстекIуат! – жиIэурэ.



– Ар Iуэхукъым, папэ, сэ абы щхьэкIэ фIыуэ услъагъун къэзгъэнэнукъым.

Зы пщыхьэщхьэ къэмынэу, Марие и анэм и кхъащхьэм кIуэрти, епсалъэу бгъэдэст. Мыгъыну мурад ищIми, хуэшэчыртэкъым:

– Мамэ, си псэ, уэ сызэрыпхуэныкъуэр пщIэуэ пIэрэ?.. Си закъуэ мы дунейм щхьэ сыкъытебна? Зыри къысхуейкъым, лейуэ дунейм сытетщ. Папэ тхьэмыщкIэр и щхьэ хуитыжккъыми, сфIэгуэныхьщ.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, кхъэм пэмыжыжьэу щыпсэу нанэм Марие къыигъэувыIэри къегияц:

– А си хъыджэбз цIыкIу, уи Iуэхур зыIутыр къызгуроIуэ, ауэ уи анэм и кхъащхьэм утегъэмэ, а тхьэмыщкIэм и псэм хьэзаб теплъхьэу аращ. Сыт хуэдэ ныбжьым уимытми, анэм и лIэныгъэр къыптохьэлъэ. Апхуэдизрэ абы ущIэкIуэни щыIэкъым. Зэзэмызэ кIуэ, ауэ умыгъ, умыбжэ. Зыр лIэкIэ, адрейм зилIэжыркъым. Уэ ущIалэщ, упсэун хуейщ. Ар уэ къыбжезыIэн уимыIэмэ, сэ бжызоIэри, зэхэщIыкI.

Марие школыр къыщиухым, нэхъ хъыджэбз дахэ дыдэу къалъытат, абы и мызакъуэу и хьэл-щэнри ягу ирихьырти, щхьэгъусэ, нысэ ящIыну Iэджи къехъуапсэрт. Ауэ еджэн мурад иIэти, псори зыпигъэкIырт. АрщхьэкIэ «еджэн» псалъэм анэнэпIэсыр зэригъэкIуэкIырт. «Хэт уэ къалэм укIуэ-укъэкIуэжу уезыгъэджэнур, уи адэм апхуэдэ зэфIэкI иIэ?! Хьэмэрэ ахъшэ гъэтIылъа куэду фиIэу ара?» – къыжриIэрт.

– Сэ стипендие къэсхьу седжэфынущ, зыми сыщыгугъынукъым, – пидзыжырт Марие.

Марие еджэн Iуэхум щытригъэчыныхьым, анэнэпIэсым абыи хэкIыпIэ къыхуегъуэт: хъыджэбзым зыри химыщIыкIыу, езым и благъэ гуэрым ирегъэхь, и гур хэщIу гъыуэ, къаутIыпщыжыну лъаIуэу. АрщхьэкIэ апхуэдэхэм деж зэрыхъу хабзэти, жьыри щIэри Iуэхум хохьэри, Марие къагъэдаIуэ. Я хьэгъуэлIыгъуэр щIэх дыдэу

зэфIагъэкIри, ахъшэ тIэкIу яIыгъыу зэрышагъащIэхэр къаутIыпщ: «Фылажьэ, фи щхьэ вгъэпсэуж», – жаIэри. Унагъуэр щыгуфIыкIырт ефэу, къаугъэ къигъэхъейуэ гугъу езыгъэхь я щIалэр лъэныкъуэегъэз зэращIам.

Зэщхьэгъусэхэм фэтэр къащтэри, Марат машинэ итIысхьащ, Марие шхапIэ гуэрым уващ, пщафIэм и дэIэпыкъуэгъуу. Псори зыхуэбгъэшэч хъунут, Марат фадэм димыхьэхамэ. Зэзэмызэххэт ар емыфауэ къыщыкIуэжыр.

– КхъыIэ, уемыфэ, бэлыхь псоми я къежьапIэщ ар, – жиIэурэ, гуапэу, щабэу елъэIурт абы Марие.

– Мис ар пэж дыдэу жыпIащ. Апхуэдэу дахэу укъызэрызэлъэIуам и хьэтыркIэ, нобэ щыщIэдзауэ ефэныр щызогъэт, – арат сыт щыгъуи Марат и жэуапыр, ауэ и псалъэхэр жыжьэ нэсыртэкъым.

Ухуэныгъэхэм пшахъуэ, мывэкIэщхъ иришалIэу арати, махуэ къэс хьэрычэт гуэрхэр ищIэрт, а къигъэхьэрычэтам емыфэуи къэкIуэжыртэкъым. ЛэжьапIэми псалъэмакъ къыщаIэту щIадзат, пщэдджыжь къэс аркъэмейр къыкIэрихыу машинэм зэритIысхьэм щхьэкIэ. Апхуэдэу фIэкIа умылажьэмэ, лэжьапщIи уиIэнт? Ахъшэр яхуримыкъуххэ щыхъум, Марие гъавэ зракIутэ къэп жэщкIэрэ иду щIидзат. ИтIани, абы щхьэкIэ тхьэусыхэртэкъым, Марат емыфауэ къэкIуэж закъуэмэ, псори зыхуигъэшэчынут.

Махуэ гуэрым нэхъыщхьэм ириджащ Марие.

– Къулейуэ упсэуну, дахэу зыпхуэпэну ухуей?

Марие мащIэу къыпыгуфIыкIащ:

– Хэт и цIыхубз абы хуэмейр?

– НтIэ, абы щхьэкIэ узыхуейр сэ укъызэдэIуэн къудейуэ аращ.

– Улахуэм схущIыбгъуну ара?

– Iейуэщ ар! Улахуэм къулей ищIа цIыху ди къэралым щыплъэгъуауэ пщIэжрэ уэ? Мыдэ сэ къызэдаIуэ: япэрауэ, а уи щхьэгъусэ бжьыгуэр зыпыгъэкI, уи щIалэгъуэр абы тумыгъэкIуадэу. Фадэ фIэкIа, абы фызи быни къыфIэIуэхужкъым. Ефэрейхэр псори апхуэдэу мэхъу. Уэ ущIалэщ, удахэщ, цIыхухъу гулъытэ ухуейщ. Ар иджыпсту къыбгурымыIуэмэ, иужькIэ кIасэ хъунущ.

– Апхуэдэ Iуэху сэ зэи сыхэмытыну аращ. Узыхуей бгъуэту упсэун щхьэкIэ зыпщэж хъурэ? СымыкъулеймиI, сшхын согъуэтри, тхьэм и фIыщIэщ. Си щхьэгъусэр бэлыхькъым жысIэу, сэ си шыкIэ къурыкъуу сыхыхьэжыфынукъым.

– ИкъукIэ лекцэшхуэ укъысхуеджащ. Сэри сызэрыцIыхуфIыр къэзгъэлъагъуэу седэIуащ. Апхуэдэу щыхъукIэ, уэ нобэ щыщIэдзауэ си деж ущылэжьэжыркъым, дэнэ ухуейми зегъэхь. Укъэзыщтэн гуэр къыкъуэкIмэ, хъыбар сыгъащIэ.

ЦIыхубз фIыцIэ пшэр лъахъшэр апхуэдизкIэ къэгубжьати, щхьэщэ пщIыурэ уелъэIуами, зыри къызэримыкIынур Марие къыгурыIуат. «Узыншэу ущыт», – жиIэри къыщIэкIыжащ.

ЛэжьапIэр зэрыфIэкIуэдар щхьэжэ щыхъуауэ, Марие унэм къэкIуэжащ. «Сызыщыгугъын щхьэгъусэ сиIами аратэкъэ? Сыт сщIэнур?» – гузавэрт ар.

Пщыхьэщхьэм Марат емыфауэ къэкIуэжащ. Апхуэдэу къыщыхъур зэзэмызэххэти, лэжьапIэм къызэрыIуагъэкIари, сабий зэриIэнури жриIащ.

– Пэжуи, – Марат гуфIэщауэ къыщылъэтри, и щхьэгъусэм IэплIэ хуищIащ. – Е, си дахащэ, къуэ сиIэнущ, ара? Сыту хъыбар гуфIэгъуэ къызжепIа! Пщэдей щыщIэдзауэ улэжьэнукъым, щхьэгъусэ тэмэмым зэрихабзэу, сэ фыспIынущ. Узыхуэсакъыжу, ерыскъы хэплъыхьакIи ушхэу.

Марат жиIар игъэпэжырт, улахуэми химыгъэщIу къихырт. Иджы ахэр япэхэм нэхърэ нэхъыфIу шхэрт, Iэмалыншэхэм фIэкIа къимыщэхуу, Марие ахъшэр зэригъэзахуэрт. Дохутырым зыгуэр IэщIумылъхьэмэ, нэкIэ къызэромыплъынур ищIэрти, ахъшэ тIэкIу къыдигъахуэурэ зэхуихьэсырт.

И зэманыр къэсу сымаджэщым щашэм, Марие и ахъшэ тIэкIур япэу къыбгъэдыхьа дохутырым иритащ. Ар абы зэрыфIэмэщIам гу лъумытэнкIэ Iэмал имыIэу, гуащIэ гуэр зышхам хуэдэу, и нэкIур зэригъэлъащ. Лъхугъэр къытелъадэу щыхуежьар етIуанэ махуэрати, палатэм къыдыщIэлъхэр жэри кIэлындорым тет стIолым бгъэдэс дохутырым хъыбар ирагъэщIащ. Ауэ абы и тхэныр зэпигъэуакъым, и щхьэр къиIэтри, закъыхузэкIэщIиша мыхъумэ. ЦIыхубзхэр щIыхьэжри, Марие еупщIащ:

– Зыри ептакъэ?

– Тхьэ, абы езмыта, естыни симыIэ. КхъыIэ, мы си тхьэгъухэр къысхуифхи, а дохутырым фыкъысхуеджэ. Фэ фыкъыщIэмыхьэж, укIытэнщ.

– Къэбгъуэтаи укIытэн! – жаIэурэ щIэкIхэри, кIэщIу дохутырри къыщIыхьащ.



– Тхьэм щхьэкIэ, мыр сIых, сыарэзыуэ тыгъэ пхузощI.

– Хьэуэ, хьэуэ, жыпIэр сыт, сыхуейкъым.

– СынолъэIу, – къару зыхэмылъыж Марие аргуэру щелъэIум, тхьэгъур Iихащ. Дохутырым и гугъакъым ар нэхъ лъапIэхэм ящыщу. ЩIызригъэлъэIуари арат. «Сыт хуэдиз и уасэми, къызэмыхьэлъэкIыу естри къыпхуэсхьащ, си хъыджэбз цIыкIу, си фэеплъу упсэуху зехьэ», – жиIэри, и анэм къритауэ щытат ар.

Псори хъарзынэу зэфIэкIащ. Гугъу ехьами щыгъупщэжауэ, и щIалэ цIыкIур нэм, псэм хуихьу, псэурт Марие. Марати и къуэ цIыкIум зыщигъэнщIыртэкъым. Лэжьыгъэ нэужьым зимыIэжьэу къэкIуэжырти, сабийр иIыгът, гущэм хэлъмэ, щIиупскIэрт. МуIэзини нэхъ къакIуэ хъуат сабийр къызэралъхури, Марие абыи щыгуфIыкIырт.

– Нобэ жыхапхъэ зытIущ сщати, зыгуэрхэр къыфхуэсхьащ, – жиIэурэ, ерыскъы гуэрхэри стIолым къытрилъхьэрт.

– КхъыIэ, умыгузавэ, Марат ефэжыркъым, улахуэми химыгъэщIIауэ унэм къехь, – жиIэурэ Марие гуфIэрт. Ауэ и адэм еплъыху и гур узырт. И къэкIуэгъуэ къэс нэхъ гъур, нэхъ цIыкIу хъуауэ къыщыхъурт. Езы МуIэзин абы егупсысыртэкъым, и пхъум деж зыщигъэпсэхуауэ, и гукъыдэжри нэхъыфI хъуауэ кIуэжырт.

Махуэ гуэрым Марие и гъунэгъум цыджан цIыхубз къыщIишащ: «Мыпхуэдэу пэж жызыIэ срихьэлIакъым, куэзыр егъэдзыт», – жиIэри. Марие жиIэнум пэмыплъэу, цыджаным куэзырыр трилъхьэри, къыщIидзащ:

– Зэмыфэгъу куэду зэхэлъщ уи гъащIэр. Уи Iуэхур нэхъыфI хъуну щIедзэри, зэIохьэж. Мыр, дауи, уи щхьэгъусэу къыщIэкIынщ, абы щхьэкIэ куэдрэ угъынущ. Плъагъурэ мы фIыцIэжь цIыхубзыр? Абы и зэранышхуэ къокIынущ. Зыщыхъумэ. И гъуэгу утемыхьэ – упэлъэ-

щынукъым. Ахъшэ и куэдщ, бзаджэщ, гущIэгъуншэщ. Уи щIалэ цIыкIум хуэсакъ.

– Мыр сыт, Iейуэ щыIэр зэхуэхьэсауэ къызжепIаи! ФIы зыри къыспэмыплъэу ара?

– Сэ апхуэдэу жысIакъым, къыппоплъэ. ЦIыхухъу къулей гуэрым фIыуэ укъилъагъунущ, ауэ насыпри насыпыншагъэри зэгъусэу абы къыдэкIуэнущ.

– Апхуэдэ щыIэ?

– ЩыIэщ, дунейм Iэджи къыщохъу. Ахъшэ узэримыIэр солъагъури, зыри къыпIысхынукъым. Къулей ухъумэ, къызэптыжынщ, – жиIэри, цыджаныр щIэкIыжащ.

Сабийр садым иритри, Марие шхапIэ гуэрым хьэкъущыкъутхьэщIу уват. Хъарзынэу я Iуэху зэтеуват, Марат ефэу, къаугъэ къигъэхъейуэ щыщытари ящыгъупщэжауэ. Арщхьэкlэ, куэд дэмыкIыу, Марат хуэм-хуэмурэ фадэм дихьэхыжащ, пивэ тIэкIу сефауэ арат жиIэурэ. Ефа нэужьи, дахи Iеи хэмызэгъэжу, бзаджэ жиIэрт, зауэрт. Апхуэдэхэм деж щхьэусыгъуэ гуэрхэр ищIурэ Марие щIэкIыну хуежьэрт, арщхьэкIэ щIигъэкIыртэкъым, къригъэгъэзэжырти, и псэм гузэвэгъуэр телъу, диваным ист.

Зэгуэрым, щIыбым джэгуу дэт Мусэ и адэм и кIий макъыр зэхихри, гужьеяуэ къыщIэлъэдэжащ. КъыщыщIэлъэдэжым илъэгъуащ и анэм и напэм Марат зэреуэр.

– Мамэ уемыуэ! Сэ уэ услъагъу хъуркъым. Арыншами, си ныбжьэгъухэм уи адэр ефэрейщ, жаIэурэ къызахъуэн. – Мусэ гъыуэ и анэм зришэкIащ. – Iейуэ игъэуза, мамэ?



Марат и чэфыр зэуэ теужащ:

– Ар сыт, си щIалэ цIыкIу, а жыпIэр? Сэ уэ сырыуиадэщ...

– Сыхуейкъым апхуэдэ адэ, адрейхэм я адэхэр ефэркъым, я унэм зэи щыкIийркъым, – жеIэ Мусэ зэрыгъым хуэдэурэ.

Марие и нэкIур Iэ сэмэгумкIэ иIыгъыу, гъынанэурэ къэпсэлъащ:

– Умыгъ, си щIалэ цIыкIу, псори тэмэм хъужынщ... Папэ ищIэр ищIэжыркъым, тхьэм гущIэгъу къыхуищI.

АрщхьэкIэ абы и ужькIи Марат фадэр хыфIидзакъым. Пщэдджыжь гуэрым, чэфыр пкърымыкIыжауэ, машинэм итIысхьэри, цIыху иригъэукIащ.

Тутнакъэщым письмо гумащIэхэр кърихыкIырт Марат, псори къыгурыIуэжауэ, дунейм хуиту къытехьэжмэ, и псэукIэу щытам къытримыгъэзэжыну жиIэрт. Марии, и сабийми езыми зыхуагъэныкъуэрти, ерыскъыр хъушэу иIыгъыу, и щхьэгъусэм кIэлъыкIуэрт. ИтIани, къыщыгуфIыкIыным, фIыщIэ къыхуищIыным и пIэкIэ, и жагъуэ къимыщIауэ зэи къигъэкIуэжыртэкъым. И фIэщ хъуртэкъым Марие нэгъуэщI къимыгъуэтауэ. «Армырамэ, мыпхуэдиз ерыскъыр дауэ пхузэфIэкIрэ? – жиIэрти, ар кърiудэкIырт. – Щхьэгъусэ дахэр насып къэмыгъакIуэу зэрыжаIэр мис иджы си фIэщ хъуащ. Зэи си гугъэнтэкъым сэ тутнакъэщ къыспэплъэу». Апхуэдэ псалъэмакъым и ужькIэ, афIэкIа кIэлъымыкIуэн мурад иIэу Марие къэкIуэжырт, арщхьэкIэ фIэгуэныхь хъужырт.

Марат илъэсиплIкIэ щысауэ, гъуэгу тэмэм теувэжащ, жаIэри, нэхъ пасэу къаутIыпщыжащ. Пэжу, япэ зэманым апхуэдэу къыпщыхъурт, дуней хуитым утетыным и уасэри къыгурыIуэжауэ гугъэ уигъэщIырт.

– Еджэ, си щIалэ цIыкIу, еджэ. УзэрызиIэм къару къысхилъхьэрти, аращ сэ апхуэдиз гугъуехьыр щIэсшэчыфар. Сылэжьэнщ, узыхуей псори уэзгъэгъуэтыфу адэфIу сыщытынщ, афIэкIаи сефэнкъым, – жриIэрт абы Мусэ.

Марат емыфэу тIэкIу дигъэкIри, аргуэру къыщIидзэжащ. ЛэжьапIэ лъыхъуэу жиIэурэ дэкIырти, гуvауэ къыдыхьэжырт. Иджы апхуэдэу къаугъэ къигъэхъеижыртэкъым, ауэ гъырт, псэуну хуэмейуэ жиIэрт. Марие абы игу щIэгъурти, псалъэ дахэ жриIэурэ тригъэужырт.

Марие щылажьэ заводым Мэжид къызэрыкIуэрэ тхьэмахуитI хуэдиз дэкIауэ, ар унафэщIым иреджэ, гуапэу сэлам кърехри, егъэтIыс.

– ЗэрыхуэзгъэфащэмкIэ, Мэжид Зрамукович зымахуэ къыщыкIуам игу урихьащ. КъыпщIоупщIэ ар.

– Сэ абы мыхьэнэ лъэпкъ есткъым. Дунейм ущытеткIэ, зигу урихьи щыIэнщ.

– Уэлэхьи, мыхьэнэ зрамыт цIыхухъухэм ящымыщ ар. Си щхьэкIэ, абы игу урихьамэ, насыпышхуэ къоуэлIауэ къысщохъу.

– Сэ щхьэгъусэ, бын сиIэщ. СимыIами, апхуэдэ Iуэху зэи сыхэмыхьэну арат.

– ЩхьэгъусэкIэ узэджэр сытым щыщ, хэт сригъэфэн, жери уэрамым дэтщ.

– Апхуэдэу жумыIэ, ар си сабийм и адэщ.

– Хъунщ, хъунщ, Марие, уи жагъуэ сщIыну сыхуеякъым, къысхуэгъэгъу. Ауэ а уи щIалэ цIыкIу зи гугъу пщIыр упIын, ебгъэджэн хуейкъэ? Абы егупсыс.

– Тхьэшхуэм зэриухам хуэдэу хъунщ ари. КъысщIэупщIам схужеIэж апхуэдэ Iуэху сызэрыхэмыхьэнур.

Марие жиIар и «пащтыхьым» зэрыгуригъэIуэнур имыщIэу, унафэщIыр гузавэрт, зэми тэджырт, зэми тIысыжырт. Дауэ щымытми, абы хъыбар иригъэщIэжын хуейти, шынапэурэ мэпсалъэ:

– Мэжид Зрамукович, «сегупсысынщ», жиIащ.

Абы лъандэрэ зы мазэ хуэдэ дэкIат. Мэжид къэпсалъэртэкъыми, унафэщIыр гуфIэрт. «Хэт ищIэрэ, къыхуэмеижу арагъэнщ, цIыхубз игъуэтыркъэ, хуеймэ», – жиIэу нэхъыфIым щыгугъыурэ, зы пщэдджыжь гуэрым Мэжид къэпсэлъащ:

– Егупсыса, жиIар сыт?

– АтIэ, уэлэхьи, егупсысамэ икIи арэзымэ.

– Абы щыгъуэм пщыхьэщхьэ лэжьыгъэ нэужьым си деж фыкъакIуэ, – жиIэри, трубкэр трилъхьэжащ.

А псалъэхэм унафэщIым пщIэнтIэпсыр къыпхахуащ. «Уэлэхьи, сыунэхъуауэ фIэкIа сымыщIэ. Сыт иджы сщIэнур?» – жиIэурэ секретарым унафэ хуищIащ:

– Марие си деж къыщIэгъэхьэ.

Куэд дэмыкIыу, халат хужьри зэрыщыгъыу, цIыхубзыр къыщIыхьащ.

– ТIысыт, Марие, – жиIэурэ шэнтыр къыхуигъэкIуэтащ.

Къопсэлъэну зи щхьэ тезымылъхьэ унафэщIыр нобэ апхуэдэу щIыщытыр Марие къыгурыIуат.

– Марие, сэ бынищ сиIэщи, спIын хуейщ. Уи щхьэгъусэм и къалэныр уэ щхьэщыбох, сысейм ар къыпхуищIэнукъым. «ХьэщIапIэ фыкъакIуэ», – жиIащ езыми, унэмыкIуэмэ, сыIуихуауэ бжы. Абы

дыкӀуэкӀэ зыри къэхъунукъым. Мэжид цӀыхубз имыгъуэту ара уи гугъэр? Таурыхъхэм хэт дунейм ещхь уигъэлъагъуфынущ абы. Ауэ иджыри бжызоӀэри: хэгъэзыхь щыӀэкъым. СынызэролъэӀуращи, тхьэм и хьэтыркӀэ, уи зэран къызумыгъэкӀ.

– Абы уи зэран къыщыхэкӀынукӀэ, сыт сщӀэн, дыкӀуэнщ...

Мэжид къэтэджри, гуапэу сэлам къарихащ, игъэтӀысахэщ. Марие и псэукӀэр зыхуэдэм щыгъуазэ пэтми, ар зыгуэрхэмкӀэ къеупщӀырт. ИгъэщӀагъуэу кӀэлъыплъырт цӀыхубзым и псэлъэкӀэм, и нэмысым, и щабагъым, акъылу бгъэдэлъым.

– Хъунщ-тӀэ, дежьэжынщ, уэ, дауи, Ӏуэху Ӏэджи уиӀэщ, – жиӀэурэ Марие къэтэджыжащ.

– Фыкъызэреблэгъам папщӀэ фӀыщӀэ фхузощӀ.

Мэжид тӀуми письмоулъэ зрыз къахуишиящ. УнафэщӀыр псынщӀэ дыдэу Ӏэбэри къыӀихащ.

«Хьэуэ, хьэуэ, тхьэ сыхуэмей», – жиӀэу Марие щимыдэм, Мэжид абы зыкъыхуигъэзащ:

– Мыбы къыщӀыхьа хьэщӀэ сэ зэи ӀэнэщӀу щӀэзгъэкӀыжыркъым. Умыгузавэ, Марие, икӀи укъысщымышынэ. СӀыпхыну сынолъэӀу, мыр зыгуэрым и уасэу аракъым.

Марие зытэлайкӀэ хэплъэу щытащ. ИужькӀэ:

– Хъунщ-тӀэ, – жиӀэри, письмоулъэр къыӀихащ.

Марие пщӀэуэ къыхуищӀыр къигъэлъагъуэу, Мэжид ахэр къыщӀишыжащ...

Телевизор еплъу щыс Мусэ гуфӀэу къыщылъэтри, и анэм ӀэплӀэ къыхуищӀащ.

– ГъащӀэшхуэ тхьэм зритын, си щӀалэ цӀыкӀу, уэ ухэтми пщӀэрэ? Си гъащӀэ пшагъуэм уривагъуэщ. Мыдэ еплъыт, – жиӀэурэ и сумкэм письмоулъэр къыдихри, ахъшэр стӀолым къытрилъхьащ.

– Мамэ, мыр сыту куэд хъурэ?

– Сыт къыпхуэсщэхун, си щӀалэ цӀыкӀу? Уи вакъэр зэщӀэхуащ, уи цыджанэри тӀорысэ дыдэ хъуащ.

– Сэ нэхъ къэсщтэнур пщӀэрэт, мамэ, зы телефон, нэхъ пудхэм ящыщу къысхуэпщэхуамэ, сыту фӀыщэ хъунут. Уэри Ӏэмал имыӀэу зыгуэр къэщэху. Ауэ, нэхъ псынщӀэу дыгъакӀуэ, папэ къэкӀуэжмэ, ахъшэр птрихынщ.

Марие зэрыщӀэкӀыжу, Мэжид стӀолым фадэ лъапӀэ къытригъэувэщ, тӀэкӀу хэфри, и щхьэм хуэпсэлъэжу шэнтиуэм зригъэщӀащ: «Марие, пэж дыдэу, удэзыхьэх псори бгъэдэлъщ: дахэщ, щэныфӀэщ, щӀэныгъэ нэхъыщхьэ имыӀэми, зэрыгубзыгъэр уолъагъу. ШыӀэныгъэшхуэ, гущӀэгъу зэрыхэлъым и щыхьэтщ апхуэдэ щхьэгъусэ зэрыбгъэдэсыфыр. Сэ сщӀэращи, сыт хуэдиз гуакӀуагъ бгъэдэмылъми, абы зыдезгъэхьэхыщэнкъым. ГурыщӀэкӀэ зэджэм зыкӀи сыхуэныкъуэкъым, абы пӀейтей ищӀ цӀыхухъухэр игъащӀэми си ауанщ».

Махуэ гуэрым Марие унафэщӀым ириджэри: «Мэжид Зрамукович къэпсэлъа уи гугъэкъэ», – къыжриӀащ, мыдрейр абы зэрыщыгуфӀыкӀынум шэч къытримыхьэу.

– Сыт зыхуейр? Ди зэхуэзэныгъэр абдежым щызэфӀэкӀа си гугъати.

УнафэщӀыр мащӀэу дыхьэшхри:

– Уэлэхьи, ар зыхуей псор сэ сымыщIэ, ауэ, зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, ресторанхэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэм дишэнум, Муси ди гъусэу. Бостей нэхъ дахэ гуэр щытIагъэ, сыту дахащэ, жебгъэIэу.

– Сыт ресторан?! Нэгузыужь къэслъыхъуэрэ сэ?

– Марие, ущIэшынэр къызгурыIуэркъым. Дапщэрэ бжесIа: ар цIыхубз хуэныкъуэкъым. Зы фIыгъуэ гуэр къывигъэхъулIэну арами пщIэркъыми. Ущымысхь абы и мылъкум, зыхуегъащIэ. Уэ ухуэмейми, уи щIалэ цIыкIум и нэгу зиужьынкъэ, зиунагъуэрэ. Сэ жысIэм къедаIуэ, ущызгъэуэнукъым.

Марие и гупсысэхэм заугуэшауэ зэныкъуэкъурт. «Сымылъэгъуа дунейм сыхишэу, къыстехьэлъэ гъащIэр зэ нэхъ мыхъуми тынш къысщищIкIэ, сыт ягъэ кIын! Ауэ емыкIукъэ, зэи укъызэзымыпэсын икIи къыпхуэмей цIыхухъум и машинэм зэштегъэууэ уису цIыхухэм укъалъагъуну? Пэжу, сэ абы и нэгум сыщиплъам къысщыхъуащ зэи си жагъуэ къимыщIыну...»

Апхуэдэу и гупсысэхэр зэпэщIэуэурэ, сытми, Мэжид хуэзэну тегушхуащ.

Машинэм ису здэжэм, Мэжид щIалэ цIыкIум къыхуеплъэкIырт. «Сыту сабий дахэ, зэрыгубзыгъэри и нэгум иболъагъуэ», – жиIэрт игукIэ. ЗыгуэрхэмкIи еупщIырт щIалэ цIыкIум, къритыж жэуапхэр игъэщIагъуэу.

Псыхуабэ нэсхэри, тыкуэнышхуэ гуэрым и деж машинэр къыщигъэувыIащ Мэжид.



– Фигу ирихь хьэпшыпхэр къыхэфх, и уасэм щхьэкIэ къэвмыгъанэу, – къажриIащ абы.

– Зыри дыхуейкъым, тхьэм и фIыщIэкIэ, щыгъыни тшхыни диIэщ.

– Марие, кхъыIэ, а Iуэхум нэгъуэщIу уемыгупсыс, сэ нобэ цIыхуфI сыхъуну мурад сщIауэ аращи, сынолъэIу, укъыспэрымыуэ.

Мусэ зыри жимыIэу зэм и анэм, зэм Мэжид еплъырт. Ар фIэпсэкIуэд хъури, Марие тыкуэным щIыхьащ, ауэ езым и щыгъынхэри, Мусэ ейхэри нэхъ пудурэ къыхихащ. ДыщэхэкIым щынэсым, къригъэщэхуххакъым.

– Адрей цIыхубзхэм уарещхькъым уэ. Псори хуейщ нэхъ лъапIэу, нэхъ куэду.

– ЦIыху псоми хьэл зырыз яIэщ, я дуней тетыкIэкIи зэтехуэркъым.

– Ари пэжщ. Иджы шэджагъуашхэ тIэкIу тщIынт, – жиIэри, нэхъ гъунэгъуу щыт рестораным кIуахэщ.

Апхуэдэ шхапIэ зэи щIэмыхьа Марие укIытэрт. Абы цIыхухъухэр къызэреплъыр хыхьэжати, щIэкIыжыну хуейт, арщхьэкIэ фIэемыкIу хъужри, зыри жимыIэу тIысащ. Марие цIыхухъухэр къызэреплъым Мэжиди гу лъитати: «Сыт жыдмыIэми, цIыхубз дахэм лъэкIыныгъэшхуэ иIэщ», – жиIэрт игукIэ.

Я нэгу зрагъэужьауэ къыздэкIуэжым, Марие нобэрей махуэр хузэгъэзахуэртэкъым. «Мыр сыт хуэдэ цIыху, къыщыкъуэкIари дэнэ лъэныкъуэкIэ? Сэ щхьэгъусэ сиIэщ, сыт хуэдэу щымытми, нэчыхькIэ си щхьэгъусэщ. Мыхэри щхьэ къезгъэщэхуа? Сысымейуэ, хьэхуу къысщохъу. Зыхуейр сыт? Хьэмэрэ псапэщ, жиIэу ара? Си псэр зыгуэрым тогузэвыхьри, и щхьэусыгъуэр къысхуэщIэркъым», – жиIэу Марие гупсысэрт.

4 Заказ №368

... Марат и ефэгъухэм яхэст, фадэхьэ ягъэкIуар къэсыжыным пэплъэу. Сытми, ар зэгуэр къэсыжри, къахыхьэжащ. ЗыщIигъэгувам къыщIэмыупщIэIа щIыкIэ, езым япэ зригъэщащ.

– Уэлэхьи, гъэщIэгъуэн гуэр слъэгъуащи, къызэрезгъэжьэнур сымыщIэ, – жиIэурэ птулъкIитI и гуфIакIэм къыдех, бдзэжьей гъэгъуа цIыкIу зыщыплIи и жыпым кърех.

– А плIэ дахэ уэстам къыщIэкIар мыра? Уэлэхьи, напэ уимыIэ уэ, – губжьауэ Марат къыщолъэт.

– Феплъыт мыбы, си тхьэкIумэхэм сыкъамыгъапцIэмэ, мыбы напэ гугъу ищIащ. Уи напэр, къуэш, хьэулейуэ зэрежьэжрэ куэд щIащ, здэкIуар умыщIэмэ, бжесIэнщи, чыхум хыхьэжащ. Сом къыумылэжьу узыгъашхэ, узыхуапэ щхьэгъусэ дахэм уедыгъуэжауэ уэ зи гугъу пщIыр сыт напэ?! Сэри зыгуэр къызощтэ, ауэ къасщтэр хамэм ейщ...

– ТIыс, тIыс, укъэмытэмакъкIэщI, – жиIэурэ гупым ящыщ зым Марат иригухыжащ.

– Уэлэхьи, апхуэдэ зыгуэр си фызым езгъащIи, сысыжу мылицэм сримыгъашэтэмэ, – жеIэ зым.

– Сысейм сыщIигъэхьэжыххэнтэкъым, апхуэдизу бзаджэу щымытамэ, сефэрэт, – къыпедзыж адрейм.

– Фи тхьэусыхэныр къэвгъани, жысIэнум фыкъедаIуэ. АтIэ, арати, плIэр ямыщэхуу куэдрэ къесхьэкIын хуей хъуащ. НэхъыбэIуэ къыщIэзгъэкIын, жысIэурэ, Марат щыпсэу уэрамымкIи сыкъыдэхутащ. Абы щыслъэгъуар апхуэдизкIэ си жагъуэ хъуати, сыкIуэцIрыхуамэ нэхъ къэсщтэнт. Марат хуэдэ щIалэжьт ар зращIэр?! Фэншэкъым, акъылыншэкъым.

Псори Марат еплъащ.

– Сэ къызгуроIуэ, унагъуэм Iэджи къыщохъу, ауэ мы дуней псом хьэл-щэн дахэкIэ щыцIэрыIуэу щыта адыгэ цIыхубзхэр я щхьэгъусэхэм блэплъыкIыу къулей къыщалъыхъуэм деж, уэлэхьи, си щхьэкIэ ар къызгурымыIуэ.

– Зи гугъу пщIыр Марие, си щхьэгъусэ Марие?! Апхуэдэ щхьэгъусэ дахэ зиIэу мыбдежым зылI щыскъым. Укъызофыгъуэри, пцIы тыболъхьэ, – губжьауэ Марат къыщылъэтащ, арщхьэкIэ ирагухыжащ.

– Плъэгъуар тэмэму жыIэ, цIыхубзым пцIы теплъхьэу пхуэддэнукъым, – жиIащ псори ТхьэмадэкIэ зэджэ лIы цIыкIум.

– Мариерэ и щIалэ цIыкIумрэ, пакет хьэлъэшхуэ зырыз яIыгъыу, машинэ лъапIэм къикIыжу сымылъэгъуамэ, мы фадэр тхьэм хьэрэм схуищI.

– Ар дауэ къыпщыхъурэ?! АхъшэкIэ уимыщэну мы дунейм зы цIыхубз темыту ара-тIэ? – жеIэ зым.

– ИIэт, Тхьэмадэ, абы теухуауэ уи унафэм дегъэдаIуэт, – къыхелъхьэ нэгъуэщIым.

– Мыбдежым щысхэр зы унагъуэм щIэсым хуэдэу дызэхущытщ, сыщымыуэмэ, къуэши дызэхуэхъуащ. Пэжкъэ? – жи Тхьэмадэм.

– Абы пцIы хэлъкъым.

– Фадэ ефэхэр цIыхум хэзымыбжэр мащIэкъым, ауэ ахэр хуабжьу щоуэ. Дэ тхуэдэу ныбжьэгъу зыгъэпэж абыхэм къахэшыфи еплъыт! Марат и Iуэхум и гугъу пщIымэ, а лIы плъэгъуауэ жыхуэпIэр зэрыкъулейр хъарзынэщ. Хэтми къэпщIа ар?

– Ауэ сытми сеплъу сыкъыIукIыжа уи гугъэ-тIэ? И унэцIэри къэсщIащ, и машинэ номерри стхащ, – жиIащ фадэхьэ щыIам.

– Ар хъарзынэщ. Сыт хуэдэ Iуэхуми уи фейдэ къыхэпхыфу щытын хуейщ. Фэ, щIалэфIхэ, абы и щхьэгъусэр щылажьэр зэвгъащIэ, – унафэ ищIащ Тхьэмадэм.

Дохутырым и кабинетым зыгуэр щIэсти, Марат бжэр хуищIыжащ. Сымаджэр къыщыщIэкIыжым, абдеж щыс нанэр щIыхьэну къэтэджати: «Уэ зыщIыпIи укъыкIэрыхуркъым, щIыбыр щIыIэщ, мыбдежыр нэхущ, хуабэщ, щыс», – жиIэурэ нанэр иригухыжри, Марат щIыхьащ.

СтIолым тхэуэ бгъэдэст цIыхубз къамылыфэ лъагэ. КъыщIыхьам къыкIэрих аркъэмэр хуэмышэчу, ар къэтэджри щхьэгъубжэр Iуихащ:

– Уэ слъагъум зыри уи лажьэкъым. Сэ сымаджэхэр къыспоплъэ.

– А сымаджэхэр игъащIэм щыIащ икIи щыIэнущ. Сэ сыкъыщIэкIуар къапщIэмэ, уи дежкIэ нэхъыфIыр аращ. Уи щхьэгъусэр Мэжидкъэ?

– АтIэ, сыт абы щхьэкIэ? Ар хэтми уэ пщIэрэ?

– Уэлэхьи, сощIэмэ. КъэдаIуэт мыдэ: уи щхьэгъусэр си щхьэгъусэм кIэлъыкIуэ къудейм и мызакъуэу, дэнэ кIуэми здешэ, и нэгу зрегъэуж. Аращи, уи щхьэгъусэр си щхьэгъусэм птрихауэ бжы.

– Догуэт, догуэт, къызгурыIуакъым.

– КъыбгурымыIуэну абы хэлъыр сыт? Уи щхьэгъусэр си щхьэгъусэм кIэлъокIуэ. ГурыIуэгъуэу сыпсалъэ си гугъэщ.

– Мэжид игу ирихьын щхьэгъусэ уэ уиIэу си фIэщ пщIыну ухэтщ, ара? Гъуджэм зэи уиплъэркъэ? Уэ къыбдэкIуари уэ пхуэдэ зыгуэр хъунщ.

– Уи щхьэгъусэр щIэкъулейр нэхъыфIу е нэхъ губзыгъэу аракъым, атIэ шхапIэ къигъуэтащи аращ. Мис мыр си щхьэгъусэщ, еплъ, – жиIэри, Марат и гуфIакIэм Марие и сурэт къыдихащ.

– Языныкъуэ цIыхубзхэм лIы щхьэкIэ ямыщIэн щыIэкъым, къапэщIэхуэм дэкIуэну хьэзырхэщ. Мыр зи дахагъ зыдэкIуам еплъыт, самопал ваннэм къыхэмыкIыу хэсым щхьэгъусэкIэ еджэу? Уи щхьэгъусэм щхьэкIэ бзэгу къысхуэпхьу, уукIытэркъэ? Хьэмэрэ уэ езыр упэмылъэщу ара?

– Умыгузавэ, сэ абы унафэ хуэсщIыфынщ, ауэ уэри а Iуэхур пщIэн хуейщ: уи лIыжь ныбэфыр убыд. Сэ сыхэмыхьэмэ, уи деж абы нигъэзэжыным упыкIащ. Мыпхуэдиз къызэптмэ, си фызым и цIэри щылажьэри бжызоIэ. Ухуэмеймэ, хэгъэзыхь щыIэкъым, – жиIэри Марат стIолыщхьэм телъ тхылъымпIэм и кIапэм зыгуэр тритхащ.

Лерэ сыт ищIэнт, къехьэлъэкIми, си унагъуэ Iуэхур нэхъапэщ, жиIэри, Марат къыхуигъэлъэгъуа ахъшэм хуэдиз иритащ.

Лерэ сымаджэхэм я Iуэхур псынщIэу зэфIигъэкIри, лэжьапIэм къыщIэкIыжащ. «Хэт хъуну ар? КъыпфIэIуэху мыхъунухэм ящыщ хьэмэрэ сыкъригъэкIуэтыну? ЗэгъэцIыхун, еплъын хуейщ», – игукIэ жиIэурэ, и машинэ лъапIэм итIысхьэжри, заводымкIэ иригъэзыхащ. Зыгуэр жиIэну къэтэджа секретарым емыплъыххэу, унафэщIым и кабинетым щIэпкIэри, хиудыным хуэдэу бжэр ину къридзылIэжащ. Ар къызэрилъагъуу къыщылъэта унафэщIым бгъэдыхьэри, иригухыжащ:

– Уэ мыбы укъыщыувам сыту ущыта? Зыуи ущытакъым. Унэ дэпщIейр къезгъэлъэлъэхыжыну ухуей? Ухуейкъым, пэжкъэ? Си щхьэгъусэм щIасэ къыщыхуэбгъуэтым, уэсщIэфынум щхьэ уемыгупсысарэ?

– Уэлэхьи, уэлэхьи, си ягъэ хэмылъ, езыр къэкIуауэ илъагъури...

– Тэдж, уэ пхуэдэхэр щысу къызэпсалъэркъым сэ.

УнафэщIыр къыщылъэтыжри:

– Щхьэ угузавэрэ, Лерэ, уэ пхуэдэ ар зэи мыхъуну аращ, мыхьэнэншэ гуэрщ. ИгъащIэкIэ къыплъэщIэмыхьэну, уэлэхьи. ЩIэныгъи иIэкъым, мылъкуи бгъэдэлъкъым. Уэ уцIыхубз зэкIужщи, къыпхуемыплъэкIыу зы цIыхухъу блэкIыркъым. А Iуэхум мыхьэнэ лъэпкъ иумыт.

Лерэ, и губжьыр нэхъ щхьэщыкIауэ, шэнтыр стIолым къыщIегъэкIуэт:

– Сыту пIэрэ Мэжид игу ирихьу абы хэлъыр?

УнафэщIыр нэхъ къогушхуэж:

– Уэлэхьи, Лерэ, зыри хэмылъ. Мыхьэнэншэжь цIыкIу гуэрщ. Пэжу, щхьэц дахэ телъщ. Плъагъуну фIэкIа ухуейкъым. АпхуэдизкIэ фагъуэщи, игъащIэм дыгъэ къытепсауэ пщIэнкъым.

– Слъагъункъэ, лажьэрэ ар нобэ?

УнафэщIым ищIэнур имыщIэу тэлайкIэ щытащ.

– Зэхэпхкъэ, лажьэрэ?

ЦIыхубз губжьам и макъым зыкъригъэщIэжри:

– Мэлажьэ, – жиIащ щэху дыдэу.

– Къэрегъаджэ.

– Иджыпсту, иджыпсту, – жиIэри, унафэщIыр псынщIэу къыщIэкIащ. Дауи, секретарым жриIами хъунут, ауэ езыр къыщIэкIыу хуиту бэуэну хуейт.

Куэд дэмыкIыу, Марие и гъусэу ар къыщIыхьэжащ. ЦIыхубзитIым зызэпаплъыхьырт.



«ЩIалэ дыдэу щымытми, сэр нэхърэ фIыуэ нэхъыщIэщ, ауэ нэхъыщхьэр аракъым, дахэщ», – жиIэрт игукIэ Лерэ.

«Пагэщ, бзаджэщ, дунейр щIыщыIэр езым хуэдэхэрауэ къызыщыхъухэм ящыщщ», – егупсысырт Марии.

– БыIуэбышэ дэкIуа уэ пхуэдэхэр щIогъуэжри, хэт илI къытетхын, жаIэу щакIуэу йожьэж, – къэрегъажьэ Лерэ, Марие къызэрепэгэкIыр и нэгум къищу. – Къэбгъуэтыжын хуеяр уэ пхуэдэ гуэрщ, си щхьэгъусэр уи дежкIэ пащтыхь къудейкъым, нэхъ лъагэжщ. Къызэплъыт, зи щхьэгъусэ зытраххэм сарещхь сэ? Уэ факъырэр си гъуэгу укъытехьэну мурад щхьэ пщIыхха? Къыумыжыхьу, гъащIэм уздигъэувам деж щыт. Щхьэж хуэфащэр иретыж, жаIэу зэхэпхакъэ?

Марие шыIэныгъэ хэлъу, и макъми зримыгъэIэту жеIэ:

– Ирикъункъэ сызэрыбгъэпудар? Уэ пхуэдэхэм щхьэкIэ жаIэр пщIэрэ: «Куэду уиIэмэ, жэщкIэ къэтэджыжурэ шхэ!» Нобэ укъулеймэ, пщэдей къэхъунум сыт хэпщIыкIрэ? Мелуан ныкъуэ и уасэ сумкэ уи дамэм фIумыдзэу, къулейсыз гуэрхэм защIэбгъэкъуамэ, нэхъыфIт. Сэ зэрысхузэфIэкIкIэ сэбэп сыхъуу, муслъымэну дунейм сытетщ. А уэ гурыщхъуэ къыщIысхуэпщIым хуэдэ злэжьу, а псор згъэкIуэдыжыну сыхуейкъым. Ущымыуи нэхъыфIщ.

– Сэ уэсщIэфынур уэ иджыри къыбгурыIуакъым, уи щхьэр уи жагъуэу дунейм укъытезнэнщ.

– ПщIэ псоми – фIыми Iейми – уи деж нигъэзэжынущ, – жиIэри, Марие къыщIэкIыжащ.

– Плъагъурэ а напэншэр!.. Пщэдей щыщIэдзауэ лэжьапIэм Iубогъэкl.

– Хьэуэ, хьэуэ, Лерэ, уэлэхьи, ар мыхъуну, Мэжид сыкъелынкъым.

– Абы нэхърэ сэ сынэхъ щабэ уи гугъэмэ, ущоуэ, – жиIэри, Лерэ щIэкIыжащ.

УнафэщIыр гузэвэгъуэм хэхуауэ, пэшыр къызэхикIухьырт, и щхьэ хуэпсэлъэжу: «Сыт иджы сщIэнур? IузогъэкIри – «пщым» сыIуеху, IузмыгъэкIщи, «пащтыхь фызыр» благъуэр гъуэмбым къизыхуам хуэдэщ. Мыпхуэдиз «пащтыхь» къэунэхуам дэтхэнэм и хъуреягъыр къэбжыхьын! Тхьэр умыгъэпцIамэ, а къомым епщылIэкIыф уэ. Совет властым и зэманым пщылIыр зищIысыр тхылъкIэ фIэкIа тщIэртэкъым, иджы зэманыр зэрыхъуам еплъ...

Марие хъарзынэу мэлажьэ, зэи къыкIэрыхуркъым. ХуэсщIынур сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ? Си щхьэр хэслъхьэну сыхуэмеймэ, зыгуэр къэзмыгупсысу хъунукъым...»

Лери гупсысэм хэхуат. ЦIыхухэм закъригъэщIэну хуэмейми, абы унагъуэ насып жыхуаIэр зэрыIэщIэкIрэ куэд щIат. Иджы, Марие зэрилъагъуу, Лерэ къыгурыIуат и щхьэгъусэм ар зэримыутIыпщынур, ар къыдихьэхын папщIэ сытри зэрищIэнур. Игу къэкIыжат Мэжид къыжриIауэ щытар: «Сэ нэгъуэщI щIыпIэхэм си щхьэ щытезгъэуми, бынхэм я хьэтыркIэ, зэбгъэдэжыжын Iуэху зесхуэркъым, ауэ, сепхулIэмэ, апхуэди сщIэфынущ. Ауэ уэ зыгуэрым упыщIауэ зэхэсхмэ, дохутыр улахуэм укъыхуэнауэ уэзгъэлъагъунщ. ЦIыхухъум ищIэ псом цIыхубзыр пэджэжыну яужь ихьэмэ, ар езым и мыгъуагъэщи, кърикIуэнури езым и ягъэжщ...»

А псалъэмакъым зэщхьэгъусэхэм зэи къытрагъэзэжакъым. Пэш зырыз зэрыщIэлърэ куэд щIами, Лерэ абы есэжат, зэрыбгъэдэмыкIыжынур къыжриIати, нэхъыщхьэр арат. Ауэ Лерэ шынэрт, Iуэхум нэгъуэщI зыгуэру зихъуэжынкIэ.



Лэжьыгъэ нэужьым цIыхубзхэм ящыщ гуэр Марие къыбгъэдыхьэри: «ХъумакIуэм селъэIуащи, кхъыIэ, мыр нысхудэх, куэдыIуэ мэхъури, си закъуэ схуэхьынукъым. Ныщхьэбэ хьэщIэ къысхуэкIуэнущи, аращ», – жиIэри, пакет къритащ.

Марие щыдэкIыжым, хъумакIуэм къигъэувыIэри, пакетыр стIолым къытрыригъэгъэуващ: «Мыр сыт, зэи зыри къыумыщтами, иджы ирибгъэкъужаи», – жиIэурэ, абы ерыскъыхэр стIолым къытрилъхьэрт.

Пакетыр къезытар къилъыхъуэу Марие зиплъыхьащ, арщхьэкIэ ар къыдэкIыжхэм яхэттэкъым. ХъумакIуэр унафэщIым деж псалъэу хъыбар щригъащIэм, Мариер и кабинетым иригъэшащ.

– Мы напэтех пщIар сыт, укъызэлъэIуамэ, сэ уэстынтэкъэ. ЛэжьакIуэ нэхъыфIхэм уащыщти, къэбгъэхъуам еплъ иджы. Си щхьэкIэ сигу къоуэ, ауэ, уи жагъуэ умыщI, мыбы афIэкIа ущызгъэлэжьэфынукъым. Ар уэ пхуэзгъэгъумэ, адрейхэри Iэбэнущ. Сэ пхуэсщIэфынуращи, уэ езыр ухуейуэ уIукIыж хуэдэу заявленэ къэтх, – жиIэри, тхылъымпIэрэ ручкэрэ къритащ.

Марие заявленэр итхри, зыри жимыIэу къыщIэкIыжащ. КъыщыщIар апхуэдизкIэ и щхьэм ихьати, унэм къызэрыкIуэжыфар игъэщIагъуэрт.

Марие мазэм щIигъукIэ лэжьапIэ къилъыхъуащ. Зыри къыщимыкIым, лъыхъуэн щигъэтыжри, жэщми махуэми къэп иду тIысыжащ. Абы къыпэкIуэ мащIэмкIэ унагъуэр игъэпсэурт.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Марат ефауэ къэкIуэжащ. Мусэ и адэм зригъэтхьэщIри, шхын къыхутригъэуващ.

– Мыр сыт, макароныр гъэвауэ, макароныр гъэжьауэ – афIэкIа зыри шхын щымыIэжу ара? – губжьауэ тепщэчыр къыIуигъэкIуэтащ.

– Папэ, кхъыIэ, укъэмыгубжь, мамэ лэжьэжыркъыми аращ.

– Апхуэдэ щыIэ, щIэмылажьэр сыт?

– Мамэ къыIуагъэкIыжащ, – жиIащ Мусэ.

Марат, шхынми емыIусэу, пIащIэу щIэкIри, телефонкIэ гупыр зэхуишэсащ.

– Сыт къэхъуар, жыIэт, къуэш? – и макъ псыгъуэ цIыкIумкIэ Тхьэмадэр къеупщIащ.

– Си щхьэгъусэр лэжьапIэм къыIуахуащ. Сэр щхьэкIэ сыгузавэркъым, сэ махуэм зэ фIэкIа сымышхэми мэхъу. Дунейм щызиIэ щIалэ цIыкIу закъуэр гъэшхэн, егъэджэн хуейкъэ?

– Ар дауэ къыпщыхъурэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Марие дахэм ди зэран екIащ.

– Абы и сэбэпкIэ дэ дефэу, дытхъэжу дызэхэсщ, езым къыщыщIам феплъ.

– Уи фыз мылэжьэныр, уэлэхьи, Iуэхушхуэм. Дэ цIыхухъухэм нэхърэ абыхэм нэхъ зэфIэкI яIэщ, зыгуэр нэхъ къагъэхьэрычэтыф.

– Уэлэхьи, мис ар пэж дыдэу жыпIамэ, нобэ унагъуэр зэтезыIыгъэр цIыхубзыращ. Си щхьэкIэ дапщэрэ сымылъыхъуами, хъун хуэдэу зы лэжьапIэ сымыгъуэтакIэ, къэхь къурIэн.

– Уэлэхьи, сэри арамэ, сешри сыувыIэжащ. Ауэ щIэщхъу къыпщыщIами, умыгузавэ. Тхьэмадэм унафэ тэмэм абы тримыщIыхьыфмэ, мыдэ еплъ!

ДагъэкIэ игъэцIууа и щхьэ джафэ цIыкIум телъэщIыхьу щыст Тхьэмадэр. Куэд щIауэ цIыхум хамыбжэж, зыми щымыщыж лIы цIыкIум хуэдэу губзыгъэ щымыIэу къащыхъурт и ефэгъухэм, абы къечэнджэщырт икIи къедаIуэрт. ТIэкIу хэгупсысыхьри, ар гупым къахэплъащ:

– Пэжыр жыпIэмэ, абдежым щыуагъэ тIэкIу тIэщIэкIащ. Марие дахэм и гугъу ищIмэ, къыщыщIынур гурыдгъэIуэн хуеящ а цIыхубзым. Ауэ Iуэхукъым, дгъэзэкIуэжынщ. Япэм зэрыжысIащи, дэтхэнэ зы щыуагъэми уи фейдэ гуэр къыхэбгъэкIыфу щытын хуейщ. Ахъшэр къызэрытIэщIэухэрэ самопалым дыхуэкIуэжати, мис иджы аргуэру ди Iэнэр екIуу къэдухуэну Iэмал диIэнущ. Абы папщIэ а цIыхубзым кIэлъыплъын хуейуэ аркъудейщ. Къулейхэми яхэтщ, зи псэукIэр зыIэщIэужэгъуауэ, щIэщыгъуэ къэзылъыхъуэхэр.

ЦIыхухъухэм ар нэхъ ягъэпщкIуфми, цIыхубзхэм загъэпIиину яфIэфIщи, яхущIэхъумэркъым. Езым нэхърэ нэхъ щIалэ къызэригъуэтам ирипагэу, и ныбжьэгъум жриIэн хуейкъэ? Аращи, бзыщIа хъуркъым. Зы тхьэмахуэ пIалъэу фызотри, Лерэ фыкIэлъыплъи, и тIасхъэр зэвгъащIэ, къуэшхэ!

... Марие къэп иду машинэм бгъэдэст, бжэм зыгуэр къыщытеуIуам. Мусэ бжэр Iуихри, щыгуфIыкIыу и адэшхуэр къыщIишащ. МуIэзин псыр къыпыжырт, пIыщIати, нэхъ цIыкIуж хъуауэ къыпщыхъурт. Мусэ дэIэпыкъуурэ, абы и курткэжь тIэкIур щихащ.

– Сыту хъарзынэт, папэ, укъызэрыкIуар. Уи хъыбар сщIэртэкъыми, сыгузавэрт, – жиIэурэ и адэм IэплIэ хуищIащ Марие.

– Сэр щхьэкIэ умыгузавэ, си хъыджэбз. Унагъуэр зэрыпсэур си пенсэ тIэкIуращи, куэдкIэ нэхъ къысхуэсакъ хъуахэщ, – жиIэурэ шхын къыхутрагъэувам МуIэзин хоIэбэ.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуху щысауэ и адэр щыщIэкIыжым, абы Марие зыкъыхуигъэзащ:

– Си хъыджэбз цIыкIу, адэ мыхьэнэншэу сызэрыщытар сощIэж. Зы Iуэхугъуэ гуэр бжезмыIэу хъунукъым. Мусэ цIыкIу зэхезгъэхыну сыхуэмейуэ арат нетIэ щIыжызмыIар. КъысхуумыгъэгъуфмиР, схуэфащэщ.

– Папэ, ар псори блэкIащ, зы гукъеуи пхузиIэкъым. Адэ-анэм я хабзэщ я быным ешхыдэу, анэ щызимыIэжкIэ, сызыгъэсэну къызытехуэр уэрати...

– Хьэуэ, аракъым сэ зи гугъу сщIынур. Уэ нэхъыщхьэр пщIэркъым. Мы угъурсызым уихьыну къыщыкIуэну жэщыр сэ сщIэрт, ауэ зыри бжесIакъым. Насыпыншэ узыщIар сэращ.

– АтIэ, щхьэ зыгуэр жумыIарэт, папэ?

– АнэнэпIэс бзаджэм убгъэдэкIмэ, уи Iуэхур нэхъыфI хъун си гугъащ. Зэрефэми сыщыгъуазэт, ауэ си гугъащ уэ пхуэдэ щхьэгъусэ игъуэтмэ, мыхъумыщIагъэ псори зыхиныну. Къысхуумыгъэгъунуми ухуитщ... Сэ схуэфащэщ ар.

– Папэ, си Iуэхур нэхъыфI, нэхъ тынш пщIыну ухуеяти, хъуакъым. ЗэрымыхъуамкIэ уэ укъуаншэкъым. Сэ тхьэм схухиха гъуэгум срокIуэ. Уи зэрану абы хэлъыр сыт? Мы дунейм тет псори насыпыфIэу псэуамэ, а насыпыр апхуэдэу лъапIэу щымытынкIи хъунт. Мусэ тIуми ди зэхуэдэ сабийщ, и адэм емыщхьу, лIы бэлыхь къыхэкIауэ Тхьэшхуэм дигъэлъагъу. Мы дунейм щызиIэр фэращ.

– Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэн, си хъыджэбз цIыкIу, мывэ хьэлъэр си гущхьэм тепхыжаи. Къысхуигъэгъунукъым, жысIэу абы сызэрырисымэджам ущIэмыупщIэ.

– Папэ, куэд щIакъым сэ зыгуэрхэм я зэран къызэрызэкIрэ. Зэман дэкIри – сщыгъупщэжащ, зыри сигу къахуеуэркъым, уеблэмэ Алыхьым къахуигъэгъуну солъэIу.

МуIэзин, и лъэр нэхъ жан хъужауэ, автобусым итIысхьэжащ.

Тхьэмадэм къарита пIалъэри къэмысу, Лерэ теухуауэ къагъэсэбэпыну псори къащIауэ, ефакIуэхэр я зэхуэсыпIэм щызэхэст. ЦIыхубзым деж ягъэкIуэнури къыхахат. Гупым яхэттэкъым абы нэхърэ нэхъ бзаджэ.

Лерэ деж щIыхьэну лIыжь-фызыжь зытхух щысти: «Жьы фызэрыхъуари, зэман зэрывимыIэри, фызэрыпIащIэри кьызгуроIуэ. Си узыр мыхъуамэ, сывигъусэу махуищкIэ мыбдежым сыщысми здэнт, ауэ зысIэжьэмэ, занщIэу сыныфхэукIуриенкIэ хъунущи, фыкъызэмыныкъуэкъуу сыщIэвгъэхьэмэ арат», – жиIэри, щIалэм кабинетым зыщIигъэхуащ.

КъыщIыхьар зыкIи къыфIэмыIуэхуу, щхьэгъубжэм дэплъурэ Лерэ телефонкIэ псалъэрт. «Нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ и телефоныр», – игукIэ жиIэурэ, Iэбэри ар къыIихащ:

– Абы къыбжиIэм нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэн къыпщыхъунущ сэ сыкъыщIэкIуар.

– Уэ езыр хэт ухъуну? Иджыпсту полицэм сыпсэлъэнщи... – жиIэу телефон трубкэр къыщищтэм, ари къыIэщIихащ.

– А полицэ жыхуэпIэм сыкъалъагъумэ, нэгъуэщI щIыпIэкIэ дадзых. Иджы мыдэ къэдаIуэ. Марие и лэжьапIэм псалъи, ягъэувыжыну унафэ яхуэщI. Зэрыщыса зэманым къратын хуея улахуэри тIукIэ гъэбэгъуауэ иратыжыну яжеIэ.

– Зэи сымыщIэн Iуэхущ ар, абы щхьэкIэ укъэкIуэххэн хуеякъым.

– УмыпIащIэт, – жиIэурэ и гуфIакIэм письмоулъэ гуэр къыдихри, дэлъхэр зырызыххэу Лерэ и пащхьэм ирилъхьащ. Сурэтхэр зыкъом хъурт: езым нэхърэ куэдкIэ нэхъыщIэ щIалэ гуэрым и гъусэу Лерэ ресторэным щIэсу, цIыхухъу щыгъынхэм еплъу, тыкуэным щIэту. – Ухуеймэ, мыхэр къыпхуэзгъэнэнщ, дэ иджыри абыхэм хуэмыдэ куэд диIэщ. Уи мыгугъэ си закъуэу, дэ зы гупыфI дохъу, лей къызытехьа цIыхум дэIэпыкъуныр къалэну зыхуэдгъэувыжауэ. Мис телефоныр, иджыпсту псалъи, жеIэ ягъэувыжыну. ЛъэIукъым – унафэщ. Абы и закъуэкъым – мы сурэтхэр узощэж, къыумыщэхужынуи пхузэфIэкIынукъым.

«Ети фIэкI, жыхуаIэм хуэдэщ», – игукIэ жиIэурэ, Лерэ, зыри къыхимыгъэкIыу, ахъшэ кърита щ. ЛIыкIуэм зыхуеяр къызэрыIэрыхьэу, зыхуэарэзыжу къыщIэкIыжри, гупым къахыхьэжащ.

Марие зыхэта цIыхубзхэм я гуапэ хъуат абы къызэригъэзэжар. Пакетыр къезытар хэтми жиIэну къыщелъэIум:

– Ар зэфIэкIа Iуэхущ, къытезгъэзэжынуи сыхуейкъым, – жиIэри, идакъым.

Марие лэжьапIэм къызэрыкIуар къызэрищIэу, унафэщIым ириджащ:

– Уи фIэщ зэрыхъун, уи Iуэхум сыщымыгуфIыкIам. Уэлэхьи, игъащIэкIэ си фIэщ мыхъунт апхуэдэхэр уи щIыбагъ къыдэту. АтIэ, ар хъарзынэкъэ! Мыри уэстыжыну унафэ къысхуащIащ, – жиIэурэ письмоулъэр кърита щ.

– Мыр сыт?

– Уи улахуэрщ, узэрыщысам къэблэжьын хуеяр тIукIэ гъэбэгъуауэ.

ЛэжьапIэ нэужьым Марие ерыскъы куэду къищэхуащ, Мусэ абыхэм зэрыщыгуфIыкIынур ищIэрти, псори стIолым къытрилъхьащ. ЩIалэ цIыкIур школым къикIыжу ерыскъы къомыр щилъагъум:

– Мамэ, мыр сыт, къулей дыхъуауэ ара?! – зэрышхэнум щыгуфIыкIыурэ щIэупщIащ.

– ЛэжьапIэм къэзлэжьын хуеяр къызатыжащ.

– Ар сыту хьэлэмэт, апхуэдэ щыIэ?

– ЩыбгъэIэ псори щыIэнущ, си щIалэ цIыкIу, зэманыр апхуэдэщ.

Махуищ хъуауэ Марат къекIуэлIэжыртэкъыми, Марие гузавэрт. Жэщыр хэкIуэтауэ, я гъунэгъу цIыхубзым: «Уи щхьэгъусэр чэфу къэувыIэпIэм деж магъри щылъщ», – къыщыжриIэм, Мариерэ Мусэрэ щIэжащ. И натIэ къэбэгам къежэх лъыр и напэм телъэдэжарэ езыр зэхэукIауэ, плIанэпэм дэст Марат. Зэанэзэкъуэм ар ерагъыу къагъэтэджыжри ирашэжьэжащ: «Дыбгъэгузэващ. Дэнэ апхуэдизрэ уздэщыIар?» – жаIэурэ.

– Пэжу, фыкъызэжьа, хьэмэрэ лейуэ унэм сыщIэс? – къэгъумэтIымащ Марати.

– Папэ, сыт а жыпIэр?.. Дэ уэ сыт щыгъуи дыножьэ.

– Сэ сыпсэуну сыхуейкъым, машинэм сипIытIащэрэт, жызоIэри, ари хъуркъым.

– Ар жумыIэ, тхьэшхуэм игу къобгъэнщ, еплъыт мы ди щIалэ цIыкIум, ар адэ хуейкъэ?

– Марие, сытым хуэдэу сыцIыху мыхьэнэншэ сэ, ар уэ пщIэркъым, сэ сыIей дыдэщ, – жиIэри, ерагъыу трагъэужу ягъэгъуэлъыжа Марат гъыныр аргуэрыжьу къыщIидзэжащ.

– Папэ, кхъыIэ, умыгъ, псори хъарзынэ хъужынущ. Плъагъункъэ, псори тэмэм мыхъужмэ, – жиIэурэ Мусэ бэлътокукIэ и адэм и нэпсыр хуилъэщIырт.

Марат мащIэу дыхьэшхри:

– Пэжыр бжесIэнщи, си щIалэ цIыкIу, лIэныгъэм сыщошынэ. Си фIэщ хъуркъым сэ абы фIы гуэр къыщыспэплъэу. Iуэныхь куэд сиIэщи, мис ахэр къысхуэгъуну тхьэм схуелъэIу, си щIалэ цIыкIу.

– Ухъужыпэну селъэIунщ, папэ, умыгузавэ, – жиIэурэ Мусэ и адэм IэплIэ хуищIырт.

Марие и гугъащ япэм хуэдэу Марат къызэфIэувэжыну. АрщхьэкIэ и теплъэм зихъуэжауэ къыщыхъуати, пIейтейрт, жэщым къэтэджурэ еплъырт. ТIэкIу щхьэукъуати, нэхущым нэсауэ Марие къаскIэри къызэщыуащ. И щхьэгъусэм еплъмэ, ар бгъукIэ зэрыгъуэлъам хуэдэу щылът, ауэ бэуэжыртэкъым.

– Е си тхьэмыщкIэ, сыпщхьэщымысу уи псэр хэкIаи. Дауи сыIурихат? – жиIэурэ гъырт Марие.

– Папэ, папэ, къаплъэт, къаплъэт, папэ, – жиIэурэ Мусэ и адэм и напэм Iэ дилъэрт...

Хъыбар ирагъащIэри, Марат и анэкъилъхухэр къэкIуащ.

– Иджы угъкIэ мыхьэнэ иIэжккъым, ущыхуэмейм щIэпхуащ, ущыхуейм къыщIэпхуэжащ. БампIэм къыхихыу, ефэ зыщIар уэращ. А тхьэмыщкIэм и дежкIэ хамэу ущытати, хамэу укъэнэжащ. Щэхуфэ зытебгъэуауэурэ, щIы фIыцIэжьым щIэпхуащ, – къыжриIащ Марат и шыпхъум.

– Мамэ, щхьэ зыри жумыIэрэ? Папэ уэ зэи щIэпхуакъым.

Марие зыри жиIакъым, сыти жиIэнт. Ар щыст гуауэмрэ гугъуехьымрэ зэщагуауэ, и лIыр цIыху хуэдэу дунейм зэрытемытыфамкIэ къуаншагъэ гуэрхэр езым и дежи щилъагъужрэ и щхьэр фIиудыжу...

Мусэ, нэхъыфI хъужами, сымаджэщым къыщIатхыкIыжтэкъыми, жыг лъабжьэм щIэт тетIысхьэпIэм тест, и анэм дэуэршэру.

– Мамэ, сэ сызэрыхъужам зыкIэ сыщогуфIыкIри! Дауэ уэри апхуэдэу узгъэгузэва?

– ФIыгъуэ ину Тхьэшхуэм къытхуищIащ узэрыхъужар, ар зи фIыщIэ Мэжиди фIыгъуэр тхьэм къыхуищIэ.

– Мес, езы Мэжиди къокIуэ, – къыщылъэтащ Мусэ, лIым пежьэри IэплIэ хуищIащ. Марии къызэфIэуващ.

– Дауэ ущыт, Марие? Уи гукъыдэжыр нобэ хъарзынэ хуэдэщ, си гуапэщ. Дохутырым сепсэлъати, зы тхьэмахуэ нэхъыбэ щIэдгъэлъыжынукъым, жиIащ.

– Тхьэм уигъэузыншэ, Мэжид, къытхуэпщIамрэ фIыщIэу пхуэтщIымрэ я инагъыр схужыIэркъым. ГъащIэм дыкъыхэбгъэхьэжащ. Куэд схужымыIэми, псапэшхуэ къэпхьащи, и фIыгъуэ ин тхьэм къыуигъэкIыж.

– Си щхьэгъусэм сэрэ ди Iуэху зытетым ущыгъуазэу къыщIэкIынщ. Си бынхэращи, ахэр хамэ къэрал щопсэу. Псори зэбгрыкIри, зыри зимыIэм хуэдэу, сыкъэнэжащ. Къысхуэныкъуэжи щыIэкъым. Тхьэм фIыщIэ хузощI дызэрызэхуэзам щхьэкIэ. Уэ бдэмэ, си быным яхуэсщIа дыдэм хуэдэ уи щIалэ цIыкIуми хуэсщIэнущ. Хэт ищIэрэ, жьы сыхъумэ, псы крушкIэ къысхуишиижынкIэ хъунщ.

– Абы зыкIи шэч къытумыхьэ, Мэжид. Сэ уэ къысхуэпщIар игъащIэкIэ сщыгъупщэнукъым, – жи Марие.

– ДяпэкIэ апхуэдэ делагъэ сымыщIэжыну укъызогъэгугъэ, – жери, къопсалъэ Мусэ.

Хъыджэбз цIыкIу зыщIыгъу цыджан цIыхубзыр Марие къыхуэкIуэу щалъагъум, Мэжид и хъумакIуэхэм зрачат, къыбгъэдамыгъэхьэну. АрщхьэкIэ, и гугъу фымыщI, жыхуиIэу Мэжид и Iэр щищIым, щIалэхэр икIуэтыжащ.

– Дауэ ущыт, дахащэ! СыкъэпцIыхужа? – къыбгъэдыхьащ цыджан цIыхубзыр Марие.

– Дауи, укъэсцIыхужащ.

– ЗэрыбжесIам хуэдэу уи Iуэхур хъуакъэ? Гугъуехьми укъыпхыкIащ, фIыцIэжь цIыхубзми укъелащ. ДяпэкIэ къыппэщылъыр насыпщ, а насыпри жыжьэжкъым. ПщIэжрэ, къулей ухъумэ, IэгуиплъапщIэр къызэптыжынщ, зэрыжысIар. НтIэ, а щIыхуэр щупшыныжыну зэманыр къэсащ.

Марие ахъшэ зэримыIыгъыр ищIэж пэтми, гузавэри, и халат жыпыр къиIэбэрэбыхьащ. Мэжид ар щилъагъум, цыджаныр зыбгъэдишэри, зы махуэм къилэжьынум хуэдиз ахъшэ хуишиящ.

– ФIыщIэ пхузощI, ауэ сэ мыпхуэдиз къэзлэжьакъым... Уэ птеухуауэ жысIэнуращ: уэ псори уиIэщ, ауэ зыгуэр пхурикъуркъым. А пхуримыкъур мыгувэу къэбгъуэтынурэ, дяпэкIэ насыпыфIэу, фIыуэ плъагъум уригъусэу, упсэунущ, – къыжриIэри, цыджаныр IукIыжащ.

Мэжидрэ Мариерэ зэуэ зэплъыжащ, ауэ щIэукIытыхьыжа хуэдэ, тIуми я щхьэр ирахьэхыжащ. Мэжид цыджан цIыхубзым къыжриIар зэхимыха нэпцI зищIри, щIалэ цIыкIум зыхуигъэзащ:

– Гъэ еджэгъуэр иухыным къэнэжар зымащIэщи, ар зэфIэкIмэ, узэрыхъужам щхьэкIэ хамэ къэрал зыщозгъэплъыхьынущ. Дэнэ укIуэмэ нэхъ къапщтэрэ?

– Сэ зыщIыпIи сыщыIакъым, дэнэми здэнущ. Ауэ мамэ ди мыгъусэмэ...

– Iэмал имыIэу ди гъусэнущ. Уэ дауэ къыпщыхъурэ ар, Марие?

Мусэ цIыкIу и нитIыр къиихуным хуэдэу и анэм худэплъеящ. Абы и нэхэм щIэт лъэIур Марие дежкIэ гурыIуэгъуэт. «Хъунщ» жиIэнуи фIэемыкIуу, «хьэуэ» жиIэнуи и къарур хуримыкъуу, абы ерагъыу къыдришеящ:

– СщIэркъым, дегупсысынщ...

# IЭНАТIЭ ПСОМИ ЩЫПЭРЫТЩ



*Зантариа Владимир бзэ щIэныгъэлIщ, абхъаз тхакIуэщ, усакIуэщ, публицист цIэрыIуэщ. Абхъаз Республикэмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнымкIэ Зантариа В. лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI.*

*Константин Зантариа и къуэ Владимир Тамыщ абхъаз къуажэм 1953 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым Сыхъум къалэ дэт пединститутым щIэтIысхьэри, ар 1975 гъэм къиухащ. Лэжьэн щIидзащ журналисту, абхъазыбзэкIэ къыдэкI «Апсны Капш» газетым и корреспонденту, абхъаз радиом и къудамэм, иужькIэ Абхъаз телерадиокомпанием я унафэщIу щытащ. Абхъазым и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэу хахри, а жылагъуэ лэжьыгъэри екIуу ирихьэкIащ. Къэрал Iуэху зехьэнри, жылагъуэ Iуэхухэри, журналистикэри, литературэ лэжьыгъэри Зантариа зыми хуэмыдэу къохъулIэ. Ар гъэщIэгъуэнщ. Куэдрэ урихьэлIэркъым къэрал къулыкъу пэрыт цIыхум творчествэми ехъулIэныгъэхэр щиIэу. Мис а закъуэтIакъуэм ящыщщ Зантариа Владимир.*

*1999–2000 гъэхэм ар Абхъаз республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щытащ, иужькIэ абхъаз правительствэм хэтащ вице-премьеру. Мы зэманым Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и къудамэм и унафэщIщ.*

*ЗэдзэкIын Iуэхуми фIы дыдэу хозагъэ Зантариа Владимир. Я нэхъ тхылъ (документ) гугъу дыдэри абхъазыбзэкIэ зэдзэкIыныр дзыхь зыхуащIхэм ящыщщ ар. Абы и телевиденэ, радио нэтынхэри, и усыгъэхэри зэрызэхигъэувэр, зэритхыр абхъазыбзэ курых дахэщ — абы щыхьэт тохъуэ и лъэпкъэгъу нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри.*

*Адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ ди тхыдэр, ди щэнхабзэр зэпхауэ, куэдкIэ зэтехуэу, ди бзэм и лъабжьэр зыуэ зэрыщытым къыхэкIыу, нэхъыжьым гу лъыдегъатэ нобэ къэтэдж щIэблэм — абхъаз, адыгэ щIалэгъуалэм зэпыщIэныгъэ яку дэлъын зэрыхуейм. А лъэпкъ зэпыщIэныгъэ гукъыдэжым къыпытщэ щIыкIэу, фи пащхьэ идолъ-*

*хьэ Зантариа Владимир и Iэдакъэщlхэм щыщ, усакIуэ ныбжьыщIэ Гугъуэт Заремэ зэридзэкIауэ.*

**КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,**
*усакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ*

*Усэхэр* ЗАНТАРИА Владимир

## СЫМЫЦIЫХУ ЛЪАГЪУЭ КУЭД ПХЫШАЩ ДУНЕЙМ...

* * *

Вагъуэхэм яIэжщ езым я илъэсыщIэ,
Уэрэдрэ къафэкIэ ягъэлъэпIэжу.
Уэгурыт псейр къаувыхьауэ,
Илъэсыщlэ жэщым ходжэразэ.
Уэгур къагъэнэхуу, къагъэпщIыпщIу,
Ахэр йоджэ я уэс пщащэм — мазэм...
Вагъуэ къэс IэщIэтщ дыжьын Iэгубжьэ,
Илъэсыщlэ хъуэхъуу!

* * *

ПщIыхьэпIэмрэ нахуапIэмрэ я кIапэм,
Мо уафэр щIылъэм щабэу щытеIэбэм,
Си ныбжьыр тридзауэ къысщыхъуати,
Сегупсысащ: «Сэ езыр сыхэт?
ПщIыхьэпIэра, нахуапIэра си лъахэр»?
А упщIэр мы си гъащIэм IупщIу хэтщ.

* * *

Мы си гум
ГъущI Iунэ дапщэ
Зэманым къыхиукIар
ГущIэгъуншэу!

УIэгъэр мэбжьыбжь,
УIэгъэр е йокIуэ.

Мы си гум сыдэIэбейри,
ГъущI папцIэ къыхэсчыжащ...

Гуузрэ губжьрэ скIэрыхури,
Сэ хуиту сыбэуэжащ,
Гум щызу!

## СИ АНЭМ СЫХУОЗЭШ

Нэхущым сэ щхьэгъубжэм сыкIэрыту,
МыIупщIу зэхэсхащ хьэмфIанэ макъ.
СыщIэкIри унэм, макъым и ужь ситу
Сихьами хадэм, си анэм сыхуэзакъым.
Ди кхъужьеишхуэм сэ сыщIэст и щIагъым,
Абы гъэгъауэ пытыр пфIощI уэс налъэ.
И розэр си анэм пщIантIэм къыщыгъагъэрт…
Иджы сэ розэ мыгъэгъам сопсалъэ.
КъысфIощIыр зэм, утету уэ бжэщхьэIум,
Убларэ шыбжий плъыжь, уи Iэблэм фIэлъу.
Сэ сынокIуатэ, Iэ дэслъэнт уи нэкIум,
Уэ уокIуэдыж — къысIущIэр кIыфIырщ, хьэлъэу.
Сихьамэ хадэм, дадийр щоуфафэ,
Мэуэ къыпихым щхьэр игъэуназэу.
Уи тетIысхьэпIэр нобэ зеиншафэщ,
ЗэщIещтэ удзым уи лъэс лъагъуэр пасэу.
Месыр, щэхуакIуэ уэ уежьащ бэзэрым,
Дауи, къэпхьынущ куэду хадэ жылэ.
Кхъужьейм и щIагъым сэ сыщIэсщ аргуэру,
Уи теплъэр сигу тхьэмыщкIэм и гъуэмылэу.
ПасэIуэу къэгъэгъащ мы гъэм кхъужьейр,
Дырийпсырийуэ жьыр гъэгъам ирожэ.
Си анэм хадэр епщIэ — къоIуж макъ си дей,
А макъым си псэр махуэ къэскIэ йожьэ.

* * *

Ныжэбэ си закъуэ дыдэщ.
Жьэгум и къуагъэкIэ
Къуэт щIакъуэ башым
Ещхьуи сытхьэмыщкIэщ.
Уоу, щхьэ схуэмыгъэврэ
ЩIымахуэ жэщым и хьэлъэр!
Жьэгум дэлъ дэпыр
ЩIэзгъэстыжынщи,

Мы жэщ бэмпIэгъуэм
Нэху тезгъэщхьэнщ.

* * *

Си гъуэгур нэшэкъашэу,
КIугъуейуэ, сыщыгъуащэу,
ЩIэмыхуу си лъэр, си псэр къэсхьэсащ.
Мывалъэ дэкIуеипIэм
Сехуэхмэ, укIыпIэт!
Сэ сикIт лъэмыж хъыринэм,
КIэзызрэ къиинным,
Жьы дыдэми, си гъуэгу схухигъэщIащ.
Сэ нобэмрэ дыгъуасэмрэ
Дэслъагъуэр гъащIэ псощ.
Си нобэмрэ дыгъуасэмрэ
Дэлъ лъагъуэм сыщопсэу.
Сихуащ гъэунэхупIэхэм,
Сригъэувэу лIыпIэ сэ.
Иджы шы емылыджи сышэсынт…
Иджыри зы лъэбакъуэ,
Иджыри зы гугъапIэ
Жьы хъуа лъэмыж хъыринэм езгъэзынт.

* * *

И Iуэхухэр зыкIэрегъэхури,
ХокIуатэ зэманыр жэщыку.
КъыхокIри къалэшхуэр махуэм,
И щIыфэр дунейм щоупщIыIу.
Щхьэл минхэм я макъ щыбзэхыу,
Къогъуалъхьэ жэщыкур сигу.
Жей IэфIым хыхьа къалэшхуэм,
Хьэр банэурэ, ситщ и утыку.
Жьапщаем къела кхъухьыжьу
Си унэр жэщыкум хэтщ.
Жей кIапэм йоплъэж и ужьми,
Щхьэхынэу кIыфIыр еIуэт.
Гупсысэм хотIысхьэ хъурзэу,
ЛIэщIыгъуэ блэкIам и хьэлъэр.
Жэщыкум блэкIар и гъусэу,

Мы сигури абы IэщIэлъу.
Махуэмрэ жэщымрэ я кум
КIэзызу къыдэкIа усэм
Аргуэру соджыж и макъри,
Ныкъуэтхыу хохьэж гупсысэм.
КъыхокIри къалэшхуэр махуэм,
И щIыфэр абы мэупщIыIу.
Щхьэл минхэм я макъ щыбзэхыу,
Къогъуалъхьэ жэщыкур сигу.
КъыхокIыр къалэшхуэр махуэм,
Щхьэл минхэм я макъ щыбзэхыу.
Щхьэл мывэу и щIыфэм техуэр
Жэщ кIыхьым и куэщI щыужьыхыу.

* * *

Зы гъащIэ гуэри къэдгъэщIауэ,
Ди гъуэгур нэгум щIэкIыжауэ,
Зэманым пщIэншэу ибзыщIахэр
КъыдгуроIуэж. Иджы. Гуврауэ.

Къэхъуакъэ куэдрэ, хэдгъэгъуащэу
Гуапагъэр нэхъри зэщIэст Iейм,
Щыхэзэрыхь ажалыр гъащIэм,
Жэщ-махуэр щыдгъэхьэулей.

КъыдгуроIуэжыр хэкIэсауэ:
Къытхуигъэфащэр гъащIэу зыщ.
Лъагъуэ текIыжхэм десэжауэ
Дыпсэут. Иджы а псори пщIыщ.

Зэманыр макIуэри кхъухьыжьу,
НэгъуэщIхэр тоувэж ди гъуэгу.
Итынущ ахэр ди лъэужьым,
Дуней щIэткIукIым хуеуэу Iэгу.

Къэдгъанэу хъуар нэмыщIысауэ,
Ябзынщи ахэм, ядыжынщ.
Зэманыр гъуазэщ, нэгъэсауэ,
Зэманым пэжыр къигъуэтынщ.

Мы дунеижьым дыщехыжкIэ,
Ди гущIэм нэхъри къигуоукIыу,
Уэгу къащхъуэм ди Iэхэр хуэтхьыжу,
ДылъэIуэжынущ, уэсят щIыкIэу.

Уоу, дунеишхуэр зи Iумэт,
КъытхуэщI гущIэгъу, къытхуэщI гущIэгъу.
ТыншыпIэ ди псэм егъэгъуэт,
ДыщытекIыжкIэ дуней хьэху.

## СИ КЪУЭШХЭР ЩЫМЩ

Си къуэшхэм сепщIыхьащ ныжэбэ гуэрым,
Хэслъагъуэрт я нэкугъуэм зэрешар.
Ди пщIантIэм ахэр щыму дэтт зэгуэрым,
Нэщхъейхэт, я щхьэр псоми ехьэхат.

Сыт фи хъыбар? КъысхуэфIуэтэж, си къуэшхэ!
Ар жысIэурэ сэ ахэм сахыхьащ.
Жэуап къатакъым — сиубыдырт хуэшым,
СамыцIыхуххэу, уеблэм, къысщыхъуащ.

Си къуэшхэм я плIэм ирахакъым Iэщэр,
Я жьакIэхэр пасэIуэу къетхъухат.
Сыхуейт сэ я лъэр щIэзгъэкIын, си фIэщу,
АрщхьэкIэ, псалъи къысхухэмыха.

Йожьэжхэр щыму, мэхъу ди пщIантIэр кIыфI,
ГъущI куэбжэр, щыдэкIыжкIэ, ягъэкIыргъ.
Си псалъэр пщIантIэ нэщIым щоужьых,
Лъэ макъ къэIуахэр жэщ нэпсейм едыгъу.

Сыт фи хъыбархэр? КъызжефIэжыт, къуэшхэ,
ЯкIэлъыжысIэурэ изогъэжьэж.
ЩIыIэу зэхелъхьэ си жэщ кIыхьым нэщхъыр,
СымыщIэ сэ си къуэшхэр здекIуэлIэж.

Йожьэжыр ахэр, я гъуэгу гъунапкъэншэу,
Лъэ макъыу хъуар хокIуадэ мы жэщ щIэншэм.

* * *

Мы дуней псом щэху минхэм зыщахъуэж,
«Къытпэплъэр сыт?» — и блэгъум доплъэ нышым.
ТекӀуаи темыкӀуаи щымыӀэж,
ДекӀуэлӀэжынущ ди къежьапӀэ дыщэм.

Зыгуэр хокӀие жэщым, гузэвэхыу:
— ФыкъэувыӀэ! ЗыкъэфщӀэж! Къэвгъазэ!
Жэщ кӀыфӀым пхылъэтащ абдежым щӀэхыу,
СымыцӀыху гуэрхэр, тесу шы мыгъасэ.

— ФыкъэувыӀэ! — къоӀур джэрпэджэжу,
Гъуэжькуийуэ блэлъэтахэм зэхамых.
А гупыр щхьэхьхэщ, здэкӀуи ямыщӀэжу,
Мы жэщыр дэгущ. Борэным къыщекӀухь.

Дыхэт? Дыхэт дэ, мы дуней кӀэрахъуэм?
«Къытпэплъэр сыт?» — и блэгъум доплъэ нышым.
ПщӀыхь гуэрым хуэдэу щӀылъэм щытлъэгъуахэр,
ДекӀуэлӀэжынущ ди къежьапӀэ дыщэм.

— ФыкъэувыӀэ! — къоӀур макъ аргуэру,
Епхъуатэри, здехьыжыр жьы борэным.



## ГУЭНЫХЬУ ТТЕЛЪХЭР ДЭ ТПШЫНЫЖ НЭХЪЕЙ...

ДыдощӀеифыр лъагэу фэеплъ сынхэр,
И уасэм мывэ лъапӀэм дыщымысхь.
Дэ зыдохъуэж: дащыщщ мыцӀыкӀу-мыинхэм,
ЗэжетӀэр псалъэу, мэхъур гурымыхь.

Дэ хуэму дабгъэдохьэ мывэ сынхэм,
Гуэныхь зыгъэгъур ахэра нэхъей.
Тыдолъхьэ удз гъэгъа щыуагъэ «тпшынуи»,
ДыпӀащӀэу дыхохьэжыр махуэ лъейм.

Нэщхъейуэ дабгъэдохьэ фэеплъ сынхэм.
ЦӀыху хьэлхэр ди зэманым екӀыщтэж.
ЛъагащӀэу дэтщӀеифми фэеплъ сынхэр,
Абыхэм зыкӀи дахуэмыфэщэж.

5 Заказ №368

Уафэгум зыхуаший фэеплъ духуахэм,
Гъущl хъаркlэ ахэм дакъыпощхьэхукl.
Зыр зым тлъагъужкъым, щхьэзыфlэфl дыхъуауэ,
Гукъеуэ зэтхьэлlэнуи дигу къэмыкl.

Гъущl хъархэр ехуэхынущ улъияуэ,
Нэгъуэщlхэр щlэхыу ди пlэ къиувэнщ.
Фэеплъхэр зэрыуардэщ, уаlуплъамэ,
Дэ щыму ахэм дабгъэдэкlуэтэнщ.

Быдащэщ мывэ джафэр, жэзыр, дзэхур,
Щlыху цlыкlум ди щытыкlэр мыбыдэж.
Игъащlэкlэ щытынущ сынхэр щэхуу,
Дэ доужьыхри, блэкlам дыхохьэж.

* * *

Зэгуэрым, пшапэр мащlэу зэхэуауэ,
Фызыжьым и lэ пхъашэхэр кlэзызу,
Зыгуэркlэ гугъэу, тхьэи елъэlуауэ,
Къэп цlыкlухэм ирикlутэрт жылэ, изу.

«Сыхунэмысмэ, ар хасэнщ нэгъуэщlхэм», —
Ар жиlэурэ къэп цlыкlухэр игъэпщкlужырт.
«Е гъатхэм зэ и хуабэ къигъэщlыжмэ»...
Арат фызыжьым и щхьэ хужиlэжыр.

Къэп цlыкlухэм ярыз ищlти хъугъуэфlыгъуэр,
Къэпщхьэпсхэри абы щхьэщипхыкlыжт.
Итх тlэкlури къыдишауэ нанэм жьыгъэм,
Хъыдан къэп цlыкlухэр сакъыу игъэпщкlужт...

Зэ гъатхэр къэсрэ, хуабэ зыкъищlыжмэ,
Зэ щlылъэр къэтlэпlыжмэ, гъатхэ нэlуу,
Ирихьэу хадэм, хэт къитlэтэжыну,
Жылапхъэр изу, нанэм и къэп тlэкlур?..

ДИ ПСЫКЪУИЙР

Хъужащ щlым щыщ,
Диlати дэ псыкъуий.

Си нэгум щIэтщ:
Абы и мывэ блыным
КъыдишиикIт енэбым* и лъэдийр,
Зиший нэхъей, псы щIыIэ еIубыну.

Си пщIыхьым хэтщ иджыри а псыкъуийр:
КъыщIызогъалъэри псы щIыIэмылыр,
Сэ изогъэх IэфIыпсу мы си джийм,
Iэгубжьэм изгъэхъуарэ, узэпхыплъу.

Хъужащ щIым щыщ, диIати дэ псыкъуий.
СощIэж, сыщIыкIуу сэ сыхудэплъейрт:
И тхьэмпэхэр пыщэщырти тутейм,
Джэрэзу елъэтэхырт а псыкъуийм.

Хъужащ щIым щыщ, диIати дэ псыкъуий.
Зэман дэкIащ... Сефакъым абы лъандэм
Къыщизгъэхъуауэ хуиту ди псыкъуийм
Псы щIыIэмыл, Iэгубжьэм изгъэлъадэу.



* * *

Щэху гуэри хэмылъыж мы дунеишхуэм,
Хэт и IуэхущIафэ хуэбгъэщIэгъуэжын?
Зэгуэр щыIа щытыкIэхэр ди пащхьэм
Щымыхьэнэншэт, зададмыужьынт.

Псалъэ дыгъэлхэр, уэгу уизыхьэ щытхъухэр,
ДызыIэпишэм тфIэфIу, лэжьапIэфI.
А псори гухэхъуэгъуэу дэ къытщыхъурт,
Сезам куэбжэшхуэр тхузэIукIмэ, тфIэфIт.

Зэманыр кIуэрт, дужэгъут а псор пасэIуэу,
Псалъэ дыгъэлхэм IэфI ящIэмылъыжт.
Иджы акъылырт дытезышэр гъуэгум,
Зэгуэр дгъэунэхугъахэм дапсыхьыжт.

Щэху гуэри хэмылъыж мы дунеишхуэм,
ЖытIэнуIам, ди япэ жаIэгъащ.
Акъылыр гурыIуэжри гурыщIэм,
ИтIанэ псори я пIэм изэгъащ.

* Енэб – папоротник.

Губзыгъэр и губзыгъапIэ,
Делэри и делапIэ.

## СЫЗЫДЭМЫХЬЭ ПЩIАНТIЭХЭРИ ЩЫIЭЩ

СымыцIыху лъагъуэ куэд пхышащ дунейм,
Сызыдэмыхьэ пщIантIэхэр гъунэжщ.
Абы щыпсэухэр, хэтми, симыдзей,
КъысфIощI къыпхыкIыу ахэр лIэщIыгъуэжь.

Апхуэдэхэр щэху гуэркIэ къэтхъыхьащ,
Я нэIухэри си нэгум щIыхьэ-щIэкIщ.
ИгъащIэм дэ нахуапIэу ди гугъар
Ямылъэгъуа къысфIощI пщIыхьэпIэу фIэкI.

Щыплъагъукъым ахэр цIыхухэр щызэхуэсым,
Е гуауи, хьэгъуэлIыгъуи дэмыхьэф.
Сыт я гум къеуэр, яIэр, зыщIэхъуэпсыр?
ЯIэжщ абы езым я кIыфI, я нэху.

Ди гъуэгу зыщIыпIи зэи щызэблэкIкъым,
Я куэбжи-набжи ахэм гъэбыдащ.
Гъуэгу дауэщыншэм щIагъуэ сигу къыхуэкIкъым,
Фэеплъу зэман нэщIым ипхъуэтащ.

ПщIантIэжьхэр щыIэщ, зыри щымыдыму,
Къэнэжу си гупсысэм и адрыщI.
И теплъэ гуэри нэм къимыубыдыжу,
А лъагъуэ кIэщIым и кIэр пщIантIэ нэщIщ.

СымыцIыху лъагъуэ куэд пхышащ дунейм,
Сызыдэмыхьэ пщIантIи куэдыкIейщ.

## ЩIЫМАХУЭ ТКIИЙЩ ДЗЫХЬ ЗЭДМЫГЪЭЗХЭМ КЪИШЭР...

*Куэзыр зырызу, дызэбградзащ...*
**Цветаевэ Маринэ**

Дыкъэпсэуащ, здэдгуэшу щIакхъуэ Iыхьэр,
Уэсукхъуэхэм зэгъусэу дыхыхьащ.
Щхьэ тщыгъупща иджы здэдгъэва гуащIэр,

ЩІэщыгъуэ зэпымычу тщищІти гъащІэр!
КъыІэпокІыж зэманым цІыхур щхьэхьу,
Лъахъшыжь зэдэдгуэшахэри ехуэхыу,
ДызэфІокІуэд апхуэдэу дэри. Щыму.
Псалъэншэщ си ныбжьэгъухэр сэ иджыри.
Си псалъэхэм я ІэфІыр щІэхыу кІуэщІри,
Усэ сатырхэм хъуаи нэхъри хэщІ...
КъахокІ си гъуэгур сымыцІыху лъагъуищэм,
ЩІымахуэ ткІийщ дзыхь зэдмыгъэзхэм къишэр.
Зэпэмыджэж ди макъ, нэхъапэм хуэдэу,
Апхуэдэ дыдэу Хэкуми бын фІокІуэдыр.
ФІэкІуэдыр хуэпшыныжыркъым зэманым,
ЛІэщІыгъуи цІыхуи ирехьэж архъуанэм.

## ЖЭЩ ПСАЛЪЭМАКЪ

Игъахъэр махуэ псом ещтэжыр кІыфІым.
Гъуэгу нэшэкъашэм тегъуэща къыпфІэщІу,
ЩІыху цІыкІур щхьэж и унэ йокІуэлІэж.



— ПэІущІэм и уэздыгъэр пыбгъэна?
— Умыгузавэ, дахэ, пызгъэнащ.
— ТанэщІэр къэкІуэжакъым. Упежьат?
— КъэкІуэжри, жэмэщым щІэсхуэжащ.

ИтІанэ щым мэхъужхэр. Дауэщыншэщ.
Адакъэхэр куэд мыщІэу къэушынщ.
Щым щыхъукІэ унэр, жэщым пходэІукІыр,
Телъыджэ гуэрхэр кІыфІым къыхищІыкІыу...

— Си джанэм щІыІу къичати... ибдэжат?
— Ар издэжыну щхьэ сщыгъупщэжат?
— Умыгузавэ, ибдэжынщ пщэдей...
Нэху щынущ. Семызэгъ итІани жейм...
— Пхъэгъэсын тІэкІу, уигу къэкІыу, схуэпкъутат?
— Скъутащ, скъута... Мы жейм щхьэ сибгына?..

МахуэщІэщи, нэхутхьэхур къызэщІищІэм,
ПІэщІэгъуэкІэ я Іуэхухэм хагъэщІынщ.
Аргуэруи бжэ лъэмбым зэребакъуэу,
Я махуэ псор мэхъуж абы ІуэхущІапІэ.

Илъэс блэкIахэр хокIуэсэж хьэуам,
Жэщ дапщэм щыму нэпсхэр Iэпыхуа…
Нэхущым щогурымыр жьыбгъэ мащIэр,
Уоу, ди Тхьэ, тхьэмыщкIэм тIэкIу яхуэгумащIэ!

Адакъэхэр мыгувэу зэщIэIуэнущ…

* * *

Хэт зылъагъунур?.. Ди псэр пыт, пымыт?..
ЗэхэдгъэкIыжкъым зыкIи емрэ фIымрэ.
Дэ мащIэу допIэжьажьэ щхьэхуимыту,
Ди гъащIэм къыхэднэжкъым тщыщу зыри.
Ди лъакъуэр зэблыдох, ерагъыу, чэфу,
Ди лIакъуи дэ куэд щIауэ дымыщIэж…
Зэм-зэмкIэ зыкъэтщIэжрэ дыкъэплъэфми,
Гупсысэншагъэм пшагъуэм дыхешэж.
Хэт зылъагъунур? Ди псэр пыт, пымыт?
Iуэху гуэркIэ ди дыгъуасэм дыбгъурыт?
Iэнкуну дытоувэ, тфIэщIу удз дгъэхъей,
ЗыфIэмыIуэхухэр зыри, зикI къытфIэмыIуэху.
Зэм-зэм дыкъаплъэм, ди лъэр догъэхъей,
Ди унэм дыщыхьэщIэщ, ныбжьэгъуи тфIэмыIуэху.
Хэт жызыIэнур? Ди псэр пыт, пымыт?
ЗэхэдгъэкIыжкъым зыкIи емрэ фIымрэ.
Зыгуэрхэр ди пIэкIэ гугъуехь пэщIэтщ,
Дэракъым, хэтми, лъагапIэ зыубыдынур!
Дыпсэу? Е дымыпсэу? Зэгуэрым нэху щыжыну?
Щхьэхынэу едгъэдз ныбжьым Iэпкълъэпкъыр ихьэжынущ.

* * *

ЗэлъэщIыхьэжу кIуэнущи илъэсхэр,
Зэгуэрым псори и пIэ ихьэжынщ.
Щхьэж и къежьапIэ дынызэрыхьэсмэ,
Зэгуэр гурыщхъуэ тщIахэр ужьыхынщ.

«Ужьыхмэ губжьыр, зэ дысабырыжмэ»…
Апхуэдэу цIыхум зэш къызэренэкI.
Кхъуэщыным и щIэм кIэнтхъ етIысэхыжмэ,
Шагъырым и мэр мыкIуэдын афIэкI.

Щхьэлмывэ лъэщ нэхъей, мы дунеишхуэм
Гупсыси псалъи — псори ихьэжынщ.
Зэгуэрым, кIыфIыр жэщIрэ, дыкъэушмэ,
Щыуагъи пщIыи ткIэрыщэщыжынщ.

Зэм-зэмкIэ къыхощтыкIыр щIы хъурейр,
ИкIагъэ, гузэвэгъуэхэр щишэчкIэ.
ИтIанэ, щIылъэм лъэщу зегъэхъей,
ФIей псор зыкIэридзыжу, зэрифIэщкIэ.

«Ужьыхмэ губжьыр, зэ дысабырыжмэ»...
Зыгуэр телъыджэу уэгум щыхъуэпскIынщ.
Илъэсхэр щIылъэм щызэлъэщIыхьэжмэ,
Щхьэж и къежьапIэ нэху дыкъыщекIынщ.

## ДЫЩЫМЩ



Сыхъум. ИлъэсыщIэщ.
Тыдоч «Изабеллэ»,
Iэгубжьэм пшэплъ пIащIэу
Шагъырыр щыхъейуэ...

Дыщымщ илъэс хъуауэ,
Хьэуа жьэдыдошэ.
Псей щхъуантIэ къудамэм
Гупсысэр къыщожьэ...

Тамыщ. ИлъэсыщIэщ...
Тыдоч «Изабеллэ».
Ди жьэгум щоплъыжьыр
Дэп хъуаскIэхэр, лъейуэ.

Тамыщ. ИлъэсыщIэщ...
Къыдэджэ макъ хамэр
Зеяр къытхуэмыщIэ...

Тамыщ. Сыхъум.
Тамыщ. Сыхъум.
БлэкIащ ди къэкIуэнур.
Ди упщIэ нагъыщэхэм

Хуэдабзэщ я плъэкIэхэр
Жэщ плъыр хьэкIэкхъуэкIэхэм...

Сыхъум. Тамыщ.
Тамыщ. Сыхъум.
ИлъэскIэ, илъэскIэ иджыри дыщымщ.
Хьэуа деIубауэ,
Гъэ псом дыробауэ.

Сыхъум. Тамыщ.
Тамыщ. Сыхъум.
Зэманыр пытхъахуэщ.
Пытхъахуэщ цIыху гъащIэр.

Ди илъэсыщIэщ.
ДоIуб «Изабеллэм»
Пщыхьэщхьэ пшэплъ пIащIэу.

Ди илъэсыщIэщ.
Псей щхъуантIэ къудамэм
Гупсысэр къыщожьэр.
Къыдэджэ макъ хамэр
Зеяр къытхуэмыщIэ.

НэIу гуэрхэр долъагъури,
ТщIыхужкъым, куэд щIауэ...

Сыхъум. Тамыщ.
Тамыщ. Сыхъум.
Дыщымщ илъэс псокIэ.
Илъэс зи ныбжь пшыхьым
Пшэплъ пIащIэр тыдокIэ.



*ШэрыIужь Аслъэн Iэуес и къуэр Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм 1961 гъэм къыщалъхуащ. Илъэсий школыр абы къыщиуха нэужь, механизатор щагъэхьэзыру Старэ Шэрэдж дэт езанэ СПТУ-м щеджащ. Абы иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш институтым (иджы университетщ) щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэ-гъуэтащ — агроном факультетыр къиухащ.*

*Институт нэужьым здагъэкIуауэ щыта Тамбов областым щылэжьащ, дзэ къулыкъур щрихьэкIащ Сахалин хытIыгум. Къэбэрдей-Балъкъэр радиом зы илъэскIэ корреспонденту щыIащ. Къыщалъхуа къуажэм Гъуэгунокъуэм и цIэкIэ щызэхэта колхозым бригадиру, итIанэ тхьэмадэм и къуэдзэу щылэжьащ. Илъэс зыбжанэкIэ къуажэ администрацэм и Iэташхьэу щытащ.*



*Мы зэманым «Россельхознадзор»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ референт центрым и IэщIагъэлIщ.*

*IэщIагъэ хуэмыхъуами, Аслъэн зэрыцIыкIурэ литературэм дехьэх, тхылъ еджэныр зыхилъхьэ щыIэкъым. И гурыщIэ къабзэхэмкIэ нэгъуэщIхэм ядэгуэшэну хуей щIалэм езыми зыкъом щIауэ усэ етх. ЦIыхугъэм, лIыгъэм, пэжыгъэм, гуапагъэм, гущIэгъум укъыхуезыджэщ абы и IэдакъэщIэкIхэр.*

*Аслъэн и усэхэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытохуэ. 2011 гъэм дунейм къытехьащ абы и усэхэр щызэхуэхьэса «Фызигъусэщ» тхылъыр.*

*Ди гуапэу тыдодзэ ШэрыIужьым и IэдакъэщIэкIхэм щыщ усэ гуп.*

# ШЭРЫIУЖЬ Аслъэн

## СИ ХЭКУ

ЩIыналъэу щыIэм къахэщу
МыкIуэдыжыныр зи фащэ,
Гугъуехь хуэзами ерыщу
ПэщIэту фIыр зыхуэфащэ.

Зэнзэныпс къабзэу уипс уэрхэр
Бдзэжьей къуэлэнхэм я кIуапIэщ,

Бгым я нэхъыжь Iуащхьэмахуэ
ЗекIуэлI ерыщхэм я плъапIэщ.

Нарт гъавэр, хэлъу бэвыгъэр
Уи губгъуэ хуитхэм щагъэкIыр.
ЯмыщIэжыххэу и бжыгъэр
Къущхьэхъу уи Iэщыр йохъуэкIыр.

ГуфIэгъуэ хъуамэ, нэхъыжьхэм
Хъуэхъубжьэр жьантIэм щаIэтыр,
Пшынэм пхъэцIычыр дежьууэ
БжэIупэ джэгум зеIэтыр.

Къуэ къыхуалъхуам унагъуэщIэм
Мэбагъуэ лъэпкъри — гуфIэгъуэщ,
КъуэрылъхумI кхъуейплъыжькIэрыщIэ
ХуищIыну дадэ фIэигъуэщ.

Псэр пфIэзыхьэху тхьэIухудхэм
Я плъэгъуэ закъуэм щIэхъуэпсу,
Хуэпабгъэу лIыгъэм, шагъдийхэм
ЩIалэ къуданхэр мэшэсыр.

ЗыпэсщI щымыIэу си лъахэ,
Псэм пэсщI си хэку Къэбэрдей,
БлэкIа уи тхыдэм нэхъ дахэ
Ирехъу уи къэкIуэну пщэдейр!

*1987*

* * *

ЩIыпIэ жыжьэ сыщыIауэ
СыкъэкIуэжт зэгуэр.
Гъуэгу къэскIуам сригъэшауэ,
Хъуат къыстекIуэ жейр.

Къыстехьэлъэ хъуа къысфIэщIми,
Гъуэгум хызогъэщI.
Къызэпысчхэр мыхамэщIми,
Зыри уэ ппэзмыщI.

Мис, Псыхуабэ дыкъэсащи,
Си гур мэхъу пIейтей.
Адэжь лъахэр зыхищIащи,
Псэр нэгъуэщI хуэмей.

Балъкъ гъунэгъу дыкъыщыхуэхъум,
Жейр кIуэдыжыпащ.
Зы Iубыгъуэ закъуэ мыхъуми,
Псэр псым щIэхъуэпсащ.

Аддэ жыжьэу плъагъуу лъагэу
Iуащхьэмахуэ щытщ.
Езыр уардэу икIи пагэу
Плъыр мыжей пэлъытщ.

КъакIуэм жриIэу «фыкъеблагъэ»
Хуэдэщ япежьа.
Ежьэжар тхуэхъуауэ благъэ
Гъуэгу теувэжащ.



Урысейм ар нэхъ телъыджэу
ЩыIэу блым хабжащ.
Къытщхьэщытщ фIащам хуэпэжу,
Зэ зимыхъуэжа.

Пэжщ, хамэщIми, дахагъ Iэджэ
Сэри щыслъэгъуащ,
Ауэ еджэу малъхъэдискIэ
Куэд сыхуэмыза.

Уи щIыналъэм зэгуэр къихьэм
И псэр уощIыр гъэр,
Налшык къалэр зи щыхьэру
Къэбэрдей-Балъкъэр.

## АДЫГЭ КЪУАЖЭ

Сыт уи псэукIэ нобэ си къуажэжьым,
Сыту куэд нэхъапэм уэ уи нэгу щIэкIа,
Зэм узэхуахусу, зэм узэхагъэкIыу,
Уэ умыгъэвауэ гугъуехь къэнэжа?

Къэхъуащ уэ мафIэ къуадзу ущагъэси,
Уи щIэблэр щыхагъасхьи къыпхуихуащ,
УрагъэкIыпэу щIыпIэ узэрысым,
ЩIэрыщIэу щIэбдзэжын хуей куэдрэ хъуащ.

УащIыху зэхэзехуэн уэ Iэмалыншэу,
Къыпхуихуэрт уи цIэр куэдрэ щызэпхъуэкI.
А Iэпхъуэшапхъуэм и зэранкIэ тхыдэм
Къэхъут хъыбарыншэу ущыхэкIуэдыкI.

Адрейхэр псори зэреджэнур уи хьэм,
Уэ фIэпщыращ жиIакъэ пасэрейм,
Ди къуажэхэм зэреджэр си гум къихьэм,
ГущIыхьэ сщохъури, псэр егъэпIейтей.

БлэкIар блэкIащи, зыри тхуемыщIэжми,
Зэран къытхуэхъу дэ нобэ къытхэмыс,
Ди бгъэгум ину дэ дытеуIуэжу,
Дызыщытхъужу гупу дызэхэсщ.

Адыгэ къуажэу щыIэр къэдвгъэбжыжи,
ФIэщыгъэу яIэм девгъэгупсысыж.
Абы щыпсэухэм ди щхьэм пщIэ хуэтщIыжмэ,
Я адыгэцIэ дыдэр фIэдвгъэщыж!



## АНЭДЭЛЪХУБЗЭ

Псэр Iэпкълъэпкъым щIымыгъужмэ,
ГъащIэу иIэр иухащ.
Лъэпкъым бзэр Iурымылъыжмэ,
И пщэдейр дыгъуасэ хъуащ.

Зи дыгъуасэр зымыщIэжым,
И къэкIуэнур хуэмыубзыху,
Зи блэкIар зыщыгъупщэжым,
Имылъагъу пщэдейм и нэху.

Хамэ лъэпкъхэм я бзэр пщIэныр
Ар хъуэпсэгъуэщ — пцIы хэмылъ,
Зи анэбзэм епцIыжахэм,
Хэтми ар, едвгъэт нэмыплъ.

Адыгэбзэу си анэбзэ,
ПхужысIэфыр мыхъуми куэд,
Псэр мэгуфIэ убзэрабзэу,
Щызэхихк1э уи уэрэд.

Уэ ущыIэм — лъэпкъыр щыIэщ,
Уэ упсалъэм — лъэпкъыр псэущ,
ЩIэблэ къэхъум уагъэлъапIэу,
ЩIыр щытыху тхьэм уигъэпсэу!

## АДЭШХУЭ

ТхылъымпIэ щимэ дахэу зэкIуэцIылъхэр
Къыдихти пхъуантэм, нанэ зэкIуэцIихт,
Къопсалъэ хуэдэ жиIэрт и гурылъхэр,
КъыфIэщIт тхылъымпIэм уи мэ къыкIэрих.

Зауэ нэужьым гъэхэр блэкIыжами,
Химыхыу гугъэр нанэ екIуэкIащ.
Къыппэплъэу бжэр хуимыщIу къэпсэуами,
Ахърэтым и гугъапIэр ныздихьащ.

Ар дыдэр я хъуэпсапIэу бын къэплъхуахэм
Адэ и IэфI щIэбэгыу жьы хъужащ,
Ар къэгъэнауэ, быным и бынreceived

Сыт щыгъуи гъащIэм дыщыпхуэныкъуащ.

Тхэмытми зыри зылъэгъуа уи кхъащхьэр,
Къытхэмытыжми зэ иплъа уи нэгу,
Дэ нобэ псоми пхудогъэщхъыр ди щхьэр,
Уэ уэщхь дыхъуну сыткIи дыхущIокъу.

Аращи, макIуэ гъащIэр къэмыувыIэу,
Зэманыр къэхъукъым щIыбкIэ къыщикIуэт,
БлэкIа гъэ блыщIрэ тхур зауэ щымыIэу
Фэращ зи фIыщIэр — ар дымыгъэкIуэд.

Аргуэру соплъыр блыным фIэлъ сурэтым —
УщIалэщ, ноби зыкIи зумыхъуэж,
Уи быным и быныжу сэ сыщытми,
Сысейм зы щхьэц мытхъуауэ хэмытыж.

Шэч гуэри уи гупсысэхэм хэмыту,
Уэ щIэблэм я къэкIуэнум псэр щIэптащ,
ЩыIэххэу щытмэ зы фIы гуэр ахърэтым,
Къыщыплъысыну сыткIи къэблэжьащ!

## ФЕМЫУЭ ЗЭИ АДЭ-АНЭМ ЯГУ

Фемыуэ зэи адэ-анэм ягу,
Ар хуэдэщ дыгъэ къитым ди щхьэщыгу:
Хуабагъэ, нур къретыр зым ди щIыгу,
Адрейхэм тхуагъэнэху ди гъащIэ гъуэгу.

Фемыуэ зэи  адэ-анэм ягу,
Нэмыс фыхуеймэ дэлъыну фи жьэгу.
КъыфщIихумэ жьыгъэм фэри ижь зэгуэр,
КIуэдынкъым адэ-анэм хуэфщIа пщIэр.

Фемыуэ зэи адэ-анэм ягу,
КъатекIуэу жьыгъэр захъуэжами тIэкIу.
Къыфщыхъуми нэгъуэщI хъуауэ я гупсысэр,
Фэ фи къэкIуэнурщ ахэр зэгупсысыр.

Фемыуэ зэи адэ-анэм ягу,
Фыхуеймэ щывгъуэтыну гъащIэм гъуэгу,
ЗэщIыгъуу ахэр зиIэм фи насыпщ,
ЩымыIэу къызэрапщ уасэншэ мылъкущ.

## АДЭ-АНЭ

Адэ-анэр щызэгъусэм ар насыпым и къежьапIэщ,
Сабиипсэм ар зыхещIэ щегъэжьауэ и гущапIэм.
СщIэркъым щыIэу къару гуэри къиувэну абы и пIэ,
Сытым ар иумыгъэпщами, щыIэкъым абы нэхъ лъапIэ.

Анэр нэм ущыхуагъадэм, жаIэ адэр дэм ухуэдэу,
Нэмрэ псэмрэ зэхуагъадэ, анэм и псэр зым хуэмыдэ.
Адэр дэм зэрыхуагъадэм къикIкъым уэркIэ и гур быдэу,
Ар уи гъащIэм и хъумакIуэщ, аращ адэр зыгъэбыдэр.

Адэ-анэм фIы хуэпщIэнум — уэращ псомкIи абы хуитыр,
Бын гуфIэгъуэрщ адэ-анэм я пщIэр лъагэу къэзыIэтыр.

Уэ ухуеймэ пщIэ уиIэну, уи адэ-анэм ар лъыгъэс,
БгъэтIылъарщ уэ къэпщтэжынур — уигу игъэлъ ар махуэ къэс.

Зыхуэпсэухэм фи насыпщи, маржэ фхъумэ адэ-анэр,
БалигъыпIэ фиувами, щIэгузавэр фэращ анэр.
Дэ езым диIэжу щIэблэ дыхъужами адэ-анэ,
IэкIэ дигъэшхэн хьэзыру къегъэувыр ди анэм Iэнэр.

## ЩIАКХЪУЭ

Хэлъу слъагъумэ, щIакхъуэ сэ куэншыбым,
СфIощI зыгуэр къытехуэ си щхьэ щIыбым.
Сыт къыщIэхъур нобэ ди цIыхубэм
Щхьэм нэхъ лъапIэр щахь пхъэнкIий идзыпIэм?

Зауэм, гъаблэм, фэбжь къыттыридзахэм,
Я уIэгъэр нэсу мыхъужа,
Сыту щIэх тщыгъупщэжа дэ ахэр,
Щхьэ апхуэдэу акъыл кIэщI дыхъуа?

ЛъапIэныгъэу щIакхъуэм иIэм зы псэ
ЩыIэ хъункъым щIамыгъэджыкIа,
Щхьэ ди джийм ехам хугуитI зэгъусэу
Дыхъурэ языныкъуэр цIыху щыкIа?

Маржэ, цIыхухэ щIакхъуэр хыфIэвмыдзэ,
ЩIакхъуэм и гуэныхь пшыныжыгъуейщ,
А зы щIакхъуэм дапщэ хуей гуэдз хьэдзэу,
Дапщэ хуей пщIэнтIэпсу, — къэбжыгъуейщ.

ЩIакхъуэ зиIэм и гум уэрэдыщIэ
Къыщоуш, езыми имыщIэжу,
ЩIакхъуэм и гуэныхьым дыпэIэщIэу,
ЩреIу ди гум куэдрэ уэрэдыщIэ.

## КIУАЩ БЕТIАЛ

ЩыжиIэм егъэджакIуэм КIуащ БетIал,
Сеплъат къызгурымыIуэу, дэнэ?
ЗыщIыпIэ кIуауэ щытам, бетэмал,
Къигъэзэжынти, тхуэпсэунт ар куэдрэ.

МафIэ лыгъае зауэм щыIутам
Къихъумэу тхьэм, икIуат гъуэгуанэр,
ПсэзэпылъхьэпIэ дапщэрэ ихуам,
Зэрихьэу лIыгъэ ар къикIат архъуанэм.

Ар хэт ищIэн, нэгъуэщI зыгуэру гъащIэр
УмыщIэу къохъу зэманкIэ щыджэрэз,
ФIы гуэркIи узыщымыгугъ мыхъумыщIэр
НэхъыфIу мэхъур зэми къыщыщIидз.

Уэ гъащIэ гъуэгур тхьэшхуэм гъэкIэщIауэ
Къуитами, купщIэр изу къыщIигъуат,
ЕгъэзэкIуэж жыпIэну зэрымащIэр
Акъылрэ цIыхугъэшхуэкIэ гъэнщIат.

А зэман мащIэр нэсу, уегугъупэу
Уэ лъэпкъым ухуэлажьэу епхьэкIащ,
КупщIафIэщ къыщIэкIар уи къалэмыпэм,
Къуэ пэж и лъагъуныгъэкIэ гъэнщIащ.

Иджы соплъыж уи щIэблэм я щытыкIэм,
Зэ плъэгъуэкIэ хъуэпсэгъуэщ — уи гугъу ящI.
ИтIани, блэкIа псори щIэспщытыкIмэ,
Къытхэтщ уэ пхуэдэхэмкIэ зи гур нэщI.

Къытхэтщ, хуэхъумэм нобэ зытес шэнтыр,
Лъэпкъ Iуэхухэм щхьэкIэ зигу хэзымыгъэщI.
Армыхъумэ уи цIэр зезыхьэ уэрамыр
Щхьэ апхуэдизу кIэщI икIи нэщI?

## МАХУЭЩIЭ

ГъащIэм и дахагъэр зыхыуигъащIэу,
Пасэу къэкIуа гъатхэр къотхъутхъукI.
Зы зэпеуэ гуэр екIуэкI къыпфIэщIу,
Бзу уэрэд щхьэгъубжэм къыдоIукI.

Къэунэхуа махуэщIэм къыхурашу
Макъ бзэрабзэр нэхъри драшей.
ЩIы хъурейр а макъым къыдоушыр,
Ар зэхэзыхам иIэжкъым жей.

Пшэхэм я щIыбагъым къыкъуэплъ щIыкIэу
Дыгъэр гуфIэ нэкIуу къолыдыкI.
Жэщыр IэфIу кIуауэ нэху укъекIмэ,
ЩыIэкъым абы щымыгуфIыкI.

Дунейр зыщIу махуэ къэс щIэрыщIэ,
Пщэдджыжь дыгъэ, щIылъэр къэгъэнэху.
Уэ ущыIэу щытмэ, щыIэщ гъащIэ,
КъэIунщ уэрэдыщIи ущыIэху.

Къытхуеблагъэ махуэ къэс, махуэщIэ,
Уэ насып къэпхьыну дыпщогугъ,
Къыхурахыу цIыхухэм зыр зым Iэщэ,
Зы сабий мы щIылъэм щремыгъ!

## КЪЭБЭРДЕЙ УЭРАМЫМ



Пщэдджыжь дыгъэр гуфIэу, уэгум къолыдыкI,
Къэунэхуа махуэщIэм щIылъэр щогуфIыкI.
Нэхущ бзу уэрэдыр паркымкIэ къоIукI,
Къэбэрдей уэрамым цIыхухэр щызэблокI.

Гушхуа дыгъэр уафэм лъагэу къыщокIуэкI,
Ныбжь тридзэм махуэр ныкъуитI ирещIыкI.
Хъуами махуэ хуабэр пкъым тIэкIу къехьэлъэкI,
Къэбэрдей уэрамым цIыхухэр щызэблокI.

Пшапэр зэхэуами, унэм сыкъыщIокI,
Пшынэ макъ щхьэгъубжэм жыжьэу къыдоIукI.
IэрыщI псыутх цIыкIум псыр къреутхыкI,
Къэбэрдей уэрамым цIыхухэр щызэблокI.

Илъэсищэ бжыгъэр хуэмурэ йокIуэкI,
Хабзэм, ди псэукIэм куэд щызэрахъуэкI.
Налшыкыпсым щIыгъуу гъащIэр макIуэ, блокI,
Къэбэрдей уэрамым цIыхухэр щызэблокI.

## ДЖЭДУ IЭНИУАР

АдыгэлI нэсу Джэду Iэниуар,
Мы дуней псом щыIуащ уи хъыбар.

Жэныкъуей цIыкIум щепшэжьа лъагъуэр
Бразилие жыжьэм ишащ уи лIыгъэм.

Адыгэ лъэпкъым и пщIэр дэпхьейри,
Мо уафэгу лъащIэм щыбгъэлъэгъуащ.
Уи нэмыс лъагэм ныхудэплъейхэм
Дунейпсо щапхъэу укъалъэгъуащ.

Нобэ ди лъэпкъым уэ уринабдзэщ,
Дзыхэ зымыщIэу къэмыскIэр зигу.
Уэрэд хуаусмэ хахуэм и лIыгъэм, —
Щытхъум я щхьэжу щалъытэр ди щIыгу.

И пщIэр къэпIэту Джэду унэцIэм
ЩытыкIэ гугъухэм укъикIыфащ,
Адыгэ лъэпкъым хуэфащэ уи цIэр
ЛъагапIэ куэдым щыжебгъэIащ.

УэркIэ мэгушхуэ Урысеишхуэр,
Псыгуэнсу жылэу укъыщыхъуар,
ГъащIэ мытыншым мы дунеишхуэм
Ди лъэпкъэгъу куэду щрикъуухьар!



## СЫПХУЭНЫКЪУЭЩ

Ущыслъагъум япэу, си гур уэ птхьэкъуащ,
Уеблэм и къеуэкIэм зэуэ зихъуэжащ.
Уи теплъэ дахащэм псэр хьэщыкъ ищIащ,
Сыпэмылъэщыжу уэ ныпкIэлъежьащ.

Сэ жыIэдаIуащэу зэи сыщымытт,
Иджы си гухэлъым бэлыхь сыхигъэтщ.
Щынэ IэрыпI хьэлу, уи яужьым ситщ,
Езым згъэщIэгъуэжу, ар гум фIэфIу щытщ.

Си щхьэм емыкIу хуэсщIу, сызогупсысыж,
Уи гугъу сымыщIыну псалъэ зызотыж.
Ауэ уи сурэтыр нэгум щIэмыкIыж,
Гум зэрыппэIэщIэр хъуащ хуэмышэчыж.

Сэ уэ сыпхуэныкъуэщ икIи махуэ къэс
СызэрыпIуплъэнум щэхуу сыщIохъуэпс.
Сыщыхуейкъым гъащIэм зыри уэр нэмыщI,
Си гур пщIащи гъэр уэ, мылъыхъуэж нэгъуэщI.

Телефоныр къеуэм, ар уэра къысфIощI,
Узмылъагъуу махуэ дэкIмэ, си гур хощI.
Уи гущIэгъум сожьэ, уэ сыногупсыс,
Къысхуегъэхь, хъуххэнум, сэ зы СМС.

## СЭ ИДЖЫ СЫХУОПЛЪЭКIЫЖ СИ ГЪАЩIЭМ

Сэ иджы сыхуоплъэкIыж си гъащIэм:
СыткIэ щIым сэбэп сыщыхъуфа?
Сызыщыщ адыгэм, си лъэпкъ мащIэм,
Сыт Iуэхуфlу сэ хуэзлэжьыфа?

Ахэм сегупсысу сыздэщысым,
Си бгъэм сыщIеуэн къысхуэмыщIэж.
Зыгъэшахэм батэр сащымыщми,
Зэран сымыхъуауи къысщохъуж.

Зы зэман щыIащ си жьэнахуагъкIэ
Фэжагъуэхь сыхъуауэ щыщыта,
ЖэуаптакIуэу, мысэм я зэранкIэ,
Сэ утыку си закъуэу сыщита.

Къызыщыхъу щыIами сыщхьэхуещэу,
Си мыгуащIэдэкI къысхэмыхъуа.
Хамэм IуэхукIэ и щхьэ къызихьэлIэм,
Гулъытэншэ щысщIи къэмыхъуа.

Пэжщ, сэ ерыскъым селъэпэуакъым,
Къысхуащтам шыгъупIастэ сфIэфIу сшхащ,
Ауэ сщIа Iуэхутхьэбзэм хуэсщIу уасэ,
Къэмыхъуа сом гуэр зым щыфIэсшха.

Зыщ джэрэзу си щхьэм илъыр кIэншэу:
СхуэзыщIам зи гъащIэр щхьэузыхь,
Зыхуэфащэм сыткIи насыпышхуэ
Къэзмыхьауэ пIэрэ и гуэныхь?

Ахэм хуэмурэ сыздегупсысым,
Зызгъэзахуэу зыхужызоIэж:
Зылэжьам Iуэхушхуэ сащымыщми,
СлъэкIащ гъащIэм щыжысIэну пэж!

## СОГУФIЭ

СогуфIэ: ди гъунэгъум хэхъуэ яIэщ,
Куэд щIауэ зыщIэхъуэпс бын ягъуэтащ.
Хэплъэгъуэ хуэдэу щыта я дыгъуасэм
Насып мыухкIэ нобэм зихъуэжащ.

СогуфIэ: си ныбжьэгъум къешэ нысэ,
Адрейм дыгъуасэ маршынэщIэ къищэхуащ.
Си къуэш нэхъыщIэр, щIыгъуу и щхьэгъусэр,
ТIэкIу дыщысынхэщ, жари къытхуэкIуащ.

СогуфIэ: ди адэшхэм ящыщ гуэрым,
Къэрал дамыгъэ лъапIэ къратащ.
Ди къуажэ щIалэм хэкум и щыхьэрым
И кандидат лэжьыгъэр щыпхыкIащ.

СогуфIэ: щIым елэжьхэм блэкIа бжьыхьэм
Къэмыхъуа гъавэ бэв кърахьэлIащ.
Къэралым и спортсмен нэхъыфIхэм хэту,
Адыгэ щIали и цIэр къраIуащ.

СогуфIэ, ди жьэгу пащхьэм дэлъщи мафIэ,
Ди жьантIи нэщI мыхъуауэ ди анэр дэсщ.
Къуэрылъхухэм я IуэхуфIхэм иригуфIэу,
Я чэнджэщакIуэу ноби ябгъэдэсщ.

СогуфIэ, зы фIы гуэрхэр зэхэсхыхукIэ,
ФIыр ди хъуэпсапIэу дэри дыкъэхъуащ.
Уеблэм и гугъу ящIати симыфI гуэрым фIыкIэ,
Сэ хэхъуэ сиIэ хуэдэ сыгуфIащ!

# ГУЛЪЫТЭ ЗЫХУЭФАЩЭ



Дэтхэнэ лъэпкъ литературэми и гугъу щащIкIэ, къикIуа зыужьыныгъэ гъуэгуанэм щриплъэжкIэ, нэхъ щIэх-щIэхыурэ зи цIэ къыхагъэщ хабзэр абы и зэхэублапIэм деж щытахэмрэ тхыгъэ пIащэ зи Iэдакъэ къыщIэкIахэмрэщ, тхылъ нэхъыбэ къыдэзыгъэкIахэри абы хэтыжу. Ауэ «зы и уасэу щэ уэстын е щэ и уасэу зы уэстын» жыхуаIам хуэдэу, зы тхылъ-тхылъитI фIэкIа дунейм къытримыгъэхьами, и тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс хуищIыфауэ, и зы рассказ кIэщIри романышхуэхэм ефIэкIыу, апхуэдэ усакIуэ, тхакIуэ гъуэзэджэхэри диIэщ. Къызэрыхэдгъэщауэ, абыхэм я цIэр махуэ къэс цIыхубэм я бзэгупэ телъкъым, езыхэри щытхъупс зытрагъэлъадэхэми ящыщкъым, арщхьэкIэ языхэзри лъэпкъ литературэм и тхыдэм къыхэнащ, адыгэ щэнхабзэм увыпIэ щхьэхуэ щиубыдащ. НобэкIэ хуэфащэ гулъытэ зылъымысахэм ящыщщ усакIуэ, тхакIуэ Апажэ Ахьмэд. Дыщэр дыщэпс зэрыхуэмыныкъуэр тщIэ пэтми, Апажэм и творческэ щIэиным дыхэплъэжыныр, зымыцIыхухэр щыгъуазэ тщIыныр пщэрылъ зыщытщIыжащ.

Апажэ Ахьмэд Хьисэ и къуэр Шэджэм куейм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм 1939 гъэм июным и 6-м къыщалъхуащ – усакIуэт, тхакIуэт, егъэджакIуэт. 1968 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь, радиомрэ телевидениемрэ я хорым и артисту, КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и инспектору щытащ, Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ.

Апажэ А. жанр зэхуэмыдэхэм иту тхэуэ щытащ: усэхэр, повестхэр, рассказхэр, новеллэхэр, ауанхэр, гушыIэхэр и къалэмыпэ къыпыкIащ. Абы и зы повестрэ рассказ, новеллэ, гушыIэ зыбжанэрэ зэрыт «Зыпэмыплъа лъагъуныгъэ» тхылъыр 2001 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. Усэхэр щызэхуэхьэса «ГъащIэм и дерсхэр» тхылъыр 2010 гъэм дунейм къытехьащ. КъищынэмыщIауи, Апажэм и усэхэр «Къэбэрдей усэм и антологием» хыхьащ.

Усыгъэр щхьэхуэу къапщтэмэ, гъащIэм и теплъэгъуэ куэд къыщызэщIэкъуащ – сабиигъуэри, «щIалэгъуэ-тхъэгъуэри», лъагъуныгъэ къабзэри, гъащIэм и хабзэ ткIийхэри. УсакIуэм и тхыгъэхэм къыхэщ дуней лъагъукIэмрэ абы и къэIуэтэкIэмрэ усыгъэ лъагэм и мардэм тетщ, усэхэм я гъэпсыкIэр ныкъусаныгъэншэу щымытми. Абыхэм я лирикэ лIыхъужьыр фIым и лъыхъуакIуэщ, захуагъэм хущIэкъущ, «Аращ насыпу сэ къэслъытэр» усэм къызэрыхэщымкIэ,

гъащIэм гъуазэу щиIэр пэжыгъэрщ, ныбжьэгъугъэрщ, цIыхугъэрщ, лэжьыгъэ хьэлэлырщ, мыхъумыщIагъэхэм запыIудзынырщ, гуэныхь зыпылъым къыпэкIухьынырщ. Мис усэм щыщ пычыгъуэ:

*Сэ батэр згъэшу, зызгъэбэлыхьу*
*Зезмыхъэми къулыкъушхуэ,*
*<...>*
*Нэхъыжьым хуэсщIу пщIэ, нэмыс,*
*Сабийр згъэгуфIэу, фIыр си плъапIэу,*
*ЗгъэлъапIэу фIыуэ слъагъу ныбжьэгъур,*
*<...>*
*Хьэлэлу, си гур зэIухауэ*
*Сахэтщи цIыхум махуэ къэс,*
*Си дежкIэ псоми я нэхъапэу*
*Аращ къэслъытэр сэ насыпу!*

Апажэ А. и усыгъэм бзэм и художественнэ Iэмалхэм куэдрэ ущрихьэлIэркъым, ауэ къыщигъэсэбэп зэзэмызэми ахэр усакIуэм къохъулIэ. ЖытIар «ЩIалэгъуэ» усэм щыщ мыпхуэдэ сатырхэм деж щынэрылъагъущ:

*Ди гурылъхэр къэттIэтауэ*
*Дист дэ гъатхэ губгъуэм.*
*Къежьу хуэдэ ди гуфIэгъуэм,*
*ЩIикъутыкIырт ныбгъуэм.*
*<...>*
*УкIытэхыу данэпс пIащIэм*
*Къызэпхыплъым хуэдэу,*
*Пшэ щэджанэу и щхъэтепхъуэм*
*ЗыщигъафIэрт мазэм.*

Мы щапхъэхэм адыгэбзэм и IэфIыр зыхыуагъащIэ: ахэр зэгъэпщэныгъэ, метафорэ, эпитет гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIащ.

Апажэ А. и прозэ тхыгъэхэми лъэпкъ литературэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыдащ. «Зыпэмыплъа лъагъуныгъэ» тхылъым иту дунейм къытехьащ а фIэщыгъэ дыдэм щIэт повестымрэ рассказ («Хуэмызар лIыфIщ», «ЦIыху псэ къабзэ», «Хэт и гугъэнт?», «Ахъшэншэу сыкъызэрыкIуэжар», н.), новеллэ («Сенычыпэм и къарур», «Ину яхужымыIэу, щэхуу яхуэмыIуатэу», «Уи тепIэн еплъи, уи лъэ укъуэдий», н.), ауан («Щхьэгъусэ гъэсэкIэ», «Iэзэм и жэуапыр», н.), гушыIэ («Уи мыгъуэлъыпIэ угъуэлъмэ», «Насыпыр къызыдэкIуэри зыдэкIуэжри пщIэнукъым», «IэштIымри сэбэп щыхъу щыIэщ», н.) зыбжанэрэ.

«Зыпэмыплъа лъагъуныгъэ» повестым и сюжетыр лъэпкъ литературэм щыщIэщыгъуэщ, сыту жыпIэмэ абы къыщыIуэта лъагъуныгъэ хъыбарым хуэдэхэр адыгэм и гупсысэкIэми, и дуней лъагъукIэми пэжыжьэщ. АрщхьэкIэ ар фIэщ щIыгъуейуэ щыткъым, апхуэдэ хъыбархэри гъащIэм щыщщ. Повестым и лирикэ лIыхъужьым езым нэхърэ илъэс куэдкIэ нэхъыжь фызабэм гухэлъ хуещI. А гухэлъым къэкIуэну

иIэрэ имыIэрэ тхакIуэм дыщигъэгъуазэркъым, ауэ Хьэмид игу илъ IэфIагъыр ХьэIишэт хуиIуэтауэ повестыр еух. Зэ еплъыгъуэкIэ, тхыгъэм и сюжетыр нэмыщIысауэ пфIэщIынуми, тхакIуэм и къалэн нэхъыщхьэр абы щигъэзэщIащ – тхылъеджэм и пащхьэ гупсысэ куу кърилъхьащ: апхуэдэ щытыкIэ цIыхур щихуэм и деж акъылкIэ зэригъэзахуэр япэ игъэщыпхъэ хьэмэрэ гъащIэм и хъугъуэфIыгъуэу къалъытэ лъагъуныгъэм и лъагъуэмкIэ дэдзыхыпхъэ?! ТхакIуэм а упщIэр зэIухауэ къегъанэ.

И сюжеткIи, къыщыIэта IуэхугъуэкIи, псом хуэмыдэжу и зэхэлъыкIэ, ухуэкIэ и лъэныкъуэкIэ укъыщеплъми, «Зыпэмыплъа лъагъуныгъэр» рассказым нэхъ пэгъунэгъущ. Повестым зэрыщыхабзэу, мыбы пIалъэ кIыхь е цIыху куэд зыхэт Iуэхугъуэ къызэщIиубыдэркъым, тхыгъэм щIэлъ гупсысэр псори зэхьэлIар зэгуэкIуахэм я лъагъуныгъэрщ, аркъудейми зэфIэхыпIэ гуэр тхакIуэм къыхуигъуэтакъым.

Дызэрыт лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэ дыдэм адыгэ литературэм ехъулIэныгъэ ину зыIэригъэхьахэм яхэлъытапхъэщ Апажэ А. и новеллэхэу «Зыпэмыплъа лъагъуныгъэ» (2001) тхылъым иту дунейм къытехьахэр – «Сенычыпэм и къарур», «Уи тепIэн еплъи, уи лъэ укъуэдий», «ХъумпIэцIэджым и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ», «Ину яхужымыIэу, щэхуу яхуэмыIуатэу», «Кондицэ» жыхуиIэхэр. Ахэр жанрым и зыужьыныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэтахэм ящыщщ.



Новеллэм зэрыщыхабзэу, Апажэм и IэдакъэщIэкIыу къедбжэкIахэм анекдотым и нэщэнэхэр яхыболъагъуэ: я сюжетыр гушыIэ щабэрэ щIагъыбзэрэ щIэлъу ухуащ. Жанрым къызэригъэувым тету, тхыгъэхэр кIэщIу тхащ, абы къыщыхъу-къыщыщIэр зы Iуэхугъуэм ехьэлIащ, махуэ къэс узрихьэлIэнкIэ хъуну къэхъугъэхэм тегъэпсыхьащ, абы щыгъуэми мистикэ мотив фIэщ щIыгъуей гуэрхэри хэлъщ. Романтизмэм и лъэхъэнэм зызыужьа новеллэ лIэужьыгъуэм и щапхъэм тету, Апажэм и IэдакъэщIэкIхэр цIыхум и психологиер къэгъэлъэгъуэным, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр къызэпкърыхыным хуэхейщ. Адыгэ тхакIуэ куэдым конфликт гуащIэ зращIэкI, драматизм куу хэлъу къратхэкI Iуэхугъуэхэр Апажэ А. гушыIэ щабэ щIэлъу, хъыбарыжьым хуэдэу къригъэкIуэкIыурэ, къеIуатэ, абыкIи адрейхэм къащхьэщокI. Абы щыгъуэми новеллэхэм философие куу ящIэлъщ.

«Уи тепIэн еплъи, уи лъэ укъуэдий» новеллэм и гупсысэ нэхъыщхьэр «щыкIыр насып укIыжу» зэрыщытырщ, сыт хуэдэ Iуэхуми егъэлеиныгъэ хэлъын зэрыхуэмейрщ, узэрыщымыт зыпщIыным фIы зэрыщIумыхырщ. Тхыгъэм къыхэщ Бжьэдыгъухэ я унагъуэм мылъкуу ябгъэдэлъ жэм закъуэмрэ шымрэ ящэжри, я пхъум сом миний и уасэ шубэ къыхуащэху. Жылэм ар щIэнэкIалъэ ящI, сыту жыпIэмэ хуиту зышхын зымыгъуэт унагъуэм зи дэкIуэгъуэ хъуа я пхъур «ягъэпIиин» папщIэ, апхуэдэ «Iэмалым» хуокIуэ, шубэм псэлъыхъу къулей «къишэну» щыгугъхэу. Ауэ «шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым» жыхуаIэрати, хъыджэбзым и шубэр хъунщIакIуэхэм трах, унагъуэри малъхъэншэу икIи мылъкуншэу къонэ.

Сюжетыр зэрыгъэщIэгъуэным нэмыщI, тхыгъэр зэрытха бзэри къулейщ. ТхакIуэм хьэблэ фызхэм я нэкIэ Iуэхум хэплъэн хузэфIэкIащ, абыхэм я бзэкIи тхыгъэм щыпсэлъэфащ. Мис зы пычыгъуэ:

*«– Ей, Сэлимэт, умуслъымэнмэ, зы дакъикъэкIэ моуэ къэкIуати, мо яшхын ямыIэу жызыIэу махуэ къэс къытхуэтхъэусыхэ зэлIзэфызым, сом миний ирату, а япхъу щхъэкIурахъэм къыхуащэхуа шубэм еплъыт! – къыIурылъэлъырт Хъэужан, щхъэгъубжэм дэплъурэ хъыджэбзым здыкIэлъыплъым. Сэлимэти, къэтэджри абы бгъэдэувауэ, жэуап иритыж щIыкIэу жиIэрт:*

*– СлIожь сеплъмэ, «щыгъын гуащэщи, ятIэ пщы унэщ», жыхуаIэращи, дахэкIейщ. ПхузэфIэкIрэ къызэрыпщэхун уиIэу апхуэдэ шубэ уи хъыджэбз зэрыщыгъын. Ауэ, «Уи тепIэн еплъи, уи лъэ укъуэдий» жыхуаIэ псалъэжьым емыгупсысхэу, зи жэмыжьымрэ зи шыжьымрэ зыщэжу сом миний и уасэ а лъапсейр япхъу къэжэпхъа къудейм къыхуэзыщэхуахэр губзыгъэу, Алыхь, сэ уэ жызумыгъэIэн!»*.

Мыпхуэдэ диалогхэм тхыгъэр нэхъ гъэщIэгъуэн ящI къудейкъым, атIэ къызэрыгуэкI жылагъуэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ щытыпхъэ новеллэм и къупхъэм ар ирагъэзагъэ.

«ХъумпIэцIэджым и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ» новеллэми лъабжьэ хуэхъуар гъащIэм узыщрихьэлIэнкIэ хъуну зы Iэхугъуэщ. Жанрым и хабзэхэм языхэзу мы тхыгъэм «парадокс»-кIэ зэджэ зы къэхъугъэ къыщыIуэтэжащ. Хьэлъэзешэ машинэ ису лажьэ Зураб унэм кIуэжу гъуэгурыкIуэ гуэр кърегъэтIысхьэри здешэж. Абы здепсэлъылIэм, Зураб зегъэщIагъуэ, мылъкушхуэ къызэрилэжьыфыр къыхигъэщу и щхьэ щотхъуж, ГАИ-м къагъэувыIэ хъужыкъуэмэ, абыхэм зэрафIэкI «Iэмалхэми» и гугъу ещI. АрщхьэкIэ абы сыткIэ ищIэнт и псэлъэгъур езыр полицэм и нэхъыщхьэу? Мыбдежым тхыгъэм хэлъ драматизмыр щыщIохуабжьэ, тхакIуэм психологие Iэмалхэр къигъэсэбэпу щIедзэ, Зураб къыщыщIа щIэщхъур зэригъэвыр, гушыIи ауан мащIи хэлъу, ди пащхьэ кърелъхьэ: *«ТIэкIу-тIэкIуурэ къыпкърыхьа гузэвэгъуэм къыпхихуа пщIэнтIэпс щIыIэр IэщIыбкIэ ирилъэщIэкIри, Iэпэм едзэкъэжу ежьэжащ ар. «Емынэунэ ухъу дыкъыщежьэжым а аркъэ литрэм дезыгъэфа ХьэпIотI. Ар мыхъуамэ, а къомыр къэзврэт сэ сытми? Япэ узыхуэзэм уи дзыхь иумыгъэз щIыжаIэр мис аращ. Ауэ хъумпIэцIэджым и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ, жыхуаIэм ещхъу, сщIэртэкъым сэ нобэ сыщIэетар»*. Мыпхуэдэ сюжет зэфIэхыкIэр, узыпэмыплъэ, укъэзыгъэуIэбжь кIэух тхыгъэм етыныр новеллэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ, ар тхакIуэм къызэрехъулIар нэрылъагъущ.

Апажэ А. и новеллэхэм я щхьэхуэныгъэхэм ящыщу нэгъуэщI зыи къыхэгъэщыпхъэщ: жанрым и хабзэхэм тету абыхэм къэхъугъэ гъэщIэгъуэн дыдэхэр къыхощ, ауэ сюжетыр укъэзыгъэуIэбжьымкIэ триIуэнтIэн ипэкIэ (апхуэдэр къыщыхъу хабзэр тхыгъэр и кIэухым щынэблагъэм дежщ), тхакIуэм тхылъеджэр абы хуегъэхьэзыр, мыпхуэдэ жыIэкIэхэр къигъэсэбэпкIэрэ: *«зэрагъэщIэгъуэнумрэ зэрыжаIэну щIыкIэмрэ къахуэмыщIэу телъыджэ къэхъуащ»* («Ину яхужымыIэу, щэхуу яхуэмыIуатэу» новеллэм); *«мы Iуэхум гъэщIэгъуэну хэлъыращи...»* («Кондицэ» новеллэм). Апхуэдэ псалъэухахэм, Апажэм и новеллэхэм хабзэ зэрыщыхъуащи, ищхьэкIэ къыхэдгъэща Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн дыдэхэр къыкIэлъокIуэ.

«Ину яхужымыIэу, щэхуу яхуэмыIуатэу», «Кондицэ» новеллэхэм, жанрым и зы нэщэнэу, мистикэ мотив къызыхэщ къэхъугъэхэр, диным, ухыгъэм ехьэлIа гупсысэхэр хэухуэнащ.

«Ину яхужымыIэу, щэхуу яхуэмыIуатэу» новеллэм лъабжьэ хуэхъуар дунейр къызэриухуэрэ гъащIэм къыдекIуэкI зы Iуэхугъуэщ – гуащэхэмрэ нысэхэмрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжырщ. Тхыгъэм и персонаж нэхъыщхьэ Жандузхъан сымаджэ хъууэ пIэм къыщыхэнэм, нысэхэм, яфIэмыфIыщэми, зэрахьэн хуей мэхъу, куэд дэмыкIыуи дунейм йохыж. Нысэхэм ар гущIыхьэ ящыхъуа хуэдэу защIыми, хьэл гугъусыгъу зиIа гуащэр зэращхьэщыкIам ягукIэ ирогуфIэ икIи абы и уэсятыр – Бытырбыху щеджэ пхъу нэхъыщIэр къэсыжыху щIамылъхьэу пагъэплъэныр – Iэмал имыIэу гъэзэщIэн хуейуэ ягъэув, уеблэмэ хьэдэр апхуэдизрэ щыбгъэлъ мыхъуну жызыIэ ефэндыми йохъурджауэхэр, ауэ, новеллэм зэрыщыхабзэу, езы тхакIуэми зэритхыу, «телъыджэ къэхъуащ». Пхъур къэсыжу макъ инкIэ анэр игъейуэ щыщхьэщылъадэм, Жандузхъан телъыкIауэ арати, и нэхэр игъэупIэрапIэу, къэхъуар къыгурымыIуэу, къэушыжащ. Ар нысэхэм сыт хуэдизу гущIыхьэ ящымыхъуами, псынщIэ-псынщIэу зэрыщIрамыгъэлъхьам хущIегъуэжами, абы иужькIэ гуащэр иджыри илъэситхукIэ псэужащ. Жандузхъан етIуанэу дунейм щехыжам, жьы трамыгъапсэу щIалъхьащ.

ИщхьэкIэ дызыхэплъа тхыгъэхэм наIуэ къызэращIащи, Апажэ А. и новеллэхэр къеджэгъуафIэу, сюжетым удихьэхыу, жанрым и къупхъэм изагъэу, абы и хабзэ нэхъыщхьэхэм тету тхащ. Тхыгъэхэм къетхэкI леи, гурыIуэгъуейуэ зэхэухуэна гупсысэ зэрызелъафи хэплъагъуэркъым. Ахэр кIэщIщ, зытепсэлъыхьыр нахуэщ, щIыпIэщIыпIэкIэрэ дыхьэшхэнщ, языныкъуэхэм деж дыхьэгъщ, нэхъыщхьэращи – Апажэм и новеллэхэр гъащIэм щыщщ, цIыхухэм я зэхэтыкIэм гуэхыпIэ имыIэу епхащ. Ахэр зы лъэхъэнэ гуэрым тегъэщIакъым, атIэ сыт хуэдэ зэманми жылагъуэм къыдекIуэкI проблемэхэм тегъэпсыхьащ, аращ, я пIалъэ имыкIыжу, жьыми щIэми яфIэгъэщIэгъуэну, а тхыгъэхэр уахътыншэ зыщIари.

Зи гугъу тщIа псоми къызэщIэкъуауэ ухэплъэжмэ, жанр зэхуэмыдэхэм щылэжьа Апажэ Ахьмэд лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэм и гуащIэ хъарзынэ зэрыхилъхьар къыхэгъэщыпхъэщ, псом хуэмыдэу и новеллэхэр адыгэ новеллистикэм и хэлъхьэныгъэ хъуащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

*Усэхэр* АПАЖЭ Ахьмэд

## СИ САБИИГЪУЭМ ЩIИIЭФIЫГЪУЭМ

Си сабиигъуэм щиIэфIыгъуэу
Сэ псори щызищIэщыгъуэм,
Сэхураныщхьэ гъэгъауэ
СлъагъухукIэ дыгъэм езгъэщхьырт,
СылъэмыIэсу, лъапэпцIийуэ,
Къесшэхти стелъу гугъуехьыр,
Сыдихьэхауэ и дахагъым,
Дэслъэу си Iэпэхэр и напэм,
СIыгът ар зыкъомрэ седэхащIэуи,
ПысщIыкIмэ, жысIэу сыхуэсакъыу,
ЩызутIыпщыжкIэ сыпIейтейуэ,
Зэ сышэсыжырти си чышым,
Сихъу-силъу, си джэгуэгъу цIыкIухэм
Сакъытежыну сыхуейуэ,
Сахэлъэдэжырт сылъейуэ!
Мо махуэ кIыхьу хуабэвэхым,
Жьэражьэу дыгъэр щхьэгум щитым,
Дунейр тIэу пкIэгъуэ къысщымыхъуу,
Хьэ джэгур сщIырэ си гур хэхъуэу,
Теспхъуэту си лъэр къэплъа пшахъуэм,
Сыдэтт сэ фIыщэу слъагъу ди псыхъуэм.

## ЩIАЛЭГЪУЭ

Жэщыр фIыуэ хэкIуэтат,
ФIэкIат гъуэлъыжыгъуэм.
Дэри икъукIэ дитхьэкъуат
IэфIу лъагъуныгъэм.
Ди гурылъхэр къэттIэтауэ
Дист дэ гъатхэ губгъуэм.
Къежьу хуэдэ ди гуфIэгъуэм,
ЩIикъутыкIырт ныбгъуэм.
И щхьэцышхуэр зэсшэкIауэ
Сыбгъурысти пщащэм,
Жьыр си дахэм къехъуэпсауэ

Ещхьт къызэIущащэм.
УкIытэхыу данэпс пIащIэм
Къызэпхыплъым хуэдэу,
Пшэ щэджанэу и щхьэтепхъуэм
ЗыщигъафIэрт мазэм.
КъэсшагъащIэ си нысащIэм
Ар сэ езгъэщхьауэ,
СедэхащIэрт си хур пщащэм,
И куэщI зизгъэщIауэ.
Уо! Делэгъуэ, сыту тхъэгъуэ
ГъащIэр ущIалэху!
Тхуримыкъуу дунейр тIэу пкIэгъуэ
Къыттещхьат дэ нэху.

## ИСЩ АХЭР ХАДЭМ НАСЫПЫФIЭХЭУ

ГуакIуащэщ жэщыр удихьэхыу,
МазэщIэм нурыр къыщхьэщех.
Жейм емызэгъыу пщащэ дахэм
Шыгъуэгу щхьэгъубжэр къызэIуех.
Арыххэу, зыкIи пэмыплъауэ,
ФIыуэ илъагъум и макъ щабэр
«Къыдэлъ щхьэгъубжэм» — жиIэу щэхуу
Гум хыхьэу гуапэу щызэхихкIэ,
Хабзи, нэмыси, зышыIи,
Iимани, дини, къэувыIи —
Зыри а пщащэм имыщIэжу,
Хуэмыубыдыжу гур зелъатэу,
Тхьэрыкъуэу занщIэу зыкъипхъуатэу
ЩIалэм и IэплIэм къыщихутэкIэ,
Дуней гуфIэгъуэр а тIум яIэрэ,
Я Iэхэр быдэу зэрыIыгъыу,
А напIэзыпIэм гъуэбжэгъуэщу,
Зыщагъэбзэхри жыг хадэм,
Мо жэщ дахащэу псэр зыхьэхум
ЗыщамыгъэнщIу яфIэIэфIу,
Нэху къатещхьэхукIэ я тхъэжыгъуэу
Исщ ахэр хадэм насыпыфIэхэу!

# ГЪАЩIЭ

Зи щэхухэр зыми къыхуэмыщIэу
Дэ псоми ди судыщIэу, гъащIэ,
СщIэркъым сэ щыIэу уэ нэхъ гуащIэ,
СыщогупсыскIэ, сохъу гумащIэ.
Узэрыгугъум сигъэштауэ
Сытхьэусыхэркъым, зэгъащIэ,
Е сыбгъэфIащэу сыщыкIауэ
Сыхъуауэ аркъым сэ еIуящIэ.
Сэ уи IэфIагъыр фIыуэ сощIэ,
Дыдж укъыщыхъури зыхызощIэ.
Ауэ дапщэщи сщIэр сфIэмащIэу
ФIагъ гуэр злэжьыным сыхуопIащIэ.
Урещхьщ зыкъомкIи уэ пщIыхьэпIэм,
УхэкIкъым зэикI ди гугъапIэм,
Ауэ, итIани, напIэзыпIэм
Зыр щIыбогъанэри насыпкIэ,
Адрейм хуумыщIу зы гущIэгъу,
Йогъэжыхьыжыр псыр и щIапIэм.
Арщхьа, сыт хуэдэу умыткIийми,
Бзаджэ зыщIауэ фIым щыгугъым,
Хьэрэму псэун зи нэрыгъым,
Къысхуогъу жызыIэу удэфам,
Анэ быдзышэу ирифам
И хьэкъыр зымыгъэпэжам,
ЗебгъэцIыхужу а щыкIам,
Уэ пхэлъщи ину зы захуагъэ,
Уи пIалъэ зыщIэм тхьэусыхэу
КъыпхуищIкъым зыкIи уэ губгъэн.
Аращи, куэдрэ сумыгъафIэми,
Сэ, гъащIэ, уэ сыпхуэарэзыщ,
СызэролъэIури мы зырщ:
Си гуащIэм къихьыр, мащIэ-куэдми,
ЗыгуэркIэ цIыхум хуэхъумэ щхьэпэ,
Сесащи сщыхъуу ину гуапэ,
Сымыхъуу цIыхухэм япэIэщIэ
Си гъащIэ Iыхьэу къэзгъэщIам,
СынасыпыфIэу сыпсэуауэ
Зыслъытэжынти, сигу зэгъауэ,

Сыщылlэ махуэм фlыщlэ пхуэсщlу,
Сыгуфlэу дунейм сехыжынт.

## АРАЩ КЪЭСЛЪЫТЭР СЭ НАСЫПУ

Сэ батэр згъэшу, зызгъэбэлыхьу
Зезмыхьэми къулыкъушхуэ,
Сыузыншэу, си лъэм сызэрихьэу,
Хьэрэм сымышхыу, слъэкlыр злэжьу,
Нэхъыжьым хуэсщlу пщlэ, нэмыс,
Сабийр згъэгуфlэу, фlыр си плъапlэу,
Згъэлъапlэу фlыуэ слъагъу ныбжьэгъур,
Жагъуэгъур хъууэ сфlэтхьэмыщкlэ,
Щыкlар сымыщlу пэщlэщlэгъу,
Сыт щыгъуи гъуазэу пэжыр сиlэу,
Жысlэфу тыншу сызыхуейр,
Хуиту мы дунейм зыщызгъазэу,
Къэзмыхьу зыми и гуэныхь
Хьэлэлу, си гур зэlухауэ
Сахэтщи цlыхум махуэ къэс,
Си дежкlэ псоми я нэхъапэу
Аращ къэслъытэр сэ насыпу!

*Новеллэхэр*

АПАЖЭ Ахьмэд

# ИНУ ЯХУЖЫМЫIЭУ, ЩЭХУУ ЯХУЭМЫIУАТЭУ

Я унагъуэм исхэри, хьэблэм дэсхэри зи ткIиягъым фIэлIыкI, сыт щыгъуи екIуу хуэпауэ цIыхум яхыхьэ-яхэкIыжу щыт, зи узыншагъэм и ныбжьэгъухэр ехъуапсэ зэпыту езыхьэкI мо фыз дэгъуэшхуэр, зэуэзэпсэу узым зэщIиубыдэу, пIэхэнэ зэрыхъурэ зэманыфI дэкIат. Дэтхэнэ сымаджэри апхуэдэ щытыкIэ гугъум къыщихутам деж, абы сыт хуэдиз пхъашагъ, ткIиягъ хэмылъами, «ущытмэ, далъи, ущылъмэ, убзэ», жыхуаIэ адыгэ псалъэжь Iущым тету, тIэкIу нэхъ IэтIэлъатIэ, нэхъ гу щабэ хъу хабзэщ. Ауэ ерыщыр щыту малIэ, жыхуаIэм хуэдэу, Жандузхъан кIуэ пэтми нэхъ бэмпIэгъуэ, нэхъ къиин, нэхъ тэмакъкIэщI хъу мыхъумэ, зыкIи нэхъ тIасхъэ хъуртэкъым, хъунуи и мурадтэкъым. Арати, илъэситIым щIигъуауэ, шыIэныгъэшхуэ яхэлъу, гъуэрыгъуэурэ сымаджэр зезыхьэ и нысэхэм, ину яхужымыIэу, щэхуу яхуэмыIуатэу, къаIэщIэужэгъуэпа Жандузхъаныр зы пщэдджыжь гуэрым къызэIыхьэу, джэджьейм хуэдэу, къащыIэщIэлIэм, гъы-бжэ хуэдэу защIа щхьэкIэ, ар абыхэм я жагъуащэ зэрымыхъуам шэч хэлътэкъым. Ауэ иужьрей зэманым, увыIэгъуэ имыIэу, Жандузхъан абыхэм къазэрелъэIуу щытар и нысэхэм я мызакъуэу, я гъунэгъухэми куэдрэ зэхахати, ар убзыщIыну Iэмал зимыIэжт: «СылIа нэужь, махуитI-махуищкIэ фыпэплъэн хуей хъуми, Бытырбыху щеджэ сипхъу нэхъыщIэр къэсыжу къысIумыплъэжауэ, сыдевмыгъэхыну си нысэхэм сынывролъэIу».

Арат гуащэм и нысэхэм уэсяту къахуигъэнар. Ауэ мыр къысхуэзыIуэтэжа къуажэ ефэндым ар яхуимыдэу, «ЩIымахуэу щытами, зыгуэрт. Ауэ мы хуабэвэхым хьэдэр апхуэдизрэ щыбгъэлъ хъурэ, зиунагъуэрэ?» – къащыжриIэм, абы щIригъэгъуэжыну и гугъа зэнысэгъухэр, езыр зэрыхуеям хуэдэу, тIасхъэ цIыкIуу къыхущIэкIакъым. Зэрыбзаджэхэм и щIыIужкIэ, игъащIэ лъандэрэ цIыху цIыкIум къадекIуэкI фэрыщIагъри мымащIэу зыхэлъ абыхэм, цIыху къызэхуэсахэм фIыщIэ зыхурагъэщIу, «Зи насып, дунейм ехыжа я гуащэм апхуэдизу хуэпэжу, мы Жандузхъан и нысэхэр сыту цIыху хьэлэмэту къыщIэкIа», – жрагъэIэмэ нэхъ къащтэу къыщIэкIынти, псоми зэхахыу, быдэу яукъуэдиящ: «АлейкIэ зумыхъунщIэ, Хьэжмусэ, иужьрей дыдэу дэ а тхьэмыщкIэм хуэтщIэжыфынур аращи, а къыщIыдэлъэIуар дымыгъэзэщIэнкIэ Iэмал иIэкъым». Апхуэдэу щыхъум, телеграммэ зыхуаутIыпща хъыджэбзыр суткэ-суткитIкIэ къэмысыжу, зыгуэркIэ къэгувэ хъужыкъуэмэ, махуэ ещанэм сыхьэтыр щым фIэмыкIыу хьэдэр дахыну абыкIэ зэгурыIуахэщ. Арати, зэрыщIалъхьэнум хуагъэхьэзырауэ, зи хъуреягъкIэ жьыху зыбжанэ къызэгъэувэкIауэ пэш щIыIэтыIэм суткэ ещанэ хъуауэ щIэлъ Жандузхъан щыдахыну ягъэува пIалъэм щынэс дыдэм, зэхэзыххэм зэрагъэщIэгъуэнумрэ зэрыжаIэну щIыкIэмрэ къахуэмыщIэу, телъыджэ къэхъуащ.

Къэхъуар мырат: Жандузхъан унэм къыщIахыным дакъикъэ бжыгъэ фIэкIа къэмынэжауэ, псори зыпэплъэ и пхъур гужьеяуэ къы-

дэлъэдэжри, «Уэ сэ си мамэ мыгъуэ! Фымуслъымэнмэ, си мамэ дахэ мыгъуэм сыIувгъэплъэж!» – жиIэу гухэщIу гъыуэ, и анэр зыщIэлъ пэшым щIэлъэдащ. Абы и гуIэкIэм зи гур игъэуза фызхэм: «КъакIуэ мыдэ, къакIуэ, тIасэ, Iуплъэж жэнэтыр унапIэ зыхуэхъун уи анэм», – жаIэурэ, джэбыным и щхьэр ятIатэу, Жандузхъан и нэкIур къыщыщIагъэщым, уоу, ди Тхьэ, зи нэхэр зыгъэупIэрапIэу, «Сыт къэхъуар?» – къажриIэ щIыкIэу, къахудэплъейуэ, щащыху хужьым къыхэплъу щылъ и анэм пхъур щыIуплъэм, абы и гур къекIуэри, никъуэкъэмэх хъуауэ, унэм къыщIахыжащ. ЦIыху телIыкIар къэхъуж зэрыхабзэр жаIэжу зэхаха мыхъумэ, игъащIэм апхуэдэ зымылъэгъуа фыз зэхэзежэ хъуахэмрэ Жандузхъан щIэзылъхьэну къызэхуэса цIыхухъухэмрэ а къэхъуар къазэрыщыхъуар дэ иджыпсту псалъэкIэ къытхуэIуэтэжынкъым.

Ипхъу нэхъыщIэм и гъы макъым къызэщигъэужа Жандузхъан абы и ужькIэ, «къыгущ» жиIэу, илъэситхукIэ псэужащ. Ауэ псэ зыпыту къигъэщIа дэтхэнэ зыми кIэух зэриIэм хуэдэу, и уахътыр къэсу, Жандузхъан тхьэмыщкIэр къэгъазэ имыIэу дунейм щехыжам щыгъуэ, ар ауэрэ къызэрымыхъужынур фIы дыдэу ящIэ пэтми, сыхьэт бжыгъэ нэхъ щамыгъэлъу, пIащIэ-тхъытхъыу, ар зэрыщIалъхьам теухуауэ си ныбжьэгъу ефэндым къысхуиIуэтэжам адэкIэ федаIуи, фэр-фэру фегупсысыж.

– НтIэ, арати, – къыпещэ адэкIэ ефэндым и псалъэм, – Жандузхъан тхьэмыщкIэр дахыным зы сыхьэт нэхъыбэ къэмынэжауэ, абы и нысэ курытым зигъэнэмысыфIэу, «Хьэжмусэ, хъунумэ, зы дакъикъэ закъуэкIэ сыпхуейт», – жиIэу къыщызбгъэдыхьэм, сызыхэт гупым лъэбакъуэ зыщыплIкIэ сыкъыхокIуэтри, «сынодаIуэ» жыхуэсIэу, и пащхьэм соувэ.

– Мы бжесIэнур зыгуэру къыпщыхъуу емыкIу сыкъыумыщI, Хьэжмусэ, – къерегъажьэ абы, зыгуэрым сызэхимыхарэт, жыхуиIэу щтэIэщтаблэу зиплъыхьурэ. – Жандузхъан зыгъэпскIахэм, «Япэми зэрыщытам ещхьыркъабзэу, иджыри и хьэдэр IэтIэлъатIэу а зэрыдахэшхуэщ», жаIэурэ пэшым къыщIэкIыжахэщи, абы теухуауэ сыноупщIыну арат: «Зэ телIыкIауэ щытар, етIуанэуи къэхъужауэ жаIэу зэхэпха уэ?»

– Уэлэхьи, зэхэзмыха, – соплъ сэ абы, и упщIэр сфIэгъэщIэгъуэн хъуауэ, икIи, ар къыщеуэр фIыуэ къызгурыIуауэ, адэкIэ пызощэ: – Ауэ, япэми ещхьу, иджыри махуитI-щыкIэ щывгъэлъыну нэхъ къафщтэмэ, иджы дунейр щIыIэщи, сыфпэрыуэнукъым, – щыжысIэкIэ, ар щтэIэщтаблэу къызоплъри, «Хьэуэ, тхьэ. Хьэдэр куэдрэ щыбгъэлъыну гуэныхьышхуэ пылъу жаIэ», – жиIэурэ занщIэу кIэбгъу зещIри, унэм щIолъэдэж. Апхуэдэу гъэщIэгъуэну ар къызэрызэупщIамрэ «иджыри япэм хуэдэу щывгъэлъыну фыхуеймэ, сыфпэрыуэнукъым» щыжесIэм, абы къызитыжа жэуапымрэ уэ пфIэдыхьэшхэн щхьэкIэ, сэ джэгу хэмылъу, куэдым срагъэгупсысащи, аращ мыр щIыбжесIэжыр. Мы дэ дыкъызыхэхуа зэман бзаджэм зыгуэр къыщысщыщI хъужыкъуэмэ, Жандузхъан хуэдэу, Iэрызехьэзехьэней сыхъуу, си нысэхэм сакъыхуимыгъэнэну ди Тхьэу лъапIэм солъэIу!

Хьэжмусэ и псалъэр апхуэдэу щиухым, къемызэгъыу сызэрыдыхьэшхар къысхуигъэгъуну селъэIуу, и Iэр субыдыжри, абы къысхуиIуэтэжа мы хъыбар гъэщIэгъуэным сегупсысу, сэри сежьэжащ...

## КОНДИЦЭ

И ныбжьыр илъэсипщI-пщыкIузхэм щынэсам, Зубер апхуэдизкIэ кIэпкъэжьэпкът, IэубыдыпIэншэт, къуейщIейти, махуэ къэсыху зи нащэ зэхиутэ, зи пхъэщхьэмыщхьэ къифыщI хьэблэ фызхэм ар гыбзэкIэ щIагъэсаеу, ныбэ узым ихьынрэ къэмыхъуу зэгъэжынрэт зэрызэрашэр. Ауэ Зубер, абыхэм я гыбзэр зыуи къримыдзэу, абы щхьэкIэ и ныби, и щхьи мыузу, езым фIэфIыр ищIэу, хьэри кхъуэри кIэрыщIауэ, къафIэхъурт. АтIэми, псом хуэмыдэжу илъэс пщыкIутхупщыкIуххэм щихьэм, ар зэуэнымрэ бэнэнымрэ апхуэдизкIэ дихьэхати, махуэм зыгуэрым емызэуауэ гъуэлъыжамэ, жэщым жейм емызэгъыу, гъуэлъыпIэ Iэдийм еныкъуэкъуу пIэм хэлъу я гъунэгъухэм тхьэ щаIуэжырт. КIэщIу жыпIэмэ, и армэ кIуэгъуэр къэсу, службэм ираджэхункIэ, Зубер и адэ-анэм бэлыхь мащIэ ятригъэлъакъым: зэм и егъэджакIуэхэр я деж къакIуэрэ къахуэтхьэусыхэу, зэм лажьэ зимыIэу зи накIэр щIиуда щIалэ гъэфIэным и анэ гумащIэр къахуэгъыу, зэми, Iэгъуи гъуэгуи щыхуамыгъуэтыжым и деж, мылицэр къакIуэрэ езыр яшэу. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, «Службэм кIуэмэ, мис абы узыгъуэр къыщратынщ», – жаIэу, Зубер абы къуаншагъэ гуэр щилэжьыну пэплъэхэм зэрамыгугъауэ, къулыкъу щIэным ар хъарзынэу хэзэгъати, апхуэдэ щIалэ жыIэщIэ, езыр жанрэ шынэ жыхуаIэр имыщIэу, лIыгъэрэ нэмысрэ хэлъу, зэрагъэсам папщIэ, и адэ-анэм фIыщIэ къыхуащIу, мызэ-мытIэу щытхъу тхылъ къыхурагъэхьа мыхъумэ, абы зэрыщыIа илъэсищым и IеицIэ лъэпкъ зэхахакъым. Арати, зи пщэри, зи Iэпщэхэри яеу къыпхуэмыгъэщIейуэ, щIалэтанэ тыкъырыфI хъуауэ службэм кIуам, абы зэрыщыIа зэманым кърыубыдэу апхуэдизкIэ зауэлI екIу къищIыкIауэ къигъэзэжати, Зубер къэзыцIыху дэтхэнэми абы и зэкIэлъыкIуагъ хъуар зэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым. КъыщыпыгуфIыкIкIэ зи дзэ хужь дахэхэр уэсым хуэдэу къыбжьэхэпсэ мо щIалэ къамылыфэ Iэчлъэчышхуэм и Iэпкълъэпкъ зэкIужым хуэфIыпсу икIи екIупсу щыгъ сержант фащэм ар нэхъри бжьыфIэ щIэхъукIырт. Ауэ псом хуэмыдэу абы лIыфэ къытезыгъауэр, зэрегугъур нэрылъагъуу, игъэкIа и пащIэ фIыцIитIырати, зи щхьэцри, зи набдзэхэри, зи нэхэри вындрыжьыч Зубер хуэдэу ахэр зэкIу уигъэлъыхъуэнт. Ауэ и теплъэкIэ дэбгъуэн щымыIэу зэкIэлъыкIуэ щхьэкIэ, я нэхъ къуейщIейуэ щыщытам щыгъуи хэмылъауэ, Зубер иджы зы хьэл мыхъумыщIэ къиублати, и адэ-анэм цIыкIуу яхужымыIэу, ину яхуэмыIуатэу, фIыуэ къэзылъагъу и ныбжьэгъухэми, ещхьыркъабзэу, зэрыжаIэнур ямыщIэу, ар хуабжьу ягу къеуэрт. Зи гугъу тщIы щытыкIэм Зубер и ныбжьэгъухэм япэу гу щылъатам, я гугъащ, службэм зэрыщыIа илъэсищым мо фадэм щыужар зэуэ куэдыIуэ зэрырагъэфар емызэгъауэ. АрщхьэкIэ абы и ужькIэ куэд дэмыкIыу Зубер къиубла хьэл мыхъумыщIэр зы жэщ гуэрым абы и гъусэу ща-

уэефэм хэсахэм я нэгу щIэкIа нэужь, ар я гугъам зэрыщыщымыIэр къагурыIуауэ, ахэр абы нэхъ хуэсакъ хъуат.

Зыгуэрым хьэгъуэлIыгъуэ иIэу, щIалэгъуалэр зэхыхьамэ, хъыджэбз зи ишэгъуэхэм я гугъу умыщIыххи, пхъужьуи, нысащIэ цIыкIууи абы къекIуэлIам плъапIэу яIэр Зуберт. Ар езыр дахэу къафэрт, ефэн-ешхэн зэхаубла нэужьи, «Сыту щIалэ зэкIэлъыкIуащэ», – жумыIэмэ, нэгъуэщI дэбгъуэн щымыIэу, щэныфIэ дыдэу зыкъомрэ гупым яхэст. Ауэ, ефэм-ефэурэ, зы пIалъэ гуэр иIэти, абы зэрынэсу, мо вындым хуэдэу фIыцIэ и нэхэр зы гъэщIэгъуэн гуэру лыду, делэIуделафэу, мыгурыIуэгъуэу къыпыгуфIыкIыурэ къызэфIэувэрти: «Уэлэхьи, хъуным иджы, ныбжьэгъухэ, Iэуэлъауэншэу дызэрыщысар», – жиIэурэ и IэшхуитIыр ибгъу зырызымкIэ къыщыситIым я дамащхьэхэм телъэщIыхь щIыкIэу трилъхьэрт, итIанэ занщIэу абыхэм я пщэпкъ зырызыр быдэу иубыдыжырти, а тIур зэриудэкIыу щIидзэрт. Апхуэдэу ар япэу зылъагъухэм зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу, «Уэхьэхьей! Уэтэтей!» – жаIэу, Iэнэр щхьэпрадзу, хьэкъущыкъур зэтещащэу гупыр зэрыхьзэрий хъурти, Зубер и ныбжьэгъухэм ар зэщIаубыдэу, ерагъмыгъуейуэ унэм щIахыжыху, Iэнэм щысхэм яхэлъэщыхьырт. Дауи, етIуанэ махуэм и ныбжьэгъухэм абы ищIа хьэдэгъуэдахэр къыщыжраIэжкIэ, Зубер, лIы зыIэщIэукIам хуэдэу, щIегъуэжырти, абы и ужькIэ фадэ ткIуэпс зыIуимылъхьэжу мазэкIэ е нэхъыбэкIи щрихьэкI къэхъурт. Ауэ уи щIалэгъуэу, уи дахэгъуэу, уэ пхуэдэ гуп уахэмыхьэу, уахыхьамэ, екIуу уахэмысыфу, дауэ упсэунт? Зубер зыщIэгупсысыжырт икIи гупкъутэу ущытыныр зэрынапэтехыр фIыуэ къыгурыIуэжырт. Ауэ абы къыгурымыIуэр щефэм и деж, а и напэр тезых щытыкIэм нэмыс щIыкIэ, зы мардэ гуэр зыхуигъэувыжу, абдежым къызэрыщымыувыIэжыфыр арати, гуп яхэтIысхьа нэужь, мащIэу къыхуригъэхъуэну щхьэгъэрытым елъэIурт, езыри зыхуэсакъыну и ужь итт. АрщхьэкIэ а мащIэурэ зэфэм тIэкIу-тIэкIуурэ зыIэпишэрт, зыхуэсакъыжын зэрыхуейр абы щигъэгъупщэжырти, а и напэр тезых щытыкIэм нэсыху къызэтеувыIэжыфыртэкъым. Арати, апхуэдэу екIуэкIыурэ, Зубер и шыпхъу нэхъыщIэр щашэм, абы нэчыхьытх ягъэкIуэнухэм хагъэхьащ. Хамыгъэхьэуи дауэ хъунт?!

«КъызжиIакъым жывмыIэж, мыбы фыхуэмыбэлэрыгъ. ФытеплъэкъукIынщи, фхуэзгъэгъункъым», – жиIэурэ, нэчыхьытх кIуэхэм я тхьэкIумэр фIыуэ яхуиIуэнтIат лъэпкъым я нэхъыжь ахэр езыгъажьэм. Езы Зубери, «Умыгузавэ уэ, дадэ, сэр щхьэкIэ. Псом нэхърэ нэхъ губзыгъэу сыкъыпхуэмыкIуэжмэ, тхьэр согъэпцI», – жиIэри, псалъэ быдэ иритат и адэшхуэм. АрщхьэкIэ узэригугъэм хуэдэу хъумэ уунэхъурэт? Арати, мо «уей-уей» жезыгъэIэу нэчыхьытх кIуа гупыр, зыхуэкIуам екIуу ирагъэблагъэу ягъэтIыса нэужь, лъэныкъуитIыр щызэрыцIыхум, «Мыр къэфша нысащIэ цIыкIум и дэлъхущ», – щыжаIэм, Зубер а здэкIуам я нэхъыжьымрэ ефэндымрэ къыхуэгумащIэу зыбгъэдагъэтIысхьати, мыдрейхэм хабзэкIэ ар зэрымытэмэмыр ялъагъу пэтми, «хъарзынэ гуэр хъуащ, нэхъыжьхэм ябгъэдэсмэ, абыхэм яфIэлIыкIынщи, нэхъ зишыIэнщ», жыхуаIэу, ар я гуапэ хъуа мыхъумэ, зыри жаIакъым. Езы Зуберти, и теплъэкIи, и щытыкIэкIи дагъуэ щIыхуэпщIын щымыIэу, я благъэ хъуахэр зэзыгъэлъагъуну зыфIэфIу, щIэх-щIэхыурэ абыхэм яхукъуэплъ цIыхубз-



7 Заказ №368

хэм, «АI-Iей, а ди нысащIэ цIыкIум и дэлъхур сыту щIалэ къабзащэ», – жаIэу, мо щIалэ екIужьыр хуабжьу ягу ирихьауэ, нэчыхьыр ятхыху хъарзынэ гуэру яхэсащ гупым. Ауэ хьэщIэнышыр Iэнэм къытехьэу, абы и ужькIэ аргуэру бжьэ зырыз яIэта нэужь, алъандэм щэныфIэ дыдэу щыса Зубер, и Iуэхур «кондицэ» жыхуэтIэм нэсауэ къыщIэкIынти, апхуэдэм и деж зэрыхъу хабзэм тету, и нэхэр зы гъэщIэгъуэн гуэру лыду, «Уэлэхьи, хъуным иджы, ныбжьэгъухэ, Iэуэлъауэншэу дызэрыщысар», – жиIэурэ, и ижьырабгъумкIэ къыщыс ефэндымрэ и сэмэгурабгъумкIэ къыщыс лIы щхьэфэкъу цIыкIумрэ я дамащхьэ зырызым и IэшхуитIымкIэ затригъащIэу къызэфIэувэри, Iэнэм щысхэм жаIэнуIами, ящIэнуIами хунэмыс щIыкIэ, занщIэу а тIум я пщэпкъ зырызыр иубыду, ахэр зэриудэкIын мурад иIэу щызэрилъэфалIэм, мыдэкIэ абы хуэсакъыну зи пщэ иралъхьа щIалэхэм напIэзыпIэм Зубер зэщIаубыдащ. АрщхьэкIэ, закъыIэщIиудыжын и гугъэу никъуакъуэурэ, IэфракIэкIэ къызэуэкIыу, абы иутIыпща удын хьэлъэр мо зызымыщIэжу гужьея ефэндым и нэжьгъым щытехуэм, а лIыжь тхьэмыщкIэм уэуэур и махуэу и нэр иубыдыжри, зэрыса гъуэлъыпIэм щхьэщIыбкIэ ихуэжащ. Арати, апхуэдэу напэтехыу иуха нэчыхьытхым кIуахэм абы и ужькIэ сыт ящIэжынт, сыти жаIэжынт? Я нэхъыжьым къахуищIа унафэр зэрамыгъэзэщIэфар я гум щIыхьауэ, къежьэжащ ахэр.

Ауэ мы Iуэхум гъэщIэгъуэну хэлъыращи, а жэщым нэчыхьытх кIуахэм хабзэкIэ къыздашэн хуея хьэщIэнышым и пIэкIэ, мэлым хуэдэу зэкIуэцIыпхауэ къашэжа Зубер абы лъандэрэ аркъэ ткIуэпс зыIуилъхьэжыркъым. Ар иджы, бынунагъуэшхуэ хъужауэ, ди районым ис механизатор нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ, «ПсэукIэщIэ» совхозым еуэ иригъэшхыу щолажьэ. Езыри и теплъэкIэ, и щхьэцымрэ и пащIэмрэ мащIэу тхъугъэ хидза мыхъумэ, зэрызихъуэжа щIагъуэ щымыIэу, а зэрыбжьыфIэшхуэщ. Ауэ а нэчыхьытх жэщым лей зылъыса ефэндым и нэ лъэныкъуэм абы лъандэрэ зыри имылъагъужу жаIэри, мис ар нэхъыкIэщ.

# ЕДАІУЭ ДЭТХЭНЭМИ ИГУ ДЫХЬЭ МАКЪАМЭ ЩЫЗЭХИХЫН ХУЕЙЩ



«Черкес ФМ» лъэпкъ радиор нобэ адыгэ дунейм Іулыдж ин щызиІэ ІуэхущІэу зэфІэуващ. Уеблэмэ, хамэ къэрал куэдым щикъухьа адыгэхэр нэхъри зэрипхыжу, адыгэбзэм и ІэфІагъыр игъэнаІуэу, адыгэ хабзэм и купщІэр тхузэпкърихрэ лъэпкъ макъамэ дахэм дыщІигъэдэІуу ди гъащІэм щыщ Іыхьэ хъуащ.

Радиом лэжьэн зэрыщІидзэрэ зы илъэс ирокъу. А зэман кІэщІым къриубыдэу абы цІыху мин бжыгъэхэр къыдихьэхащ, къэрал куэдым къыщацІыхуащ, иджырей радиор зыхуэдэр цІыхубэм наІуэ ящищІащ.



Адыгэ радио къызэІухыным жэрдэмщІакІуэ хуэхъуари, ар лажьэу езыгъэжьари Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш Республикэхэм щІыхь зиІэ я артист, режиссёр, продюсер цІэрыІуэ Хьэцей Тимурщ.

Іуэхум пэщІэдзэ хуэхъуам, нобэ зэрызиужьам тедгъэпсэлъыхьыну Тимур упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ икІи дехъуэхъуащ хуабжьу дызыщыгуфІыкІ адыгэ Іуэхум гъуэгуанэ кІыхь иІэну.

**– Тимур, «Черкес ФМ»-р япэ дунейпсо адыгэ радиощ икІи къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыщылажьэр къэплъытэмэ, къызэрымыкІуэ медиа-проект ин хъуащ. Зэман кІэщІым къриубыдэу цІыху куэдым ягу дыхьащ, уеблэмэ, лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэ зы лъэбакъуэшхуэу къэплъытэ хъунущ. Дауэ уигу къэкІат апхуэдэ радио къызэбгъэпэщыну?**

– ЦІыхур и адэжь хэкум пэІэщІэу щыпсэум деж и лъэпкъ зэхэщІыкІыр куэдкІэ нэхъ куу мэхъу жысІэмэ, сыщыуэну къыщІэкІынкъым. ЩІыналъэм упэжыжьэми, лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр, бзэр ІэщІыб зэрумыщІыным ухущІокъу, ахэр псэкупсэ къулеягъыу къыздыбохьэкІ.

Сэ иджыпсту Москва сыщопсэу, сыщолажьэ, ауэ хэкупсэ нэсу сызэрыщытым и щыхьэтщ зи гугъу сщІыхэр зэи ІэщІыб зэрызмыщІар. Мис апхуэдэ щхьэусыгъуэхэм къахэкІыу сигу къихьащ адыгэ радио къызэзгъэпэщыну. Ар куэдрэ къесхьэкІа мурадкъым. АтІэ спорт пэшым сыщІэту сигу къыщыкІым, пІалъэ къыхэзмыгъэкІыу лэжьапІэм сынэсри, елэжьын щІэздзащ. Куэд дэмыкІыуи, къыздэлэжьэну гуп зэхуэсшэсри, си гурылъыр нахуапІэ хъуащ.

Радио къызэбгъэпэщу, лажьэу ебгъэжьэныр, дауи, Іуэху къызэрыгуэкІкъым, зэ Іуплъэгъуэ кІэ къызэрыпщыхъум хуэдэу. Ауэ зы

илъэсым къриубыдэу проектыр дубзыхури, иджырей радиом и жыпхъэ псоми изагъэу зэтедгъэпсыхьащ.

**– Нобэ дызыхэпсэукI лъэхъэнэм Iуэху зэрыщащIэри, къэралыр зэрызэрагъакIуэри бжыгъэхэр зи лъабжьэ (Digital) Iэмал гъуэзэджэхэрщ. Гуапэ пщымыхъуу къанэркъым лъэпкъри зэманым декIуу зэрыдэбакъуэр. Ди Iэгу илъ телефонымкIэ дуней псор щызэщIэдгъэхьэ XXI лIэщIыгъуэм фIыгъуэшхуэщ абы тет радиоприложение къызэрыунэхуар. Пэжщ, зэкIэ псоми къагурыIуэркъым телефоным тет радиом и лэжьэкIэр, абы уасэ щIэптын зэрыхуейр. «Радио Черкес ФМ» приложением и зэхэлъыкIэм, ар зэрылажьэм и гугъу уэзгъэщIынут.**

– Пэжу, радиом зэи пщIэ щIату щытакъым. Ауэ дэ дызыхэпсэукI лъэхъэнэм езэгъ радио бгъэлэжьэным, псом хуэмыдэу телефонхэм гугъуехьыншэу трагъатхэрэ, щыхуейм и деж къызэIуахыурэ едаIуэу зэтеухуэным мылъку токIуадэ. КъищынэмыщIауэ, ар гъэлэжьэныр къыщIыдэхъулIэр щылажьэ цIыхухэм я зэфIэкIымрэ я гуащIэмрэщ.

Радиостанцие щыIэныр техникэ и лъэныкъуэкIэ къызэбгъэпэщын, махуэ къэс абы къит нэтынхэр бгъэхьэзырын, къэптын щхьэкIэ, шэч хэмылъу, зэмани мылъкуи мымащIэу ухуейщ.

Къапщтэмэ, иджыпсту тIыгъ телефонхэм апхуэдэ гуэдзэн куэд хэтщ, ахъшэ и уасэу. Ар цIыхухэм къащэху икIи къагъэсэбэп, зэманым къыкIэрымыхуу псэун, заужьын, лэжьэн папщIэ. Абы ипкъ иткIэ, «Черкес ФМ»-м ахъшэ зэриуасэр зэманым къигъэув пщалъэщ, армыхъумэ къэмыхъуа Iуэхугъуэ гуэркъым.



Дэ ахъшэ къэдлэжьын папщIэ, рекламэ бжыгъэншэхэр эфирым къидгъэувэркъым. Ар щIэдмыдэр цIыхухэм я щхьэ едмыгъэужэгъун, гупсэхуу адыгэ радиом едгъэдэIуэн щхьэкIэщ. Радиор къызэгъэпэщыным, махуэ къэс гъэлэжьэным, щылажьэхэм улахуэ етыным мылъку зэрытекIуадэр къэплъытэмэ, абы щIэптыну сом тIэкIур къохьэлъэкIын хуейкъым. Жэщми махуэми лажьэ адыгэ радиом уедэIуэн папщIэ, зы мазэм долларитI иримыкъу щIэптыныр дэнэ къэрали щыхьэлъэу си гугъэкъым.

**– Сыт хуэдэ нэтынхэр къитрэ радиом? Сыт абы едаIуэхэм нэхъыбэу зэхахыну зыхуейр?**

– «Черкес ФМ»-м и эфирым уэрэд дахэ куэд къоуэ, иджырейхэми, нэхъ пасэхэм щыIа уэрэджыIакIуэхэми ягъэзащIэу. Уэрэдхэм, шэч хэмылъу, зэман нэхъыбэ хухэхащ. Дэ далъоIэс Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрэджэсым, Адыгейм, уеблэмэ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу, щылажьэ адыгэ уэрэджыIакIуэхэм я творчествэми. Абы едаIуэ дэтхэнэми игу дыхьэ, и псэр зыгъэпсэху макъамэ щызэхихын хуейщ, фIыуэ илъагъу уэрэджыIакIуэм «щыIущIэн» хуейщ.

КъищынэмыщIауэ, сэбэп хъуну къэтлъытэу хэдгъэхьахэм ящыщщ «Адыгэ хабзэ» рубрикэр. Мыбы кIэщIу уигу къыщагъэкIыж адыгэ хабзэм щыщ Iыхьэхэмрэ лъэпкъ дауэдапщэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ. МащIэрэ IэфIу жыхуиIэм хуэдэу, утемызашэу, ауэ щIэхщIэхыурэ зэхэпхрэ уигу ибубыдэфу дгъэпсащ хабзэм епха Iыхьэр. Апхуэдэ дыдэщ «Адыгэ псалъэжьхэр» рубрикэри. Лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI IущагъхэмрэкупщIэ зыхэлъ псалъэ шэрыуэхэмрэ махуэм зыбжанэрэ зэхэпхыныр лейкъым.

Сабийхэм папщIэ радиом ущрихьэлIэнущ адыгэ таурыххэм. Абыхэм щIапIыкIа ныбжьыщIэр акъылкIи, бзэкIи, гупсысэкIи зэщIэузэдауэ къызэрытэджым шэч хэлъкъым, ар къэтлъытэри, пщыхьэщхьэм, гъуэлъыжыгъуэм ирихьэлIэу, таурыхъхэр къэтту едгъэжьащ.

КъищынэмыщIауэ, эфирым махуэм зыбжанэрэ къохьэ «Хъыбарыщ Iэхэр». Дауи, а рубрикэри зыхухэхар адыгэращ. Адыгэ дунейм къыщыхъу сыт хуэдэ Iуэхугъуэ гуапэри зэрыблэдмыгъэкIыным иужь дитщ. Ди щIалэгъуалэм я ехъулIэныгъэри, ди лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэхури, спортым, щIэныгъэм, медицинэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI лъэныкъуэ куэдми ятеухуа адыгэ къэхъукъащIэ куэд къыдот. Адыгэм зыгуэр къехъулIауэ, къыдэхъуауэ зэхэтх зыри къэдгъанэркъым, нэхъыбэм ящIэмэ, ди гуапэщи.

ЦIыху нэхъыбэ дихьэхыу, нэхъыбэ тепсэлъыхьыжу зи хъыбар къытIэрыхьэхэм ящыщщ гушыIэхэр. Ахэри и чэзум эфирым къыхоувэ. Хъарзынэкъэ, махуэм зы гушыIэ хъыбар цIыкIу зэхэпхрэ, абы уи гукъыдэжыр къиIэтмэ?!

**– Адыгэ уэрэд дахэ куэд къоуэ фи радиом, хэт абы къитыну уэрэдхэр къыхэзыхыр? Сыт нэхъ зытефщIыхьыр абыхэм фащыхэдэкIэ?**

– Радиом къитыну уэрэдхэр къыхэзыхыр сэращ. Мыр лажьэу щедгъэжьэнум сытIысри, уэрэд 3000-м щIигъу седэIуащ сэ. Абыхэм 300 къудей къахэсхауэ аращ. Сыт хуэдэ абы хыхьахэр? Куэдым ягу дыхьахэмрэ фIагъ лъагэ иIэу ирагъэтхахэмрэщ.



АдыгэбзэкIэ уэрэд зэрыжиIэ къудейр шэсыпIэкъым си дежкIэ. АтIэ макъкIи, макъамэкIи, жыIэкIэкIи къызыхуэтыншэу щытын хуейщ.

Абы ипкъ иткIэ, нобэ радиом къитыр ди уэрэджыIакIуэхэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфI дыдэхэрщ. Иджыри зэ жызоIэри, Iуэхур зытетщIыхьри фIагърaщ, абы и лъэныкъуэкIэ иджыри цIыху зыбжанэ къыздолажьэ.

**– Москва лажьэу щебгъэжьа радиор нобэ къэрал куэдым нэсащ, дунейпсо мыхьэнэ иIэ хъуащ. Урысейм нэмыщI сыт хуэдэ къэралхэм щылажьэрэ ар?**

– Радиор къызэзгъэпэщыну иужь сыщихьам ар дуней псом къыщеуэу зэрыщытынум тесщIыхьат. Ауэ япэщIыкIэ 2019 гъэм ноябрым и 6-м Урысейм лэжьэн щыщIидзащ, 2020 гъэм и гъэмахуэм Тыркуми Иорданиеми Iуэхур зэтеубла щыхъуащ.

НобэкIэ а къэралищращ цIыху нэхъыбэ щедаIуэр. Ауэ Германиеми, Америкэми, Израилми, нэгъуэщI щIыпIэхэми къипсэлъыкIыр куэдщ я телефонхэм трагъэтхауэ едаIуэу. Дуней псор зэпызыщIэ Инстаграмым напэкIуэцI дыщиIэщи, абыкIи, нэгъуэщI IэмалхэмкIи хъыбар къыдагъащIэ, я еплъыкIэхэр къыджаIэ. Хуабжьу ди гуапэщ ар зигу ирихь куэд зэрыщыIэр, лъэпкъыпсэ-хэкупсэу хамэ къэрал щыпсэухэр зэрызэпищIэр.

ЖыпIэнуракъэ, радиом едаIуэхэм махуэ къэс къахохъуэ, ди гугъэщ дяпэкIи нэхъыбэ хъуну.

**– Зы илъэс гъуэгуанэ къызэвнэкIащ. Абы къриубыдэу Iуэхум и пIалъэу къэфщIам тепщIыхьмэ, иджыри сыт хэплъхьэ хъуну радиом и лэжьыгъэм? Сыт хуэдэ мурадхэр фиIэ, псом хуэмыдэу ар зытещIыхьа адыгэхэр къэрал 50-м щIигъум зэрыщыпсэур къэплъытэмэ?**

– Дауи, лъэныкъуэ куэдкIэ ебгъэфIакIуэ, зебгъэужь хъунущ радиом. Ауэ ар мылъкушхуэ зытекIуадэ Iуэхущ.

Мы проектыр дунейпсо проекту къежьащ, зэрыжысIауэ. НэгъуэщI къэралхэм щылажьэу дутIыпщца радиор тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ зэддзэкIауэ, абыхэм къагурыIуэн хуэдэу мэпсалъэ. Абы сыт щыгъуи щIыгъущ адыгэбзэр.

Иджыри мурад куэд диIэщ, ар радио-гуэдзэным епха техникэ Iуэхухэрщ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэми зебгъэужь зэпыту щымытмэ, къэувыIэнущ. Дэ етхьэжьа Iуэхур нэхъыфI зэрытщIыным сыт щыгъуи яужь дитынущ.

**– Радиом къиту зэхыдох дэ фIыуэ тцIыху актёрхэм, цIыху цIэрыIуэхэм я макъыр. Щылажьэхэр узэрыхуейуэ зэгъэпэща хъуа?**

– Радиом лэжьэн щыщIидзэм япэу дызыIууа гугъуехьхэм ящыщщ адыгэбзэкIэ псалъэ радиоведущэ нэсхэр дызэримыIэр. А Iуэхум хэкIыпIэ къыхуэдгъуэтри, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и актёрхэр Iуэхум къыхэтшащ. Ахэр дахэу къоджэ сабий таурыхъхэм.

Рубрикэ нэхъыщхьэхэр къэзытыр утыку дахэу щыпсэлъэфу, адыгэбзэ шэрыуэ яIурылъу, хэкум фIыуэ къыщацIыхухэу Гумэ Маринэрэ Нэхущ Тимуррэщ.

Абыхэм къищынэмыщIауэ, дэ жыджэру къыддолажьэ нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIа IэщIагъэлIхэр.

**– Иджырей телефон зыIыгъхэм ящIэ зи гугъу сщIынур: «Черкес ФМ» радиор къызэрежьэрэ Apple Music гуэдзэныр щIагъуэу къызэIусхыжкъым си щхьэкIэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэ макъамэрэ уэрэдрэ, адыгэбзэмрэ хъыбарыщIэхэмрэ абы сыщедаIуэмэ сфIэфIщ. Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм зы налъэу хэува радиом и Iулыджым дяпэкIи зевгъэужьыну фи мурад?**

– Си гуапэщ, цIыхухэм щхьэпэу къалъытэмэ, я гукъыдэжыр къиIэтмэ. Пэжу апхуэдэ зыгуэрщ ар къыщIызэIутхари. НэгъуэщI щIыпIэхэм адыгэ уэрэдхэр къыщыплъыхъуэу, абы зэман тебгъэкIуадэу щымыту, «Черкес ФМ»-м жэщ-махуэм и сыт хуэдэ сыхьэти къызэIухи, уэрэд дахэ «щокIэрахъуэ». Ар цIыхухэм ягу дыхьэмэ, къагъэсэбэпмэ, ди мурад къыдэхъулIауэ аращи, адэкIэ дыбэкъуэнщ, нэхъри зедгъэужьынщ.

Мыбы иджырей зэманым къигъэув жыпхъэхэм теухуауэ узэлэжьын куэд иIэщ – маркетинг, рекламэ, нэгъуэщI лъэныкъуэхэр. 2020 гъэм зэфIэдгъэкIын хуея Iуэхухэм ящыщ зыбжанэ къызэпиудащ COVID-19 узыфэм дызригъэува щытыкIэм.

Ауэ ди къалэн нэхъыщхьэр – радиом и Iулыджыр Iыгъыныр, абы едаIуэхэм я гукъыдэжыр къэIэтыныр, сэбэпынагъ гуэрхэр щызэхахыныр – зэи зэпыдмыгъэууэ дызэлэжьхэм ящыщщ.

Нобэ цIыху куэдым зэIэпахыу топсэлъыхь «Черкес ФМ»-м. Си гугъэщ абы едаIуэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпыту къекIуэкIыну. Дэ ар нэхъ щIэщыгъуэ, купщIафIэ, гъэщIэгъуэн щIынымкIэ тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым.

**– Упсэу, Тимур, уи мурадхэр Тхьэм къуигъэхъулIэ. КъызэвнэкIа илъэсыр гъуэгуанэ кIыхьым и щIэдзапIэу Тхьэм къыщIигъэкI.**

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

# ЭВОЛЮЦЭМ И ЩЭХУХЭР: ЩЫУАГЪЭ ХЬЭМЭРЭ...

Абыхэм ятеухуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр дуней псом къыщокIуэкI. Сыбырым, Гималайм, Америкэ Ищхъэрэм, Австралием, Кавказым... Уи щхьэфэцым зригъэIэтрэ уи щIыфэм щIыIэ-щIыIэу зыгуэр иригъажэу, жэщкIэ укъыхэскIыкIыу апхуэдэщ. Аризонэ штатым хыхьэ Тусон къалэм дэт, криптозоологиемкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм къызэрыщахутамкIэ, зи гугъу тщIыхэм я бжыгъэр къытхуэмыхутэну куэд дыдэ мэхъу. Апхуэдэ цIыху «щIэныгъалъэхэм» я къэхутэныгъэхэм шэч лъэпкъ къытумыхьэн хуэдэу пэжыфэми, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр абыхэм ящыдыхьэшхрэ гушыIэ-щIэнакIэр ирадз зэпыту къокIуэкI. «Криптозоологием едж  щIэныгъэм иджыри зищIысыр къыхуэмыхута, зыми емыщхь псэущхьэ телъыджэхэр», – жеIэ а IуэхущIапIэм и антрополог Гринуэлл Ричард.

Гринуэлл зи гугъу ищIыр дэри ди щIыпIэхэм фIы дыдэу щацIыху, и хъыбар гъэщIэгъуэнхэмкIэ сабийхэр ягъэшынэу къокIуэкI, алмэстыхэр зэрыщыIэм щыхьэт техъуэ куэд ди нэхъыжьыфIхэм жаIэж. Фи фIэщ мыхъумэ, феупщIыт нанэхэмрэ дадэхэмрэ...

АпщIондэху алмэстыхэр дунейм зэрытетыр щIэныгъэкIэ къэтIуэтэфрэ къэдмыIуэтэфрэ деплъынщ.

Къэрал  зэхуэмыдэхэм цIэ зэхуэмыдэхэр щыфIащ абыхэм: инджылызыбзэкIэ «бигфут» (лъакъуэшхуэ), чынтыбзэкIэ «йети» (уэс цIыху), Австралием щыпсэухэм «яхуу» жаIэ, Индокитайм абы «мэз цIыху» щыфIащащ. Адыгэхэр абы дызэреджэр алмэстыщ.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, алмэстым и гугъу япэ дыдэ щащIар Плутарх и зэман жыжьэхэращ. Абы къызэринэкIа тхыгъэхэм хэтщ урым дзэзешэ Суллэ и сэлэтхэм къаубыда «ажэгъафэм» теухуа хъыбар. Абы къищынэмыщIауэ, тхылъхэр щыхьэт техъуэжу, XIX лIэщIыгъуэм Абхъазым щыпсэуауэ жаIэ Занэ зыфIаща алмэсты бзылъхугъэ. ЗэраIуэтэжымкIи, къызэрыгуэкI цIыхухъум бын хуигъуэтат абы икIи мыдрей цIыхухэми ещхьу и гъащIэр ирихьэкIырт. Апхуэдэу ЩIым и гъунапкъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къокI мыпхуэдэ хъыбар телъыджэхэри: 1921 гъэм Эверест дэкIа альпинистхэм я пашэу щыта Говард-Бери зэрыжиIэжымкIэ, алмэсты ялъэгъуат; XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм Азие Курытым къыщаубыда алмэстыр тутнакъэщым ирадзат икIи пкъырыупщIыхьу  зыри къыщыпамыхым, ар яукIат; 1941 гъэм Совет Армэм и подполковник Карапетян Дагъыстаным алмэсты къыщиубыдри, зэпиплъыхьыну сымаджэщым къишауэ щытащ, иужькIэ ари яукIыжащ.

Алмэстыр жыжьэу е гъунэгъуу зылъэгъуа псоми жаIэр зыщ – «и теплъэкIэ мащIэу цIыхум ещхь псэущхьэр икъукIэ инщ. Уеблэмэ, метритIым нэсынущ и лъагагъкIэ. ЦIыхухэм хуэдэу, Iэщэ, кумбыгъэ, шхын ягъэхьэзырыф, езыхэр зэрызэгурыIуэж бзэ яIэщ».

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэр къихьэху къухьэпIэ щIэныгъэлIхэр  чынт мэзхэм ирагъэкIуэлIакъым. Ауэ езы чынтхэм, американхэм я «лъэр пхауэ» щытыху, щIэныгъэ хъарзынэ зрагъэгъуэтащ алмэстыхэм ятеухуауэ. Ауэмэ тхыгъэ, дэфтэр къулейхэр зэхуахьэсатэкъым! ИужькIэ, чынтхэм я бзаджагъэр IэщIаудащ – дуней псом и

щIэныгъэлIхэр зэхашэри, унафэ ящIащ къэрали 6-м щыщ еджагъэшхуэхэр зэгъусэу, хуэфащэ IэмэпсымэхэмкIэ зэщIэузэдауэ, алмэстыр нэхъыбэу здэщыIэ щIыпIэм кIуэуэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIын хуейуэ. Апхуэдэуи ящIащ. Абыхэм яхэтащ Огайо штатым и университетым и щIэныгъэлIхэу, алмэстыхэр щыIэу зи фIэщ мыхъущэ Пуарье Джинрэ Гринуэлл Ричардрэ. Ауэ, а тIум Чынтым къыщагъуэта щыхьэтхэр я гъащIэ псом ящIыну къэхутэныгъэхэм я щхьэжт! ЩIэныгъэрылажьэхэм къагъуэтат цы хужь Iэрамэ. Къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуат а щхьэцыр цIыхуми цIыхур зыщыгъуазэ зы хьэкIэкхъуэкIэми зэримейр. А къэхъугъэр езы дыдэхэм я фIэщ мыхъужу къэрал зэхуэмыдэхэм я щIэныгъэлI пажэхэр зыдагъэIэпыкъуащ. Псоми зыжьэу зэдыжаIащ а щхьэцыр цIыхум имыцIыху зы псэущхьэ телъыджэ гуэрым къыкIэрыхуауэ. Нэхъ тэмэмыIуэу жыпIэмэ, алмэстым хуагъэфэщащ.

Ди нэхъыжьхэм я хъыбархэм ящыщ зыбжанэ иджыпсту дигу къэдгъэкIыжыпхъэу къысщохъу.

**Нэдзырэ Зэирэт:** «Дэ бынуагъуэшхуэ дыхъурт – ди адэ-анэм бын 11 драIэт. Псори дызэщIыгъуу къущхьэхъу щIыналъэм дыщыIэт, Iэщ куэду диIэти, зэрыунагъуэу, дызэдэIэпыкъуу зетхьэрт. Пщыхьэщхьэ гуэрым, пхъашэ дыщыIауэ, пщыIэм дыкIуэжырт. Шыгум дису арат. ПщыIэм дынэсыжыным зыкъомыфI иIэу ди адэм шыр къыжьэдикъуащ. Шыр щтэIэщтаблэу зэщIэувыIыкIащ, пырхъыуи щIидзащ. Ди адэм зимыгъэхъейуэ ипэкIэ маплъэ, дэри къэхъуар къыдгурыIуэркъым. Пщыхьэщхьэ кIыфIым дыхэплъапэмэ, гурыму гъуэгущхьэм зыгуэр тесщ. Абы и лъакъуэхэр зэкIэщIэшарэ и IэплIэм зыгуэр илъу щIиупскIэрт, сабий зыгъэбэяу анэм хуэдэу. КъызэрыщIэкIамкIи, и Iэблэм нану цIыкIу телъу арат. Езыр цым зэщIиблarэ зищIысыр цIыхурэ хьэкIэкхъуэкIэрэ къыпхуэмыщIэу апхуэдэт. Зы напIэзыпIэм езыри щым хъуащ, зимыгъэхъейуэ къоплъэ. Хуэмурэ къызэфIэувэри, зы лъэбакъуэ къичащ. Дэ хуабжьу дышынати, псоми ди адэм и Iэблэм зыкIэрыдукIэну дыхуейт, дызэщIэкIэзызэрт. Дадэ хуэмурэ джыдэмкIэ Iэбэри: «Мыр плъагъурэ? УкъэмыкIуатэ, фIы щIозгъэхынкъым! Си гъуэгум текIи, нэхъыфIщ. УкъызыхэкIа пабжьэм хыхьэж, дэ уи гугъу тщIынукъым», – жиIащ. Iэмыр шынагъуэм ди адэм жриIар къыгурыIуами сщIэркъым, ауэ щIыбагъкIэ икIуэтурэ кIыфIым хэкIуэдэжащ. ИужькIэ, ди адэм зэрыжиIэжамкIэ, а псэущхьэхэр къущхьэхъу щIыналъэм куэдрэ щилъэгъуат. Абыхэм зэреджэр сыт жытIэу дыщеупщIым, алмэсты жиIат...».

**Тамбий Муслъимэт:** «ДызэрыцIыкIурэ алмэстыкIэ дагъэшынэу щытащ. «Адыдыд, алмэсты къокIуэ», – жаIамэ, ар ди ажалу арат! Си анэм куэд дыдэрэ къыджиIэжу щытащ абыхэм ятеухуа хъыбар шынагъуэхэр. ШынагъуэкIи шынагъуэтэкъым, ауэ телъыджэт. Псалъэм папщIэ, ди анэм жиIэрт, алмэстыхэр пасэрейм цIыхухэм къахыхьэу, мыдрейхэм а псэущхьэ тхьэмыщкIэхэр яфIэгуэныхь хъурэ шхын ирату, щыгъыныжь яIэмэ IэщIалъхьэу щытауэ. СощIэж, ди анэм щыгъыныжьхэр зэхуихьэсрэ хадэм ит жыгхэм фIищIэу, «алмэстыхэм я сабий цIыкIухэм щрагъэтIэгъэн яIэкъым, ахэр щIыIэм есри гуэныхьщ, зи мыхъу мы хъыданыжьхэм кIуэцIашыхьынщ» жиIэу зэрыщытар. Пэж

дыдэу, жыгхэм зы хъыдан кIапэ пымылъыжу нэху къекIырт. ИтIанэ, иджыри зы Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэни хэлъщ алмэстыхэм я хъыбарыжьхэм – абыхэм я цым щыщ къыпIэрыхьамэ, пIахыжын щхьэкIэ къыпхуамыщIэн дунейм темыту, псэуху пхуэлIыщIэну хьэзыру жаIэрт. Ауэ я щхьэцыр тэмэму умыгъэпщкIуауэ яIэрыхьэжамэ, зы удын гуащIэ гуэр къуадзынут, я цыр ящтэнурэ щIэпхъуэжынут. Апхуэдэу езыхэми цIыху щхьэц къаIэрыхьамэ, зэрыхъуари умыщIэжу, уагъэлIыщIэнут, зыхуейр уагъэщIэнут. ИтIанэ, зэман дэкIмэ, уаутIыпщыжынут.

ЗэрыжаIэжымкIэ, алмэстыхэм мы щIыпIэм куэдрэ ущрихьэлIэфынут. Ахэр кIуэдыжыным е нэхъ мащIэ хъуным щхьэусыгъуэ хуэхъуар макъышхуэхэращ. Хэку зауэшхуэм иужькIэ ахэр мащIэ дыдэ зэрыхъуам куэдым гу лъатат. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, ахэр фоч макъымрэ лагъым къауэмрэ щышынэу, къырым ихьэжауэ аращ».

Зэрытлъагъуэщи, щIэныгъэлIхэм ямыщIэ куэд цIыхубэм ящIэ, нэхъыбэм гу лъатэ. Ар къызыхэкIыу щытар къызэрыгуэкI цIыхухэм къэхутэныгъэр зыхуэунэтIа «Iэмыр нэджэIуджэхэм» хуаIэ гущIэгъур, къэхутэныгъэ лей хэмыту, Iуэхур зэрыщытым хуэдэкъэпсу зэралъагъур арагъэнут. Зи щхьэ фIыуэ зылъагъуж, Тхьэшхуэм къигъэщIа Iэмырхэм я нэхъ губзыгъэ, нэхъ лъэщ дыдэу зыкъызыщыхъуж цIыхум (ар щIэныгъэлIмэ, еджагъэшхуэмэ нэхъ лъэщыжу) и фIэщ ищIыну хуей къыщIэкIынукъым езым хуэдэ е зымащIэкIэ къыщхьэщыкI, захуэу зэфIэту зекIуэ гуэр иджыри дунейм тету!

Муслъимэт и хъыбарым къыхэщыж зы Iуэхугъуэм и жэуапыр щIэныгъэлIхэм къахутащ. Ар «езыхэми цIыху щхьэц къаIэрыхьамэ, зэрыхъуари умыщIэжу уагъэлIыщIэнут, зыхуейр уагъэщIэнут» жыхуиIэращ. Алмэстым и апхуэдэ зэфIэкIыр къызыхэкIыр абыхэм цIыхум и акъылыр ягъэундэрэщхъуэфу (гипноз) зэрыщытрат. Психологием къызэригъэлъагъуэмкIэ, сыт хуэдэ цIыхуми зригъэсэфынущ нэгъуэщI цIыхум и акъылыр игъэундэращхъуэрэ зыхуейр къригъэIуэтэфу. Аращи, алмэстыхэр апхуэдэ зэфIэкIым нэхъ хуэIэижьу арагъэнущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къызыхэкIа щIыуэпсым къыпкърилъхьа зэфIэкIыр зызыужь цивилизацэм, технологием IэщIиудакъым, къызэригъэщIауэ щытыжщ.

Апхуэдэу Индием къыщагъуэта жьэ къупщхьэхэмрэ дзэ мин бжыгъэхэмрэ зы хьэкIэкхъуэкIэм ейми ещхькъым. Ар алмэстым е зы Iэмал телъыджэ гуэркIэ цIыхум и зыужьыкIэм къыкIэрыхуа, щIымыл зэман жыжьэр зышэчу, псэууэ къызэтена, цIыху теплъэ зиIэ псэущхьэ гуэрым и хьэдэ къупщхьэу хуагъэфащэ.

Дауэ мыхъуами, иджыри къыздэсым цIыхухэр алмэстыхэм яIуощIэ. Иужьрей апхуэдэ «зэIущIэр» 2007 гъэм Британ Колумбием (Канадэм) къыщыхъуащ. Джонсон Горд и машинэм ису здэжэм, уэздыгъэхэр зы цIыху Iэпкълъэпкъ гуэрым тепсащ. Iуэхур пщэдджыжьт, гъуэгур нэщIти, псори хуиту плъагъурт. А «зыгуэрым» машинэр къызэрилъагъуу, къэкIуатэу щIидзащ. Шофёрым и щIыфэр тхытхащ икIи къыгурыIуащ къыхуэкIуэр зэрымыцIыху къызэрыгуэкIыр: абы и Iэ кIыхьышхуэхэр и лъэгуажьэм нэсырт, и щхьэр джэдыкIэм хуэдэу хъурей хэшат, и щIыфэр зэрыщыту цы хужьыфэм щIихъумэрт, и лъакъуэ бгъуэшхуэхэр хуэму зэблихыурэ къэкIуатэрт...

Алмэстым и Iуэхур нэхъ кууэ зыджахэм ящыщщ урысей щIэныгъэлI, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Сапунов Валентин. Абы къызэрилъытэмкIэ, алмэстыхэр дунейм «къытегъуэщыхьын» хуей щIэхъуам щхьэусыгъуитI иIэу къыщIэкIынущ: биологиемрэ аномалиемрэ.

Япэр зытеухуар – алмэстыр Iэмыр, псэущхьэ щхьэхуэу дунейм къызэрытехъуаращ. Абы щыхьэт техъуэ куэд щIэныгъэлIхэми цIыху къызэрыгуэкIхэми я нэгу щIэкIащ. А щыхьэт псоми утепсэлъыхьыным зэман куэд дыдэ ихьынущ, ауэ Сапуновым и Iуэху еплъыкIитIым язымкIэ, алмэстыхэр Iэмыр лIэужьыгъуэ щхьэхуэщ, цIыхухэр псэуну хуитынығъэ зэраIэм хуэдэу, абыхэми яIэщ. Абыхэм эволюцэм увыпIэу щаубыдыр сыт жыпIэмэ, цIыхумрэ номинхэмрэ яку дэтуращ. ЕтIуанэр – эволюцэм и зыужьыныгъэм къыщыхъуа щыуагъэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ мутацэм и лъэужьу, щIыуэпсым нэджэIуджэ ищIа цIыху гупым къатехъукIыжауэ аращ алмэстыхэр. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, неандерталым и зэманым а цIыху къызэрыгуэкI дыдэхэм я акъылкIэ къулейсызу, я теплъэкIи шынагъуэу къахэкIа зы гупщ, нэгъуэщI къудамэщIэ къагъэщIауэ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэр къызыхэкIар а зэман жыжьэм неандерталым и хромосомхэр зэщхьэщыхуа хъуауэ арагъэнут.

Алмэстыр лъэпкъ IуэрыIуатэм къыхэщыжу хуагъэфащэ языныкъуэ щIэныгъэлIхэм. Псалъэм папщIэ, нарт эпосым узыщрихьэлIэ иныжьхэр... ЦIыху цыбэ, «мэзылI» хужаIэу, цIыхум къахэмыхьэурэ зи цIыхунагъыр зыIэщIэхуам зэрымыщIэкIэ «алмэсты» фIамыщауэ пIэрэ?! Лъэныкъуэ куэдкIэ укъегупсыс хъунущ мы Iуэхум, щхьэж езым и Iуэху еплъыкIэ иIэжщ. Ауэ хьэкъыр зыщ – алмэстым и хъыбарыр хъыбару къэмынэжу, джын хуейщ, гулъытэ хуэщIыпхъэщ, игъуэ нэсауи къыщIэкIынущ, щIэныгъэм «дыкъыщызэгуитхъкIэ». А гъуэгур кIыхьщ икIи шынагъуэу къыщIэкIынущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ дызрихьэлIар иджыри къэс зыми и акъылыр здынэмыса цIыху зыужьыкIэ, цIыху лIэужьыгъуэ телъыджэщ.



**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ**

**P.S.** *Си щхъэкIэ мы Iуэхум сызэреплъращи, дызытет ЩIым гомосапиенсымрэ номинхэмрэ емыщхьу, зыгуэркIи абыхэм ефIэкIыу зыгуэркIи къакIэрыхуауэ, зы Iэмыр гуэрхэр тетщ. Абы цIэуэ яфIэпщ хъунущ «иджыри къамыхута номин лIэужьыгъуэ» е «цIыху къызэрыгуэкIым зыужьыныгъэкIэ къыкIэрыху цIыху лIэужьыгъуэщIэ». НэгъуэщIу жыпIэмэ, эволюцэм къыкIэрыхуа неандертал.*

# ПАСЭРЕЙ ІЭУЖЬЫМ И НОБЭРЕЙ ЕЖЬУ



*ЦIыхум я гум дыхьэ зы уэрэд игъэзэщIамэ, уэрэджыIакIуэр абы цIэрыIуэ ирихъу хабзэщ. Ауэ и творчествэм дихьэххэм я пащхьэм купщIэ зиIэ, псалъэ гъэхуарэ макъамэ телъыджэрэ зыщIэлъ уэрэд бжыгъэншэхэр макъ щабэ дахэкIэ щыжиIэмэ-щэ? Апхуэдэу зи гуащIэр цIыхухэм гунэс ящыхъуа, уи псэр зыгъэпIейтей уэрэджыIакIуэщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ — Алание Республикэхэм я цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим.*



*Чэрим утыкум къызэрихьэрэ псалъэ гуапэу хужаIам, абы цIыхушхуэу къыщытхъуам я куэдагъыр къэпщытэныр, даути, тыншкъым, ауэ абы и творчествэм ухэплъа иужькIэ, щхьэхуимыту «Щэ и уасэу зы!» жыIэгъуэр уигу къокI. Тхьэм и нэфIыр къытщыхуат Чэрим лъэпкъым къыщытхэхъуам, тIэунейуэ къытхуэупсат абы адыгэгу щритам. Ди псалъэхэм щыхьэт техъуэнущ абы и концертхэм зэ нэхъ мыхъуми щIэса, абы щIэт хьэуам и IэфIагъыр зыхэзыщIа дэтхэнэри. Ашэмэз и бжьамийм хуэдэу, Нэхущым и макъым зэм дунейр зэщIегъэгъагъэ, зэми уи нэпсхэр кърегъакIуэ, и уэрэдхэм, щтаучым хуэдэу, адыгэлъыр зэщIагъаплъэ.*

*Адыгагъэр, зэрытщIэщи, псалъэ къудейкъым, ар IуэхущIафэщ, псэукIэщ, лъэпкъым хуэпщIэ, хуэбгъэтIылъ тыхьщ. Чэрим уэрэджыIакIуэ къудейуэ къэлъытэныр щыуагъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уэрэджыIакIуэ къалэным куэдкIэ йобэкI пщэрылъ зыщищIыжауэ лъэпкъым хуилэжьыр. Куэд щыгъуазэкъым нэхъыщIэхэр ущииным, гъуэгу захуэ тегъэувэным, щэнхабзэм и къудамэ хэхахэр егъэфIэкIуэным, къэгъэщIэрэщIэжыным, псапэ Iуэхухэм зэман ин, мылъкушхуэ абы зэрахухихым.*

*УэрэджыӀакӀуэ щӀалэр Тхьэм кърита зэфӀэкӀым пылъхьэншэу емыгугъуамэ, «Нэхущ Чэрим» (1996 гъэ), «Песня — дорога жизни» (2000 гъэ), «Гугъэм гъащӀэ къызетыж» (2006 гъэ), «Уэрэд-къафэм фыкъыпэджэж» (2006 гъэ), «Five» (2008 гъэ), «Рассвет» (2016 гъэ), «Хъуапсэ и псэ» (2017 гъэ) альбом гуимыхужхэр дунейм къытехьэнтэкъым, цӀыху миниблым щӀигъу зыщӀэхуэ «Крокус Сити Холл» пэш иным концерт телъыджэхэр щитынтэкъым. Дуней псом щикъухьа адыгэхэм зы цӀыхуи яхэт къыщӀэкӀынкъым Чэрим и концерт щӀэсыну емыхъуапсэ, а щхьэусыгъуэращ ар зыбжанэрэ ирагъэблагъэурэ Иорданием, Сирием, Тыркум, Германием, Голландием, Инджылызым концертхэр къыщӀыщыхузэрагъэпэщар.*

*Апхуэдиз ехъулӀэныгъэр зыӀэрызыгъэхьа ди лъэпкъэгъу щӀалэр япэ дыдэу утыкум къыщихьам хуэдэу нобэми зэрызэпӀэзэрытыр гуапэ пщымыхъуу къанэркъым. Ар куэдкӀэ я фӀыгъэщ ар къызыдэкӀа Зеикъуэ жылэжьым дэлъ хабзэмрэ и адэ-анэм зыщӀапӀыкӀа, зыхапӀыкӀа адыгэ дуней телъыджэмрэ. Абы куэдрэ езы Нэхущым и гугъу ещӀ, ауэ нэхъыщхьэр а хабзэ дахэхэмкӀэ езым и унагъуэ жьэгур зэригъэплъырщ, цӀыхугъэмрэ зэхэщӀыкӀымрэ гущхьэдэсэу зэрызэрихьэрщ.*



*Иджыблагъэ Нэхущ Чэрим и ныбжьыр илъэс 50 ирикъуащ. Ар ди щхьэусыгъуэу зыхуэдгъазэри, и лэжьыгъэмрэ и дуней тетыкӀэмрэ, и гупсысэхэмрэ и мурадхэмрэ тедгъэпсэлъыхьащи, абы къыджиӀахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*

**— ЦӀыхум и хьэлщ къызэплъэкӀыжрэ и Ӏэужь хэплъэжу. Адыгэ дунейр зытхьэкъуауэ иджыблагъэ уи къалэмыпэ къыщӀэкӀа «Хъуэпсэгъуэ гъащӀэр» апхуэдэ дамыгъэ гуэр, абы и псалъэхэр уи гъащӀэ гъуэгуанэм къыхэтӀэпӀыкӀа, хьэмэ ар лъагъуныгъэ уэрэд къудей?**

— ПцӀыр сыткӀэ щхьэпэ, сыкъыщалъхуа махуэм ирихьэлӀэу мы уэрэдыр згъэхьэзыракъым, абы техуащ армыхъу. Уэрэдым щӀэлъ макъамэр «Иуанхэ я къафэ» фӀэщыгъэм щӀэту, нэхъ ипэкӀэ Иуан БетӀал и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀауэ щыӀэххэт. Къафэм и зэхэлъыкӀэмрэ уэрэдым щӀалъхьэ макъамэмрэ зэщхьэщокӀ-тӀэ, ауэ «Иуанхэ я къафэр» уэрэдыпкъ хьэзыру зэхэлът. «БетӀал, ягъэ кӀынкъым, Иуанхэ яхуэптха къафэ цӀыкӀур къызэт», — щыжесӀэм, мащӀэу Ӏэнкун хъуами, сыкъигъэщӀэхъуакъым, ар уэрэдуи къафэуи дунейм тетынымкӀэ арэзы хъуащ. Аращ, «Хъуэпсэгъуэ гъащӀэр» къызэрытӀэпӀыкӀари, сыщогугъ абы фӀы куэд цӀыхум я гум къыщигъэушыну.

Ауэ гукъанэрэ гукъэкӀрэ къыпхуэмыщӀэу, а зи гугъу сщӀахэм гу зэрылъатар зыкъызагъэщӀэну «Ярэби, уи зэфӀэкӀыр абдеж щыбухауэ араyэ пӀэрэ, иужьрейхэр зэфэзэщ пфӀохъури?» — жаӀэу къызэзыӀуэкӀхэр щыӀэщи, апхуэдэхэм яжесӀэну сыхуейт уэрэдхэм узыщрихьэлӀэ зэтехуэныгъэхэр си хъэтӀым и Ӏэужьу зэрыщытыр. Сыт хуэдэ творческэ цӀыхуми и Ӏэужь зытелъыр хэмыгъуащэу къраціыхужу зэрыщытым хуэдэу, сэри ар си мыхъурщ.



**Нэхущ Чэрим и унагъуэр и гъусэу**. *2015*



Уэрэдым и купщӀэр сэ къызэрызэхьэлӀам ущӀэупщӀэмэ, ар си гъащӀэм къыхэсха гухэлъщ, дахагъэщ, абы сэ зыпыӀуздзынри щхьэгъэпцӀэжщ. ГъащӀэр фӀыуэ умылъагъумэ, хъуэпсэгъуэ гъащӀэкъым узытетхыхьынур. Си Ӏэдакъэ къыщӀэкӀар бэлыхьлажьэу жысӀэркъым, лъагапӀэ гуэрым сӀэтынуи яужь ситкъым, абы хуэфащэ увыпӀэр езым игъуэтыжынщ. Уэрэдыр фӀымэ, цӀыхубэм къажьэдэнэнущ, мыфӀмэ, къызыхэкӀа хьэуам хэзэрыхьыжынущ. ФӀылъагъуныгъэ зыхэзымыщӀа зы цӀыху балигъи щыӀэу къыщӀэкӀынкъыми, щедаӀуэкӀэ дэтхэнэри фӀым хуигъэплъэнырщ уэрэдым и щӀагъыбзэр.

**— Адыгэ лъэпкъым къызэрымыкӀуэу фӀыуэ илъагъу, зи макъ, псэукӀэ, ӀуэхущӀафэ хъуэпсэгъуэу къалъытэ Нэхущ Чэрим дежкӀэ хъуэпсэгъуэ гъащӀэр сыт?**

— Гукъеуэ уимыIэу, уи узыншагъэр щызу, уи щIыбагъ гузэвэгъуэ дэмылъу, уи нэхъыжь пхуэпсэууэ, уи бынунэр узыншэу, пIэщхьагъ тынш уиIэу упсэуныр хъуэпсэгъуэ гъащIэщ. Пэжщ, а псори гъащIэм щызэлъэщIыхьэр закъуэтIакъуэххэщ, ауэ фIыр ебэкIрэ абы и Iэфl къыщIэпхыфмэ, унасыпыфIэу зыкъэплъытэж хъунущ.

**— Зытеухуа елъытауэ, сыт хуэдэ уэрэдхэра цIыхубэм нэхъыфIу ялъагъур, уэ уи гум нэхъ дыхьэр?**

— ГъащIэм щилъэгъуам теухуауэ цIыхум и щхьэм хуихьыр фIыуэ елъагъу. Абы къыхэкIыу, хэдэхэх сщIыныр сфIэщыуагъэщ. Уэрэдыр жызыIэм, зытхам къазэрехъулIарщ псори зэлъытыжар.

Уэрэдхэм яхэтщ зэуэ цIыхум къащтэхэри, едаIуэми ямыжагъуэу, ауэ хэIэтыкIауэ фIыуэ ялъагъухэм хуэмыдэ дыдэхэри. ЦIыхухэр теплъэрэ гукIэ зэрызэмыщхьым хуэдэщ ар. Сыкъэзыухъуреихьхэм я пащхьэм щыжысIэ уэрэдхэм ахэр зэрыхущытыр къыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым икIи ахэр нэхъ дэзыхьэххэрщ, си фэ зраплъхэрщ, шэч хэмылъу, сэри нэхъыфIу слъагъур.



**«Крокус Сити Холл» концерт гъэлъэгъуапIэм уэрэд щыжеIэ.** *2016*

**— Илъэс 30-м щIигъуауэ адыгэ утыкур уогъэбжьыфIэ, Чэрим. УэркIэ а утыкур къару хэхъуапIэ хьэмэ?..**

— Къару къызэрыпхилъхьэм шэч лъэпкъ хэлъкъым. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым, атIэ, абы уи бгыр зэрыщIикъузэрщ. ЦIыхум я гум удыхьэу плъагъумэ, я фIэщ ухъуу къыпкIэлъыкIуэмэ, ар на-

сыпщ. Абы къару темыкӀуадэу жысӀэныр фэрыщӀыгъэщ, а къарур щыуэ-плӀыуэ гъэбэгъуауэ къуетыж цӀыху лъагъуныгъэм. Сабий дыдэхэм деж къыщыщӀэдзауэ нэхъыжьхэмкӀэ иухыжу, си концертхэм къекӀуалӀэ дэтхэнэми сахуэарэзыщ, псоми я цӀэр сщӀамэ, зырызу къисӀуэнти, фӀыщӀэ яхуэсщӀынт.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэманыр гугъу хъуащ. Яшхын, щатӀэгъэн, я унагъуэм ирагъэкӀуэдэн къелыжауэ псоми зэрамыӀэр сощӀэ, ауэ абыхэми къыдагъахуэу си концерт къакӀуэхэм си щхьэр яхузогъэщхъ.

**— Зи ӀэщӀагъэм хуэӀэижь цӀыхум щхьэкӀэ жаӀэ: «ТаланткӀэ къыхуэупсащ!» Уэ япэу хэт къыпхужиӀа апхуэдэ псалъэхэр?**

— Ещанэ классым сыщӀэсу район зэпеуэ гуэрым сыхэтт. Абы гу къыщыслъызытауэ щыта ГъукӀэлӀ Исуф дежщ щытхъу псалъэ япэу щызэхэсхар. Зыгуэр зэрысхузэфӀэкӀынур япэу къызыгурыӀуахэм ящыщ Исуф сыхуэарэзыщ, и ахърэтыр нэху Тхьэм ищӀ. Абы телевиденэми сригъэблагъэри, класс нэхъыжьхэм щеджэ щӀалэхэр си щӀыбагъым къыдэту адыгэ уэрэдыжьхэр жызигъэӀауэ щытат.



ИужькӀэ, цӀыхухэм нэхъ сыкъащӀэ хъуауэ, апхуэдэ псалъэхэр утыкум щыжиӀат КъБР-м и Президенту илъэс куэдкӀэ лэжьа КӀуэкӀуэ Валерий. Мис ахэр нэхъ си гум къинэжащ, зым си щӀалэгъуэ дыдэу, адрейм — зыгуэрхэр сщӀэ си гугъэу утыку сыкъихьэсикӀыжу щыщыт зэманхэм къызжаӀауэ щытати.

**— Искусствэм лъэбакъуэ щызыч ныбжьыщӀэхэм чэнджэщкӀэ е нэгъуэщӀ зыгуэркӀэ щӀэгъэкъуэн уахуэхъуфрэ?**

— Си закъуэ дыдэу бэзэрым сытетащэрэт, жызыӀэхэм сащыщкъым сэ. Пэжым ухуейуэ щытмэ, зы увыпӀэ гуэр субыдауэ, зы лъагапӀэ гуэрым сытетрэ абы зыгуэр къыдэкӀуеинщи сридзыхынщ жысӀэу зэи зыкъысщыхъужакъым. Уэрэд жызыӀэр цӀыхубзуи цӀыхухъууи щрет, нэхъыжьыӀуэуи нэхъыщӀэуи ирехъуи, цӀыхухэр зыгъэгуфӀэфын, абыхэм я гукъыдэжыр къэзыӀэтыфын нэхъыбэу лъэпкъым къыхэкӀарэт жысӀэу фӀэкӀа, зэи нэгъуэщӀу сыгупсысакъым. ЗызгъэщӀалэфӀу, зызгъэцӀыхуфӀу аракъым, ауэ къэзылъхуар, къызыхэкӀар, щыпсэу щӀыналъэр зыгъэлъэпӀэну хущӀэкъухэм сащыщщ. ХэӀэтыкӀауэ жысӀэу къызыщыхъуни щыӀэнщ, ауэ сэ сызрикӀуа гъуэгум, ар кӀыхьми бжьиз фӀэкӀа мыхъуми, щапхъэ гуэр къыхихыну хуейуэ къызбгъэдыхьэ дэтхэнэми, чэнджэщ естыну сыхьэзырщ. Иджыпсту сэ аращ схуэщӀэнур. УэрэджыӀакӀуэ усщӀынт, утыкум уисшэнт, лъагапӀэ гуэрхэм унэзгъэсынт жыпӀэу цӀыхур бгъэгугъэну, бгъэжэкъуэну, си гугъэмкӀэ, тэмэмкъым. Мыпхуэ-

диз къызэптмэ, мыпхуэдиз тебгъэкӀуэдэфынумэ, жызыӀэм цӀыхур гъуэгу пхэнж трешэ. Пэжщ, ди зэманым, ар сыт хуэдизу гукъеуэу щымытми, талант зыбгъэдэлъ цӀыхур лъэ быдэкӀэ увын папщӀэ мылъку гуэри темыкӀуадэу мыхъуу къэнащ. Ауэ абы ипэ къихуэу дэтхэнэми хузэфӀэкӀынур къэщӀэн хуейщ. НэгъуэщӀ щхьэусыгъуэ щымыӀэжу мылъку-былымыр фӀэгъэнапӀэ зыщӀыпӀэ деж щыхъурэ, итӀанэ наӀуэу, езыми ищӀэу, и адэ-анэри щыгъуазэу, дэӀэпыкъуэгъуу иӀэхэми хащӀыкӀыу Ӏуэхум бгъэдыхьэнращ тэмэму къэслъытэр.

Сэ сыкъапщтэмэ, цӀыхуфӀ куэдкӀэ гъащӀэр къызэташ. Ауэ узиныбжьэгъумэ, мыпхуэдэу ущытмэ, зыщӀыпӀэ унэсынщ, жиӀэу зыгуэрым сигъэгугъэурэ секӀуэкӀакъым. Сэ нобэми къызбгъэдэтщ щӀэгъэкъуэн къысхуэхъу цӀыхуфӀхэр, ахэр симыӀэу щытамэ, куэд дыдэ сызэрыхуэныкъуэнур сщӀэжу.

**— Иджырей гуфӀэгъуэ зэхыхьэхэм, абы щызекӀуэ хабзэм, зэхэтыкӀэм мащӀэу я гугъу уэдгъэщӀынут.**

— Ди гуапэми, ди жагъуэми зэманым куэдым зыдехъуэж, щӀехъумэ. Пасэ зэманым ди лъэпкъыр зэрыщытам, абы зэрихьа хабзэхэм зэхъуэкӀыныгъэ, хэлъхьэныгъэ гуэр хуамыщӀу нобэ утыку итамэ, зыужьыныгъэ ин зыгъуэта дунейм емыкӀужынкӀи хъунут. Къаплъэр къехъуапсэу уи хабзэр зепхьэн папщӀэ, пасэм зэрыжаӀащи, «Пасэрей Ӏэужьым нобэрей ежьу» щӀэбгъэувэфын хуейщ. А жыӀэгъуэр псом хуэмыдэу ди иджырей хьэгъуэлӀыгъуэ зэхэтыкӀэхэм епхьэлӀэ хъунущ. Нэхъыжь куэд мыарэзыуэ щӀалэщӀэхэм кърахьэжьэжа Ӏуэхум топсэлъыхь, лъэпкъ хабзэжьхэм хэмыта куэд хагъэхьауэ жаӀэу ехъурджауэу. Пэжщ, нэгъуэщӀущ зэрыщытар, ауэ «Зэманым декӀур лӀыфӀщ» псалъэ пэжхэри жызыӀар адыгэракъэ! Зыужьыныгъэ зыгъуэта дунейм и лъагапӀэхэм удэплъеин, ауэ щыхъукӀи укъызыхэкӀар пщымыгъупщэу и хабзэхэр дахэу утыку ипхьэфын хуэдэу, Ӏуэхур ебгъэфӀэкӀуэн хуейщ. Ди хьэгъуэлӀыгъуэхэм къыщащтэжа хабзэхэм сэри схузэфӀэкӀ хэслъхьащ. НэгъуэщӀ лъэпкъ щыщу адыгэ хьэгъуэлӀыгъуэ хэта гуэрым мыпхуэдэу итхыу срихьэлӀащ: «Ди къафэри, зыщӀыкӀэри, зыӀыгъыкӀэри щхьэпсыншагъэу къыпщохъуж, адыгэхэм я зэпӀэзэрытагъыр плъэгъуа иужькӀэ». Абы куэд къыбжиӀэу къысщохъу!

Ди лъэпкъ хабзэр зыхэмызэгъэнрэ къыщемызэгъынрэ мы дуней гугъусыгъум ифӀми и гуфӀэгъуэми хэткъым. Апхуэдэ хабзэ зимыӀэр щӀохъуэпс. Ар къызыдалъхуахэм зыпыӀуамыдзу, зыщамыдзейуэ, зезыхьэжыфын, зи къару къыдэкӀын дэтхэнэри дыхъуну си хъуэпсапӀэщ.

**— Иджырей уэрэдус узыдэлажьэхэм, уэрэдыщӀэ къыщыхэпхкӀэ узэплъ Ӏуэхугъуэхэм укъытхутепсэлъыхьамэ арат.**

— Сыт хуэдэ Ӏуэхуми утелэжьэху нэхъыфӀ мэхъу, йофӀакӀуэ. Сэри утыкум сыкъызэрихьэрэ а унэтӀыныгъэм хэсыхьа сызэрыхъуным, си къэухьым зэрызезгъэужьыным сыхущӀокъу. Макъамэ сыщрагъэдаӀуэкӀэ, сэ сэкӀунури сэщхьри солъагъу, уеблэмэ, ар япэу утыку къыщисхьэнур занщӀэу си нэгу къыщӀохьэ. Нэхъыщхьэращи, ар цӀыхухэм я фӀэщ схуэщӀынрэ схуэмыщӀынрэ къызолъытэ, макъамэм дэщӀыгъуу гулъытэшхуэ хузощӀ псалъэхэми. Си адэм къызжиӀэрейт: «Уэрэдым щӀэдзапӀэ-курых-кӀэух иӀэу, узытепсэлъыхьыр цӀыхухэм къагурыӀуэу, пэщӀэдзэр наӀуэу, кӀэухыр умышхыжу щытыпхъэщ, арыншамэ, утыкум укъимыхьэми хъунущ». Си адэм жиӀар кӀуэ пэтми, нэхъ кууэ къыспкърохьэ.

Ди щхьэщыгу итым апхуэдэ гъуэтыгъуэ сригъэхуэри, уэрэдус куэдым садэлэжьэну си насып къикӀащ, иджыпсту Ӏуэху зыдэсщӀэхэри мащӀэкъым. Абыхэм си пщӀи, си зэфӀэкӀи яӀэтащ. Уэрэд жыӀэн щыщӀэздзам щегъэжьауэ Думэн Мурадин сыдолажьэ, си гум къипсэлъыкӀам хуэдэу, и уэрэдхэр дахэ защӀэщ. Ауэ, си жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей зэманым театр Ӏуэхухэм нэхъ трегъащӀэри, селъэӀу пэтми схуитхыжӀакъым. Абы къыкӀэлъыкӀуэу Мамий Аслъэн и цӀэр къисӀуэну сыхуейщ, абырэ сэрэ икӀи дызэдеджащ. Аслъэн и уэрэд куэд жысӀащ, абы ноби и къалэмыпэр жанщ. Иужьрей зэманым Иуан БетӀалрэ сэрэ дызэгурыӀуэу дызэдолажьэ, цӀыхум ягу дыхьэу уэрэд зыбжанэ дунейм къытедгъэхьащ. БетӀал сэ схуитххэм къищынэмыщӀауэ, езым игъэзащӀэхэми адыгэм и зэпӀэзэрытагъыр къыхощ, адыгэгу, адыгэпсэ зэрыхилъхьэм уэрэдхэм я фӀагъыр егъэбагъуэ.

**— Иужьрей зэманым уздэщыӀа къэралхэмрэ абы щыбгъэзэщӀа программэхэмрэ дыщыбгъэгъуэзэн?**

— Интернетым и фӀыгъэкӀэ зы Ӏуэхугъуи гулъытэншэу къанэркъым. Концертыр щекӀуэкӀа пэшым щӀэсам хуэдищ-плӀыкӀэ нэхъыбэ йоплъыжри, щэхуи щӀэуфаи зыри щыӀэжкъым. Ауэ къызэрымыкӀуэу сигу къинэжауэ къыхэзгъэщмэ сфӀэфӀ къэралхэри щыӀэщи, щхьэщытхъуагъ Ӏуэхум хэлъу къащыхъуну сыхуейтэкъым, ауэ сэ къару къысхэзылъхьэу, нэхъыбэм сытезыгъэгушхуэмкӀэ сывдэгуашэмэ си гуапэщ.

Тыркум хыхьэ Къайсэр къалэм (куэд щыгъуазэу къыщӀэкӀынщ ар адыгэ нэхъыбэу щыпсэу щӀыналъэхэм зэращыщым), концерт щыттырт. Адыгэ хуэпэкӀэу хуэпауэ, ныбжь иӀэу зы адыгэ лӀыжь


8 Заказ №368

къекIушхуэ си пащхьэм деж щыст. Макъамэхэр иныIуэу къедгъауэмэ къытехьэлъэнкIэ сышынэрти, зэман-зэманкIэрэ сыщIэупщIэрт. Апхуэдэу аргуэру зыщыхуэзгъазэм, къэIэбэри микрофоныр сIихащ. «Си щIалэ, макъамэр иныIуэти цIыкIуIуэти жыхуэпIэхэракъым къысфIэIуэхур. Мы щIыналъэм ди адэм и адэжхэр зэрыщетIысэхрэ дызэкъуэмыхуу дызэрыIыгъын, ди бзэр, хабзэр зетхьэжын, ар щIэблэм къедгъэщтэн папщIэ къамыгупсысарэ зызрамыпщытарэ щыIэу къыщIэкIынкъыми, ныщхьэбэ си нэм илъагъумрэ си тхьэкIумэм зэхихымкIэ зызгъэнщIыркъым. Сэ нобэ къызгурыIуащ лъэпкъыр мыкIуэдыжын щхьэкIэ щIэн хуейр — ар нобэ дызыхэбгъаплъэращ!» Иджыри псалъэ дыгъэл куэд къыкIэлъыкIуащ абыхэм, ауэ нэхъыщхьэр а щытхъупсракъым, атIэ гъащIэ зылъэгъуа нэхъыжьым и гум къыщызгъэушыфа гурыщIэхэрщ. СэркIэ абы ефIэкIын мылъкуи былыми щыIэу къыщIэкIынкъым.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм сыщыкIуам, а къэралым япэ дыдэ дэтIысхьауэ щыта адыгэ щIалэ Натхъуэ Къадир и унагъуэм сыщыIащ. Къэзмылэжьа хуэдиз пщIэ къысхуащIащ, хьэщIагъэшхуэ къызахауэ щытащ. Къадир Адыгэ Хасэ къызэригъэпэщауэ щыIэти, абыи срагъэблэгъащ. Арати, тхьэмадэ жьакIэхухэр къотэджри къысщотхъу, зыр, етIуанэр, ещанэр... СыщIалэми, нэхъыжьхэм фIыщIэ яхуэсщIыну къыстехуэрти, сыкъэтэджри си къэухь къызэрихькIэ адыгэбзэ яжесIащ. Си яужь кIэщIкIэ Къадир къэтэджри: «Уа, маржэ хъужыхэнхэ, мы щIалэм Алыхьыр къызэрыхуэупсар макъ къудейкъым, ар мыхъуами абы и бзэмрэ и хабзэмрэ зэрыузэщIари къэзыгъэщIам кърита фIыгъуэшхуэщ. Ягъэ кIынкъым щIалэгъуалэм абы гу лъыфтэрэ щапхъэ фхуэхъумэ», — жиIэри аргуэру си щхьэфэцым зригъэIэтат.

Къэрал къэс зыгуэр гукъинэж щысщыхъуащ. Нэмыцэм дыщыIэу хэкум зэи къэмыкIуэжыфа ди лъэпкъэгъухэм ящыщ бзылъхугъитI къызбгъэдыхьэри, гуапагъэ защIэкIэ сагъэнщIат. Концерт нэужьым бзылъхугъэм и нэ къыстримыгъэкIыу къызэрызэплъыр слъэгъуати, сэри абы гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэсщIыным сыхущIэкъуу сыщыбгъэдыхьэм: «А, си щIалэ цIыкIу, адрейхэр къэгъэнауэ, си закъуэ нобэ къысхуэпщIар зыхуэдизыр езыми къыбгурыIуэж хъункъым. Зэи си нэм имылъэгъуа хэкур си нэгу къыщIэбгъэхьащ, абы щызэрахьэ адыгагъэр си нэгу щIэкIащ», — къызжиIащ. Бзылъхугъэр и гъусэм щигъэпIащIэм: «УкIытэм, хабзэм къыхэкIкIэ, сызыхуимыт си Iэпкълъэпкъыр Iусхыжми, сызы-

хуит си гум зыпщимыгъэнщIауэ уи гъусэу къызогъанэ», — къызжиIат. А псалъэхэм слъэмыкIыу си нэпсхэр кърагъэкIуат. Си зэфIэкIыр къызбгъэдэзылъхьам апхуэдэ дакъикъэхэм фIыщIэ хузощI.

ЖыпIэнуракъэ, дэнэ къэрали къэзмылэжьа хуэдизу сыщагъэлъэпIащ, абыкIэ псоми фIыщIэ яхузощI.

**— Дэнэ щIыпIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми зэдайуэ къалъытэ артистым дежкIэ уадыгэну гугъу? Адыгагъэм и пщалъэмрэ и къэуатымрэ уэркIэ сыт?**

— «Зэ уадыгэну сыт и уасэ!» псалъэ дахэхэр усакIуэ цIэрыIуэ Бемырзэ Мухьэдин итхауэ щытащ. Уадыгэным фIагъ, дахагъ куэд хэлъщ. Дауи, адыгагъэм къалэн пыухыкIахэр ди пщэ къыделъхьэ. Ауэ уи къару, лIыгъэ хурикъумэ, уадыгэным нэхъыфIрэ нэхъ дахэрэ щыIэкъым. Адыгагъэм узэримыгъэпудыр, абы фIагъыу къыдэкIуэм и куэдагъыр адыгэлъ зыщIэт дэтхэнэми къыгурыIуэну сыхуейт.



**«Кабардинка» къэфакIуэ гупым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь и гъусэу.** *2016*



**— Ди эстрадэм и щытыкIэм сыт хуэдэ гупсысэм ухуишэрэ, Чэрим? Ар ефIэкIуэн щхьэкIэ сыт хуэдэ хэкIыпIэ щыIэу къэплъытэрэ?**

— Еуэри, зэгуэрым си ныбжьэгъу нэхъыжь къызэхъурджэуащ, адыгэм ди уэрэд жыIэкIэр пасэрей гъуэгум тесшауэ къилъытэу, щIалэгъуалэри си ягъэкIэ «жакъуэу» жиIэу. Скрипкэ, бас, фортепиа-

нэ, нэхъапэм лъэпкъым имыIа нэгъуэщI макъамэ Iэмэпсымэхэр къызэрызгъэсэбэпыр игъэкъабылтэкъым ныбжьэгъум. Сэ абы жесIащ дуней псом макъамэм щигъуэта зыужьыныгъэм удэмыплъеймэ, зэрызыпхуэмыужьынур. Ди макъамэм и фIыр, и IэфIыр щIы хъурейр зэщIэзыщтам пэгъунэгъу хъумэ, абы нэхъыбэм гулъытэ хуащIу, ар зей лъэпкъым и щIэупщIэр ягъэбэгъуэнкIэ уегъэгугъэ, дауи. Ауэ щыхъукIи, «Сэ уи уэрэдхэр апхуэдэуи сигу ирихьыщэркъым, ауэ сыздэкIуэ къэралхэм здызохьри, согуэш», — къызжиIащ. Абы яужь, махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, а щIалэр лэжьыгъэ IуэхукIэ хамэ къэрал кIуэн хуей мэхъу. Иджы абы къызжеIэж: «ХьэщIэщым и шхапIэм дыщIэсыху уи дискыр теслъхьэри къезгъэуати, рестораныр зейр къызэлъэIуащ ар къахуэзгъэнэну. Къахуэзгъэнащ. Нэхумыщу макъ гуэрым сыкъигъэушащ, си тхьэкIумэр згъэжанрэ седэIуапэмэ, «Дахэжан» уэрэдыр ину дэшеяуэ, хьэщIэщыр зи инагъым щыIурт. ЩхьэгъубжэмкIэ сыкъеплъыхмэ, хьэщIэщым цIыхуу щIэсыр зэхуэсауэ зарядкэ ящIырт». Абдеж си ныбжьэгъур къэпсалъэри, сэлами къызимыхыу: «Чэрим, бжесIа псалъэхэр къызощтэж, сызэрыщыуар къызгурыIуэжащ!» — къызжиIащ.

УутыкуакIуэну, цIыхум я пащхьэ зыгуэр иплъхьэну тыншкъым, ауэ Iэрэ Iуэхурэ зэхуэзымыхьхэм ныкъусаныгъэ къыпхуащIыну нэхъ яфIэфIщ. Нэхъыбэ зыхузэфIэкIынум тхьэм щхьэкIэ ирырещIэ, сэ ар си гуапэ хъуну аркъудейщ.

Сэ сыхуейт адыгэр и сыт хуэдэ фIыгъуэмкIи дуней псом къыщацIыхуну. Лъэпкъым зыужьыныгъэ игъуэтын папщIэ, адэжьхэм къащIэнам дытегужьеикIауэ дыкъуэс къудейкIэ зэфIэкIынукъым, абы зэрызедгъэужьыным, дэри зыгуэр зэрыхэтлъхьэным дыхущIэкъупхъэщ.

Зэрыщыту нобэрей эстрадэм сытепсэлъыхьыну къыслъыс къыщIэкIынкъым, ауэ сэ къысхуэгъэзауэ къапщтэмэ, сыхуейт ди лъэпкъыбзэкIэ тха, адыгэ макъамэ нэс зыщIэлъ уэрэдхэр нэхъыбэу диIэну. Си щхьэкIэ си жагъуэ мэхъу ди лъэпкъ уэрэджыIакIуэхэм яцыщ язынукъуэхэм я адыгэбзэр яфIэмыхьэнэншэу, адрей бзэхэмкIэ уэрэд жаIэмэ я пщIэр нэхъ лъагэ хъуну, я бэкъуэкIэри нэхъыфIыну къазэрыщыхъур. Ауэ щыхъукIэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм езыхэм я уэрэджыIакIуэхэм упащIынукъым, абыхэм нэхърэ нэхъыфIу я лъэпкъыбзэмкIэ уэрэд пхужыIэнукъым, нэгъуэщI бзэр ууейм нэхърэ нэхъыфIу къыпхуэгъэшынукъым. Аращ езыхэр зыхуеймм, зызыхуашиймм нэмысу, къызыхэкIари зрамыпэсыжрэ лъэныкъуэлъэныкъуэкIэ задзу куэд дыщIиIэр. Уи бзэр, уи хабзэр, уи адыгэбзэр

уэ езым бгъэфIэн, пIэтын зэрыхуейр абыхэм къагурыIуэу щытамэ, куэдкIэ нэхъыфIт. Пэжщ, ди щIалэхэм ящыщ гуэрхэр щыIэщ Урысейм и эстрадэм хыхьэфауэ, Къэбэрдейм и цIэр жрагъэIэу. Ди гуапэщ ар. Ауэ псори зэуэ IэпэзэрыIыгъыу къэралым и курыкупсэм уашэу урагъэувэнукъым, инджылызхэм узэрызыхамыгъэувэнум хуэдэ дыдэу. НтIэ щхьэ мыхъурэ ди лъэпкъыбзэм, ди зэхэтыкIэ дахэм, ди щIыналъэ щIэращIэм пщIэ хуэтщIыж?!

Сэ сыкъапщтэмэ, си зэфIэкIыр нэхъыбарэ адыгэм и цIэр Урысейми щысхужегъэIэну къару сиIамэ, ари Iейтэкъым. Ауэ сыткIэ, псалъэм папщIэ, нэхъыкIэ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэм дыкъызэращIэр?! Ди щхьэр зымылъэгъуауэ ди цIэр зыщIэр дапщэ? Ари нэхъ Iейуэ сыбжыркъым.

**— Чэрим, псом я дежкIи наIуэщ цIыхубэм къыпхуаIэ лъагъуныгъэм и инагъыр. Апхуэдиз гулъытэм ущимыгъэкIыу сыт узэтезыIыгъэр?**

— «Нэ илъагъу Iэ ещIэж», — жаIэ, дызыщIапIыкIа псэукIэрщ нобэми дызытетри дызытетынури. Ди анэ мыгъуэм къызжиIэрейт: «Куэдыщэ пщIауэ къыпщыхъужмэ, уимыкIыу уи пIэм укъинащ. Хьэлыншэу зэи зумыщI, нобэ пхузэфIэкIа мащIэм нэхърэ нэхъыбэж зыхузэфIэкI зэрыщыIэр зыщумыгъэгъупщэу, нэхъыфIым дэплъей зэпыт». Абы нэхъ Iущагъ ин сэ сыхуейкъым!

118

**— Уи дежкIэ щапхъэр хэт?**

— Зы цIыху щхьэхуэ мыхъуу, си къуэш нэхъыжьищри си дежкIэ щапхъэщ. Абыхэм къакIэлъыкIуэ я ныбжьэгъухэм си къуэшхэр зэрахущытыр, зэрабгъэдэтыр си нэгу щIэкIырт, нэхъ пэжри арауэ къысщыхъурти, садэплъейуэрэ нобэм сыкъэсащ. Уи унагъуэм ущытхъужыныр адыгэхэм ди хабзэкъым, ауэ нобэ симыIэж си адэ-анэр нэгъуэщIыпIэкIэ уимыгъэплъэн хуэдизу сэркIэ щапхъэшхуэу зэрыщытар къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым. Абыхэм цIыхур фIыуэ ялъагъурт, дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ, бгъэдэтыкIэ дахэ хуаIэу апхуэдэт.

**— Творчествэм и къигъэхъуапIэр сыт? Уи гъащIэм, уи лэжьыгъэм нэхъ гугъу дыдэу сыт узыщрихьэлIар?**

— ЦIыхур зыпэмылъэщын телъыджэ гуэр сщIауэ, бэлыхьлажьэ зэфIэзгъэкIауэ къэслъытэу аракъым, ауэ зи ужь ситыр цIыхум я гукъыдэжыр къызэрысIэтынырщ, нэхъыфI дыдэу сызэхъулIэ IэщIагъэмкIэ ахэр зэрызгъэгуфIэнырщ. Аращ нэхъыщхьэ дыдэу си лэжьыгъэм хэлъу къэслъытэри.

ГъащIэм и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, си адэ-анэр зэрысфIэкIуэдар гузэвэгъуэу слъэгъуам я щхьэжу къысщохъу.

Ауэ лэжьыгъэми гъащIэми сызыщрихьэлIэ гугъуехьхэм сыпэзыгъэлъэщ, занщIэу си гур здэжэ, псалъэ къыхамыгъэкIыу къыздэIэпыкъу ныбжьэгъу нэсхэр сиIэщ. Нобэрей ехъулIэныгъэхэр си закъуэ зыIэрызгъэхьауэ жысIэрэ — абы щыгъуэм сыцIыхукъым. Аргуэру зэ жызоIэри, ар си ныбжьэгъуфIхэу пэжыгъэкIэ къызбгъэдэтхэм, цIыхугъэ къыскIэлъызезыхьэхэм куэдкIэ елъытащ. Апхуэдэу къызбгъэдэт дэтхэнэми и фIыщIэ сымыгъэкIуэду си гум IэфIу илъщ, зыкъэзыцIыхужахэм  захузогъазэри: «Алыхьыр арэзы къыфхухъу!» яжызоIэ. Си щхьэ закъуэкIэ нобэ сиIэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрызгъэхьауэ зэи жысIакъым  икIи ар щхьэгъэпцIэжщ. И нэхъыбэр си хъуреягъымрэ щIэгъэкъуэн  схуэхъухэмрэщ зи фIыщIэр.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* и ныбжьэгъухэу **Гумэ Маринэ, Хьэцей Тимур, Битокъу Оксанэ, Чэримрэ и щхьэгъусэ Лианэрэ.** *2015*



**— Унагъуэ насыпыр зэлъытауэ къэплъытэр сыт, Чэрим?**

— Унагъуэр узэгурыIуэу упсэун  папщIэ къару, акъыл  ин ухуейщ. Псом ящхьэжу къэувыр цIыхур къызыхэкIарщ, зыщIапIыкIа хабзэрщ. Унагъуэ щыбухуэм и деж цIыхур лъэныкъуэ псомкIи къыпхуэцIыхункIэ Iэмал иIэкъым. Алыхьым и нэфI къыпщыхуамэ, гъусэ тэмэми къуеt. «Уэ хьэрычэт щIэи, сэ берычэт хэслъхьэнщ», —

жиIащи, абы къуитар уи акъылкIэ пхузэтеIыгъэмэ, ар къызыгуры-Iуэн гъусэ пхуэхъумэ, насыпышхуэщ, унагъуэ насыпи ухэплъэнущ.

**— Адыгэ лъэпкъым сыт хуэдэ псалъэкIэ зыхуэбгъэзэнт?**

— Гурэ псэкIэ сыкъэзылъытэу си Iуэху зыхэзыщIэ дэтхэнэми фIыщIэ хузощI. Си IэщIагъэкIэ сызыхэтыр гуфIэгъуэ Iуэхущи, гуфIэгъуэхэмыкI ди лъэпкъыр Алыхьым ищI! Гузэвэгъуэ дымылъагъуу, ди Iуэху тщIэжу, ди IэкIэ къэдлэжьыр ди ерыскъыуэ дыпсэуну си гуапэщ.

Си ущиер къабыл ящIу къащтэну щытмэ, си щхьэм еспэсыр аращи, укъэзылъхуар пщыгъупщэ зэрымыхъунур, укъызыхэкIа лъэпкъым и пщIэр пIыгъын, пхузэфIэкIыу уи къарум къихьымкIэ абы и сэбэпынагъ зыхэлъ зепхуэн зэрыхуейр ягу илъыну цIыхубэм захузогъазэ. Тхьэм игъэпсэу, игъэузыншэ ди къекIуэкIыкIэм кIэлъыплъ, ди лэжьыгъэм дихьэх псори!

*Епсэлъар* **ИСТЭПАН Залинэрэ**
**ЩОМАХУЭ Залинэрэщ**

# Нэхущ Чэрим хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Нэхущ Чэрим ди гъуазджэм зы еплъыкIэ, зы дуней тетыкIэ гуэр къыхилъхьэу абыкIэ и лэжьэгъухэм щапхъэ яхуэхъун хуейуэ дунейм къытехьауэ сэ къысфIощI. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Чэрим, япэрауэ, къыхилъхьащ утыкум махуэшхуэ пшыхь екIу къыщызэригъэпэщу. ЕтIуанэрауэ, сценэм щихьэкIэ дэтхэнэ цIыхуми дэрэжэгъуэ къезыт зыхуэпэкIэ артистым иIэн зэрыхуейр абы псоми яригъэлъэгъуащ. Ещанэрауэ, хьэл-щэн дахэ къыздрихьащ. Нобэр къыздэсым арауэ къыщIэкIынущ Чэрим утыкур щIиIыгъыр, абы и пшыхь деплъарэт, и макъ дыщIэдэIуарэт щIыжаIэр.

**КЪУМАХУЭ Мухьэдин,**
*КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр*

* * *

Уэрэдым и псалъэм купщIэ имыIэу зэи усэ къиштэркъым Нэхущ Чэрим. Апхуэдэуи, уэрэд щыжыпIэкIэ абы щIэлъ псалъэр къанэ щымыIэу цIыхум къагурыIуэу, зэхэщIыкIыгъуэу Iууэ щытын хуейщ. Мис а IуэхугъуитIым я лъэныкъуэкIи Чэрим дэбгъуэн щыIэкъым. 

Iуащхьэ зыдэкIуейм и щыгум Чэрим иджыри зэрынэмысар хьэкъщи, сыхуейщ зы махуэм нэхърэ адрейм, зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм и макъри, и гъащIэри нэхъыфI дэхъуну.

**НЭХУЩ Заурбий,**
*УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт*

* * *

Адыгэм зэрыжиIащи, псори мэкIуэдри уэрэдыр къонэ. Уэрэд жыхуиIэр езы уэрэд къудейркъым, абы дахагъэм щыщIэдзауэ куэд къызэщIеубыдэ. Ярэби, сэ музыкантыр сызэреплъымкIэ, хэт хъуну Нэхущ Чэрим? Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым щIалэ цIыкIуу зэрыщIэтIысхьэрэ соцIыху сэ ар, и зэфIэкIым сыкIэлъоплъри, жыгыщIэ цIыкIуу хасэу лъагэу зызыIэта къэкIыгъэ дахэрщ зэзгъэщхьыр. Нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, абы и творчествэм зэрызиужьыр, абы уафэгум зэрызыхуишийр къэдабэ щихум нэхъ ещхьщ. Дунейр уэму пщэдджыжьым къыкъуэу акъужьым, мывэ

кӀэщхъ къещэщэхым ещхьу, абы и тхьэмпэхэр зэригъэщхъыщхъым хуэдэщ Чэрим и макъ зэщӀэжьыуэр.

Чэрим и макъыр, и уэрэд жыӀэкӀэр классикэкъым, цӀыхубэм къыхэкӀа уэрэд жыӀэкӀэщ. Арагъэнщ адыгэ уэрэдыжьхэр абы щыжиӀэкӀэ щхьэцыкӀэкӀэ укъыщӀиӀэтыр.

Чэрим и адэ Хьэчими и анэ Ҏаи фӀы дыдэу сцӀыхуу щытащ. Йоуэри, Хьэчим жиӀэу зы къафэ зэхызох сэ. «Уэрэду уиӀэм я уасэщ а къафэр утыкум щыбгъэбзэрабзэмэ», — щыжесӀэм, Чэрим си чэнджэщым къедэӀуащ. ЖьэкӀэ игъэбзэрабзэ къафэращ ар, макъамэ дахащэ щӀэту.

**ХЬЭӀУПЭ Джэбрэил,**
*УФ-м гъуазджэхэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ,*
*композитор*

* * *



«Уи унэжь пхъэжь мафӀэщ» жаӀэ игъащӀэми. Япэ лъэбакъуэр щыпча, япэ бэуэгъуэр щыбгъуэта къуажэжьым и пхъэ дакъэжь мафӀэм къыуит хуабагъэм, псэ тыншыгъуэм хуэдэ нэгъуэщӀ зы жылэми къыпкърыкӀынукъым. Сэ ар згъэунэхуауэ фӀы дыдэу сощӀэ.

Зеикъуэ лӀыжьхэр жрагъэӀэу, зыр шыкӀэпшынэм, адрейр пшынэ дыкъуакъуэм, ещанэр пхъэцӀычым еуэу лӀыжьищ диӀащ: Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Щоджэн Ӏэсхьэд, Къазий Мамышэ сымэ. Зэдежьууэ, зэгъусэу гуфӀэгъуэ Ӏуэхухэм хэту, махуэ зыбжанэ иӀэу хъыбар къэрагъащӀэрэ хьэгъуэлӀыгъуэ зиӀэм худахыу. Нобэрей зэманыр къапщтэмэ, Нэхущ Чэрим абыхэм, къызыхэкӀа лъэпкъым, къыщалъхуа къуажэм, зэрыщыту республикэм яхуэфащэщ.

**ЩОМАХУЭ Хьэсэнбий,**
*КъБР-м щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ,*
*уэрэдус*

* * *

Гъуазджэм хуэлажьэхэм ящыщу ди къуажэр зыгуэрым ирипагэ хъуну щытмэ, Чэрим иригушхуэн хуейуэ къызолъытэ. Сыту жыпӀэмэ, куэд хузэфӀэкӀащ, куэд ищӀащ и ныбжьыр здынэса илъэс щэ ныкъуэм къриубыдэу. И адэ-анэри фӀы дыдэу сцӀыхуу щытащ, благъагъэкӀи къызгуохьэ.

Нэхъыбэу дыщӀригушхуэн хуейуэ къэслъытэр уэрэд дахэу зэрыжиӀэм, екӀуу ахэр зэритхым я закъуэкъым, атӀэ утыкум и хабзэхэм фӀыуэ зэрыщыгъуазэрщ, нэгъуэщӀ лъэныкъуэхэмкӀи зэфӀэкӀышхуэ зэриӀэрщ. Кавказ Ищхъэрэм и артистхэм ящыщу абы и закъуэщ «Крокус Сити Холл»-м концертитӀ щызытыфар. Ари республикищым — Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм — я къэфакӀуэ цӀэрыӀуэхэр щӀыгъуу. Ди деж и мызакъуэу нэгъуэщӀ щӀыналъэхэми къызэрыщащӀэм, къызэрыщалъытэм и щыхьэтщ республикитхум я цӀыхубэ артисту зэрыщытыр.

Ди къуажэр зэригъэбжьыфӀэм, и цӀэр фӀыкӀэ зэригъэӀум папщӀэ пщӀэ хэха хузощӀ, унагъуэ дахэ иӀэщи, ефӀэкӀуэну си гуапэщ, фӀыгъуэу щыӀэр тхьэм къыхуищӀэ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*

* * *

Уэрэдым, макъамэм, пшыналъэм хуэдэу гур зыгъэпӀейтей зыри щыӀэкъым. Апхуэдэу псэр зы гъэщӀэгъуэн гуэру егъэушэ Чэрим и уэрэд жыӀэкӀэм, абы и макъыр жыжьэу зэхэпхми, зэры-Чэримыр къыбоцӀыху. Ар апхуэдэу щӀыщытыр, езым къыдалъхуа щӀагъыбзэ, зыми емыщхь щхьэхуэныгъэ гуэр и гуащӀэм хелъхьэф, искусствэ нэс къегъэщӀыфри аращ.

**БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Заурбэч,**
*КъБР-м и цӀыхубэ сурэтыщӀ*

* * *

Нарт Ӏуэхугъуэхэм ящыщу уэрэдым, къафэм цӀыхум, лъэпкъым я гъащӀэр къызэщӀаӀэтэ, зыгуэрым ухуагъэуш. ЦӀыху минищэхэм нэсым я гур зэуэ къыщыпхьэхум деж ар дамыгъэ лъапӀэ гуэр мэхъу. Мис апхуэдэ зэфӀэкӀ Чэрим иӀэу сэ къызолъытэ.

Нэхущ Чэрим утыкум къыщихьэм деж цӀыхухэр къыдимыхьэхыфу, абыхэм я гум дэмыхьэфу щытамэ, иджыпсту къыхуащӀ пщӀэм, щӀыхьым нэсынтэкъым. Илъэс дапщэкӀэ иджыри адыгэ лъэпкъым хуэлажьэми, апхуэдэу екӀуу, дахэу, къедаӀуэ псоми гухэхъуэ яриту утыкум итыну тхьэм жиӀэ.

**ЦРЫМ Руслан,**
*КъБР-м и цӀыхубэ сурэтыщӀ*

* * *

Зы уэрэджыIакIуэм концерт щхьэхуэ итыным и лъабжьэр адыгэхэм я деж щызыгъэтIылъар Нэхущ Чэримщ жыпIэкIэ егъэлея хъунукъым. АфIэкIа имыщIами, Чэрим хузэфIэкIащ Iуэхугъуэшхуэ. ЩIалэ Iэ пцIанэр утыкум къихьэри, езым и талантым, и зэфIэкIым я фIыгъэкIэ, куэд зыкъуигъэуващ, куэдым къуэуващ. Iуэху къохъулIэ жыхуаIэм хуэдэщ Чэрим, аращ цIыху губзыгъэхэр, зэфIэкI зиIэхэр къепщIу и лэжьыгъэр къызэгъэпэща, хъуэпсэгъуэ щIэхъуар.

КъызыхэкIа унагъуэри дахэщ, иухуари апхуэдэ дыдэщ. И бзэр, и хабзэр, и лъэпкъыр щымыгъупщэу, и щхьэм пщIэ хуищIыжрэ апхуэдэ гулъытэ гуапэ къыбгъэдэт псоми ялъигъэсу къогъуэгурыкIуэри, ефIэкIуэну си гуапэщ.

**ДУМЭНЫЩ Iэулэдин,**
*КъБР-м и цIыхубэ артист*

* * *



Псы къиуа утхъуам псы къабзэ Iэгуэ хэпкIэмэ, хогъуащэри йожьэж. Нобэрей артист гъащIэм утепсэлъыхьу щытмэ, апхуэдэу ухэкIуадэ хъунукъым. Зым и щытыкIэр, и Iуэху еплъыкIэр, и уэрэд жыIэкIэр адрейхэм ейм къыщхьэщыкIыу щытын хуейщ. Псоми уарещхьмэ, а псы къиуам псынщIэ дыдэу уздихьынурэ ежьэжынущ.

Адыгэ уэрэдыр псэкIэ жыIэн зэрыхуейр фIы дыдэу къыгурыIуэу утыкум къихьащ Чэрим. Апхуэдэуи абы къыгуроIуэ цIыхум уэ епт хуабагъэм хуэдиз дыдэ къызэрыуитыжыр. Ахэращ Нэхущ Чэрим и ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэу сэ къэслъытэр.

**ДУМЭН Мурадин,**
*КъБР-м и цIыхубэ артист*

* * *

Нэхущ Чэрим армэм къикIыжа къудейуэ, сэри лэжьэн щIэздзагъащIэу дызэрихьэлIащ, илъэс 30 хъуауэ дызэроцIыху, дызэдолажьэ, дызэныбжьэгъущ. Ди гъурри ди цIынэри зэрощIэ жыпIэкIэ ущыуэнукъым.

ЦIыху егъэлеяуэ ифIэфIщ Чэрим, и закъуэн нэхъ илъагъу мыхъу щыIэкъым. И адэм ещхь хъужащ абыкIэ. ЦIыху зытхухыу дызэщIыгъуми, тIощIырыпщI дыхъуми зыщIыпIэ дыщыIауэ зэ дыкъыблэкIыжыртэкъым Чэримхэ дыдэмыхьэу, яIэр къытхутрагъэ-

увэрэ дамыгъэхьэщIэу. Чэрим и ныбжьэгъу, и лэжьэгъу, и цIыхугъэ гуэр къыхуеблэгъамэ, нэхъыбэрэ зэрыбгъэдэсын Iуэхущ зи иужь итыр. Апхуэдэ дыдэ хъужащ и бын цIыкIухэри. ЖыпIэнурамэ, и дуней тетыкIэмрэ жиIэ уэрэдхэмрэ яхуэфэщэжущ и унагъуэри зэрыщытыр.

Егъэлеяуэ ныбжьэгъу пэжщ. Мыпхуэдэ Iуэху яужь сихьащи, къызэхъулIэркъым, къыздэIэпыкъу, жыпIэу уи щхьэ епхьэлIауэ абы укъызэригъэщIэхъун дунейм теткъым. Жэщ иIэнукъым, махуэ ищIэнукъым, и къарум къихьыр къыпхуимыщIауэ. Сэ сыщыгъуазэщ апхуэдэу куэд дыдэм ифI иригъэкIауэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужькIэ езыр къизымыдзэжахэри яхэтщ абыхэм.

Творчествэм ехьэлIауэ къапщтэмэ, благъагъи, ныбжьэгъугъи, цIыхугъи хэзэгъэнукъым, уэрэдым и псалъэхэр е макъамэр игу иримыхьу щытмэ, улIэрэ узэгъэжамэ апхуэдэ пхужиIэнукъым. Езым адыгэбзэр фIы дыдэу ещIэри, уетхъунщIауэрэ хъуну къилъытэмэ, зыпхуригъэлIэлIэнущ, шэч хэмылъу.

Уэрэду игъэзащIэм фэрыщIыгъэ зыхэлъ яхэткъым зыри. Лъагъуныгъэм теухуащ нэхъ жиIэри, пэшым щIэсу хъуар, нэхъыжьи нэхъыщIи, темэхыкIауэ йодаIуэ. Адыгагъэм, цIыхугъэм, лъэпкъым, хэкум теухуахэри апхуэдэщ. 

Концерт хъуамэ, нэхъыфI дыдэм хуэдэу фIэкIа ищIыну хуейкъыми, ращ Чэрим и пшыхьхэм узэрыщIыхьэну билетхэр щIэлъапIэр. Ауэ утыкум щыжыдмыIэ, дымыгъэзу щхьэкIэ ахэр къызыхуэмыщэхуну куэд пщIэншэу щIегъэхьэ, игу зэращIэгъум къыхэкIыу.

**ГУМЭ Маринэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*

* * *

Чэрим и пщэрылъыр фIы дыдэу къыгуроIуэж. Къызэрыдэплъей Iари, къыхущIэбжэнкIэ, къехъурджэуэнкIэ зэрыхъунури ещIэ.

Мыбдежым зэрызищIар хъуатэкъым, къезэгътэкъым, жиIэ уэрэдхэм я псалъэхэмрэ и хъуэхъу-ущиехэмрэ зэщхьэщокI щыжыпIэн сэ срихьэлIауэ къысхуэщIэжыркъым. Апхуэдэу сэ схуэлъытэн ныбжьэгъу сыхуэзакъым, узэхэзыщIыкIын лъэпкъыу тхьэм дыкъыпхущIигъэкI, жызоIэ абы.

**КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,**
*«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ*

* * *

Щэнхабзэм хуэлажьэхэм къалэнышхуэ я пщэ дэлъщ лъэпкъым хуэгъэзауэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр утыкум итщ, цIыхухэр якIэлъоплъ, абыхэм щапхъэ къытрах. Сэ си гугъэщ Чэрим дэ щапхъэфIу диIэу.

НэгъуэщI къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ар къэзымыцIыху яхэткъым. Псом хуэмыдэу абы и гуащIэм кIэлъоплъ я хэку имысыж щIалэгъуалэр.

Уэрэд жызыIэф, къыдалъхуауэ макъ дахэ зиIэ куэд щыIэнущ, ауэ абыхэмкIэ ирикъуркъым Iуэхур. Мис ахэр цIыхубэм зэрабгъэдилъхьэ адыгэбзэ дахэ Iурылъщ Чэрим. Сэ сыкъапщтэмэ, абы жиIэ уэрэдхэр, и пэщIэдзэм къыщыщIэдзауэ кIэухым нэс, фIы дыдэу къызгуроIуэ, и макъамэри псэкIэ зыхызощIэ.

**IУТIЫЖ Мэжид,**
*«Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и тхьэмадэ*

* * *



Си къуэш лъапIэу Чэрим! Сыту фIыт уэ пхуэдэ адыгэ щIалэ ди лъэпкъым къызэрыхэкIар, сыту фIыт узэрысцIыхуар. Ди лъэпкъыр уи уэрэдхэмкIэ зэрыбгъэдахэм, зэрыбгъэбжьыфIэм и мызакъуэу, уэ пхэлъ адыгагъэм, цIыхугъэм, лъэпкъым хууиIэ лъагъуныгъэм фIыуэ дыщыгъуазэщ. Тхьэм уэри уи унагъуэри насыпрэ гуфIэгъуэкIэ гъэнщIауэ фигъэпсэу!

**КЪУЩХЬЭ Догъэн,**
*КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

* * *

Хэкужьым и иджырей адыгэ макъамэ щэнхабзэр фIыуэ дэзыгъэлъэгъуахэм я пэрытщ Нэхущ Чэрим. Къайсэр Адыгэ Хасэм и унафэщIу дыщытыху, Чэрим Iэджэрэ къедгъэблэгъащи, зэи хьэуэ къыджиIакъым. Къызэдгъэпэщ фестивалхэм, зэхыхьэхэм, пшыхьхэм, цIыхубэр щызэхуэс сыт хуэдэ Iуэхуи Чэрим тхухэтащ, дигъэлъэпIащ. Адыгэбзэр зыщIэ дэтхэнэ зы хэхэс адыгэми Чэрим и уэрэдхэр ягу илъщ, яIурылъщ икIи ящыгъупщэнукъым.

**МАМХЭГЪ Мутлу.**
*Тырку республикэ*

# МАКЪЫЩIЭ



Ди лъэхъэнэр сыт хуэдизу гугъусыгъуурэ емыкIуэкIми, гъащIэри къэувыIакъым, цIыхупсэми дахагъэм хуэпэбгъэн щигъэтакъым. Дызэригуапэщи, зэманым декIуу, щэнхабзэми зеужь, литературэри и пIэ ижыхьакъым. ЖанрыщIэхэмрэ темэщIэхэмрэ къызэригъэIэрыхуэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я пкъыгъуэ зэхуэмыдэхэм ядэлажьэкIэрэ зэрызиубгъум нэмыщI, литературэм макъыщIи къыхохьэ, абы и зыужьыныгъэм и щыхьэт наIуэу. БлэкIа илъэсым щIэщыгъуэу лъэпкъ литературэм щыIуащ Бейтыгъуэн ФатIимэт и макъыр.

Бейтыгъуэн-Щоджэн ФатIимэт Сэфар и пхъур Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1980 гъэм ноябрым и 15-м къыщалъхуащ, творчествэм дихьэх унагъуэ къыхэхъукIащ. И адэшхуэ Щоджэн Iэсхьэд лъэпкъ джэгуакIуэшхуэу, шыкIэпшынэ, пшынэ дыкъуакъуэ еуэу, усэ, уэрэдхэр зэхилъхьэу, езыми уэрэд жиIэу щытащ. И анэ Щоджэн Риммэ тхакIуэщ, 2016 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ тхылъих («Розэм тедия нэпс», «Сыхуиту зы сыхьэт уи гъащIэм щызгъэгъуэт», «Псэм и лэрыпс», «Свет, зажженный молнией», «Уэгум щыхуарзэ псэ», «Насыпыр щхьэтепхъуэ пхуэсщIащ») дунейм къытехьащ. Апхуэдэ унагъуэ къыхэкIа цIыхур творчествэм димыхьэхынкIэ Iэмал иIакъым.



1998 гъэм Зеикъуэ дэт еплIанэ курыт еджапIэр ехъулIэныгъэ иIэу къиуха нэужь, ФатIимэт Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэм щеджащ. 2004–2016 гъэхэм Бахъсэн дэт езанэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щригъэджащ, 2016 гъэм щыщIэдзауэ пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэщ.

ФатIимэт и IэнатIэм ехъулIэныгъэ зэхуэмыдэхэр щызыIэригъэхьащ: егъэджакIуэхэр я зэфIэкIкIэ щызэхьэзэхуа «ФIым я фIыж-2010» конкурсым «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмрэ» номинацэмкIэ лауреат щыхъуащ; 2017 гъэм «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм «ЕджакIуэхэм я псэкупсэр зыпсыхь мастер-класс нэхъыфI» номинацэмкIэ гран-при къыщихьащ; 2020 гъэм Бахъсэн къалэм щекIуэкIа «Гъэм и егъэджакIуэ» зэпеуэм щытекIуащ. ЩIэблэр гъэсэным, дахагъэм хуэущииным, адыгэбзэр хъумэным хуищI хэлъхьэныгъэхэм папщIэ Бейтыгъуэным мызэ-мытIэу Адыгэбзэ Хасэм, Бахъсэн куейм ис ветеранхэм я советым, «Баксанский вест-

ник» газетым и редакцэм къабгъэдэкIыу щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Егъэджэныгъэм нэмыщI, ФатIимэт литературэми хэлъхьэныгъэ хуещI, езым и творческэ лъагъуэ хешыж. 2008 гъэм щыщIэдзауэ ар «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм хэтащ, и IэдакъэщIэкIхэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ традзащ.

2020 гъэм дунейм къытехьа «Мэуджыр псэр» тхылъым Бейтыгъуэным и рассказ зыбжанэ, зы хъыбар, зы поэмэ, усэ пщIы бжыгъэхэр щызэхуэхьэсащ. И фIэщыгъэми хуэдэу, абы ихуа тхыгъэхэр щIэщыгъуэщ, ауэ абыхэм ятеухуа псалъэмакъым зедгъэубгъун ипэ къыхуэу, зы Iуэхугъуэм гу лъытапхъэщ. Иджырей лъэхъэнэм «рассказ» терминым и пIэкIэ «Iуэтэж» псалъэр къагъэсэбэпу урихьэлIэ хъуащ. Зи гугъу тщIы тхылъми ар щыдолъагъу. Мыпхуэдэ щыуагъэр жыжьэ мыкIуатэ, цIыхубэм зэщIамыщтэ щIыкIэ, литературэм телажьэхэм (литературэдж, критик, тхакIуэ, усакIуэ ирехъу), бзэр зыгъэIэщакIуэхэм гу зылъыттэжын хуейщ. «Iуэтэж»-м «рассказ» къикIыркъым, сыту жыпIэмэ яIуатэ (е яIуэтэж) псори рассказкъым. Апхуэдэу къапщтэмэ, прозу тха дэтхэнэ тхыгъэми «Iуэтэж» фIэпщ хъунущ – IуэрыIуатэм щыщ хъыбархэми, литературэм и жанрхэм щыщу новеллэми, повестми, романми, уеблэмэ «анекдот»-кIэ зэджэ гушыIэ хъыбар цIыкIухэми я лъабжьэр яIуатэ гуэрщ («повествование» жыхуаIэрщ). НэгъуэщIу жыпIэмэ, а нэщэнэр – Iуэтэныр («повествование»-р) – прозэ тхыгъэ псоми зэдайщ, рассказым и закъуэ епхьэлIэнри, ар и тегъэщIапIэу рассказым «Iуэтэж» фIэпщынри щыуагъэщ.



«Мэуджыр псэр» тхылъым ит тхыгъэхэм я дежкIэ къэдгъэзэжынщи, ахэр зи IэдакъэщIэкIыр зи хъэтI зэфIигъэувэжыфынкIэ, зи творческэ гъуэгуанэр кIыхь хъункIэ гугъэ уэзыгъэщI, тхэн щIэзыдзагъащIэ пщащэщ. КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Бейтыгъуэн Ф. и тхыгъэхэм нэхъыбэрэ лъабжьэ яхуэхъур лъэпкъым и блэкIаращ, нобэ и щыIэкIэ-псэукIэрщ, адыгэм и дуней лъагъукIэрщ, абыхэм авторым щигъэлъапIэри адыгэбзэм и къабзагъ-шэрыуагъырщ, зыщалъхуа щIыналъэм и дахагъырщ. Зи гугъу тщIыр тхыгъэхэм я фIэщыгъэ къудейми къапкърощ: апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Адыгэ дыгъэ» рассказыр, «Си адыгэбзэ», «Адыгэ къафэ», «Адыгэ пщащэ», «Бахъсэныпс», «Iуащхьэмахуэ», «Къэбэрдей» усэхэр, н.ку.

ФатIимэт и рассказхэм къыщиIэт темэхэр, къыщигъэлъагъуэ Iуэхугъуэхэр гъащIэм щыщщ, къэгупсысаи гъэфэрыщIаи хэткъым, абыхэм я лъабжьэр жылагъуэм и зэхэтыкIэрщ, цIыхубэм я псэукIэрщ, цIыхухэм я зэхущытыкIэрщ. Художественнэ лъапIагърэ психологие куурэ щызэщIэлъу тхакIуэм иджырей лъэхъэнэм хилъагъуэ мыхъумыщIагъэхэр ди пащхьэ кърелъхьэ, абыхэм уазэрыпэщIэтыфыну Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ лъыхъуэ зэпыту. Ем зэребэн Iэщэу нэхъыбэрэ къигъуэтри цIыхугъэрщ, гуапагъэрщ, лъагъуныгъэрщ.

Бейтыгъуэным и тхыгъэхэм бзылъхугъэм и хъэтIымрэ анэгум и хуабагъэмрэ наIуэу къапкърощ. Мис, абы и щыхьэту «Адыгэ дыгъэ» рассказым щыщ пычыгъуэ: *«Жэщыр хэкIуэтами, жей сиIэкъым. Си щхъэм къедэхащIэ акъужь щабэм зыхузогъафIэ* (зыгъэфIэныр бзылъхугъэ хьэлщ. – ***Хь.Л.***). *Уэшхышхуэ нэужьым дунейр зэуэ щым хъуащ, уафэгъуагъуэ макъ шынагъуэри ужьыхыжащ».*

Нэхъ гъэщІэгъуэныжращи, зи гугъу тщІы рассказым лъэпкъ тхыдэм и напэкІуэцІ шынагъуэхэр адыгэ бзылъхугъэм и психологием щІэгъэкІауэ къыщетхэкІыжащ, аддэ кууэ гущІэм къыщежьэрэ тхылъымпІэ напэм бзэ къулейкІэ къэхьэса хъуа гурыщІэхэмкІэ къыщыІуэтащ: *«КъысфІыщІэткІу нэпсыр схуэмыубыдурэ пщэддж ыжь дыгъэр уэгум къиуващ. Жыг щхъэкІэм пыт тхъэмпэ гуэрэным телыдыкІыу бзий нэхухэр си нэгум къедэхэщІащ. «Адыгэ дыгъэ», – жысІащ ину. КъысфІэщІащ убых лъэпкъым ятепсэу, джафэу дунейм къытена цІыху щхъэкъупщхъэхэм я нэщэнэу, анэ бгъафэм щІэльу зи псэр щызына сабийхэм я тепІэну, гъэру пщылІыпІэ ихуа ди щІалэхэм къалъыса лейр игъэву, Тырку пэщэхэм гъэпцІагъэкІэ ящэхуа бгырыс пщащэхэм я теплъэу. Гынышэр пщызыгъэгъупщэ хьэдэмэхэм дэнэ лъэныкъуэкІи ущрихъэлІэкІэ, лъы нэпсыр щІым тоткІуэ. Лъы ІэмпІэхэр зытежьыхьыжа Іэпкълъэпкъ дияхэр си нэгу занщІэу къыщІоувэ...».*

И гупсысэр зэрыкуум нэмыщІ, бзылъхугъэ тхакІуэм и бзэри дахэщ, и зы псалъэри гухэлъкІэ гъэнщІащ. И псэр зэрыпсынэ лъащІэншэм, и гур дунейм зэрыхузэІухам, и лъахэм хуиІэ лъагъуныгъэр зэрыгъунапкъэншэм и щыхьэтщ, хьэуа жьэдэшэгъуэкІэ зэпыбгъэуну ущысхьу укъызэджэ мыпхуэдэ сатырхэр: *«СлъэкІамэ, ІэплІэ хуэсщІынут Къэбэрдей бгыжьхэм, зесшэкІынут къуршыщхъэм къыщепщэ акъужьым, мывэжьхэм етІыркъыу губжьауэ ежэх псышхуэм седэхэщІэнут, гум къиІукІ макъкІэ уафэмрэ щІылъэмрэ сепсэлъэнут, мамырыгъэм щІэбэн си псэр схуэтынут сыкъыщалъхуа лъахэм щхъэкІэ. СурэтыщІым и нэкІэ зысплъыхьынут, усакІуэм и бзэкІэ сыпсэлъэнут, сабийм игукІэ сыпсэунут, нэхъыжь и акъылкІэ сыгупсысэнут...».*



Прозэ тхыгъэхэм ящыщу «Іей зыщІэ Іей хуозэж» хъыбарыр Бейтыгъуэн Ф. нэхъыфІ дыдэу къехъулІахэм ящыщщ. ТхакІуэм абы, «рассказ» мыхъуу, «хъыбар» щІыфІищам и щхьэусыгъуэр гурыІуэгъуэщ: и сюжеткІи, ухуэкІэ фащэкІи, къэІуэтэкІэкІи ІуэрыІуатэ хъыбархэм япэгъунэгъущ, пасэрей адыгэ таурыхъхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ я мотив кІапэлъапэхэри, мифологие дуней лъагъукІэм и нэщэнэ гуэрхэри хыболъагъуэ. АрщхьэкІэ тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр нобэрей жылагъуэ зэхэтыкІэм гуэхыпІэ имыІэу епхащ: абы и лІыхъужь нэхъыщхьэхэм – зэтІолъхуэныкъуэу зэдэлъхузэшыпхъу Сулимэнрэ Салимэрэ – я адэр дунейм ехыжа нэужь, я анэ Хъангуащэ нэгъуэщІым докІуэж, щхьэгъусэм папщІэкІи и бынитІыр ІэщІыб ещІ. Хъыбарым и фІэщыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуауэ, Іей зыщІар Іей хуозэж – бынитІыр балигъ хъуауэ я адэжь и унэ къекІуэлІэжа нэужь, щысабийм лей къатезыгъэхьауэ щыта я анэмрэ адэнэпІэсымрэ лъапсэм ираху, ахэр хьэкІэкхъуэкІэ мэхъури, мэзым щІолъэдэж, Сулимэнрэ Салимэрэ зэгуэр щІэгъэкъуэн къахуэхъуа нанэр ящІыгъуу тхъэуэ псэууэ къонэж.

«Мэуджыр псэр» тхылъым и Іыхьэ нэхъыбэр зыубыдыр усэхэрщ. И прозэми хуэдэу, Бейтыгъуэн Ф. и усыгъэм щытепщэр хэкур, лъахэр фІыуэ лъагъун, лъэпкъыр гъэлъэпІэн, адыгэбзэр хъумэн гупсысэхэрщ, нэхъ мащІэу щытми, лъагъуныгъэ мотивхэри дэнлъэчу хэухуэнащ. Ди лъэпкъэгъуу дунейм тепхъахэм, тхыдэм гуузу зи цІэр къыхэнахэм я фэеплъ усэхэри ФатІимэт и творчествэм зы Іыхьэшхуэу хэтщ.

Бейтыгъуэным и усыгъэм и къыщхьэщыкІыныгъэ нэхъыщхьэр зыщылъагъупхъэр абыхэм ящІэлъ хуабагъэрщ. Я гъэпсыкІэкІэ арэзы укъэзымыщІ, рифмэр мащІэу езыгъэщІэкъуауэ е жыпхъэр зэтезы-

къутэ ныкъусаныгъэ мащIэхэм ущрихьэлIэ къэхъуми, абыхэм сыт щыгъуи гупсысэ куурэ гурыщIэ къабзэрэ ящIэлъщ, фIым, дахагъэм ухуэзыущийщ. Псэ хуабагъэрэ гуапагъэ защIэу зэхэлъщ, псалъэм папщIэ, «Жей, си нанэ» усэр. Зи гугъу тщIым и щыхьэту япэ едзыгъуэр къэтхьынщ:

*Жей, си нанэ, уи псэр тыншу,*
*Жей, си нанэ щабэ.*
*Уэ къэпкIуащи гъуэгуанэшхуэ,*
*Зыгъэпсэху нышхъэбэ.*

Мы тхыгъэр ди литературэм япэкIэ дызыщримыхьэлIа къэхъугъэщ, сыту жыпIэмэ, дэ дызэресащи, мыпхуэдэ гъэпсыкIэ зиIэ тхыгъэхэр гущэкъу уэрэду, сабийхэм яхуэгъэзауэ яус хабзэщ, ауэ мыбдежым ар гугъуехь куэд зи нэгу щIэкIа нанэм хуэгъэзащ. Адыгэхэм «жьы хъуар сабий мэхъуж» жаIэ. УсакIуэм и усэр щитхым, а гупсысэр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Iуэхум къыхилъытащ. Апхуэдэ Iэмалыр – зи ныбжь хэкIуэтам сабиибзэкIэ зыхуэгъэзэныр, епсэлъэныр – шэч хэмылъу, гъэщIэгъуэнщ икIи щIэщыгъуэщ.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIахэр къызэщIэткъуэжмэ, адыгэ литературэм зезыгъэужьын, тхакIуэ нэхъыжьхэм я лъэмбым иувэн щIэблэ лъэпкъым къызэрыщIэхъуэм дримыгуфIэу къанэркъым. Бейтыгъуэн ФатIимэт абыхэм ящыщ зыщ, ар куэдкIэ узыщыгугъ хъун усакIуэу, тхакIуэу «Мэуджыр псэр» и япэ тхылъымкIэ утыку къихьащи, хиша гъуэгуанэм ерыщу ирикIуэну, и зэчийм хигъахъуэ зэпыту екIуэкIыну, и творчествэм зиубгъуну дыщогугъ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*



9 Заказ №368

*Усэхэр* БЕЙТЫГЪУЭН ФатIимэт

## СИ ЛЪЭПКЪ

Сэ сохъуапсэ, си лъэпкъэгъухэ,
Дызэкъуэту дыпсэуну,
Ди бзэ дахэу адыгэбзэр
Гъатхэ дыгъэу къытхуепсыну.

Сропагэ ди лъэпкъ уардэм,
СыщикI къэхъуу Iыхьэлейм,
Хабзэ-бзыпхъэкIэ сфIэдахэм
Темыт пэсщIын мы дунейм.

Сэ согушхуэ — сыадыгэщ!
СфIэфIу фащэр сипкъ изолъхьэ.
Фащэр лъэпкъым и дамыгъэщ,
Си гур хэхъуэу ар зызохьэ.



## МАХУЭЩIЭ

Дыгъэ дыхьэрэныр уэгум къиуващ,
КъысхуэгуфIэжу бзийхэр къыстригъэпсащ.

Бзу уэрэд пшыналъэр дэнэкIи щызэхох,
Нэм къиплъыхь дахагъэр псэкIэ къыхызох.

Уафэм и къабзагъэм зызмыгъэнщIу соплъ,
Пшэ Iэрамэ тIэкIуи мащIэу къысхукъуоплъ.

Си гум зимыгъэнщIу лъахэм зызошэкI,
Къэбэрдейм, си дамэу, си псэр кърехьэкI.

## МЭУДЖЫР ПСЭР

Мэуджыр псэр,
гухэлъым зыхуегъафIэ,
МэкIуатэ гъэр,
къэкIуэнум загъэщIагъуэ.

Мэхъуапсэ гур,
фIыгъуэшхуэм ныхуопIащIэ,
Мэпсалъэ жьэр,
псалъэщIэм гур хегъахъуэ.

ЗегъафIэ нэм,
вагъуэщIэу зэщIоцIуэ,
Мэгъагъэ псэр,
мэ гуакIуэу узэщIещтэ.

Ношэсри шым,
насыпыр ныпхуопIащIэ,
Iэр ныпхуеший,
ублэмыплъыкIыу, къащтэ.

## ГУПСЫСЭР КЪОУШ

Пщыхьэщхьэр щым щыхъукIэ,
Гупсысэр къоуш,
Зыгуэрхэр къилъыхъуэу,
Зы лъагъуэ пфIыхеш.

Уздишэр умыщIэу,
Пэж гуэр къогъуэтыж,
Псэхугъуэ къуимыту,
БлэкIар уигу къокIыж.

ФIы лъагъуэр мэкIуэдри,
Гупсысэм зешэщI,
ГугъэфIхэр токIуэтри,
Гурыгъухэм уагъэнщI.

Зэм Iейхэр пщыгъупщэу,
ФIы гуэрхэр къопсых.
Акъылым щIэбгъэпщу,
БлэкIахэм уопщIыхь.

КъэкIуэнум упэплъэу
Аргуэру уожьэж,
Уоубзыхури лъагъуэщIэ,
Гу гъащIэм хуощIыж...

Гупсысэр, мыпIащIэу,
Нышхьэби къэкIуащ,
КъэпщIэжхэр пфIэмащIэу,
Нэхулъэ къищIащ.

## УДЗ ЩХЪУАНТIЭ

Удз щхъуантIэр гъатхэпэм, толъкъуну, къежьащ,
Жьы щабэм щIиупскIэу, зэрихьэу хуежьащ,

ПсыIагъэм хуэпабгъэу уэгу къабзэм доплъей,
Дахагъэу зэрахьэр щымыIэм я лейщ.

ЛъэныкъуэкIэ ещIэу, акъужьым зыдещI,
Зэм лъагэу зеIэтри, хъун кIыру зешэщI.

ЩIэщыгъуэу щIэращIэм, шэчыншэу, псэ Iутщ,
И щхьэкIэр къишийуэ уитхьэкъуныр и нетщ.



## ЖЕЙ, СИ НАНЭ

Жей, си нанэ, уи псэр тыншу,
Жей, си нанэ щабэ.
Уэ къэпкIуащи гъуэгуанэшхуэ,
Зыгъэпсэху нышхьэбэ.

Уи хъуэпсапIэу дыгъэ бынхэр,
Нуру уи гум щоблэ.
УаIуплъэхукIэ хъуэхъуу жыпIэр,
Я псэхъумэщ нобэ.

Акъужь къабзэу, уахуэгуапэм,
ЩIэмыхъуэпс нэгъуэщIым,
ФIыгъуэ нэхукIэ уахуэпэну,
Бынхэр ныпхуопIащIэ.

Жей, си нанэ, жей уэ тыншу,
ПщIыхьыфIхэм ухэту.
Жей, си нанэ, гукъеуэншэу,
Уи псэр къыхэмыщту.

БЕЙТЫГЪУЭН ФатIимэт

# IЕЙ ЗЫЩIЭ IЕЙ ХУОЗЭЖ

*Хъыбар*

Мы хъыбарым зи гугъу ищI Iуэхугъуэр къызэрыхъурэ куэд щIакъым. ХъангуащэкIэ еджэу цIыхубз гуэр мэз лъапэм пэгъунэгъу къуажэм щыпсэурт. И цIэм хуэфащэу псэун хуейуэ къилъытэрт, хъаным хуэдэу зыкъыщыхъужырт. Унагъуэ дахэу псэурт, зэтIолъхуэныкъуэу къуэрэ пхъурэ иIэу. СабиитIыр апхуэдизкIэ зэщхьти, пхузэхэцIыхукIыртэкъым.

Зэгуэрым цIыхухъур сымаджэ хьэлъэ хъури, куэд мыщIэу дунейм ехыжащ. Зеиншэу къэна къуэрылъху быныр адэшхуэм игъафIэрт. Хъангуащэ, и дуней тетыкIэр нэхъ Iей хъу фIэкIа, зыкIи ефIакIуэртэкъым. И щхьэгъусэр дунейм зэрехыжрэ зы заули дигъэкIатэкъым нэгъуэщIхэм хуеплъэкIын щыщIидзам. Тхьэмадэр игъэпсалъэртэкъым, зыгуэр жиIэмэ, пщIантIэм дихунут. Щхьэгъусэм куэдрэ хуэмыщыгъуауэ, щIасэлI зыхишэжри, зэдэпсэун щIадзащ. ЛIыжь тхьэмыщкIэр губжьым ихьырт, лIы кIэгъум Iуплъэху, ауэ къуэрылъху цIыкIуитIым щхьэкIэ зыри хужыIэртэкъым. Нысэ бзаджэм псалъэ къемыкIухэр лIыжьым ирипэсурэ игъэбампIэрт.

ПщIантIэм дэшхуей жыгышхуэ дэтт, гъэмахуэм и лъабжьэм укIэщIэсыну хъуэпсэгъуэт икIи хьэлэмэтт. Абы и тхьэмпэ цIынэшхуэхэр жьыбгъэ мащIэм, уфэфэжу, зэридзэрт. Тхьэрыкъуэ цIыкIу гуэр, жыгыр тIысыпIэ ищIауэ, махуэ къэс абы и щхьэкIэм къыпытIысхэрт. ЯгъэIущам хуэдэу, пщэдджыжьым сыхьэтиблым деж ар пщIантIэм къыдэлъатэрт, пщыхьэщхьэм а зэман дыдэми дэлъэтыкIыжырт.

Зы жэщ гуэрым лIы кIэгъум пщыхьэпIэ елъагъу, а тхьэрыкъуэм и гур ишхмэ, цIыху Iущ хъуну. Арати, пщэдджыжьым унафэ ещI шэджагъуашхэу ар хуапщэфIыну. И пщIыхьыр зыми яхуимыIуатэуи пщIантIэм докI. И щхьэгъусэм зэрыжиIам тету, цIыхубзыр и лIым хуопщафIэ. Шхынымэ IэфIыр къащыщIихьэм, сабиитIыр пщэфIапIэмкIэ жащ, шхэну.

– Алыхь, мыбы сыхэIэбэрэ гу цIыкIур къыхэсмэ, сыкъимыщIэжын, – жиIэри, япэ къыбгъэдэлъэда сабийм ар иригъэшхащ. Абы ирихьэлIэу къыщIыхьэжа лIыр шхэну тIысащ. Къыхутрагъэувам еплъмэ, гур хэлъкъым.

– Дэнэ щыIэ тхьэрыкъуэм и гур? Аращ сшхынури, къащтэ! – цIыхухъу губжьар кIиящ.

– СабиитIым мэжалIэрти, езгъэшхащ, – жэуап итащ цIыхубзым.

– Апхуэдэу щыхъуакIэ, ар зышхам и гур сымышхыжынкIэ Iэмал иIэкъым, – жеIэ лIым.

– Дэтхэнэрами сщIэжыркъым, тIури зэщхьщ.

– Сэ жысIар гъэзащIэ! Мес мо лIыжь хьэулейр Iуэхуншэу дэсщи, сабиитIри дегъэши, я гур къысхурегъэх. Арыншамэ, сыбдэпсэунукъым... Къыхэх узыхуейр! – хъийм йокI лIыр.

Хъангуащэ, куэдрэ мыгупсысэу, тхьэмадэм унафэ хуищIащ сабиитIри мэзым ишэу иукIыну, ягу цIыкIуитIыр къихьыну. Адэшхуэм, ищIэнур имыщIэу здэщытым, хъыджэбз цIыкIур къыбгъэ-

дыхьэри, щэхуу къыжриIащ: «Дадэ, умыгузавэу накIуэ мэзым. Хьэпшыр цIыкIуитI къэдубыдынщи, а тIум я гур къахуэпхынщ». Къуэрылъху быныр шыгум иригъэтIысхьэри, лIыжьыр мэзым кIуащ. «Сыт мыгъуэр ди махуэ!.. Сэ си лIэгъуэщ, фэ фи къэхъугъуэщ. Мэзым фыщыкIуэдынщ... СыкъакIуэурэ фыслъагъунщ», – лIыжьыр гъырт, сабиитIым IэплIэ яхуищIыжурэ.

– Дэр щхьэкIэ умыгузавэ, дадэ. УкъыщIагъэкIуар пIыгъыу кIуэж. Ауэ нэхъ я фIэщ ухъун щхьэкIэ, тIуми ди Iэпхъуамбэ цIыкIуитIыр пыупщIи яхуэхь, – хъыджэбз Iущ цIыкIум и Iэр хуишиящ.

Сыт ищIэнт лIыжьым, сабиитIым я Iэпхъуамбэ зырызри гум гъусэ хуищIащ.

– КIуэж, дадэ, дэ зыдгъэлIэнкъым. Абыхэм укъыщIрахужьа тхьэрыкъуэм и гур зышхар сэращ, – жиIащ пщащэ цIыкIум.

Адэшхуэр гъыурэ сабиитIым IэплIэ яхуищIыжащ. ЖьакIэхум хэлъэда нэпс шыугъэр IэдакъэкIэ ирилъэщIэкIыурэ лIыжьым жиIэрт: «Си псэ тIэкIухэ, си дуней гугъапIэхэ, сэ куэдрэ сыпсэужынукъым, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зигу изылъхьахэми тыншу дунейм фытрагъэтынукъым». ЛIыжьыр гуIэ нэпсым илыпщIырт, хэкIыпIэ къызэрыхуэмыгъуэтым игъэдзыхэрт. КъызэплъэкIыжурэ ар мэзым къыщIэкIыжри, унэмкIэ иунэтIащ. ЦIыкIуитIыр тэлайкIэ гупсысэу пхъэдакъэжь гуэрым тесащ.

«Уэрэ сэрэ дунейм дытетыжкъым, – жи хъыджэбз цIыкIум. – Дыкъэзылъхуа ди анэм лIы щхьэкIэ диукIыфащ, ар зэи зыщумыгъэгъупщэ. ТIуми ди цIэр тхъуэжын хуейщ, нобэ щыщIэдзауэ уэ у-Сулимэнщ, сэ сы-Салимэщ. МодэкIэ уплъэмэ, плъагъу къуажэ пхыдзам дыкIуэнщ». Апхуэдэу зэгурыIуэхэри, тIуми лъэс лъагъуэмкIэ дадзыхащ. ЩхьэегъэзыпIэ лъыхъуэу, махуэ зыбжанэкIэ къуажэм дэтащ ахэр. Унагъуэхэм Iухьэурэ яшхын тIэкIу къалъэIухуэрт, пщыхьэщхьэ зэрыхъуу, жыг лъабжьэм кIэщIэгъуалъхьэрти, псалъэурэ жеижхэрт. ИджыпстукIэ гъэмахуэт, ауэ бжьыхьэ щIыIэр къэблагъэмэ, зэрыхъунум тепсэлъыхьхэрт. Уафэгум къилыдыкI вагъуэ цIыкIухэри уэршэрэгъу къахуэхъурт.

Махуэ гуэрым, Салимэ тIэкIу япэ ищауэ, мэзыдэ цIыкIу къащыпурэ мэзыбгъумкIэ иIэ лъэс лъагъуэм ахэр здрикIуэм, жыг гуэрэн Iувым шэ цIывауэ зы шу къыхэлъэтри, Сулимэн ипхъуэтащ. Салимэ, къищыпа дэ тIэкIур ирикIутыжри, и дэлъху цIыкIум и макъ къыздиIукIымкIэ жащ, арщхьэкIэ игъуэтыжакъым: «Сыт иджы сщIэжынур? Сунэхъуащ... Сулимэн!.. Сулимэн!..» – еджэрт гужьеяуэ.

Зыри хуэмеижу, и дэлъху цIыкIур къигъуэтыжыным и гугъэр хихыжауэ, псыхъуэмкIэ игъэзащ Салимэ. Мывэшхуэ гуэрым тетIысхьауэ псым мывэ хидзэу здэщысым, мэлыхъуэ фызыжь гуэр къыбгъэдыхьащ. Нанэ гуапэр хъыджэбз цIыкIур щIэгъым щIэупщIащ, модрейми хуиIуэтащ къэхъуа псор.

– НакIуэ, узгъэшхэнщ, – жеIэ мэлыхъуэ фызыжьым, хъыджэбз цIыкIур фIэгуэныхь хъуауэ. – Си дежи ущыIэнщ. Сэ бын сиIэкъым, пхъу усхуэхъунщ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ мэлыхъуэм и деж къэна хъуащ Салимэ. Унагъуэ къалэнхэр игъэзащIэрт, мэл тIэкIури хуигъэхъурт. ЩIалэ фIэкIа умыщIэну зихуапэрт абы, и щхьэц фIыцIэ Iуври упщIэ пыIэшхуэкIэ игъэпщкIурт. Сытым дежи плъапIэрэ гупсысапIэу иIэр дэлъху закъуэрат, зы унагъуэ хъужауэ псэухэу куэдрэ и нэгу къыщIигъэхьэрт.

Езым и Iуэхур зэ тэмэм хъуамэ, шэч хэлътэкъым ар къызэригъуэтыжынум.

Зы махуэ гуэрым Салимэ тIэкIу щхьэукъуауэ, мэлхэр зэбгрыжащ. Ар къыщыушам – бгъуэтмэ, къащтэ! – мэлхэр кIуэдат. Бгыщхьэм дэжейри Iэгъуэблагъэр къиплъыхьащ, ауэ игъуэтыжакъым. «Сыт иджы сщIэнур?» – жиIэурэ здэкIуэм, псынащхьиблми блэкIауэ, иныжьищ зэзауэу къилъэгъуащ. И бгырыпхыр щIикъузэщ, пыIэр кърикъухри, абыхэм ябгъэдыхьащ.

– Сыт фыщIызэдауэр, щхьэ фызэныкъуэкъурэ? – еупщIащ, макъ гъум зищIри.

– ДыщIызэдауэри дыщIызэзауэри зыщ: ди адэр дунейм щехыжым зы шыуан, зы пыIэ, зы щIопщ къытхуигъэнащи, иджы ар тхуэгуэшыркъым. КхъыIэ, уэ щIалэм зыгуэр къытхуэщIэ, – жиIащ зым.

– Ар Iуэху-тIэ. Мо Iуащхьэ цIыкIур флъагъурэ?

– Долъагъу.

– А Iуащхьэм япэ нэсыр япэ ходэ, етIуанэу нэсыр етIуанэу, ещанэу нэсым къэнар ейщ. Фыарэзы апхуэдэу?

– Дыарэзыщ.

Хъыджэбзым щIопщыр къиштэри, щыми зырызыххэ еуащ. «Ди Тхьэшхуэм сынолъэIу, мы делищым, къэмыувыIэжыфу, жэщищ-махуищкIэ къебгъэжыхьыну», – жиIащ пщащэм. Ар зэрыжиIэу, иныжьхэм зэуэ зрачри щIэпхъуащ, жыхуиIа Iуащхьэми къыщымыувыIэжыфу блэжахэщ. Арати, иныжьищыр щIызэдэуа Iэмэпсымэхэр езым къиштэри, къежьэжащ. Пщыхьэщхьэ хъуауэщ пщыIэм щынэсыжар. МафIэ тIэкIу ищIри, шыуаныр пэригъэуващ. «СыпщэфIын сиIами аратэкъэ...» – зэрыжиIэу, шыуаным лэпс пщытырым хэлъу лы гъэва къихутащ. А телъыджэ къэхъуар хьэлэмэт щымыхъуу къэнакъым Салимэ. И ныбэ изу шхэри, ар джабэ нэкIум кIэрытIысхьащ, щIопщыр игъэдалъэу. «Мэлхэр къэкIуэжамэ, хъуат иджы...» – жиIэнур и кIэм нигъэсатэкъым мэл гупыр мэлыхъуэм и пащхьэ къыщихутам. Ар игъэщIагъуэурэ, фызыжьым и деж кIуэжащ, икIи къекIуэкIа псори хуиIуэтэжащ нанэм.

– Мы шыуаныр унагъуэм итыху, зэи шхынышэ дыхъункъым. ПыIэмрэ щIопщымрэ сэ сIыгъынщ, – жиIащ Салимэ, гугъуехьыр зи нэгум къищ фызыжьым IэплIэ гуапэ хуищIурэ, и напэ зэлъам Iэ дилъэурэ.

Хъыджэбзым пыIэр зыщхьэритIагъэмэ, зыми къамылъагъу хъурт, е зэрыхуейм хуэдэу хуэпауэ къыщIидзырт. Апхуэдэурэ зэманыр екIуэкIырт...

Еуэри, зы шу гуэрым мэлыхъуэ пщыIэр плъапIэ ищIу хуожьэ. Ар махуэ къэс джабэм къеплъыхырт, шэч мащIэ хуэпщIу, зыгуэрым лъыхъуэрт. Хъыджэбзми и нэ фIыцIэ пIащэхэмкIэ мэлыхъуэ щIалэр зэпиплъыхьырт. Ар зытес шыр натIэгъуджэ лъакъуэхут, щхьэ гъурт, пэщхъын быхъурэ тхьэкIумэ дзасэу, пщэ задэ кIыхьрэ и сокур лъэныкъуэкIэ тегъэщIауэ, лъащхьэ лъагэрэ, кIэпкъ псыгъуэ кIэщIу. КъыкIэлъыплъ шур зэрынабдзэгубзаплъэм гу лъитати, езы Салими сакъырт. Бгыщхьэм къеплъыхыурэ, тафэм щикъухьа мэл хъушэм къахэплъэрт ар.

Махуэ гуэрым шэджагъуашхэ нэужьым щIакIуэр иубгъури, пщащэр щхьэукъуащ. Шур мэл хъушэм къахыхьэри зэбгрихуащ. ИужькIэ жейуэ щылъ мэлыхъуэм гъунэгъуу къыбгъэдыхьащ. Ар тэлайкIэ набдзэгубдзаплъэу зэпиплъыхьщ, шыныбэпхымрэ лъэрыгъымрэ зэригъэ-

захуэри, зэуэ зричыжащ. ЖейнэпцI зищIу къыщIэплъа хъыджэбзым а псор илъэгъуащ, уанэр зэрыгъэщIэрэщIа дыжьынри и нэм къыфIэнащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэми шу мыцIыхур бгыщхьэм къытеувэри, къеплъыхыу хуежьащ. Мэлыхъуэм псы къихьыну псыхъуэм дыхьа къудейуэ, абы къилъэгъуащ акъужь мащIэ къыкъуэуам хэту къыхуэкIуэ шур.

– Уэ щIалэм куэд щIауэ сыпкIэлъоплъ, – жеIэ шум, пыIэр чнутI дакъэкIэ дригъэкIуэтейуэрэ.

– Уэ щауэр куэд щIауэ къурш лъагэм ущызолъагъу, си мэлхэр зэбгрыпхуни пхузэфIокI, – пидзыжащ абы Салимэ, пщыIэмкIэ кIуэурэ.

– Хэтхэ уащыщ? – кIэлъыгуоуащ шур мэлыхъуэм.

– СыцIыкIужьейми, иныжь лъэпкъым сакъыхэкIащ... Угъуэщамэ, жыIэ. Сыт уи Iуэхуу укъежьа?

– Уэ сэ слъагъум уи жэуапыр гуащIэщ... ЛIыгъэ пхэлъмэ, къэгъэлъагъуэ, армыхъумэ...

– Си лIыгъэр лIыгъэ щIапIэщ къыщызгъэлъагъуэр, гъуэгурыкIуэм и гъуэгу сытеувэркъым икIи сыпэувыркъым, – жиIэурэ мэлхэр зэхуихусыжащ.

– ЛIыгъэ бэлыхьи пхуэгъэлъэгъуэну фэ птеткъым, щыгъыныджэ ухъужауэ... ауэ аракъым сэ сыщIыпхуейр. Си деж ущызгъэлэжьэнущ, жыхуэпIэ мылъкури уэстынущ, – жеIэ уанэгум исым.

– Лэжьыгъэ сыхуэныкъуэу, сшхын сымыгъуэту сыщыткъым. Си Iуэху къызумыхуэу, уи гъуэгу ирикIуэ, щIалэ, – къитыжащ жэуап Салимэ.

– ПIалъэу махуищ узотри, егупсыс. Си жыIэ ямыгъэзащIэу сесакъым сэ, ари зэгъащIэ, – ар жиIэри IушэсыкIыжащ.

Салимэ унэм къызэрысыжу, къэхъуа псор жриIэжащ нартыху зыгъэлъалъэу щыс фызыжьым. Ар, зэкуэфауэу, занщIэу къыщылъэтащ: «Сыт мы жыпIэр, си хъыджэбз? Абы и деж кIуэм къигъэзэжыркъым! СунэхъуриI сытIысыжащ... Ар емынэ шущ, къарууфIэщ, и куэбжэм уэзджынэ къыщоуэ, и сэрейр щхьэ къупщхьэ защIэщ, бгыщхьэ лъагэр и хэщIапIэщ, гъуэгу къыхихыр быркъуэшыркъуэщ, зытеплъари блимыгъэкI, и хьэщIэщми зы щIэмыкI... Си нэху, абы Iуэху ущищIакIэ, и мурад Iейр къехъулIэху уигъэтыншынукъым...

Пщащэ дахэм, фызыжь тхьэмыщкIэм едэхащIэурэ, и нэпсыр хуилъэщIыжырт:

– Умыгузавэ, нанэ, пIалъэ къызитауэ, зэман сиIэщ иджыри. Сэ зы лъэIу пхузиIэт, нанэ: кхъыIэ, хъунумэ, махуищкIэ сутIыпщ.

Мурад ищIар жимыIэмэ нэхъ къищтэрт Салимэ, фызыжьыр зэрыгузэвэнур ищIэрти. Нэхущым ар пщIантIэм къыдэкIащ, гъуэмылэ тIэкIу къыздищтэри. «Сулимэн, си дэлъху цIыкIу, сыту сыпхуэныкъуэ! Дэнэ уздэщыIэр?!» – къытригъэзэжурэ, игукIэ жиIэрт Салимэ. Жылэм куэдрэ къыщилъыхъуат, псыхъуи къурши къигъэнатэкъым, ауэ зэи и лъэужь техьакъым. Куэдрэ еплъат и щIопщымкIэ ар къигъэхутэну, арщхьэкIэ щIопщым апхуэдэ зэфIэкI иIэтэкъым.

Дунейр зэхэуфат. Къытрихьа пшагъуэ Iувым жыг щхьэкIэхэм джанэу зытриубгъуат, уэшх мащIи къызэпхидзырт. Гъуэгубгъум тет жыгхэм жьы мащIэ къепщэр яхуэсакъ къыпфIэщIырт. Уэрамым цIыху щыплъагъуртэкъым. Къуажэм фIыуэ пэжыжьэ хъуауэ, мэз Iувым хуэкIуэ лъэс лъагъуэм теуващ Салимэ. Илъэс бжыгъэ хъуауэ здэмыкIуа щIыпIэ щхьэхуэхэм куэд игу къагъэкIыжырт. Мыбдежт и дэлъху цIыкIур щыкIуэдар, гуауэ нэпсым илыпщIа лIыжь

тхьэмыщкIэри илъэсибгъу и пэкIэ иужь дыдэу щилъагъужар... «Сыту гукъэкIыж куэд игъэпщкIурэ мы щIыпIэм!» – жеIэ игукIэ. Сулимэн и гъусэу здэщыса пхъэ дакъэжьым деж Iухьащи, егъэщIагъуэ илъагъур: тхьэмпэ цIынэшхуэхэр зыпыт къудамэщIэхэр куэдщ, дэшхуейр жыгышхуэу къэщIэрэщIэжащ. Езым щыщ Iыхьэ гуэр къигъуэтыжа хуэдэ, жыг лъэдий лъагэм зришэкIащ, IэплIэ хуищIу. ЗэманкIэ щIыпIэ дахэм зыщиплъыхьри, щалъхуа къуажэмкIэ игъэзащ. КъэувыIэщ, хуиту хьэуар зыжьэдишэри, уэрам зэвым ухуэзышэ гъуэгу нэшэкъашэм теуващ. Факъырэ теплъэу зихуапэри, унагъуэхэм Iухьэу щIидзащ. ГукъэкIыжхэр нэгум къыщIыхьэжырт... Ауэрэ нэсащ къыщалъхуа пщIантIэм. ТэлайкIэ щытри, гъущI куэбжэшхуэр IуигъэузэщIыкIащ. Плъэмэ, елъагъу и анэри, насыпыншагъэ псори къызыбгъэдэкIа адэнэпIэсри.

«Ди анэ, кхъыIэ, шхын тIэкIу къызэт, махуищ хъуауэ си джийм зыри ехакъым», – жиIэри, Сэлимэ Хъангуащэ и Iэм еIусащ, псалъэ гуапэ гуэр пэплъэу. АрщхьэкIэ адрейм къыIуидзыжащ абы и Iэр: «ДэкI мы пщIантIэм, хьэм къилъхуа факъырэжь! Шхын тIэкIу къызэт... Зэхэпха абы жиIэр?» – къыщIэгубжьэу гуоуащ фызыр. ЛIы гъуамэр къыщыдыхьэшхыу, пщIантIэм къыдэкIыжащ Салимэ. Жыр лъэхъу кърадлъхьа хуэдэ, и лъакъуитIыр хузэблэхыртэкъым, псалъэ гуауэу кърапэсам гу лъащIэр мафIэ гуащIэу зэщIигъэнауэ илыпщIырт. Дэшхуеижьым нэс ерагъкIэ и псэр нихьэсри, Салимэ удзыпцIэ щабэм гъыуэ хэгъуэлъхьащ: «Уэ ди Тхьэ, сыткIэ сыщыкъуэнша дунейм сыкъытезыгъэхьа си анэм деж? Сэр нэхърэ нэхъ насыпыфIэ щымыIэу къэслъытэнут, анэ куэщIым срипIыкIамэ, си щхьэм щабэу зэ Iэ къыдилъамэ, анэ лъагъуныгъэ къабзэр зыхызигъэщIамэ, псалъэ гуапэ зэхызигъэхамэ... Гуауэм ихьу псэуа ди дадэ тхьэмыщкIи куэд щIащ дунейм зэрехыжрэ... Иджы гугъапIэу къысхуэнэжыр зыщ – Сулимэнщ, си дэлъху закъуэрщ!..»

Салимэ и гупсысэхэр зэпиудащ уэгум къиувa дыгъэ бзийм. Къыдэджэгу щIыкIэу, ар зэ зы жыгым къыкъуэплъырт, зэ адрейм зыкъуигъапщкIуэрт. И бзий хуабэхэмкIэ къытелъэщIыхьырт.

ГугъапIэу иIа псори щэщэжауэ, Салимэ къигъэзэжащ нанэ хуэхъуа фызыжь гуапэм и деж.

Лъагэу уэгум къиувa дыгъэм и нурми, жьыуэ къэуша къуалэбзухэм я макъ жьгъырухэми гукъыдэж къыуатырт. Махуищ пIалъэм пэплъа хъыджэбзым Iэщэ-фащэ зыкIэрилъхьащ. Бгыщхьэ лъагэм нэс лъэсу кIуэн хуейт ар.

– КхъыIэ, си хъыджэбз, умыкIуэ. КъыумыгъэзэжынкIэ сошынэ, а лIы емынэм укъелынкъым, – къыпэуващ абы фызыжь гузавэр.

– Си нанэ дахэ, мы дунеягъэм уэ уи япэ изгъэщын щызиIэкъым. Уэ къысхуэпщIари сщыгъупщакъым, фIыуэ сыкъызэрыплъагъури сощIэ, ауэ, кхъыIэ, укъысхуэарэзыуэ сыдэгъэкI. Умыгузавэ, сэ куэд мыщIэу къэзгъэзэжынущ, – жиIэри, ежьэжащ.

Джабэ нэкIум хуэкIуэурэ, къуажэр къызэринэкIащ. Псыхъуэ лъэныкъуэмкIэ Iэщхэр щыплъагъурт, шэдыпс инахэм хьэндыркъуакъуэхэм я макъ къыхэIукIырт. ЗыхуэкIуэр имыщIэми, и лъэр нэхъ псынщIэ ищIри, джабэм дэкIуеящ.

Джабащхьэм нэсмэ, шу гуащIэр къыпэплъэу тетт. Абы мэлыхъуэм къыхуиша пщIэгъуалэм телъ уанэр дыжьынкIэ гъэщIэрэщIат. ТIури шым шэсри, зрачащ. Пщащэм илъагъухэр фIэгъэщIэгъуэнт: шыр зытеувэ мывэхэр псори зэщхьщ, удз мащIэ тIэкIур лъыпскIэ иIауэ плъы-

жьыфэщ, сэрей папщІэу хэтІа бжэгъухэм фІэлъыр цІыху щхьэ къупщхьэщ.

Мывэ защІэу зэтелъхьат шу гуащІэм и хэщІапІэр. Бысымым хьэщІэр иригъэблэгъащ, хуэфэщэн Іэни къыхуигъэуващ.

– Си унагъуэ къезгъэблагъэхэр сымыгъэхьэщІэу си хабзэкъым, къащтэ фадэр, – жиІащ щІалэм.

– Зи унагъуэ сыщыхьэщІэр къыздемыфэу фадэбжьэ сІэт си хабзэкъым, – жэуап итащ хьэщІэм. Мэлыхъуэр бзаджагъэ хуекІуэри, мэрэмэжьей фадэ пІащІэр бысымым хуигъэкІуэтэжри, Іэнэм къыхутрагъэува шхын пщтырымкІэ Іэбащ.

– Сыт щхьэкІэ укъэсшами пщІэрэ? – щІэупщІащ лІы емынэр.

– ЖыпІэркъым, дэнэ щысщІэн, – шхэуэ здэщысым пщащэм жэуап итащ.

– УкъыстекІуэмэ, узыхуейр пхузощІэри узоутІыпщыж. Ухэзгъащ Іэмэ, си жыІэр бгъэзащІэу си деж укъонэ. Хьэуэ, жыпІэрэ, мо бжэгъум фІэлъ щхьэ къупщхьэхэм ууейри гъусэ яхуэсщІынщ. Ди лІыгъэр щІакІуэкІапэ къыщыдгъэгъэлъагъуэ, сыхуейщ уэрэ сэрэ нэхъ лъэщыр къэсщІэну, – жиІэрт, блыным фІэлъ щІакІуэ фІыцІэмкІэ зигъэзауэ. ХьэщІэр шхэурэ псалъэмакъым щІэдэІурт. «СынозэуэнукъымикІи си лІыгъи згъэлъэгъуэнукъым, уи шхыныр убагъуэ, ІэфІ дыдэу сышхащ. Сэ си нанэ гузавэу къыспоплъэ... сыкІуэжын хуейщ», – жиІэри къэтэджыжащ. АрщхьэкІэ, къамэ къихакІэ къыпэува щІалэр къыщеІунщІым, пщащэм щхьэрыгъ пыІэр щхьэрыхури, и щхьэц фІыцІэ Іувыр къыщІэщащ.

– Хэтхэ уащыщ, пщащэ дахэ? – къэуІэбжьауэ къеупщІащ щІалэр, пыІэр къиищтэжауэ щритыжым. Нэ пІащитІымкІэ хъыджэбзыр зэпиплъыхьащ, еплъащ, Іэпхъуамбэ цІыкІур зыпымытыж Іэ сэмэгуми и нэр техуащ. Езыми и Іэр хъыджэбзым щилъагъум, занщІэу нитІым гуфІэгъуэ нэпсыр щІэз хъуащ: «Сулимэн... Сулимэн, зэи услъагъужын си гугъакъым. Сыт уи Іуэхуу упсэуа, си дэлъху лъапІэ, си дуней гугъапІэ!» ЩІалэм и фІэщ хуэщІыртэкъым и пащхьэ итыр куэд щІауэ зылъыхъуэ и шыпхъурауэ. ЯІа гъащІэ гугъур зыр зым хуиІуатэу куэдрэ щысащ ахэр, зэманыр зэрыхэкІуэтам гу лъамытэу.

Салимэ фызыжь гумащІэр къызэрыпэплъэр игу къэкІыжри, къыщылъэтащ: «ПсынщІэу сымыкІуэжу хъунукъым, нанэ мэгузавэ». Сулимэн хуэсакъыпэурэ и шыпхъур шым игъэшэсри, зэгъусэу лъэс лъагъуэ бгъуэзэмкІэ ягъэзащ. Иджы зыми щышынэжыртэкъым хъыджэбз дахэр, и гум псэхугъуэ игъуэтыжат. ИлъэсибгъукІэ зылъыхъуа и дэлъхум ар еплъыrт, и нэр тедияуэ. А къэхъуар, дауи, фІэщхъугъуейт тІум дежкІи. ГукІи нэкІи зэпсалъэурэ, ахэр нэсащ фызыжьыр щыпсэу унэм. Куэбжэ лъахъшэм хэлъ гъущІыбжэр хуэсакъыу ІуигъэузэщІыкІыу, Сулимэн щыдыхьэм, нанэ гумащІэр етІысэхащ. «Сунэхъури сытІысыжащ... Салимэ, си хъыджэбз закъуэ...» – гузэвауэ кІийрт ар. ЩІалэм и ужь иту бжэІупэм къыІухута пщащэр зэрилъагъуу, ар къыщиудащи, магъ: «Си псэ закъуэ, сыту Іейуэ сыбгъэгузэва, укъэкІуэжын си гугъакъым».

– Нанэ, – жиІащ Салимэ гуфІэу, – сыхуейщ уэзгъэцІыхуну си дэлъхур. ПщІэжрэ зи гугъу пхуэсщІауэ щытар, шыплІэм дадзэу иракъэжьар?.. Емынэ шу зыфІэтща щІалэр мыращ.

ГуфІэгъуэ нэпсыр нэкІущхьэ лъагэм телъадэу, зыхуэмышыІэу, тІуми ІэплІэ яхуищІырт нанэм.

Сулимэн и пыIэр щхьэрихри, щхьэц фIыцIэ пхъашэ Iувыр къыщIэщащ. Ар нэхъ лъагэт, плIабгъуэт, армыхъумэ нэгъуэщIу зэхэпцIыхукIыртэкъым зэдэлъхузэшыпхъур. УнэмкIэ щIыхьэхэри, куэдрэ зэбгъэдэсащ, я Iуэху къызэрекIуэкIам фызыжьыр щIагъэдэIуу. Сулимэн зыдыгъуауэ щытар щакIуэ Iэзэт, куэд къыщышынэрт икIи къыфIэлIыкIырт. Абы къыхилъхьа хьэлымрэ зэригъэса щIыкIэмрэ куэду сэбэп къыщыхуэхъуат гъащIэм. Сулимэн ар адэ папщIэ къызэрыхуэхъуами шэч хэлътэкъым. Иужьу и шыпхъур щилъагъужа дэшхуей лъабжьэр кIуапIэ хуэхъуауэ зэрыщытар зэрыжиIэу, псалъэмакъыр зэпыуащ. ТэлайкIэ щыса нэужь, хъыджэбзым пищащ псалъэмакъым: «Сэри куэдрэ сыкIуэрт дэшхуей жыгыжьым деж, сыплъыхъуэрт, уэ бжесIэнухэр абы хуэсIуатэрт, къыгурыIуа къысфIэщIырт, и тхьэмпэ цIынэшхуэхэр къыщыслъэIэсым деж. Плъэгъуакъэ абы и теплъэ хъуар? Хуабжьу зиужьащ, къудамэ лантIэ цIыкIу куэд къыкъуэжащ. А теплъэгъуэ дахэм куэд сигу къегъэкIыж, Сулимэн».

– Слъэгъуащ, Салимэ, слъэгъуащ. Псыхъуэр си кIуапIэт, жыг лъабжьэр си унэт, къуалэбзухэр си уэршэрэгъут. Уафэр си гугъапIэу, Iэджэрэ зэман щызгъакIуэрт сэ абдеж. Сезыхьэжьа щакIуэм куэд къыщышынэрт, къыпэувар, ар хэту щрети, хигъэщIэнут. Плъэгъуагъэнщ бжыхьым фIэлъа щхьэ къупщхьэхэр... ФIыуэ сыкъилъагъуу, и къуэ дыдэм хуэдэу сипIащ абы. Къуажэм сигъакIуэу, си анэр сигъэлъагъуну и ужь ихьат, ауэ слъэкIакъым сыкIуэн... Гум илъ гуауэр псэм къехьэлъэкIырт...



– Сулимэн, сэ сыщыIащ ди анэм деж, зэгуэр дыдейуэ щыта пщIантIэм сыдэтащ... Ди дадэ куэд щIауэ псэужкъым... ДыщIахъуэжа лIыми сыIуплъащ... Сыту зэман дахэ тфIэкIуэда!.. Щхьэ апхуэдэ насыпыншагъэ ди щхьэ кърикIуа?!

Хъыджэбзымрэ щIалэмрэ жаIэжхэм щIэдэIуу щыс фызыжьым ахэр зришалIэри, гуапэу IэплIэ яхуищIащ: «Си сабийхэ, щымыуэ щыIэкъым. Хэт ищIэрэ, щIегъуэжауэ къыщIэкIынщ фи анэри. ФыкIуи, къывжиIэм федаIуэ. ФщIэркъым дяпэкIэ зы унагъуэ дахэу фыпсэунуми».

– Дэ анэ диIэжкъым... Ар дэ зэи къытхуеякъым. Сыпсэуху, уэращ слъытэнур, си нанэ. Уэ сыти усхуэхъуащ, сызыхуеи сыхуэбгъэзащ. Си адэжь и лъапсэр сигу къохьэ, фэеплъу къытхуигъэна щIыпIэхэм псэр хуопабгъэ. Псыжь ятIэ зэщIэщтхьауэ си пкъым хьэлъэу илъщ сызыхуэзэш щIыналъэр, сыщалъхуа къуажэр, сызыпэIэщIэ лъэпкъыр. Махуэ кIуасэхэр пшагъуэщ сэркIэ, пшэ гуэрэным къуилъэфащ си дыгъэр, гур уIэгъэ зыщIар симыIэж пэлъытэщ, – жиIащ Салимэ.

Зэдэлъхузэшыпхъур, гу зэщамыхуэжу, зэнэзэпсэу зэдэпсэурт. Махуэ гуэрым ахэр зэгъусэу мэз лъапэм кIуащ, гукъэкIыж куэдым я фэеплъ дэшхуей жыгыжьым деж. ЗыщIэхъуэпса насыпу къемыхъулIам зи гур къиуIуа пситIыр нэкIэ зэрыщIэрт. «ДыгъакIуэ къуажэм, дызэрыпсэур жедгъэIэ ди анэм. Сыхуейт сиплъэну и нэгум, зыхэсщIэну и Iэ щабэр», – жиIащ щIалэм. Салимэ игъэзэжри, щIопщыр къищтащ. Зэдэлъхузэшыпхъум я мурадыр къыщищIэм, фызыжьым, унэм щIэмысыфу, абыхэм гъусэ захуищIащ.

Дунейр хуабэми, псэм къехьэлъэкIыртэкъым, къыкъуэуа акъужь мащIэри къадэуэршэр хуэдэт. Къуажэм щынэсым, Сулимэн къэувыIэри зиплъыхьащ, пэрыуэгъу зимыIэ хьэуа къабзэр хуиту зыжьэдишащ. Псори щымт, псалъэмакъи щыIэтэкъым, ахэр куэбжэм щынэсам. Хьэ банэ макъ жыжьэ къыщыIурт, хьэблэм зыри щыбауэртэкъым. Су-

лимэн, мащIэу IугъэузэщIыкIа куэбжэр ину Iуихри, ахэр пщIантIэм дыхьащ. Пэшищ хъу унэ лъахъшэм и дэкIуеипIэм нэсауэ, Хъангуащэ пщэфIапIэм къыщIэжащ кIийуэ: «Дэнэ фыкIуэрэ фэ гупыр? Фи унэжь фыщIыхьэ фи гугъэрэ? Фызыхуейри хэт?» Хъыджэбзым зыкъигъазэри жэуап итыжащ: «Ди унэжь, ди адэ и лъапсэжь дыкъэкIуэжащ. Уэ хэт ухъуну? Сыт мы пщIантIэм уэ уи Iуэхуу дэлъыр? ПщIэжрэ, ди анэ, сабиитI уиIар? IэфIт абыхэм я гур? Нэхъ Iущ фищIа фшхам, хьэмэрэ нэхъ къулей фыхъуа? ЗэгъащIэ: хьэм игущ фэ фшхар. Дэ, зэрыплъагъущи, мис, уи пащхьэм дитщ. Иджы, псалъэмакъ лей дыхэмыту, уи лIы кIэгъур гъусэ щIыи, мы щIыпIэр къэвбгынэ». Хьэлъэт абы жиIэ псалъэ дыджхэр, ауэ нэгъуэщIу псэлъэфынутэкъым апхуэдиз лей зылъыса пхъур.

– Пэжкъым жыпIэр, – жиIэурэ Хъангуащэ абыхэм къабгъэдыхьащ.

– Пэжщ, ди анэ, пэжщ. Мис, ди Iэпэхэм къеплъыт... Дадэ тхьэмыщкIэ ди Iэпхъуамбэ цIыкIухэр къыфхуихьат, ди гур къызэрырихар фи фIэщ хъун щхьэкIэ, – гъунэгъуу кIуатэрт Салимэ, и Iэпэхэр иригъэлъагъуурэ.

Зиудыгъуауэ бжэ къуагъым къуэт лIым а псори зэхихырт. КIэбгъу зищIу, щIэпхъуэжын и мураду куэбжэмкIэ щыкIуэм, Сулимэн къигъэувыIащ ар: «Си адэм и пIэ уиувэн плъэкIами, тезыр птемылъу пщIантIэм дэкI уиIэкъым!..» ЩIалэ плIабгъуэм зэ Iэбэгъуэ ищIри, лIы фаджэр пщэпкъкIэ иубыдащ.

– Ныджэм традза бдзэжьей псы зыхуэлIэм хуэдэу дыбгъэпсэун плъэкIащ уэ. Гугъу дехьу дунейм дытебгъэтащ, уи куэщIым дыхуэныкъуэу дыкъэбгъэтэджащ, уи псалъэ дахэ дыщIэхъуэпсащ, зы унагъуэу думыгъэпсэун пхузэфIэкIащ, ди гъащIэр сырымэ дыджу едбгъэхьэкIащ, – нэ пIащэм щIэз хъуа нэпсыр илъэщIу, пщащэр анэм бгъэдэтт.

Фызыжьри, къэгузэвауэ, зэ Салимэ, зэми Сулимэн бгъэдэлъадэрт. Зи бзэр иубыда Хъангуащэ, жиIэн къыхуэмыгъуэту, зиплъыхьырт, лей зриха сабиитIым я упщIэхэм я жэуап лъыхъуэу. IэлъэщI къуэлэнышхуэр и плIэм теубгъуат, тхъугъэ мащIэ зыхэплъагъукI щхьэц Iувыр дахэу зэщIэкъуат. Тхыпхъэ защIэкIэ хэдыкIа бостейр и Iэпкълъэпкъым екIуу къыщцылыдыкIырт. Теплъэ гурыхьыр зигу къэкIа бынитIыр абы еплъ щхьэкIэ, хуабагъэ лъэпкъ зыщIэмылъ сурэтт ялъагъур.

– Къигъэзэжынукъым блэкIам, къэкIуэнуми зыри схухэлъхьэнукъым, – жиIащ Хъангуащэ, фызыжьым еплъурэ.

– КъызгурыIуащ уэ бын зэи узэрыхуэмеяр. Iей зыщIэ Iей хуозэж, Хъангуащэ, – къэпсэлъащ Салимэ гъыурэ. – Апхуэдэ гъащIэр нэхъ тэмэму къыщыплъытакIэ, сыхуейщ къыпхуэна уи гъащIэр гугъу уехьу епхьэкIыну, – жиIэри, щIопщыр къищтащ...

– Уэ ди Тхьэ, сынолъэIу къысхуэбгъэгъуну... ЦIэ зимыIэ хьэкIэкхъуэкIэ ирехъу мы тIур! – щIопщымкIэ абыхэм зэреуэу, псэущхьэ телъыджитI къэхутащ. Ахэр занщIэу щIэпхъуэри, мэзым щIэлъэдащ.

Салимэрэ Сулимэнрэ я адэ лъапсэр къагъэщIэрэщIэжащ. Фызыжь мэлыхъуэри къагъэнащ я деж щыпсэуну.

Мэзым щIэлъэдэжа псэущхьэ шынагъуитIыр зэи зыми илъэгъуакъым, я хъыбари зыми зэхихакъым.

ЦIыху псори цIыхукъым, псэущхьэ псори хьэкIэкхъуэкIэкъым...

ЖЫРЫКЪ Заур

# ХЬЭЗЫРИЩ

*Теплъэгъуищу зэхэлъ пьесэ*

## ХЭТХЭР:

М у р а т — *илъэс пщыкIущым ит щIалэ цIыкIущ.*
К I у н э ц I ы к I у — *абы и шыпхъущ, илъэсих-блым итщ.*
Л а ц э ц I ы к I у — *КIунэ цIыкIу и гъунэгъущ, и ныбжьэгъущ.*
Д ж э р и й — *Мурат и хьэщ.*
Ф I ы д э г у а ш э — *бзуупщщ, Мурат и пщIантIэм щопсэу.*
Ф ы з ы ж ь х ь э ф и з — *Мурат япэу зыдэIэпыкъуарщ.*
Д ы щ э — *Фызыжь хьэфизым ипIыжа хъыджэбз цIыкIущ, илъэс пщыкIуплIым итщ.*
З е к I у э ш — *Мурат етIуанэу зыдэIэпыкъуарщ.*
П ы х у - с ы х у — *Iэгъуэблагъэр бэлыхь хэзыгъэт уд фызыжьщ.*
М ы щ э ж ь — *Пыху-сыху и гъэрщ, Мурат ещанэу зыдэIэпыкъуарщ.*
Ф I е й г у э л — *Пыху-сыху и япэ блыгущIэтщ.*
У з г у а щ э — *Пыху-сыху и етIуанэ блыгущIэтщ.*



## ХЭЗЫГЪЭГЪУАЗЭ

IупхъуэМ и гупэкIэ, къыщикIукI-ныщикIукIыурэ, П ы х у - с ы х у уд фызыжь цIыкIум, узым зэрызэрихуэр IупщIу, зыгуэрхэр зыщехуэ...

П ы х у - с ы х у.

*Уа, уд-уд! Мэузыр къупщхьэр,*
*Си Iэпкълъэпкъыр зэрещIыкI.*
*Удми иIэщ къупщхьэ узыр,*
*Зыми ар зэхимыщIыкI.*

*Пыху-сыху, пыху-сыху,*
*Щыхуэ, куэр мыузыжыху,*
*Щыхуэ, лъэр мыузыжыху,*
*ЗэрытыпIэхэр хъужыху.*

*Пыху-сыху, пыху-сыху,*
*Щыхуэ, Iэр мыузыжыху,*
*Щыхуэ, плIэр мыузыжыху,*
*ЗэрытыпIэхэр хъужыху.*

*Уа, уд-уд! Мэузыр къупщхьэр...*
*Пэжмэ, мысымаджэр уд, —*

*ЩIызегъэхьэри мы си щхьэр?..*
*Уд сымаджэр сытми уд?*

*Пыху-сыху, пыху-сыху,*
*Щыхуэ, куэр мыузыжыху,*
*Щыхуэ, плIэр мыузыжыху,*
*ЗэрытыпIэхэр хъужыху.*

Зыри хъуркъым... зыри хъуркъым... Дауэ зызгъэхъужыну? Иджыри къыздэсым сабийхэм зы уз гуэр язутIыпщт, е пыху-сыху сщIырти, ахэр ягъэхъужыху, си узхэр — я щIыхуэт, сэри апщIондэху я узыншагъэм срипсэурт. Иджы, абыхэм сапэлъэщыжыркъым. Си узхэр якIэрыпщIэжыркъым. Ауuей! Япэрей сабийхэм хуэдэ щыIэж иджы? Ялъхэр пщтырщ: хэт хьэфэ топ кърехуэкI, хэт лъакъуэрыгъажэ зэрехуэ, хэт бэнакIуэщ, хэти джэгуакIуэщ, псори спортым хуэIэкIуэлъакIуэщ... ИкIэщIыпIэкIэ зыгуэр къэгупсысын хуейщ: зэкъуэхуауэ зы щIалэ цIыкIу е зы хъыджэбз цIыкIу къэзгъуэтрэ, пыху-сыху сщIырэ, и узыншагъэр зэзмыхьэлIэмэ — сылIэпэнкIи хъунущ.



*Пыху-сыху, пыху-сыху,*
*Щыхуэ, куэр мыузыжыху,*
*Щыхуэ, плIэр мыузыжыху,*
*ЗэрытыпIэхэр хъужыху.*

Дэнэу пIэрэ здэщыIэр мы си блыгущIэтхэр? Ей, ФIейгуэл, зи лыр къуанщIэм яшхыжын! Бгъейр сыт? Узгуа-а-а-щэ, ещэщэхыжын, сызэхыумыхыжу ара?

Ф I е й г у э л *(псынщIэу къыбгъэдолъадэри)*. Мыбдей сыщытщ, си пкъыр пIэщхьагъ зыхуэсщIын тхьэIухуднэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ!

У з г у а щ э *(псынщIэу къыбгъэдолъадэри зредзых)*. Мыбдей сыщысщ, си псэр зыIурыздзэн тхьэIухуддэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ!

П ы х у - с ы х у. Зыр щыту, зыр щысу, зэфIэскъыскъэу фыкъынэ! Фэ тIур, мыхьэнэ лъэпкъ фимыIэу фыкъысхуэнауэ, фызогъашхэ, фызопI!

## ФӀЕЙГУЭЛРЭ УЗГУАЩЭРЭ Я УЭРЭД

*Ем дзапэр фӀэгъани, уи губжьыр къэгъанэ, —*
*Уи гугъэхэр япэщ ди дежкӀэ, Уз-нанэ!*
*Ӏуэхузехьэ, лейзехьэ уэ дэ дыщыпщӀам,*
*Къэгъазэ имыӀэу, ди гъащӀэр ппытщӀащ.*

*ЗэгъащӀэ, Пыху-сыху: дэ жын ӀэрыпӀым дыхуэдэщ.*
*Уи псалъэр тӀу тщӀым, — дгъуэтыжыну уэ пхуэдэ?*
*КъыджеӀэ, къыджеӀэ уи гуауэ зыщӀар, —*
*Ар сытми, ар хэтми, — емынэм ӀущӀэнщ!*

*Къару демыблэжу, хьилагъэм дыхэтщи,*
*Уэ Ӏуэху пхузыдохьэр, ар псэкӀэ зыхэтщӀэу.*
*И уасэкъым зы гъащӀэу дэ къэдгъэщӀар,*
*Ӏуэху Ӏейуэ зыгуэр махуэ кӀуам хэдмыпщам.*

Пыху-сыху. ЗэтефпӀэ фи жьэр!.. *(Нэхъ щабэ къэхъуауэ.)* Иужьрей зэманым тӀури хуэмыху фыхъуащ. Къэхъури-къащӀэри фщӀэркъым. *(ТкӀий зещӀыжри.)* ИкӀэщӀыпӀэкӀэ, зэкъуэхуауэ, е щӀалэ цӀыкӀу, е хъыджэбз цӀыкӀу къывогъуэтри, уэ, Узгуащэу ещэщэхыжын, Пыху-сыху хузэӀубощэ, уэ, ФӀейгуэлу зи лыр къуанщӀэм яшхыжын, узыншагъэр абы къыщхьэщыбохри, жин фӀыцӀэм хуэдэу, ар си деж къыбогъэс. Арыншамэ, щыри дыкъэсэхыжащ!



Узгуащэ. ЗэӀусщащ, си псэр зыӀурыздзэн тхьэӀухуддзэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ! *(ТӀысым, къэтэджыжым, зигъэкӀэрахъуэурэ, зы лъэныкъуэмкӀэ йож.)*

ФӀейгуэл. Къэзгъэсынщ, си пкъыр пӀэщхьагъ зыхуэсщӀын тхьэӀухуднэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ! *(Ари, жылэм емыщхь жэкӀэ гъэщӀэгъуэн ищӀурэ, адрей лъэныкъуэмкӀэ йож.)*

Пыху-сыху *(и щхьэм хуэпсэлъэжу, хъущӀэурэ хущхъуэ зыщихуэу щӀедзэж)*. Япэм хуэдэ сабий щыӀэж иджы? Си узхэр якӀэрыпщӀэжыркъым. Ялъхэр пщтырщ...

*Пыху-сыху, пыху-сыху,*
*Щыхуэ, куэр мыузыжыху,*
*Щыхуэ, плӀэр мыузыжыху,*
*ЗэфӀэтыпӀэхэр хъужыху.*

Уэрэдыр жиӀэу, хущхъуэ зыщихуэу, зэтӀэхъуурэ йокӀ.

# ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ӏупхъуэр докӀуей. М у р а т, К І у н э  ц І ы к І у, абы и ныбжьэгъу  Л а ц э  ц І ы к І у  сымэ пщӀантӀэм дэсщ. Хъыджэбз цӀыкӀухэр гуащэ хьэпшып мэджэгу. М у р а т, дыдрэ мастэӀуданэрэ иӀыгъыу, фэм къыхэщӀыкӀа хьэ пщэхъу едри щысщ. Д ж э р и й  хьэ цӀыкӀуми абы и хъуреягъыр къежыхь, ищӀэхэм йоплъ, фӀэгъэщӀэгъуэну. Абыхэм япэмыжыжьэу Ф І ы д э г у а ш э  щысщ, и цыпэхэр игъэкъабзэу.

Х ъ ы д ж э б з  ц І ы к І у х э м:

*КӀунэ, КӀунэ и гуащэм*
*Гуащэ гущэ хуащӀащи,*
*Гуащэ нагъуэу нэ пӀащэм*
*Гущэхэпхэ ныхуащӀыр.*

*Гуащэ цӀыкӀуу Гуэщлъанэ,*
*Уи гукъанэр къэгъанэ:*
*Уи уэншэкур щабэщ,*
*Уи тепӀэныр хуабэщ,*
*Щабэу ущӀэдупскӀэурэ,*
*Уэрэд цӀыкӀу бжетӀэнщ:*

*Гущэ цӀыкӀур дэшхуейщ,*
*Гущэ псоми я лейщ.*
*Гуащэ дахэр мэжей,*
*Си ӀэфӀ цӀыкӀур мэжей.*

*Мэжей, мэжей, мэжей,*
*ТхьэӀухудыр мэжей.*
*Мэжей, мэжей, мэжей,*
*Си гъэфӀэныр мэжей.*

*Гуащэ псоми я лей*
*Си фо цӀыкӀур мэжей.*
*Гу щихуэну пщэдейм*
*Сыщогугъыр дунейм.*

*Мэжей, мэжей, мэжей,*
*ТхьэӀухудыр мэжей.*
*Мэжей, мэжей, мэжей,*
*Си гъэфӀэныр мэжей.*

*Гущэ цIыкIур дэшхуейщ,*
*Гущэ псоми я лейщ.*
*ТхьэIухудыр мэжей,*
*Си гъэфIэныр мэжей.*

Уэрэд нэужьым, сабийхэм ямылъагъуу, авансценэм кулисэ лъэныкъуэмкIэ Ф І е й г у э л р э У з г у а щ э р э къыщыкъуокIри зоIущащэхэр.

Ф І е й г у э л. Дыунауэ фIэкIа сщIэркъым! Сабийхэм я закъуэщ: зыри пщIантIэм дэскъым. КIунэ цIыкIурэ Лацэ цIыкIурэ гуащэ хьэпшып джэгухукIэ, мобдеж щыс ФIыдэгуашэ нартыху тIэкIу хуискIутынци, къызэрызбгъэдэлъатэу сепхъуэнци...

У з г у а щ э *(псынщIэрыпсалъэу)*. ... тфыщIынци, дгъэжьэнщи...

Ф І е й г у э л. Зэ бэяу, уи жьэр зэтепIэ! Мыдэ къэдаIуэ: сэ ФIыдэгуашэ Муратрэ Джэрийрэ къыстрахыжыху, и узыншагъэр техьэгъуэкIэ бохъуэжри — макIуэ-мэлъей!

У з г у а щ э. КъызгурыIуащ! *(ЩIопхъуэ.)*

Ф І е й г у э л. Зэ моуэ къэувыIэ!.. Хуэм цIыкIуурэ кIуэи, хьэзыру щыс. Сэ иджыпсту я дум нартыху къисхынщ. *(ЙокI.)*



## ФIЫДЭГУАШЭ И УЭРЭД

*Гум зеIэтри, псэри мэлъатэ,*
*Уэгум хуиту бзу бын щызелъатэм.*
*Уафэр лъагэщи, щIылъэр дахэщи,*
*ГущIэм хъуаскIэу гухэхъуэр пхолъэтыр.*

*И бзий хуабэмкIэ щабэу къеIусэу,*
*Дыгъэ нурыр дунейм къыхуоупсэр.*
*Ди бзуубзэри, ди бзуупсэри*
*А гуапагъэм уэрэдкIэ хуоусэр.*

*Арагъэхэщи, бзухэр бзэрабзэу,*
*Щызэрахьэр дунейм уэрэдыбзэ,*
*А дахагъэхэм иропагэри,*
*Хуэухыжкъым уэрэд къыхэзыдзэм.*

*Гум зеIэтри, псэри мэлъатэ,*
*Уэгум хуиту бзу бын щызелъатэм.*

*Уафэр лъагэщи, щIылъэр дахэщи,*
*ГущIэм хъуаскIэу гухэхъуэр пхолъэтыр.*

Л а ц э ц I ы к I у *(Мурат къыбгъэдохьэри)*. Мурат, ей Мурат!

М у р а т. Сыт, Лацэ цIыкIу?

Л а ц э ц I ы к I у. А пщIым фэ тIэкIу къыдэхуэмэ, кхъыIэ, ди гущэ цIыкIум гущэпс хуэщI!

М у р а т. Ахьей хуэсщIын! КIуэи, уи анэм моуэ нэхъ дахэу щэкI бзыхьэхуэ тIэкIу къеIыхи къысхуэхь. ТхыпхъэщIыпхъэхэр хэту фхуэсщIыным, уэи.

Л а ц э ц I ы к I у. Хъунщ, атIэ, сэ иджыпсту къэзгъэзэжынщ.

Л а ц э ц I ы к I у йокI. М у р а т иIуэхум иужь йохьэж.

К I у н э ц I ы к I у.

*Мэжей, мэжей, мэжей,*
*ТхьэIухудыр мэжей.*
*Мэжей, мэжей, мэжей,*
*Си гъэфIэныр мэжей.*

*Гущэ цIыкIур дэшхуейщ,*
*Гущэу щыIэм я лейщ.*
*ТхьэIухудыр мэжей,*
*Си гъэфIэныр мэжей.*



Абы хэту, Ф I е й г у э л нартыхушхуэ иIыгъыу къегъэзэжри, бжыхьым адэкIэ къыкIэротIысхьэ.

Ф I е й г у э л *(нартыхур игъэлъалъэурэ)*. Ахьа! Иджыри мылъэтэжауэ щысщ. *(Нартыху Iэбжьыгу ирекIутри.)* Бзу, бзу, бзу, бзу!.. *(Нартыхур егъэлъалъэ, ирекIут.)* Бзу, бзу, бзу, бзу!.. Уа, щхьэ мыгъуэ! Гурыщхъуэ ямыщIын щхьэкIэ джэду зысщIым дауэ хъуну? *(Нартыхур егъэлъалъэ, ирекIут.)* Зэт! Пыху-сыху и къебжэкIыр! Дауэт Пыху-сыху и къебжэкIыр?

И щхьэр лъэныкъуабэ ещIри, и дамащхьэ лъэныкъуэр къифыхь щIыкIэу, къебжэкIыр жиIэурэ, бжыхь къуагъым къуохьэ.

*Хъынэ, Хъынэ,*
*Джэдуунэ,*

*Жыр лъэбжьанэ,*
*Джэду пащIэ,*
*Си гум илъыр,*
*Хъынэ, Хъынэ,*
*ЗэрыжысIэу схуэгъэзащIэ.*

*Жыр лъэбжьанэ*
*СхуэщI,*
*Хъынэ, Хъынэ,*
*Джэдуунэ схуэщI.*
*СхуэщI,*
*Хъынэ,*
*Джэду пащIэ.*
*СхуэщI,*
*Хъынэ,*
*Джэдууфэ.*



*Хъынэ,*
*ПIащIэ,*
*ЕпIэщIэкI:*
*Сэ си теплъэр*
*СхузэхъуэкI.*

Мяу-у-у! Хъуащ! *(ЗигъэкIэрахъуэурэ, джэду напэ хъуауэ, бжыхь къуагъым къыкъуокIыж. ФIыдэгуашэ нартыху хьэдзэхэр къищыпурэ, хуэмурэ къокIуатэ. Ар ФIейгуэл къелъагъури, псынщIэу бжыхьым зыкъуедзэж. ФIыдэгуашэ гъунэгъу къызэрыхъуу, ФIейгуэл къыкъуолъри ар къеубыд.)* Мяу-у-у!

Ф I ы д э г у а ш э. СутIыпщ! СутIыпщ!.. *(Зэрызохьэхэр.)* Ей-ей, сыкъевгъэл! Мурат, къыздэIэпыкъу! Джэдум сиубыдащ!

М у р а т  Ф I е й г у э л  бгъэдолъадэ, ауэ мобы куэдрэ зыкърuгъэубыдыркъым, ауэ, икIэм-икIэжым, къыIэрохьэ.

Ф I е й г у э л *(ФIыдэгуашэ имыутIыпщу)*. Мяу-у-у!.. Мяу-у-у!... Ей, Мурат, бэ-мяу-у-у!.. Бэ-мяу-у-у, Мурат!

М у р а т. УтIыпщ бзу цIыкIур!.. Сыноуэнущ! УтIыпщ!...

Ф I е й г у э л. Укъызэмыуэ, Мурат! Мяу-у-уз!.. Мяу-у-уз!..

Зэрызохьэхэр, ауэ  Ф I е й г у э л  бзур иутIыпщыркъым.

М у р а т. УтIыпщ жысIакъэ?!

Ф I е й г у э л. Хъунукъым! Хъунукъым, Мурат! Пыху-сыху!.. Пыху-сыху си фэр трихынущ!

М у р а т Ф I е й г у э л лъагуэжьэмыщхьэу егъэув, и пщэгурыгъым трекъузэ, арщхьэкIэ Ф I е й г у э л бзур быдэу иIыгъщ. Алъандэм и хъуреягъыр къэзыжыхьа Д ж э р и й зэзауэм къахолъадэ.

Ф I е й г у э л. Мяу-у-у!.. Мяу-у-у! Джэрий IугъэкI! Джэрий IугъэкI!.. Си кIапэр ефыщI!.. Си щIыфэм къодзакъэ!.. Си лъакъуэр пхредзэкъыкI!.. Куэдщ! Куэдщ! Срикъуащ! Мэ, фызотыж! *(Бзур еутIыпщыжри, зыкъыхегъэджэрэзыкIыж.)*

Ф I ы д э г у а ш э щылъщ, М у р а т р э Д ж э р и й р э абы еIэзэу щхьэщысщ. К I у н э ц I ы к I у къабгъэдохьэ.

Ф I е й г у э л. Зы лажьэ иIэкъым, — зыкъигъэмэхауэ аращ. СызэреIусэщаи щыIэкъым, тIэкIу си лъэбжьанэр дэслъа къудейщ.

М у р а т р э Д ж э р и й р э абы жиIэхэм едаIуэркъым, щытми-щымытми къафIэIуэхукъым, — Ф I ы д э г у а ш э йоIэзэ.

Ф I е й г у э л. АтIэ, сэ фыкъысхуэмеймэ... моуэрэ секIуэкIыжынщ...

Хуэм-хуэмурэ, лъапэпцIийуэ йокIыж. Абы хэту, Ф I ы д э г у а ш э зыкъещIэж.

Б з у м. Дэнэ здэкIуар джэдур? ПсынщIэу ар къэвубыд! Ар Пыху-сыху и блыгущIэтщ! ФIы игу илъу къэкIуакъым ар мыбы!

М у р а т р э Д ж э р и й р э Ф I ы д э г у а ш э я гъусэу йож. К I у н э ц I ы к I у абыхэм якIэлъыкIуэну йожьэ. Абы хэту, У з г у а щ э К I у н э ц I ы к I у и щIыбагъымкIэ къыбгъэдохьэ.

У з г у а щ э. Щыт, КIунэ!.. *(КIунэ, къыщыщIар къыгурымыIуэу, занщIэу къоувыIэ.)* Ижыхь уи пIэм!.. *(КIунэ цIыкIу зыхуэгъэхъейркъым.)* Хуэм цIыкIуурэ етIысэх!... *(ЖиIар егъэзащIэ)*. Уэ уожей!.. Уожей!... Уожей!..

К I у н э ц I ы к I у мэгъуэлъ. У з г у а щ э абы щхьэщохьэ. И Iэр шияуэ, и Iэгухэр щхьэщихьауэ, Iущащэ щIыкIэу зэпишурэ жеIэ:

*Пыху-сыху, жьы зэпехуэ,*
*Пшагъуэ щIылъэм къытрехуэ,*
*ЩIыIэ жьапщэм кърехуэкI.*
*Изыр изкIэ ирехъуэж,*
*Изыр узкIэ зэрехъуэкI..*

У з г у а щ э К I у н э ц I ы к I у и хъуреягъыр къекIухь, и Iэгухэр щхьэщихьэурэ.

*Пыху-сыху, жьы зэпехуэ,*
*Пшагъуэ щIылъэм къытрехуэ,*
*ЩIыIэ жьапщэм кърехуэкI.*
*Изыр изкIэ ирехъуэж,*
*Изыр узкIэ зэрехъуэкI.*

К I у н э ц I ы к I у зимыгъэхъейуэ щылъщ.

Арати, си псэр зыIурыздзэн тхьэIухуддзэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ, жыпIар пхуэзгъэзэщIащ. КъысхуэпщIэнумкIэ ухуитщ!



К I у н э ц I ы к I у къыхуеплъэкIыурэ, ар хуэм цIыкIуу йокIыж. Абы и ужькIэ Л а ц э ц I ы к I у хъыдан кIапэхэр иIыгъыу къохьэж.

Л а ц э ц I ы к I у. Мурат, а Мурат! Мис къэсхьащ! Iудани… *(КIунэ цIыкIу къелъагъури, нэхъ хуэму, нэгъуэщI макъкIэ къыпещэ.)* хъыдани… КIунэ, щхьэ ущылъ? Къэхъуар сыт? *(ЩхьэщотIысхьэ.)*

К I у н э ц I ы к I у *(Iуэщхъуу)*.

*Изыр изкIэ ирехъуэж,*
*Изыр узкIэ зэрехъуэкI…*

Л а ц э ц I ы к I у. Хэт зыхъуэжыр? Сыт зэрихъуэкIыр? Зыри къызгурыIуэркъым.

К I у н э ц I ы к I у *(Iуэщхъуу)*. ИзкIэ ирехъуэж… УзкIэ зэрехъуэкI…

М у р а т, Ф I ы д э г у а ш э, Д ж э р и й сымэ къагъэзэж.

М у р а т. ТIэщIэкIащ! Дзыгъуэ ихьэфынкъым ар зэрыхьа гъуэм. Сыт гъэщIэгъуэн? Си гъащIэм слъэгъуакъым сэ апхуэдэ.

Л а ц э  ц I ы к I у. Мурат! КIунэ зыгуэр къыщыщIащ. ПщIантIэм дэлъу сыкърихьэлIэжащ... ЖиIэхэр къызгурыIуэркъым.

Щыри К I у н э  ц I ы к I у бгъэдотIысхьэ.

К I у н э  ц I ы к I у *(мэIуэщхъу)*. Изыр-изкIэ... Узыр-узкIэ... *(Псори зоплъыж. КIунэ и щхьэр Лацэ цIыкIу и IэплIэм илъу щысхэщ.)*

Ф I ы д э г у а ш э *(хэгупсысыхьауэ...)*. Мис иджы къызгурыIуащ джэдур зыхуеяр. Ар щыслъэгъуам, си псэм къищIат Пыху-сыху уд фызыжьым мыгъуагъэкIэ ар къызэриутIыпщар.

М у р а т. Къэхъуар сыт? ЗэхэщIыкIыгъуэу жыпIэ хъуну?

Ф I ы д э г у а ш э. Псоми ящIэ: Пыху-сыху сабийм я гукъыдэжыр и хущхъуэгъуэщ. Я узыншагъэр зрихьэлIэурэ, и гъащIэм пещэ. Мис, КIунэ цIыкIу ейри абыхэм яхьауэ аращ.

М у р а т. Дауэ зэрахьар? Джэдур КIунэ бгъэдыхьауэ слъэгъуакъым. Ар дэ етхужьэжащ.

Ф I ы д э г у а ш э. Ей, Мурат! Пыху-сыху дэIэпыкъуэгъу Iэджэ иIэщ. Зым и ужь уитыху, — адрейхэм зыхуейр ящIэ. Хэт ищIэрэ мыбдеж къыщыхъуар? Абы нэхърэ, псынщIэу и лъэужьыр хуауэ, ар къэубыдын хуейщ!

М у р а т. Ар дауэ тщIыну? ДэнэкIэ сунэтIыну? Сыт и Iэмал? ИтIанэ, ар Пыху-сыху и деж нэсыжамэ-щэ?

Ф I ы д э г у а ш э. Абы щыгъуэ, сэ зэрысщIэмкIэ, удым и щхьэц налъэ къыхэпчрэ, уи пщIантIэм щыбгъэсмэ, псори и пIэ иувэжынущ, — КIунэ цIыкIуи узыншэ хъужынущ.

М у р а т. ЖыпIэр пэжмэ, зытIэжьэ хъунукъым. ПсынщIэу Пыху-сыху къэгъуэтын хуейщ.

Ф I ы д э г у а ш э. Ей, Мурат, ар Iуэху тыншкъым. Уи закъуэкIэ пхузэфIэкIыну шэч къытызохьэ. Ауэ уэ Iуэхутхьэбзэшхуэ къысхуэпщIащ: бзаджэм сыкъебгъэлащи, сэри зыгуэркIэ сэбэп сыпхуэхъужыну къыстохуэ. Сэ сыбзуупщщ, си пщыцIэр ФIыдэгуашэщ, си хъыбарри мыращ:

*Ижь-ижьыжкIэ ди лъэпкъ махуэу*
*КъуанщIэ пашэм щипщыгъуам,*
*ЛIы Тхьэгурымагъуэ хахуэ*
*Ныбжьэгъушхуэ къыхуэхъуат.*

*И дуней еплъыкIэ дахэр*
*Ди къуанщIэпщым бгъэдилъхьат,*
*Абы и чэнджэщ гъэпсахэр*
*Хабзэу пщыгъуэм зэхэтлъхьат.*

*Зэман дахэт, зэман гуакIуэт,*
*ЕкIурэ ещхьу къуалэр псэуρт.*
*БэIутIэIуншэу гъащIэр дгъакIуэрт,*
*Ди нэ-ди псэт къакIуэ псор.*

*ЗэгурыIуэ-зэдэIуэжу,*
*Куэдрэ пщыгъуэм здытетащ.*
*Мис а пщыгъуэм, дызэкъуэшу,*
*Щапхъэ нэсу ар тхэтащ.*



ЛIы Тхьэгурымагъуэми пIалъэ иIэти, ар къыщысым тхэкIыжащ. Я пэжыгъэм и щыхьэту, КъуанщIэ пашэм хьэзырищ къыхуигъэнащ. Нобэр къыздэсым ди бзупашэхэм ар лъэпкъым и дыуэ папщIэу зэрахьэ, зи къарур пхуэмыIуэтэн хьэзырищыр. Ди нэIэ темыкIыу ар дохъумэ. Иджы хьэзырищым и тетыр сэращ. Уи хьэлэлагъым, уи щIалэфIагъым къыхэкIкIэ, уи Iуэхур къыбдигъэпсынщIэну, сигукIи си псэкIи сыарэзыуэ, хьэзырищыр узот. ЗэгъащIэ: а хьэзырищым къаруушхуэ яIэщ, ауэ Iуэхугъуэ зырызщ пхуагъэзэщIэфынур. Ар Iуэху ехьэжьакIэ бгъэкIуэдынуми, лъэIу мыхьэнэншэкIэ и къарур бгъэсынуми ухуитыжщ. Уэ егупсысыж. КIуэи, мо жыг гъуанэм илъщи къих.

М у р а т жыг гъуанэм йоIэбэри, хьэзырищыр кърех икIи ар иIыгъыу къыбгъэдохьэж.

М у р а т. ФIыдэгуашэ! Мыр дауэ къызэрагъэсэбэпыр? *(Зэплъыхь.)* Сыт сщIэн хуейр?

Ф I ы д э г у а ш э. Абы куэд хэлъкъым: узыхуей гуэр уи гум иубыдэ, хьэзырым илъ гыныр къигъэщэщ, щтаучкIэ мафIэ едзи — гъэс. И сахуэр узыхуей Iуэхугъуэм еIусэмэ нэхъыфIщ. Иджы, Мурат, гъуэгу тыншкъым уи гъуэгур: псибл уикIын хуейщ, къырыщхьибл ущхьэдэхынущ, мэз фIыцIэ гъунэншэм ущIыхьэнурэ, тIуащIэ кIыфIым удыхьэнущ. Пыху-сыху и бгъуэнщIагъыр къызэрыбгъуэтынур уэ уи Iуэхужщ.

Мурат хьэзырхэр и бгъэгущталъэм ирелъхьэ. Унэм щIохьэри, блыным фIэдза къамэ-бгырыпхыр зыщIелъхьэри къегъэзэж.

Ф I ы д э г у а ш э. Аращи, гъуэгу махуэ, Мурат! Уи Iуэху дахэ ухъу!

М у р а т. Къысхуэпщlар зыщымыгъупщэн сэри Тхьэм сищI. Си шыпхъу цIыкIум сэбэп сыхуэхъун щхьэкIэ си къаруми си псэми сыщымысхьыну тхьэ соIуэ!

*ПIалъэр къэсмэ, ныбжьыр нэсмэ,*
*Куэдщ я гъуэгухэр къыхэзых.*
*Мис иджы си деж къыщысым,*
*Сэ си гъуэгум сыкъыхех.*

*Псибл сикIами, хибл сикIами,*
*Къырыщхьибл сыщхьэдэхами,*
*Сэ Iуэху пэжым сыкъуэтынщ,*
*Сэ гъуэгу пэжыр къэзгъуэтынщ.*

*КIыхьми кIэщIми а гъуэгуанэр,*
*Си цIыху напэм теухуауэ,*
*Сытетыну си тхьэлъанэщ,*
*Сэ си гъащIэр тезухами.*

Муратрэ Джэрийрэ йокI.



Iупхъуэ

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Мэз щIагъщ. Аддэ жыжьэу къуршхэр мэзым къыпхрощ. ИжьырабгъумкIэ ехыпIэ иIэ хуэдэщ. СэмэгурабгъумкIэ щIыбагъ Iупхъуэм къыр лъагэ сурэт тещIыхьащ. Псы гуэрхэри зэрыблэжыр, хэпщIыкI-хыумыщIыкIыу, Iупхъуэм хэщIыхьащ. Муратрэ абы и хьэ Джэрийрэ къохьэ.

М у р а т. *Псибл сикIами, хибл сикIами,*
*Къырыщхьибл сыщхьэдэхами,*
*Сэ Iуэху пэжым сыкъуэтынщ,*
*Сэ гъуэгу пэжыр къэзгъуэтынщ.*

*КIыхьми кIэщIми а гъуэгуанэр,*
*Си цIыху напэм теухуауэ,*
*Сытетыну си тхьэлъанэщ,*
*Сэ си гъащIэр тезухами.*

Д ж э р и й. Мурат, мо ижьырабгъумкIэ ех лъагъуэм тIуащIэм кIуэ гъуэгум дытришэнущ. Пэжщ — лъагъуэр нашэкъашэщ, ауэ дыхуэсакъыурэ дехынщ.

М у р а т. Мыр дауэ, Джэрий? Уопсалъэри?! Ар сыт гъэщIэгъуэн?!

Д ж э р и й. Мы Iэгъуэблагъэм къыщыщIэдзауэ Пыху-сыху и бгъуэнщIагъым нэсыху, псоми жаIэр зэхэпщIыкIынущ. Ар зыкъомкIэ фIыщ, ауэ зэраныгъэ куэди хэлъщ.

М у р а т. Сыт абы зэраныгъэу хэлъыр?

Д ж э р и й. ЦIыхум и акъылым хуэмыгъэвын щэху куэд ящIэ къуалэхэми хьэкIэкхъуэкIэхэми. Ахэр пхузэгъэзахуэмэ уи насыпщ.

М у р а т. Iэмал зиIэр зэдгъэзэхуэнщ, зимыIэм дегупсысынкъыми, абыкIэ зэфIэдгъэкIынщ.

Д ж э р и й. ЦIыху лъэ макъ зэхызох, Мурат, накIуэт дыIугъэкIыт! Хэт ищIэрэ ахэр зищIысыр?



ЙокIхэр. Ф ы з ы ж ь  х ь э ф и з  кхъахэм и Iэблэр иIыгъыу, Д ы щ э  къохьэ.

Ф ы з ы ж ь ы м. Куэдщ, Дыщэ! ТIэкIу дытIысынщи, зыдгъэпсэхунщ. ТIысыпIэ иIэ мыбдейхэм?

Д ы щ э. Мис мыбдеж мывэ джей щылъщ. КъакIуэ, нанэ! *(И IэлъэщIыр треубгъуэри, трегъэтIысхьэ.)*

Ф ы з ы ж ь ы м. Куэд къэнэжакъым. Зы жэщ-махуэ гъуэгу къытщIэлъыжу аращ.

Д ы щ э. ЦIыхухэм дахыумыгъэхьамэ нэхъыфIт. Хэт дэ къытхуейр? Хьарзынэу дыпсэуащ. Иджы сэ успIыжыну къару сиIэщ.

Ф ы з ы ж ь ы м. А си Дыщэ! Уэ иджыри куэд пщIэркъым. Сэ сщIэ псори ббгъэдэслъхьэну сыхунэсакъым. ЦIыхум уахыхьэмэ, куэдым ухуагъэсэнущ.

Д ы щ э. Нанэ, а жыпIэр пэжщ, ауэ сэ цIыхухэм сахэтыжыфынукъым. Ди мэз унэр хыфIэдмыдзамэ нэхъыфIт. Абы нэхъ тыншыпIэ дгъуэтынукъым уэрэ сэрэ.

*ГъащIэу сиIэм и IэфIагъыр*
*Сэ мэз унэм къыщысщIащ.*
*Си гугъапIэм и пIэщхьагъыр*
*Ди мэз лъапэм къыщызнащ.*

*Инщ дунейр, дунейр псэупIэми,*
*Сэ си лъапсэр сфIэлъапIэжщ.*
*Бланэ пэтрэ и щIыпIэм,*
*ФIэтелъыджэу, егъэзэж.*

*Си псэр лъыхъуэркъым тыншыпIэ.*
*Си гум ещIри зэхэгъэж,*
*Си блэкIахэр ди куэбжэпэм*
*Iухьэжауэ сфIыдохьэж.*

*ГъащIэу сиIэм и IэфIагъыр*
*Сэ мэз унэм къыщысщIащ.*
*Си гугъапIэм и пIэщхьагъыр*
*Ди мэз лъапэм къыщызнащ.*

Ф ы з ы ж ь ы м. ГуитIщхьитI сыпщIащ, си Дыщэ дахэ! Сэри си гуапащэкъым мы щIыпIэр зэрыдбгынэр, ауэ сытыр ди Iэмал? Си Iуэху зытетыр уолъагъу.



М у р а т р э Д ж э р и й р э къохьэ.

М у р а т. ГъуэгуфIыж апщий, ди анэ! Гупсысэгъуэ фихуауэ къысфIощI. Сэбэп сыхъуфынумэ, къызжефIэ.

Ф ы з ы ж ь ы м. Тхьэм уригъэфIакIуэ, си щIалэ! Сыт мыгъуэкIэ сэбэп ухъун? Жыгъэм текIуа щыIэкъым.

М у р а т. Мы щIыпIэ пхыдзар фи гъуэгу щхьэ хъуа?

Ф ы з ы ж ь ы м. ПщIэрэ, си щIалэ, сэ Iэджэ щIауэ сыщопсэу мы щIыпIэм. Илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, мы мэз щIагъыр тIысыпIэ ищIат си унагъуэм. Зэгуэрым цIыхухъухэр зекIуэ ежьэри, къагъэзэжакъым. Зыкъомрэ сежьащ сэ абыхэм. Ауэрэ мэз щIагъым лъапсэ щысщIащ, си псэри щызэгъащ. Дыщэ дахи, зеиншэу къыспэщIэхуэри, иджыри къыздэсым спIащ. Мы дунейм теттэкъым мы щIыпIэр зэрысхъуэжын, ауэ Iэмал сиIэжкъым: си нитIым зыри ялъагъужыркъым. Аращи, ущыуакъым, си щIалэ, икъукIэ гупсысэгъуэщ си Iуэхур.

М у р а т *(тIэкIу хогупсысыхьри)*. АтIэ, апхуэдэу щыхъуакIэ, ди анэ, сэ ФIыдэгуашэ бзуупщым къызитауэ хьэзырищ сIыгъщ, Iуэхугъуищ къысхуищIэнуи, абы и къарум иджыпсту деплъынщ.

Мурат и бгъэгущталъэм зы хьэзыр кърех, зэщхьэщехри, гыным щтаучкIэ хъуаскIэ хрегъадзэ, гыныр ину къолыдри ес. И IэпхъуамбэхэмкIэ гын сахуэм щыщ щехуэ Фызыжьым и нитIым, и нэкIум. Зэуэ сценэр кIыфI мэхъу. Нэху къэхъужа нэужь, Фызыжьыр хэпщIыкIыу нэхъ щIалэ хъуауэ, и нэхэр хъужауэ, къотэджыж.

Фызыжьым. Мыр сыт телъыджэ!? Илъэс Iэджэ сщхьэщиха хуэдэщ. СыкъэщIэрэщIэжащ. СыткIэ пхуэсщIэжыфыну къысхуэпщIар, си щIалэ? Уэ слъагъуур Iуэхуншэу укъежьа хуэдэкъым. Уи Iуэху зытетыр къызжеIэ.

Мурат. Сэ, ди анэ, Пыху-сыху и лъэужьыр схууэ аращ. И блыгущIэтхэм си шыпхъу цIыкIум и узыншагъэр абы хуахьащи, къытесхыжыну сокIуэ. Уд фызыжьым и щхьэц налъэ къыпысчрэ ди пщIантIэм щызгъэсмэ, ар хъужыну къызжаIащ.

Фызыжьым. Ей, си щIалэ! Пыху-сыху и щхьэцыр пыупщIыгъуафIэкъым. Ахэр гъущI кIапсэм хуэдэщ. Сыт хуэдэ жан емыIусами — къыIуегуэ. Сэ зыгуэркIэ сэбэп сыпхуэхъужыну къыстохуэри... *(и хьэпшып зэкIуэцIыпхам хоIэбэри, лэныстэ къыхех)*. Мэ, мыр жыр лэныстэщ, сытри пиупщIу. ФIыкIэ къыпхуэсэбэпыну тхьэм жиIэ. Аращи, гъуэгу махуэ! Уи Iуэху дахэ тхьэм ищI!



Мурат. Жьыщхьэ махуэ ухъу, ди анэ! Узыншэу ущыт!

*Псибл сикIами, хибл сикIами,*
*Къуршыщхьибл сыщхьэдэхами,*
*Сэ Iуэху пэжым сыкъуэтынщ,*
*Сэ гъуэгу пэжыр къэзгъуэтынщ.*

Мурат уэрэд жиIэурэ йокI. Джэрий абы и гъусэщ. КIыфI мэхъу. Фызыжьри Дыщи йокI. Нэху мэхъуж. Пыху-сыху хьэжкурийм хуэдэу къолъадэ.

Пыху-сыху. Ей, ФIейгуэл, зи лыр къуанщIэм яшхыжын! Бгъейр сыт? Узгуа-а-ащэ ещэщэхыжын, сызэхыумыхыжу ара?

ФIейгуэл *(псынщIэу къыбгъэдолъадэри)*. Мыбдеж сыщытщ, си псэр пIэщхьагъ зыхуэсщIын тхьэIухуднэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ!

Узгуащэ *(псынщIэу къыбгъэдолъадэри, зредзых)*. Мыбдеж сыщысщ, си псэр зыIурыздзэн тхьэIухуддэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ!

Пыху-сыху. Зыр щыту, зыр щысу, фызэфIэскъыскъэу фыкъынэ! Iуэхур, къанэ щымыIэу, зэIывгъэхьащ. ЗыкъевмыгъащIэу,

зэфIэвгъэкIакъым а Iуэхутхьэбзэ тIэкIур. Мес иджы и дэлъхур сяужь къивгъэхьащ, и хьэщхьэрыIуэри и гъусэу.

У з г у а щ э. Сэ зыри си лажьэкъым, Пыху-сыху дахащэ. ФIейгуэлщ делагъэ псори зыщIар. *(ФIейгуэл дежкIэ згъазэри.)* Джэду зумыщI, жысIатэкъэ? Бзуупщым зумыпщыт, жысIатэкъэ? Апхуэдэу думыгъэщI, жысIатэкъэ? ДыкъащIэнущ, жысIатэкъэ?

Ф I е й г у э л. ПцIы зэфэзэщщ Узгуащэ жиIэр, Пыху-сыху дахащэ! Псори щIэсщIэжыр уэращ. ДыщIэкIуар хузэфIэкIынутэкъым Узгуащэ: хьэр си кIапэм къезмыгъэдзэкъатэмэ, си щIыфэр езмыгъэфыщIатэмэ, си лъакъуэхэм езмыгъэкъуатэмэ, икIэмикIэжым дзыгъуэ гъуэмбым зизмыгъэпщкIуэжатэмэ…

П ы х у - с ы х у. Фи жьэр! Фи жьэр зэтефпIэ! ИкIэщIыпIэкIэ къэгупсысын хуейщ мыхэр гъуэгум зэрытетшын Iэмал. Фи акъылыр вгъэлажьэ, зы бэлыхьлажьэ къыткIэщIэмызэрыхь щIыкIэ. Жьы, псы, пшагъуэ, уафэ гъуагъуэ, гъуэгу нэпцI, пцIы зэфэзэщ — щыIэу хъуар къэвгъуэти, мэзым щIэзу щIэфкIутэ. Феуэ, фыщымыт! Си телъхьэхэр зэрыщыту зэхуэфшэс. Сэри зыгуэрхэр къэзгупсысынщ.

Хьэжкурийм хуэдэу, щыри йож. КIыфI мэхъу. Сценэм и теплъэм зэхъуэкIыныгъэ тIэкIу халъхьэ, нэгъуэщI щIыпIэ хуэдэу къыпщигъэхъуу. Нэху мэхъуж. ЩыхупIэ лъабжьэщ. ЕщIэкъуауэу, джалэм къэтэджыжурэ шы гуэр къохьэ. ЩыхупIэ лъабжьэм носри, мэгъуэлъ.



З е к I у э ш ы м. Ей, бетэмал, хъуатэкъым ар! *(И лъакъуэм йоIусэж.)* Мис иджы си гугъэщ си дунейр щызухар. *(ТIэкIу щылъа нэужь, и лъакъуэм аргуэру йоIусэжри мэгыз.)* ЗэрыщIыкIауэ къысфIощI… Дауэ сыхъужыну иджы? *(Гупсысэу щылъщ. Сценэм адэкIэ къудамэ зэпыщIыкI макъ къыщоIу. Шыр, и тхьэкIумэр тегъэхуауэ, зэщIодэIукI.)* ЦIыхумэ!.. Лъэ макъ зэхызох. IуэхуфI къысхуихьу тхьэм къыщIигъэкI. Ей-ей! Хэтми си дежкIэ фыкъакIуэ! ФыкъыздэIэпыкъу!

М у р а т джэ макъыр зэхехри, и хьэр и гъусэу къолъадэ.

М у р а т. Мыр сыт? Сыт къыпщыщIар? Мыбдеж щхьэ ущылъ?

З е к I у э ш ы м. Дыгъужьхэм сыкърахужьэри, щыхупIэм сыкъелъащ. Псым сыкъызэпрысыкIри, мыбдеж сыкъэсащ… Ауэ, плъагъуркъэ, мывэ джейм сытепкIэри, си лъакъуэр зэрищIыкIа си гугъэщ.

М у р а т *(зрегъэзыхри)*. Зэт, сегъэплъыт! Тхьэ соIуэ, уи Iуэхур мыщIагъуэкIэ, натIэху. Мы щIыпIэ бзаджэм цIыху уи мыгъусэу щхьэ укъэкIуа? Уани птелъ хуэдэкъым.

З е к I у э ш ы м. ПщIэркъэ?! Ар жыпIэжыну хъыбар кIыхьщ.

М у р а т *(шым и лъакъуэм еплъурэ)*. ЖыIэ! Иджыпсту дыздэпIащIэ щыIэкъым.

З е к I у э ш ы м. АтIэ, щIалэ, сэри зэманыгъуэ сиIащ. Шы нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм сыхабжэрт. СыкIуэрт, сыжэрт. Си зиусхьэным сыздихьынур ищIэртэкъым. Мэкъум я нэхъ щабэри, Iусым и нэхъыфIри къысхуигъэфащэрт. Псы куэд дикIащ абы дэрэ, гъуэгуанэ куэди зэпытчащ. ИтIанэ нэгъуэщIыш, нэхъ щIалэу, зэригъэпэщащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу, и нэIэ къыстригъэкIакъым. Ауэ, зэман дэкIри, унагъуэм саритыжащ. Абыхэм вэнри, сэнри, мэш Iухыжынри, мэкъу къэшэжынри си пщэм къыдалъхьащ. Сэ сызекIуэшщ, нэгъуэщIым сыхуагъэсакъым. Си лэжьэкIэр ягу щримыхьым, мэзылI гуэрым сращэжащ. *(ТIэкIу мэгупсысэри.)* МэзылIым сэрэ ди акъыл зэтехуатэкъыми, сыкъэмыкIуасэу хъуакъым. Апхуэдэу мы тIуащIэм сыкъыщыхутащ. КъысщыщIари уолъагъу.



М у р а т. СлъагъукIэ солъагъу, ауэ мыбы зыгуэр къыхуэгупсысын хуейщ.

З е к I у э ш ы м. Ей, щIалэ, сэ абы Iэмал иIэу сщIэркъым. Мы дыгъужь сяужь къиувахэр фIырыфIкIэ скIэрыкIынукъым. Сэ пIалъэу сиIэр абыхэм къехыпIэ лъагъуэр къагъуэтыхущ. Абы нэхърэ, уэри зыхыумыгъэкIуадэу, уежьэжамэ нэхъыфIт. Сэ фи макъ щызэхэсхым, сыгужьейри, сынэджа къудейуэ аращ.

М у р а т *(мэгупсысэ)*. ФIыдэгуашэ бзуупщым къызитауэ, сэ хьэзырищ сиIэт, Iуэхугъуищ къысхуищIэну. Зыр къэзгъэсэбэпащ. Мыпхуэдэу укъэзгъанэрэ сежьэжмэ, тхьэм сигъэкIуэнкъым.

М у р а т и бгъэгущталъэм йоIэбэри, зы хьэзыр кърех, зэщхьэщехри, гыныр щIым трекIутэ, щтаучкIэ хъуаскIэр хрегъадзэ, гыныр ину къолыдри ес. И IэпхъумбэхэмкIэ гын сахуэм щыщ шым и лъакъуэм щехуэ. Шыр тIэкIу еныкъуэкъуурэ къотэдж, зеукъуэдий, нэхъыфI зэрыхъур IупщIу, и лъакъуэхэр зэблех, хуэм-хуэмурэ джэгуу щIедзэ.

З е к I у э ш ы м. Мыр сыт гъэщIэгъуэн? Сыхъужыпаи!.. Апхуэдэу щыщыткIэ, уэ лIы ухъурэ, сэ шы сыпхуэмыхъумэ, сытхьэгъэпцIщ! Уи гъуэгур си гъуэгущ. Неуэ, нежьэ!

М у р а т и уэрэдым и макъамэм щIэту йокIхэр. Ф I е й г у э л р э У з г у а щ э р э абыхэм якIэлъыплъурэ, зэщIэкIэзызэу къохьэ.

Ф I е й г у э л. Иджы щы зэрыгъэхъуащ! Дыунэхъуауэ фIэкIа сщIэркъым! Дэнэ хэдмышэми — хьэм къыхишыжынущ.

У з г у а щ э. Мэз фIыцIэ куум щIыдошэри — шым къыщIихыжынущ!

Ф I е й г у э л. Жьыи, псыи, пшагъуи, уафэ гъуагъуи, гъуэгу нэпцIи, пцIы зэфэзэщи — зыри япэлъэщыжынукъым мыбыхэм.

У з г у а щ э. А-уэ-уэу, Пыху-сыху ди пэр щIым щихъуэнущ!

Ф I е й г у э л. Мис иджыщ Пыху-сыху ди фэр щытрихыпэнур! Узгуащэ, Iеищэу дыгъэгузавэ!

У з г у а щ э. Ей, ФIейгуэл, егъэлеяуэ сошынэ!

Ф I е й г у э л *(къызэтоувыIэ, Узгуащи и пIэм йожыхь)*. Ей, Узгуащэ! ПсынщIэу дыгъэгупсыси, ди гупсысэхэм зыгуэр къыхэдгъэх. *(Я Iэпхъуамбищыр я натIэм ирагъэувауэ, къажыхь-нажыхьу щIадзэ.)*

Ф I е й г у э л *(занщIэу къоувыIэ)*. Зэт! Къэзгупсыса си гугъэщ!

У з г у а щ э. Сэри си щхьэ куцIым зыгуэр щыхъуэпскIащ!

Ф I е й г у э л *(зэщIодэIукI. ИтIанэ — и щхьэм еуэурэ)*. Ей, бетэмал, си акъылыр щIэмысу къыщIэкIри, Iэмалым зигъэкIэрахъуэри щIэкIыжащ.

У з г у а щ э. Сэри си щхьэр техьэулеикIри, абы щыхъуэпскIам кIэбгъу зищIри ежьэжащ.

Ф I е й г у э л *(зыкъызэщIепхъуэтри)*. ТIэкIу дыгъэгупсысэж!

Аргуэру, япэми хуэдэу, тIуми къажыхьу щIадзэж. П ы х у - с ы х у, лъапэпцIийуэ, щэхуу къохьэри, абыхэм якIэлъоплъ, игъэщIагъуэу.

П ы х у - с ы х у. ФIейгуэл, зи лыр къуанщIэм яшхыжын! Узгуа-а-ащэ, ещэщэхыжын! Фи щхьэм бжьэ еуа нэхъей, къыщIэвжыхьыр сыт?

Ф I е й г у э л. Догупсысэ, си псэр зи пIэщхьагъ хъун тхьэIухуднэзакъуэ!

У з г у а щ э. Ди акъылыр догъэлажьэ, си псэр зыIурыздзэн тхьэIухуддзэзакъуэ!

П ы х у - с ы х у. А, лажьэм ихьынитI! Къэвгъуэтаи гупсысэн? Къэвгъуэтаи лэжьэн? ТIуми фи щхьэ куцIыр зэхэплъхьами, зы джэд ей хуэдиз хъунукъым. Iуэхур зэрыхъунур зыщIэу зы дэIэпыкъуэгъуи сызэримыIэт! ЖыфIэт иджы! Дэнэ здэкIуар КIунэ и дэлъхумрэ и хьэщхьэрыIуэмрэ?

Ф I е й г у э л. А, си псэр зи пIэщхьагъ хъун, ахэр щы зэрыгъэхъуащ! Дыунэхъуа си гугъэщ!

У з г у а щ э. Нэсри къэсыжауэ, зекIуэш зэгъэпэща пэшэгъу яхуэхъуащ абыхэм!

П ы х у - с ы х у. Вгъеяр сыт, гъейм ихьынитI, зекIуэшыр абыхэм пэшэгъу ящIыхукIэ?

Ф I е й г у э л. КIунэ и дэлъхум и бгъэгущталъэм хьэзырищ илъщ, Бзуупщым къритауи, — убгъэдыхьэ хъуркъым!

П ы х у - с ы х у. Хьэзырищ жыпIа?! Хьэзырищ!.. Илъэсищэ хъуауэ сощакIуэ сэ абыхэм! А-ды-дыд, зи насып къэкIуэнур пщIэркъым: гъуэгурыкIуэм тету ар къызыIэрыхьа факъырэр плъагъуркъэ? ФIейгуэл, зи лыр къуанщIэм ишхыжын! Узгуащэ, ещэщэхыжын! КIэщIу абы и ужь фиувэ! Зывгъэхъей!.. Зывгъэсыс!.. Зыгуэрхэр къэвгупсыс, зэфIэскъыскъэу къэнэн гуп!.. Сэри си Iэр зэтедзауэ сыщысынукъым! Хьэзырищым сыхуейщ!..

Ф I е й г у э л р э У з г у а щ э р э япэ иту, П ы х у - с ы х у абыхэм я ужь итщ, епхъухым, сабэр дрипхъейуэрэ, йожхэр. У д ы м и макъамэр къоIу.

Сценэр кIыфI мэхъу.



## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Мэз щIагъщ. ИжьырабгъумкIэ П ы х у - с ы х у уд фызыжьым и бгъуэнщIагъым и щIыхьэпIэр щыболъагъу. ЛъэпщэхъукIэ пхъэдакъэжьым епхауэ, мыщэ абрагъуэ щытщ, щIыхьэпIэр ихъумэу. Лъэпщэхъур егъэкIыргъри, и щхьэм хуэтхьэусыхэжу, уэрэд къыхедзэ.

М ы щ э ж ь ы м.

*Си псэлъэгъур си лъэпщэхъурщ,*
*ГъущIым хузоIуатэр щэхур,*
*СхуэмыIуатэуэ къэнар*
*Сэ мэз щIагъым къыщIэзнарщ.*

*Узижагъуэр удым и абгъуэт,*
*Сызижагъуэр удым и гъуэмбт.*
*ГъащIэ бзаджэм и кIэгъэпшагъэр*
*Сэ насыпыншэжьым си гъуэгут.*

*Мис иджыщ къыщихьэр си щхьэм:*
*ТхьэмыщкIагъэм сэ сыщихьым,*
*ХулъэкIыхукIэ къыскъуэтар*
*Дэнэу пIэрэ щыкIуэдар?*

*Узижагъуэр удым и абгъуэт,*
*Сызижагъуэр удым и гъуэмбт.*
*ГъащIэ бзаджэм и кIэгъэпшагъэр*
*Сэ насыпыншэжьым си гъуэгут.*

*Бзаджэнаджэм жаIэр пэжмэ, —*
*Хэти и щхьэр егъэфIэжыр.*
*Ауэ си щхьэ сэ сыхуит?*
*Си щхьэ закъуэ, си лъакъуитIщ.*

*Узижагъуэр удым и абгъуэт,*
*Сызижагъуэр удым и гъуэмбт.*
*ГъащIэ бзаджэм и кIэгъэпшагъэр*
*Сэ насыпыншэжьым си гъуэгут*

Уэрэдым и кIэухым ирихьэлIэу, М у р а т, Д ж э р и й, З е к I у э ш сымэ сакъыурэ къохьэ. М ы щ э м и уэрэдым и кIэухым йодаIуэ. ИтIанэ щэхуу зопсалъэ.



М у р а т. Ар дауэ? Пыху-сыху мыщэ хъумакIуэ иIэу зыми жиIакъым. Мыр дэнэу пIэрэ къыздикIар?

З е к I у э ш ы м. Дэнэ къикIами, мыщэр Iейуэ зэран къытхуэхъунущ. Сыт иджы абы къыхуэдгупсысынур? Ди унафэр дымыхъуэжу хъунукъым.

Д ж э р и й. Зэт, фымыпIащIэт! КъызэрысфIэщIымкIэ, Мыщэжьыр зыгуэркIэ арэзыкъым. Сэ сыкIуэнщи, ар къызэрызгъэдэIуэн иужь ситынщ. Фэ мыбдеж зыкъуэвгъапщкIуэ.

М у р а т р э З е к I у э ш ы м р э къуэгъэнапIэм къуохьэ. Д ж э р и й хуэмурэ М ы щ э ж ь ы м бгъэдохьэ.

Д ж э р и й. Уи махуэ фIыуэ, Мыщэжь! Мыр сыт, игъащIэм пэжым и телъхьэу щытар бзаджэнаджэм и хъумакIуэ хъужауэ ара иджы? Уи мыщэ напэм къебгъэзэгърэ ар?

М ы щ э ж ь ы м. Зыхуейр ямыщIэжу иужьрей зэманым хьэулей куэдым къаджэдыхь. Си мыщэ напэм утепсэлъыхьыну уэ хьэ фейцейр укъыздикIар дэнэ?

Д ж э р и й. Умыгубжь, Мыщэжь! Ди щхьэщыгу итым елъагъу уи жагъуэ сщIыну сызэрыхэмытар. Сэри Iуэхуншэу мы мэзым сыкъэкIуакъым. Сыунэхьэщ, а узэригугъэм хуэдэуи сыхьэ фейцей дыдэкъым.

М ы щ э ж ь ы м. Еплъыт абы зызэригъэбэлацэм? Унэхьэмэ, уи пщIантIэм дэсыж! УкъезыхуэкIыр сыт? Мыбдеж уIумыкIмэ, усIэщIэкIуэдэнкIэ хъунущ. Сэ бгъуэнщIагъыр быдэу схъумэн хуейщ.

Д ж э р и й. Аракъэ къызгурымыIуэр! Зы бэлыхь къыпщымыщIамэ, сыт Пыху-сыху Iуэхутхьэбзащlэ ущIыхуэхъуар? ГъущI лъэхъукIи щхьэ уепха?

М ы щ э ж ь ы м. Плъагъурэ: илъэситI-щыкIэ узэIэбэкIыжмэ, Пыху-сыху къыжраIащ абы и кIуэдыпIэр къызэрыкIынур цIыхуу. А зэманым ирихьэлIэу, сэри абы и фо кIадэ щIыхуэу стелъти, естыжыну сыкъэкIуат. Уд фызыжьым хьэпэщыпхэ схуищIри, цIыху укI сищIащ. ИтIанэ, тебжэри, илъэс зыбжанэкIэ къыпхуимыхыжыну, лъэпщэхъукIэ бгъуэнщIагъ щIыхьэпIэм сыщрипхащ.

Д ж э р и й. АтIэ, Мыщэжь, лей къыптехьауэ къыпщыхъуркъэ уэ?

М ы щ э ж ь ы м. Къысщыхъум къыщынэжрэ? СхулъэкIамэ, и ажалыр къэзгъэсынт, ауэ удыр къызэрысыжу, мывэм хуэдэу си пIэм сожыхь. Щхъухь къызихьэлIам сигъакIуэркъым.

Д ж э р и й. Ей, Мыщэжь, а уэ уи лажьэм си ныбжьэгъу цIыху гуэрым и Iэзэгъуэ хэлъщ. Ауэ, плъагъуркъэ, уэ цIыху къызэрыббгъэдыхьэу, укъызэIыхьэу жыбоIэ.

М ы щ э ж ь ы м. Абы Iэмал гуэр иIэу къыщIэкIынщ. *(Мэгупсысэри.)* Дауэ уеплърэ сыкъэмыплъэурэ къызэIэзэм?

Д ж э р и й *(къэгуфIауэ)*. Уарэзымэ — уи нитIыр щытпхыкIынщ. *(Джэрий удым и бгъуэнщIагъым щIолъадэри, щэкI гуэрхэр къыщIех, мыщэм бгъэдохьэри, и нэхэр щепхыкI)*. Мурат, ЗекIуэш, мыдэ фыкъакIуэ. Мыщэжьым, арэзыуэ, узригъэIэзэнущ.

М у р а т р э З е к I у э ш ы м р э къохьэ. М у р а т и бгъэгущталъэм йоIэбэри, ещанэ хьэзырыр кърех, зэщхьэщехри, гыныр щIым трекIутэ, щтаучкIэ хъуаскIэ хрегъадзэ, гыныр ину кьолыдри, ес. Гыным и сахуэм щыщ М ы щ э ж ь ы м и щхьэм трегъэлъалъэ, и лъакъуэхэм щехуэ. КIыфI мэхъу. ГъущI кIыргъ макъ зэхыбох. Нэху хъужа нэужь: М ы щ э ж ь ы м лъэхъур имылъыжу, и нэхэри щымыпхыкIауэ, ихъуреягъкIэ къифыхьу утыкум итщ.

М ы щ э ж ь ы м. Сыкъызэралъхурэ апхуэдэ гъэщIэгъуэн жаIэуи яIуатэуи зэхэсхакъым. Сэ езыр сыхуэмызами, си фIэщ хъунутэкъым. Сыт жыпIэми пхуэзгъэзэщIэну сыхьэзырщ, щIалэ! УкъызытекIухьар сыт?

М у р а т. Пыху-сыху и щхьэц налъэ схьыну аращ, Мыщэжь! Си шыпхъу цIыкIур абы и блыгущIэтхэм сымаджэ ящIащи, удым и щхьэц налъэ сымыгъэсауэ, мыхъужыну жаIэ.



11 Заказ №368

М ы щ э ж ь ы м. Апхуэдэ зыгуэрхэри сэри зэхэсхащ, ауэ Пыху-сыху пэлъэщыгъуейщ. Удым шейтӀан Ӏэмал куэд къегъэсэбэп, итӀанэ гущӀэгъу жыхуаӀэр ищӀэркъым. Ауэ, зэрысщӀэмкӀэ, тӀасхъапӀэ гуэрхэри иӀэщ.

М у р а т. АтӀэ, дэнэ дежу пӀэрэ абы и тӀасхъапӀэр?

М ы щ э ж ь ы м. МодэкӀэ фыплъэт! Мо бгышхуэр флъагъурэ? Абы и джабэм гъуанэ куу иӀэщ. Бгы гъуанэм и лъащӀэ дыдэм, быдэу гъэпщкӀуауэ, зы мывэ къащхъуэ щӀэлъщ. ХьэӀуцыдзипщӀрэ мэз джэдууищым ар яхъумэ. Мывэр Пыху-сыху дежкӀэ щхъухьым нэхъри нэхъ Ӏейщ: абы удыр егъэундэращхъуэ, мывэщхъуэу егъэж. Мывэм и къарур имыух щӀыкӀэ, псынщӀэу къэгъэсауэ, Пыху-сыху егъэӀусэн хуейщ. *(Шымрэ Хьэмрэ дежкӀэ зегъазэри.)* АбыкӀэ фи къарур дэнэ нэсрэ?

З е к Ӏ у э ш ы м. Апхуэдэ зы махуэт сыкъыщӀалъхуар!

Д ж э р и й. КӀунэ и псэм щхьэкӀэ си псэм себлэжынкъым!

М ы щ э ж ь ы м. Феуэ-тӀэ, зытӀэжьэ хъунукъым! Уэ, Мурат, Пыху-сыху мыбдеж щежьэ, ауэ уи закъуэу удым упэщӀэувэну ухэмыт. Дэ, бгы гъуанэр къэдгъуэтынщи, мывэ къащхъуэр икӀэщӀыпӀэкӀэ къызэрыдгъэсын иужь дитынщ.

М у р а т. Мыщэжь, уэ мы Ӏэгъуэблагъэм и щэху куэд уощӀэ. Си гъусэхэм уи нэӀэ ятегъэт! Фызыхуэсакъыж!

М ы щ э ж ь, З е к Ӏ у э ш, Д ж э р и й сымэ йокӀ. М у р а т къонэри, бгъуэнщӀагъым и Ӏэгъуэблагъэр къиплъыхьу щӀедзэ. Абы хэту, П ы х у - с ы х у, Ф Ӏ е й г у э л, У з г у а щ э сымэ щэхуу къыкъуокӀ. М у р а т и уэрэдым къыщӀедзэ.

М у р а т.

*Псибл сикӀами, хибл сикӀами,*
*Къырыщхьибл сыщхьэдэхами,*
*Сэ Ӏуэху пэжым сыкъуэтынщ,*
*Сэ гъуэгу пэжыр къэзгъуэтынщ.*

П ы х у - с ы х у, Ф Ӏ е й г у э л, У з г у а щ э сымэ *(Мурат пэджэжу):*

*Ди деж укъэкӀуами, уэ уиӀэу мурад,*
*Уи Ӏуэхур дэ пщӀэншэ пхуэтщӀынкъэ, Мурат!*
*Ухуей-ухуэмейми, гъэрыпӀэм уихуащ,*
*Уэ щӀалэм уи гъуэгур абдеж щыбухащ.*

*КъебгъэрыкIуэну Пыху-сыху и мураду*
*Iуэху къезыхьэжьэр — езыращ хэкIуадэр:*
*Уэ уи кIуэдыпIэр дэ къэтлъыхъуэнщ,*
*Гугъэу уиIахэми кIэ дэ еттынщ.*

М у р а т.

*КIыхьми кIэщIми си гъуэгуанэр,*
*Си цIыху напэм теухуауэ,*
*Сытетыну си тхьэлъанэщ,*
*Сэ си гъащIэр тезухами.*

М у р а т пхъэ дакъэ гуэрым тотIысхьэ. П ы х у - с ы х у, Ф I е й г у э л, У з г у а щ э сымэ хуэмурэ абы и щIыбагъымкIэ къыбгъэдохьэ. П ы х у - с ы х у мапхъуэри, М у р а т и щIыбагъымкIэ щеубыд. Ф I е й г у э л р э У з г у а щ э р э абыхэм я хъуреягъыр къажыхь.

М у р а т. А, щэхурыпхъуэжь! КъохъулIэнкъым а уи мурадыр! (*И къарум къызэрихькIэ зыкъыIэщIиудыну иужь итщ.*)



П ы х у - с ы х у (*къызэщIэплъауэ, зауэ-банэм здыхэтым*). ФIейгуэл, зи лыр къуанщIэм яшхыжын, жэи, бгъуэнщIагъым зы къэпыжь къыщIэх! КIапсэ лэрыгъуи къыздэщтэ!

Ф I е й г у э л. Иджыпсту, си псэр зи пIэщхьагъ хъун! (*КъызэплъэкIыурэ, пIащIэ-тхъытхъыу бгъуэнщIагъым щIолъадэ*).

П ы х у - с ы х у (*зэрызехьэм здыхэтым*). Узгуащэ, ещэщэхыжын! УщIыщытыр сыт? Зыкъедз!.. Къедзакъэ!.. И къурмакъейм... и къурмакъейм епхъуэ!

У з г у а щ э дэнэкIэ емыжэкIми, мобыхэм загъэкIэрахъуэри, къыпэщIэхуэр П ы х у - с ы х у щ.

П ы х у - с ы х у. А, ямылъагъужын! Къыумыжыхьу, къэувыIэ! (*Дауэ имыщIми, Узгуащэ Пыху-сыху и пщэращ къыIэрыхьэр*). УтIыпщ си пщэр! Мурат ейращ бубыдынур! (*ФIейгуэл бгъуэнщIагъым къыщIэкIыжу къелъагъу.*) ФIейгуэл! ПсынщIэу! Къэпыр и щхьэм къыфIэкъуэ! (*ФIейгуэл, зэрызехьэ гупым я пэгъунэгъуу кIапсэр щыхьфIедзэри, яхолъадэ. Зэхегъэзэрыхьри, къэпыр Пыху-сыху и щхьэм фIикъуэу щIедзэ.*)

П ы х у - с ы х у (*къэпыр Iэ лъэныкъуэкIэ къыфIихыжыну екъуурэ*). ЗэфIэскъыскъэу къэнэн, си щхьэракъым... си щхьэракъым зыфIэпкъуэнур!

Ф I е й г у э л. АтIэ, хэт и щхьэ зыфIэскъуэнур?

П ы х у - с ы х у. Уи щхьэм фIэкъуэ, ежэхын! *(ФIейгуэл, ифIэщыпэу, езым и щхьэм къэпыр фIикъуэу щIедзэ).* Сунэхъури сызэгъэжа мыгъуэти! Мы делэ гупыр дэнэ къисхат? ПщIэр сыт, зи лыр къуанщIэм яшхыжын?! КъыфIэхыж ар уи щхьэм! *(АпщIондэху Мурат гупым къаходжэрэзыкI, кIапсэр къелъагъури, я хъуреягъыр къижыхьурэ ар къарешэкI. ИужькIэ зыщигъэпщкIун лъыхъуэ щIыкIэурэ йож. Мыдрейхэм кIапсэ зэхэзэрыхьар зэхахыжу хуит зыкъащIыжыху зэман макIуэ).*

У з г у а щ э *(зеплъыхьри)*. Пыху-сыху, си псэр зыIухуэн! Мурат бзэхащ!

П ы х у - с ы х у. Дэнэ здэкIуар? *(Дэлъейуэрэ, лъэныкъуиплIымкIи зигъазэурэ маплъэ. Зэуэ къызэтоувыIэ).* А-хьа-а! И мэ къысщIихьащ! Узгуащэ, уэ мыбдеж къыщыни щещакIуэ, ФIейгуэл сэрэ абы дыкIэлъыкIуэнщ.

КIапсэ лэрыгъур къапхъуатэри, Ф I е й г у э л р э П ы х у - с ы х у р э зэрызехьэу йож.

У з г у а щ э *(псалъэуха къэс гупсысэурэ)*. СещакIуэми семыщакIуэми, сэ мыхьэнэншэм схузэфIэкIынур сыт? Сеуэми, сыукIуриинущ. Къызэуэми, сыукIуриинущ. Зэ къызэрызэпщэу, сызэфIэщэщэнущ. ГъэщIэгъуэнщ мы Пыху-сыху: нэхъ зыхулъэкIыр къыздищтэри, сыщтэIэщтаблэу мыбдеж сыкъыщигъэнащ. Ау-уей, я щхьэ зэрыхьщ: сыхэмыхьэмэ, ситхьэлэн?! *(Мурат къыздикI лъэныкъуэмкIэ плъэурэ, псынщIэу.)* А-уэ-уэу! Мес!.. МыбыкIэ къокIуэ! Дэнэ сыкIуэну иджы? *(Зредзых, мэпщри, пхъэ дакъэжь гуэрым къуопщхьэ. Мурат, зыгуэр къакIуэу пIэрэ, жыхуиIэу, зиплъыхьурэ, къохьэ.)*

М у р а т. Мы си гъусэхэр щIэх къэсыжамэ, арат. Пыху-сыху и гупым си закъуэу сапэлъэщыну си гугъэкъым. ЗыщIыпIэ деж зыщыгъэпщкIуауэ, Джэрий сымэ къэкIуэжыху ежьэн хуейщ.

ЗыгъэпщкIупIэ къилъыхъуэу щIедзэ М у р а т. Абы хэту, П ы х у - с ы х у р э Ф I е й г у э л р э къохьэ. У з г у а щ э IэкъыхуащIри, зыбгъэдашэж, зоIущащэхэр. Ахэр М у р а т илъагъуркъым. Абыхэм псынщIэу зрачри, М у р а т къыжьэхолъадэ. Ф I е й г у э л абы и лъабжьэм зыщIедзэ, У з г у а щ э абы и пщэр щеубыдыкIри, ирауд. П ы х у - с ы х у кIапсэр иIыгъыу щхьэщопщхьэри, М у р а т зэкIуэцIапхэ.

П ы х у - с ы х у. И бгъэгущталъэм фыхуэсакъ! ФIыдэгуашэ и хьэзырхэр зэхэфкъутэнущ! Мис иджы хъуащ! *(ФIейгуэлрэ Уз-*

*гуащэрэ тӀэкӀу къыӀуокӀуэт. Пыху-сыху, Мурат щхьэщысу, зырызурэ хьэзырхэр кърех).* Хьэзыр! Хьэзыр! Хьэзыр! Хьэзыр! *(ЩӀым деж щрекӀутри, хэплъэу щӀедзэ).* Зэхэзэрыхьащ, факъырэ Ӏэмэпсымэщ! Ей, Мурат, дэтхэнэра мыбы ФӀыдэгуашэ и хьэзырхэр?

М у р а т. Хэлъкъым, Пыху-сыху!

П ы х у - с ы х у *(къэгужьеяуэ).* Дауэ зэрыхэмылъыр?! Укъыщежьэм къыуитащ! Щыхьэт сиӀэщ! Ей, ФӀейгуэл, зи лыр къуанщӀэм яшхыжын! Узгуащэ, ещэщэхыжын!

Ф Ӏ е й г у э л *(псынщӀэу къыбгъэдолъадэри).* Мыбдеж сыщытщ, си псэр пӀэщхьагъ зыхуэсщӀын тхьэӀухуднэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ!

У з г у а щ э *(псынщӀэу къыбгъэдолъадэри зредзых).* Мыбдеж сыщысщ, си псэр зыӀурыздзэн тхьэӀухуддзэзакъуэ Пыху-сыху дахащэ!

М у р а т. Хэлъкъым, Пыху-сыху! Ахэр къэзгъэсэбэпащ.

П ы х у - с ы х у. Дапщэщ?! Къыщыбгъэсэбэпыным унэсакъым иджыри! Абыхэм я къарур здынэсыр пщӀэрэ уэ?!



М у р а т. Абыхэм я къарур зи насып хэлъым ялъысащ. Уи деж къызэрынэмысами срогуфӀэ.

П ы х у - с ы х у *(къыщеудри, хьэзырищыр игъейуэрэ).* А-ды-ды-ды-дыд мыгъуэ! Уэ ямылъагъужыным сэ сызыхэбгъэкӀыжар! Къуажэми жылэми дэсыр сысейт! ЩӀыри сысейт, псыри сысейт! Сыт мыгъуэ ФӀыдэгуашэ, къыпхуэупсэу, псыхэкӀуадэу хьэзырхэр щӀигъэкӀуэдар? Уэ мыхьэнэншэм ахэр къызэрумыгъэсэбэпыфынур щхьэ имыщӀа-а-а-рэ?!

Абы хэту, Д ж э р и й, М ы щ э ж ь, З е к Ӏ у э ш сымэ къохьэж.

М ы щ э ж ь ы м. Ущоуэ, Пыху-сыху! *(Псори къызэтоувыӀэ. ЗекӀуэш Мурат бгъэдолъадэ).* Хьэзырищыр Мурат ӀуэхуфӀищкӀэ игъэкӀуэдащ, абы къыхэкӀыу къарууищрэ чэнджэщэгъуищкӀэ нэхъ къулей хъуащ. Ахэр ирикъунущ уи бзаджагъэмрэ уи шейтӀан Ӏэмалхэмрэ иритекӀуэну.

П ы х у - с ы х у. Мохьщ ар фи дежкӀэ!

П ы х у - с ы х у, Ф Ӏ е й г у э л, У з г у а щ э сымэ зэбгрыжыну зрач.

Д ж э р и й *(мывэ къащхъуэ зэщӀэлыдэр къызыкъуехри, еӀэт).* ФыкъэувыӀэ!

П ы х у - с ы х у р э и гъусэхэмрэ занщIэу къоувыIэ.

П ы х у - с ы х у. А-а-а! Къагъуэташ, къэсэхыжынхэ!!!

П ы х у - с ы х у гызу, У з г у а щ э кIэзызу, Ф I е й г у э л щтэIэщтаблэу, заплъыхьу щытхэщ.

Д ж э р и й. Фижыхь фи пIэм! *(Ахэр я пIэм йожыхь.)* Мурат, жыр лэныстэр къащти, Пыху-сыху и щхьэц налъэ къыпыупщI! *(Мурат Пыху-сыху бгъэдохьэри, и щхьэц налъэ къыпеупщIри, и бгъэгущталъэм ирелъхьэ.)*

Д ж э р и й. Иджы, Мурат, мывэ къащхъуэр къащти, мы щым унафэ яхуэщI!

М у р а т Д ж э р и й дежкIэ еунэтI.

М ы щ э ж ь ы м. Хьэуэ, Джэрий! Ар сэ къызэти нэхъыфIщ!

Д ж э р и й *(Iэнкуну)*. Ар сыт щхьэкIэ?

М ы щ э ж ь ы м. Мурат псэ къабзэщ. Мы бзаджэнаджэхэм я зэранкIэ, ар щIэдгъэутхъуэн щыIэкъым. Сэ куэд къэзгъэщIащи, а бэлыхьыр сэ си щхьэм тызолъхьэж. АтIэ, Джэрий, мывэ къащхъуэр мыдэ къащтэт! *(Джэрий Мурат йоплъ. Мурат и щхьэр ещI. Джэрий Мыщэжьым бгъэдохьэри, мывэ къащхъуэр IэщIелъхьэ. Мыщэжьым ар Пыху-сыху и гупымкIэ ешийри, жеIэ)*. Пыху-сыху! Уэ уи блыгущIэтхэр уи гъусэу, щIэпхъаджагъэу пщIамрэ зэраныгъэу блэжьамрэ щIэи гъуни иIэкъым! Сабий мащIэкъым уэ гузэвэгъуэ зэптар! Псэущхьэ мащIэкъым уэ бэлыхьым хэбдзар! Илъэс Iэджэ щIауэ тыншыгъуэ епткъым мы Iэгъуэблагъэм. Уи Iуэху фIейхэм зэ кIэ иIэн хуейт уэ! Иджы мис, нобэ къэсащ абы и чэзур!

М ы щ э ж ь ы м. Уащхъуэ! *(Мурати и гъусэхэри дежьууэ.)*

*Уащхъуэ!*
*Мывэ къащхъуэ!*
*ЗэщIэгъанэ уи тхъуэбзащхъуэр!*
*Пэжыр мафIэу къэгъэлыд!*
*ФIымрэ Iеймрэ зэпэлъыт!*
*Зэпэлъыти — зэхэгъэж!*
*ЩIэпхъаджащIэр*
*Мывэу*
*Гъэж!*

Уафэр мэхъуэпскI, мэгъуагъуэ. Мыщэжьым IэщIэлъ мывэр щIэнэункIыфIыжурэ маблэ. Сценэр зэм кIыфI мэхъу, зэ нэху къохъуж. АпщIондэху бгъуэнщIагъым деж щыта Пыху-сыху мэбзэх. Абы и пIэкIэ бгъуэнщIагъым къыщIагъэувыкI мывэ къутам ещхь хьэпшып. ФIейгуэли Узгуащи мэбзэх. Зэуэ псори щым мэхъу.

Сценэр нэхущ. Пыху-сыху и бгъуэнщIагъым деж мывэ «къутахуэ» щылъщ. ФIейгуэлрэ Узгуащэрэ итыжкъым.

Мурат *(мывэм бгъэдыхьэурэ)*. Мыдэ феплъыт! Пыху-сыху щыIэжкъым. Ар здэщытам деж мывэ къутахуэ щылъщ!

Мыщэжьым *(къикIукI-никIукIыурэ)*. Мывэ къащхъуэм и къалэныр игъэзэщIащ! Удым и натIэм итар арати: мывэпсэу, гу къутэу зэрыщытам хуэдэу, мывэ къутахуэу Пыху-сыху и гъащIэр зэрихъуэкIащ. *(Пхъэ дакъэ гуэрым и щIыбагъымкIэ игъэлъагъуэурэ)*. Мыр псы инащ! Лъэсэнкли тхьэщIэнкIи къэбгъэсэбэп мыхъуну, узыгъуэ зэфэзэщу! Узгуащэ и лъэужьу аращ мыващхъуэм къигъэнар. Апхуэдэу, мывэм, и гъащIэр иухыхукIэ, джэдуми жындуми кърахуэкIыну, дзыгъуащхъуэ ищIри, мэзым щIиутIыпщхьэжащ. Аращи!

Псоми. Iей пщIауэ, фIым ущымыгугъ!

ЗекIуэшым. Щхьэж и лъагъуэр езым къелъыхъуэж!

Джэрий. Хэти и псэукIэм хуэдэщ и кIуэдыжыкIэр!

Мурат *(и бгъэгущталъэм ирилъхьа щхьэц налъэм тоIэбэри)*. Ныбжьэгъухэ! ПсынщIэу дыкIуэжу, удым и щхьэц налъэр дгъэсу, КIунэ цIыкIу дгъэхъужын хуейщ!

Джэрий. ФынакIуэ!

Псоми. ФынакIуэ!

*Псибл дикIами, хибл дикIами,*
*Къырыщхьибл дыщхьэдэхами,*
*Дэ Iуэху пэжым дыкъуэтынщ,*
*Дэ гъуэгу пэжыр къэдгъуэтынщ.*

*КIыхьми кIэщIми ди гъуэгуанэр,*
*Ар IуэхуфIхэм хуэдухуауэ,*
*Дытетыну ди тхьэлъанэщ,*
*Дэ ди гъащIэр тедухами.*

Iупхъуэ

# БЗЭКЪУТЭ-БЗЭЩIЫЖ

*ПсэлъэкIэ дахэ зиIэм, жьакIуэм, макъхэр зэхэщIыкIыгъуэу зыгъэIуфым пщIэ щимыIэ лъэхъэнэ щыIакъым. А фIагъхэр езыр-езыру къэхъуркъым, цIыхур зэлэжьыжурэ, зиужьурэ къехъулIэу arащ. Абы теухуауэ псынщIэрыпсальэхэр хьэлэмэт гуэрщ. Ар къегъэщI бзэр зезыхьэ лъэпкъым, сабийхэр иритеун хуейуэ, ауэ и щхьэпагъыр тегъэуным къыщынэркъым. ПсынщIэрыпсалъэхэр уасэ зимыIэщ цIыкIунитIэхэм макъхэр пэжу, нэгъэсауэ къажьэдэкIыу есэнымкIэ. Сабийхэм я мызакъуэу, ахэр къагъэсэбэп радиом, телевиденением щылажьэ дикторхэм, артистхэм, я псэлъэкIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ. И гъэIукIэр гугъу зыщIыр зы макъым куэдрэ къытригъазэу, ар псынщIэу жыпIэфын хуейуэ зэрыщытыр арaщ, ауэ а гугъуагъыращ щхьэпагъри зэпхар. Апхуэдэщ адыгэ сабийхэм папщIэ ХьэIупэ ДжэбрэIил зэхильхьа, «Бзэкъутэ-бзэщIыж» зыфIища псынщIэрыпсальэхэр.*

*ХьэIупэм и псынщIэрыпсальэхэр цIыхум яхэIуащ, сабий IыгъыпIэхэм, еджапIэхэм къыщагъэсэбэп, зытхами щымыгъуазэу. Нэхъыбэм зэрагугъэр цIыхубэм къагъэщIауэщ. Ар щыхьэт мэхъу я зэхэлъхьэкIэр авторым къызэрехъулIамкIэ. Псалъэхэри макъхэри зокIу, зэщIожьыуэ, гушыIэр я лъабжьэщ. ПсынщIэрыпсалъэ къэс адыгэбзэм и зы макъ теухуащ, а макъыр къэхъуным хэлэжьыхь пкъыгъуэхэм зрегъэужь, къабзэу къэIуным хуешэ. Абы и гъусэщ сабийм и бзэм зэрызиужьыр, псальэщIэ къызэрищIэр. ЯпэщIыкIэ хуэму жеIэ, щIодэIу, игу иреубыдэ, итIанэщ нэхъ псынщIэу жиIэфу зигъэсэным щыпыхьэр. Хьэлэмэтыращи, псальэр зэкIэльигъэпIащIэу, къыIурылъэлъу, мыгурыIуэгъуэу псалъэ сабийр псынщIэрыпсальэхэм зэпымычу елэжьмэ, нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу, зэхэхауэ, мыпIащIэу псалъэ ещI.*



*ПсынщIэрыпсалъэ жызыIэ сабийр щыуэкIэ игъэнэщхъейркъым, и щыуагъэм щодыхьэшхыжри, аргуэру къыщIедзэж. Апхуэдэурэ йосэ зи яужь ихьа Iуэхур нигъэсу, зригъэхъулIэу. А лъэныкъуэр къэтлъытэу житIэ хъунущ, псынщIэрыпсалъэхэм гупсысэшхуэ хэлъын хуейуэ щымытми, гъэсэныгъэмкIэ дэIэпыкъуэгъу хъууэ. ПсынщIэрыпсальэр сабиймрэ балигъымрэ зэгъусэу зрагъащIэ, ар зы хэкIыпIэ мэхъу ахэр нэхъ зэгъунэгъу, зэдэджэгуэгъу хъунымкIэ. Здэджэгум макъхэм я къэпсэльыкIэр йофIакIуэ, абы къыдэкIуэу сабийм и гум нэхъыбэ ириубыдэф мэхъу, и щхьэр псынщIэу лажьэу йосэ.*

*Аращи, ХьэIупэ ДжэбрэIил и псынщIэрыпсальэхэр щхьэпэ хъунущ къытщIэхъуэ щIэблэ цIыкIухэр «къабзэрыпсальэм» щыхуагъасэкIэ.*

**ХЬЭЦIЫКIУ Раисэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

## *ПсынщIэрыпсалъэхэр* ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил

* * *

Лэныстэ – мастэ,
Къэбыстэ – пIастэ.

* * *

Е семышу сезэша?
Е сешауэ сызэша?

* * *

Бзур бзэрабзэм,
Бзейр мэубзэ!

* * *

Къулъшыкъушхуэ, къуэшхуэ!
Къуэшхэ, шырыкъушхуэ!

* * *

Къепсыр къепсу
Къепсыхыжри,
Къепсыр къепсри,
Бзэхыжащ.

* * *



Псыпэ, псыбэ, бырыбищ,
Щыбырыбыр пIырыпIищщ.

* * *

Мыщэ мащэ,
МыщIэ мащIэ.

* * *

Дызэдарэу дызэдауэм,
Дауэм дауэ дедэуэн?

* * *

Мэли ящыр,
Ящэр мели.

* * *

Уэдыдыд! Ди дадэ дыдыр
Дэдубыдым, быдэу едыр.

* * *

Аргъуейр гъуамэщ,
Аргъейр гъумщ,

Гъупщыр пщэмэ,
ПщампIэ хъунщ.

* * *

Жьыхур
Щэхуу
Щехур
Щихум.

* * *

ХъыскIэ, ХъыскIэ
МыIэрыскIэ,
Ди хьэмаскIэм къигъэскIа.

* * *

Адэжынэм удэжэну,
Жан и жэмыр,
Жэи жану,
Бжэнри жэмри,
Бжэурэ, хуж.

* * *

Щэращым мыщарэ
Щыращэм щыуарэ.

* * *

Бадзэ набдзэ,
Бдзанэ ябзэ,
Бзэнур бзауэ,
Бзу бзэрабзэ.

* * *

Хьэндыркъуакъуэ щIакъуэр
КъуанщIэ лъакъуэм щIокъур.

* * *

Сылъэу силъэн?
Силъу селъэн?

* * *

Псынэ псыпс,
Псей нэпсей.

* * *

Зджызджу абджыр,
Щоджэр бэджыр.

* * *

ПлIаплIэу плъэрэ
ПлIэрэ плъарэ.

* * *

Бабыщ щыбэ щIыпIэм
ПIыщIэу щыпэ щыбэт.

* * *

Дзыдзэм и дзэр
Удзым хэдзи,
Гуэдз и хьэдзэ,
Хуэдзи, гуэдзэ.

* * *



Шынэу пшынарэ
Пшынэу шынарэ.

* * *

ЦIывыр вурэ
Выр цIывауэ,
Вэныр вауэ
ПцIы къэзыврэ.

* * *

Мейм мищэ щыпыщэщым,
Мыщэ щыпэри пэщащэрт.

* * *

Хужьрэ хужьу
Ужьэр жьыуэ
Жьым ижьауэ
Жьауэм щIэст.

* * *

Нэрынэ, нэрынэ,
Нэрынэ бащэ,

Бабыщ паринэ,
Щыпэм – щыпащэ.

*  *  *

Хурсэ-хурсэу ху санэ,
Санэху за, кхъузанэ.

*  *  *

Чын, чей къачэ,
Чачэу чыцI,
ЦIынэ цIычу
Чыцэу кIарц.

*  *  *

Къуэладжэр къоджалъэ,
Къоджа лIыр къоджалэ.

*  *  *

IутIанэ IуэнтIарэ
Iуданэм Iуидарэ.

*  *  *

Хуэшопс-шопсу зэпхыша
Шыпсыранэм шыпс хэпшха?

*  *  *

Хьэзырэ хьэзырри –
Хьэзырыр кIэрызу,
КIэрэзу хъарбызыр
Базинэ хуибзащ.

*  *  *

УэцIыцIыцI, цIэмпIырэр Цу
ЦIурэ фIыцIэу егъэцIу.

*  *  *

Пшэплъым уеплъым,
Плъагъуу шкIэплъу,
Уеплъым гъуаплъэм,
Уи лъыр къэплъу.

* * *

Еджащэ Iущащэ,
Щэджащэ чэнджащэ!

* * *

ХъумпIырэ, хъумпIырэ,
КIэрахъуэ нэпцI,
ЦIыву цIампIырэ,
Хъуахъуи, упэпцI.

* * *

Ди щакIуэхьэм къыщикIухьым,
ЩIэрыкIуэхьыр щIэкIуэрыхьт.

* * *

Пхъэрыр пхъэру,
Пхъэри пхъэуэ,
Пхъуэуэ пхъыри
Зыпхъуэтарэ.



* * *

Къургъакъ, къурш къуагъ,
Къуэш егъу, гъэр къуаргъ.

* * *

Зыхуэгушхуэ нэхърэ –
Зэхуэгушхуэ,
Зэгуэхушхуэ нэхърэ –
Зэхуакушхуэ.

* * *

ТIатIий тIатIэ,
ТIэтIа тIэтIий.

* * *

ПщыIэ псыIэ нэхърэ,
Псы здэщыIэ пщыIэ.

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз



*ЕкІуэкІыу:* **3.** Мастэр зэрыкІуэм ... ирокІуэ. **6.** Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр ... . **7.** ... дыгъужь хуэлъэщ. **10.** ... шхэмэ, бжэм йоплъ. **12.** Зи Іэгу нэщІым и нэгу ... . **13.** ... умыгъуэтыр уейм бгъуэтыжыркъым. **14.** Пщащэр ... унэм я хьэщІэщ. **15.** ГъущІ куэбжэ зиІэ гъущІ ... щощІэ. **17.** Анэм и ... пхъум и джанэщ. **19.** Уигу ирихьыр ІэфІщ, фІыуэ ... дахэщ. **22.** ... ныбжьэгъу и куэдщ. **23.** ... щыкІэщІым пщІэрэ зехъуэж. **24.** ... хьилэрэ акъылщ.

*Къехыу:* **1.** ... пэт фыгъуэгъу иІэщ. **2.** Іэжьэгъур куэдмэ, къэрабгъэр ... макІуэ. **4.** Ахъшэ и ..., делэми, пщыщ. **5.** Іэр бутхыпщІкІэ Іэбжьанэр ... . **8.** Зауэ ... и щхьэ лажьэ хохуэж.

**9.** Зигу мыныкъуэ ... хуумыIуатэ. **11.** И жьэр IэкIэ ... хуэдэ. **16.** Уи щхьэ ... тумылъхьэ. **18.** ... лъэмыжщ. **20.** ..., зыкъригъэлъхунтэкъым. **21.** Хьэлэл и ... пэшхщ.

---

### Нэгъабэрей еханэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **3.** Жыхафэр. **7.** Гъавэ. **8.** Щхьэж. **10.** Унэщи. **12.** МэкIуэд. **14.** Пэжыр. **15.** Акъылым. **16.** ФIэщIурэ. **18.** Джэдум. **20.** МащIэм. **22.** Сэбэп. **24.** ХьэщIэ. **25.** Сэгъуэ. **26.** Гуащэжьри.

*Къехыу:* **1.** МылIэу. **2.** ЩIэхщи. **4.** АхъшэкIэ. **5.** Дахэ. **6.** IэкIэ. **9.** Гъэмахуэм. **11.** Шыгъэджэгу. **13.** Делэм. **14.** ПащIэм. **17.** ЩIыбыцэ. **19.** Унэжь. **21.** Абгъуэ. **22.** Сэлам. **23.** Псэри.

**ӀУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№1**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков,
Борис Бижоев, Адам Гутов, Хамид Кармоков,
Астемир Татроков, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Залина Истепанова (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 05.02.21. Выход в свет 15.03.21
Формат 70х108 $^1/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3. Тираж 2.027 экз. Заказ №368
Подписная цена на 2 месяца 37р. 94к.
Подписная цена на 6 месяцев 113р. 82к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Ленином и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион».

НЭХУЩ Мухьэмэд

*1944 – 1994*

* * *

Хъуххэнум, пасэрейхэр фымыуб,
Ди щlыхуэ сщlэркъым ахэм къатенауэ.
Махъсымэм зызмыгъэнщlу сэ соlуб,
Бжей кlадэм жыгей фалъэкlэ къисхауэ.

Гур батырыбжьэм зэуэ егъэтlыс,
Си лъэпкъым и блэкlар къигъэщlытэжу.
Джэгуакlуэм уэрэдыщlэхэр еус,
Здищтэну зекlуэ ежьэм гъусэ пэжу.

Хэку кlыщым уадэр щегъэлъащэ Лъэпщ,
Хьэзырщ зы джатэ – бийр абы къелынкъым.
Я лlыгъэр нартхэм зауэм щыхагъэпщ –
Бзылъхугъэр хамэ lэплlэм нагъэсынкъым.

Хьэщlэщхэр пщlантlэ къэс щызэlухащ,
Дунейм тетыжкъым гуауи нэщхъеягъуи.
Шууей адыгэ щlалэм фыз къишащ,
Абы хэмыту къэмына цlыху щlагъуи.

Нысащlэр гугъэу поплъэр илl ежьам,
Мыващхъуэ кlанэ къехуэхыхукlэ уафэм.
Унагъуэм нэрыбгэщlэ къыхэхъуам,
Жэщибл-махуиблкlэ щlедзэр санэхуафэм.

... Хъуэхъубжьэ сlэтым жэщыр къыздоlуб,
Си Хэку и щlылъэм си гур дэчэфауэ
Жызоlэ: пасэрейхэр фымыуб,
Ди щlыхуэ сщlэркъым ахэм къатенауэ!